# IУАЩХЬЭМАХУЭ

литературно-художественнэ журнал

1958 гъэ лъандэрэ къыдокI

сентябрь **5** октябрь

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ЦIыхубэ хъыбарегъащIэ IуэхущIапIэхэмкIэ, жылагъуэ, дин зэгухьэныгъэхэмкIэ и министерствэмрэ КъБР-м и ТхакIуэхэм я союзымрэ къыдагъэкI


РЕДАКТОР НЭХЪЫЩХЬЭР

**Мыкъуэжь Анатолэщ**

РЕДКОЛЛЕГИЕМ ХЭТХЭР:

Ацкъан Руслан, БакIуу Хъанджэрий, Бещтокъуэ Хьэбас, Гъэунэ Борис (жэуапыхь секретарь), Гъут Iэдэм, Къэжэр Хьэмид, Къэрмокъуэ Хьэмид, КхъуэIуфэ Хьэчим, ТIымыжь Хьэмыщэ, Уэрэзей Афлик, Хьэх Сэфарбий



НАЛШЫК
2013

# Псалъащхьэхэр


## ЖьантIэ

*УсакIуэ, щIэныгъэлI Къэжэр Хьэмид илъэс 75-рэ ирокъу*

**БакIуу Хъанджэрий.** ФIы зыщIэр фIы IуощIэж . . . 3
**Гъут Iэдэм.** Зи псалъэр купщIафIэ. . . 6
**Сокъур Мусэрбий.** ГъэунэхупIэ . . . 8
**Шэвлокъуэ Пётр.** ЩIэныгъэлI икIи усакIуэ. . . 10
**Къэжэр Хьэмид.** Балладэхэр . . . 14

## Япэ адыгэ тхакIуэхэр

*Хъан-Джэрий къызэралъхурэ илъэс 205-рэ ирокъу*

**ХьэкIуащэ Андрей.** И зэфIэкIыр инт . . . 23
**Хъан-Джэрий.** Шэрджэс хъыбархэр . . . 25

*Къаз-Джэрий дунейм зэрехыжрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихьэлIэу*

**ХьэкIуащэ Андрей.** Пушкиным къицIыхурт . . . 37
**Къаз-Джэрий.** ХьэжытIэгъуей ауз. Гъуэгуанэ тхыгъэ . . . 39

*Къуэдзокъуэ Лэкъумэн къызэралъхурэ илъэси 195-рэ ирокъу*

**Сокъур Мусэрбий.** Къуэдзокъуэ Лэкъумэн папщIэ. . . 45
**Къуэдзокъуэ Лэкъумэн.** Усэхэр. . . 50

## Прозэ

**Елгъэр Кашиф.** Лъагъуныгъэм и бзэ. Повесть . . . 59

## Фантастикэ

**Жылэтеж Сэлэдин.** Космонавтхэм я нэгу щIэкIар. Рассказ . . . 89

## Адыгэ хэхэс литературэ

**ХьэфIыцIэ Мухьэмэд.** Дунейпсо литературэм и классик . . . 95
**Хьэтыкъуэ Умар.** Новеллэхэр . . . 97

## Литературэ щIэныгъэ. Критикэ

**Хьэвжокъуэ Людмилэ.** Абы къеузырт и лъэпкъыр. . . 113

## Тхыдэ

**Къэрмокъуэ Хьэмид.** ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь. . . 121

## Культурэ

**Ныбэжь Таисэ.** Сытхэр уи псэукIэ, адыгэ театр? . . . 125
**Хьэту Пётр.** Уэрэдгъуо . . . 137

## IуэрыIуатэ

Нарт Ашэмэз и хъыбархэм щыщщ . . . 143

## ЩIэблэ

**Беслъэней Нинэ.** Усэхэр . . . 153

## Фэ фыщыгъуазэ?

**Хьэкъун Барэсбий.** Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр. . . 158

*УсакIуэ, щIэныгъэлI Къэжэр Хьэмид илъэс 75-рэ ирокъу*



# ФIы зыщIэр фIы IуощIэж



Ди лъэпкъ культурэмрэ литературэмрэ зегъэужьыным зи гъащIэри зи гуащIэри щхьэузыхь хуэзыщIахэм ящыщщ усакIуэ, критик, литературовед, егъэджакIуэ Къэжэр Хьэмид. А IэнатIэхэм ящыщ дэтхэнэми и щхьэр лъагэу щIилъагъужын щыхузэфIэкIауэ и гъащIэм щыщ лъэхъэнэщIэ мы махуэхэм хобакъуэ ар. ФIыщIи щытхъуи щIэмыхъуэпсу, и щхьэ темылъи тримылъхьэу къэгъуэгурыкIуэ а цIыху щыпкъэм и IуэхущIафэхэм псалъэ гуапэ куэд тражыIыхьащ. ИтIани, сэ сызэреплъымкIэ, дэ – литературэм и «пщIантIэм» щылажьэхэм – щIыхуэшхуэ къыттехуащ – мащIэщ абы и усыгъэм, псом хуэмыдэу и балладэхэм, гулъытэу хуэтщIар.

Жанр щхьэхуэу усыгъэм хэувэ балладэр ди адыгэ литературэм «щаIэщIэхуауэ» къекIуэкIащ. А жанрым урыс литературэми зыужьыныгъэшхуэ зэрыщимыгъуэтар къэплъытэмэ, ди лъэпкъым дежкIэ ехъулIэныгъэшхуэщ Хьэмид хуэдэ усакIуэ дызэриIэр. Аращ балладэр ди литературэм лъэ быдэкIэ зэрыщыувар псом япэу зи фIыщIэр.

Абы и закъуэкъым Хьэмид адыгэ усыгъэм щIэуэ хилъхьар – аращ дунейпсо литературэм «белый стих», «вольный стих», «свободный стих» фIэщыгъэхэр иIэу къыщыкIуэ усэ гъэпсыкIэр, Сокъур Мусэрбий «усэ щхьэхуит» зыфIищауэ щытар, адыгэ литературэм япэу къыщызыгъэIурыщIар. Силлабо-тоникэ усэ гъэпсыкIэм ухуэкIэ хэха иIэщ, ритм убзыхуам, рифмэ белджылым усэм и IукIэр дахэ ящI, макъ зэщIэжьыуэхэм абы макъамэ пыухыкIа щIагъэувэ. Ар, дауи, IэмалыфIщ, ауэ усэм хэлъ гупсысэр апхуэдэ къупхъэ ткIийм щыпхуимыгъэзагъэ куэдрэ къохъу. Аращ языныкъуэ усакIуэхэм усэр «хуит» ящIу прозэм и къэIуэтэкIэм щIыхуашэр. Литературэдж щIэныгъэлIхэу Сокъур Мусэрбий, Шэвлокъуэ Пётр, Гъут Iэдэм сымэ я тхыгъэхэм къыхагъэщащ

«усэкIэ щхьэхуитыр» Къэжэрым ди литературэм япэу къызэрыхихьар. Сокъурым Хьэмид и «Гъатхэпежьэ» тхылъым и пэублэ псалъэм мыпхуэдэу щитхыгъащ: «Адыгэ усэр зэса къупхъэхэр къызэригъэщIэрэщIэным щIобэн усакIуэр. Абы, и мурадхэр IэпхлъэпX мыхъуным хущIэкъуурэ, «екъутэ» ди тхыдэм щызэрыубыда усэ тхыкIэр, ублэмэ сатыр зэпэбжхэм, рифмэ зэдэIуэжхэм «зэран» яхуэхъункIэ щымышынэу, Хьэмид рифмэ «дзыхьщIыгъуэджэхэр» егъэIурыщIэ, усэ сатырхэр макъ зэщIэжьыуэкIэ щызэримыпххэри гъунэжщ, усэр жьэрыжыIэ къэIуэтэкIэм хуигъэкIуэн щхьэкIэ «щхьэрыутIыпщ» ищIурэ прозэм щыбгъэдишэри мащIэкъым».

Къэжэрыр IуэрыIуатэм и усэ гъэпсыкIэм е силлабо-тоникэм и ухуэкIэм хуэмыIэижьу аракъым «усэкIэ щхьэхуитыр» къыщIигъэсэбэпыр, атIэ усэм хилъхьэ гупсысэр къупхъэ зэв иримыгъэувэн папщIэщ. Абы щыгъуэми, нобэрей адыгэ усыгъэм щытепщэ силлабо-тоникэ гъэпсыкIэри IэщIыб ищIыркъым. Къэтхьынщ сатыриплI къудей:

*Мазэр си нэм къыщIолыдэ:*
*«Сыту гуакIуэ а уи Нагъуэр!*
*А уи Нагъуэм хуэдэ дахэ*
*Дуней нэхум тезмылъагъуэ».*

Зэрытлъагъущи, кIэух рифмэри адыгэ IуэрыIуатэм и сатыркIуэцI макъ зэщIэжьыуэри Iэрыхуэу къегъэсэбэп усакIуэм.

Къэжэр Хьэмид жанрыщIэхэр ди лъэпкъ литературэм «къыщигъэIэсам» и мызакъуэу, и тхыгъэхэр зытриухуэ Iуэхугъуэхэмк Iи усакIуэ пэрытхэм яхэтщ. Къэтщтэнщ экологием и Iуэхур. Абы теухуауэ Къэжэрым итхащ усэ 20-м нэблагъэрэ балладэ зыхыблрэ.

Дызытет дунейр дахэщ, ауэ ар хъумэн хуейщ. А дунейр къутэжыну жызыIэхэр мащIэкъым, ублэмэ ар щыкъутэжыну пIалъэр зыгъэлъагъуэ «щIэныгъэлIхэри» щыIэщ. ИкIи абыхэм хуабжьу тегъэщIапIэ ящIыр щIыуэпсым и нобэрей щытыкIэрщ – дыкъэзыухъуреихь дунейр цIыхум зэримыхъумэрщ. Ихъумэн дэнэ къэна, игъащIэ лъандэрэ абы къыдекIуэкI хабзэ зэгъэкIуахэр зэхикъутэну иужь зэритырщ. Балигъхэми сабийхэми яхуэгъэза и усэхэм а Iуэхугъуэшхуэхэр къыщеIэт Къэжэрым. Пэжщ, литературэр къыхуеджэныгъэ, ущиинкгъэ гъуэщэхэм хуэкIуэ хъунукъым. Абы и къалэныр художественнэ образхэмкIэ, усэм и адрей IэмалхэмкIэ гупсысэ узыншэхэр цIыхухэм я деж нигъэсынырщ, ардыдэмкIи цIыху акъылым зригъэузэщIынырщ, цIыхупсэр дахагъэм къыхуигъэушынырщ. А псори фIыуэ къызыгурыIуэ Къэжэрыр – усакIуэпсэ зыIут литературэдж щIэныгъэлIыр – ди зэманым къигъэув Iуэхугъуэшхуэхэм екIурэ-ещхьу поджэж. Абы и балладэхэм къыщегъэсэбэп сюжет удэзыхьэххэр, ахэр а жанрым къигъэув жыпхъэм йозагъэ. Iуэхугъуэ зэхуэмыдэхэр къызэрыщиIэтым и мызакъуэу, Хьэмид и балладэхэм новеллэм и хьэл-щэн гуэрхэри яхыболъагъуэ – зытепсэлъыхь Iуэхур узэрыщымыгугъауэ щиухыж щыIэщ. Псалъэм папщIэ, «Гъуэгуанэ гугъу» балладэм хэт лIыхъужь нэхъыщхьэм шырыкъукIэ хьэIуцыдз еукI. Зауэ нэужь зэман хьэлъэу хъыбарыр къэзыIуэтэж цIыхухъум (абы и цIэр усакIуэм къриIуэркъым) дыщасэ кIуэжа и щхьэгъусэмрэ ипхъу цIыкIумрэ шыгукIэ Къулъкъужын кърешыжрэ пэт, гъуэгум жэщ къащытохъуэри, хьэIуцыдз гуп къакIэрохъыжьэ. Сабиймрэ цIыхубзымрэ

гуплIэм дегъэтIысхьэри, езым хьэIуцыдзхэм яхэуэу щIедзэ: и чнутIыр ятрекъутэ, зауэм къыздриха и шынелыжьыр, и пыIэр яхедзэ. ИкIэм-икIэжым гъущI IунэкIэ зэщIэукIа и шырыкъур зылъехри абыкIэ хуэфIу тохуэри зы хьэIуцыдз еукI. Адрейхэр хьэсэпэхъумэм и фочауэ макъым егъащтэри зэбгрожыж. УсакIуэм екIуу, уи фIэщ хъууэ къигъэлъэгъуащ зауэм ипсыхьа лIыр мыгужьейуэ хьэIуцыдзхэм зэрапэщIэтар, и унагъуэр псэзэпылъхьэпIэм къызэрыришар.

Къэжэр Хьэмид Iэзэу къигъэлъэгъуащ «Дахэлинэ» балладэм и лIыхъужь нэхъыщхьэм и психологиери. Ар зыхэт гузэвэгъуэр, и гущIэлъапсэм щигъэв псор зыхыумыщIэнкIэ Iэмал иIэкъым. Дахэлинэ и щхьэгъусэр машинэ зэжьэхэуэм хэкIуэдащ. И къуитIыр Афганистаным щаукIащ. Апхуэдиз гуауэ зышэча цIыхубзым и акъылыр тэмэмыжкъым – вокзалым кIуэурэ сэлэт илъагъухэм якIэлъоджэ: «Хьэсен!.. Хъусен!..» А цIыхубз насыпыншэм и псэм телъ хьэзабыр гум ешыкъылIэ мыпхуэдэ псалъэхэмкIэ къегъэлъагъуэ усакIуэм: «Къупщхьэхэмрэ фэмрэ я зэхуакум гуауэр дэжыхьащ...»

Лирикэри эпосри щызэгъунэгъущ, щызэхэпщащ Къэжэрым и «Шу закъуэ», «Налкъут щхъуантIагъэ», «НэхъыфIу плъагъумкIэ», «Тенджызым нэсыфынур» балладэхэм. Иужьрейм къытеувыIэпхъэщ. Мы балладэм авторым «псыежэхитI къыщызэдегъажэ». Ахэр зэхуэдизщ, я мурадхэри зэтохуэ – тIури тенджызым нэсыну хуейщ. Япэрейм жеIэ: «Гугъущ иджырей зэманым псыуэ уежэхыну». Ар мажэ къахузэтемыувыIэу, зыми сэбэп хуэмыхъуу, зым и псыхуэлIи иримыгъэкIыу («Фи щIыхуэ стелъкъым» яжреIэ). Ежэхыурэ и къарур щIокIри, щIым зыщIефыж.

ЕтIуанэращ зыубгъуауэ усакIуэр зытепсэлъыхьыр. Мы псыежэхыр Iэдэбщ, щэныфIэщ, жумартщ. И гъуэгуанэм къыщыхуэзэ псори псы ирегъафэ: бажи, мыщи, дыгъужьи, къанжи, пцIащхъуи, н.къ. Ахэри псым къыхуэарэзыщ: псым фо IэмыщIэ хедзэ бжьэм, бзухэм я уэрэдхэр, я гуфIэгъуэр «хапхъэ» псым. Удзхэми жыгхэми зыкърагъэлыжыркъым. Махуэм псым хэщIар жэщым уэсэпсу къыхохъуэж, «уафэри псым хоткIухь», уэшхри къошх, мазэми усэ куэд къыжреIэ. И Iуфэм къыIухьа пщащэ нэщхъейр фIыуэ илъагъу щIалэм и сурэт Iуегъаплъэри егъэгуфIэж. Псыр къуажэм долъадэри и сэбэп цIыхухэми ярегъэкI. Апхуэдэурэ псапэ ещIэ, езыри Iыхьэншэу къанэркъым: нэхъ бгъуфIэ, нэхъ куу мэхъу, икIэм-икIэжым зыщIэхъуэпса тенджызым нос. УсакIуэм жиIэну зыхуейр зыщ: «ФIы зыщIэр фIы IуощIэж...» 

Къэжэр Хьэмид и балладэ псори, хэбдзын хэмыту, къехъулIащ. ИтIани нэхъыфIхэм яхэдбжэу къыхэдгъэщхьэхукIынут «Хэку вагъуэ», «Япэ дыдэ», «ПщIыхьэпIэ-нахуапIэ», «Щхьэж зэрыхуэфащэкIэ...» жыхуиIэхэр. Абыхэм тхыгъэ щхьэхуэ яхуэфащэщ.

ЗэрыущиякIуэм, гъэсэныгъэм гулъытэ лей зэрыхуищIым щыхьэт техъуэ тхыгъэ куэд къахэбгъуэтэнущ Хьэмид и IэдакъэщIэкIхэм. Усэуи балладэуи пщIы бжыгъэхэр абы сабийхэм яхуитхащ.

Дызэрыщыгъуазэщи, Пушкиным гупсысэ хьэху зэи къищтэу щытакъым. Къэжэр Хьэмиди апхуэдэщ – итха псори зыми емыщхь и гупсысэкIэмрэ и талантымрэ къапэкIуащ.

**БАКIУУ Хъанджэрий,**
*филологие щIэныгъэхэм*
*я доктор*

# Зи псалъэр купщIафIэ

... Тхьэр щыхуейм деж, зэтэм йотапэ. Къэжэр Хьэмид и цIыхугъэм пэшэчэн Iэзагъи бгъэдэлъщ. Абы щыхьэт тохъуэ усыгъэм, литературэм, критикэм я мызакъуэу, егъэджэныгъэм и IэнатIэм къыщихьа ехъулIэныгъэхэри. Зызумысыжынщи, университетым дыщыщIэсым щыгъуэ си гугъэакъым абы апхуэдиз зэфIэкI иIэу. Ауэ, сымыщIэххэу зэпхыжаIыкIыурэ зэхызох, мы литературэ кафедрэм къэкIуа щIалэщIэм уедэIуэнкIэ телъыджэщ, жаIэу. Зэ жыIэгъуэкIэ си фIэщ хъуакъым. И лекцэ седэIуэнуи щIэх Iуэху сщIакъым. Сытми зэгуэрым, езыми сыкъимыщIэу, иригъаджэхэм захэзгъэпшахъуэри – зэраIуатэм нэхъри нэхъ хьэлэмэтыжу къыщIэкIащ!

Хьэмид хуэдэ щыIэкъым жысIэмэ, я фIэщ сыхъункъым. Ауэ пэжыр сыт жыпIэмэ, абы и дэтхэнэ зы псалъэри купщIафIэщ, дахагъэм и хабзэкIэ узэщIащи, узыIэпешэ.

Къэжэрым зэрылажьэрэ нэхъыбэу зыхуригъаджэр Европэм и къуэхьэпIэ лъэпкъ литературэхэм я тхыдэращ. Зэгуэрым абы жесIауэ щытащ, ди институтым зыкъритыжу адыгэ литературэм нэхъ шэщIауэ хуэлэжьэну. Хьэмид куэдрэ гупсысакъым, атIэ, фIыщIэ къысхуищIри, жэуап къызитыжащ:

– Уэлэхьи, Iэдэм, лъэпкъым хуэлэжьэн зэрыхуейри къызгуроIуэм, а IэнатIэм бгъэдэт гупми сынывохъуапсэм, ауэ сэ илъэс куэд хъуауэ зыхуезгъаджэм кууу Iуэу сыхыхьащ. Уи фIэщ хъумэ, Вольтер, Дидро, Бёрнс, Шиллер сымэ я дунейм апхуэдизкIэ сесащи, ахэр къэзгъанэмэ, сепцIыжауэ къысщыхъунущ. Ахэр си лъым щыщ хъуащ, сысейщ, ди культурэм и зы Iыхьэщи, схухыфIэдзэнукъым.

6 Иджы абы зыхуригъаджэу хухыфIэмыдзахэм уахэплъэмэ, я нэхъыбэкIэ хэт УзэщIыныгъэ лъэхъэнэм (Просвещением и эпохэ), хэт Реформацием и зэманхэм щыпсэуащ. Ахэр я творчествэрэ я дуней еплъыкIэкIэ европей классицизмэм къыхэкIыу романтизмэм хуэзыунэтIахэм, абы зезыгъэузэщIахэм ящыщщ. ИпэжыпIэкIэ, Шелли, Бёрнс, Шиллер сымэ я зэманым лIы хуэдэлIым и щапхъэу ялъытэу, ягъэнэхъапэу щытащ цIыху напэр, псэемыблэжыныгъэр, лIыгъэр, пэжыныгъэр. ПщIэгъуалэ утесмэ, иц къыпкIэропщIэ, жыхуаIэращ – Хьэмид зи усыгъэр къипщытэу зыхуригъаджэ тхакIуэшхуэхэм я гупсысэ куэд езыми къыпкърыхьащ. Дэтхэнэ зы цIыхуми и дуней щхьэхуэ иIэжмэ, Къэжэр Хьэмид и дунейм щытепщэр Европэ псор зэгуэрым къызэщIэзыIэта узэщIакIуэ уардэхэрщ, абыхэм я хьэл-щэнырщ, я гупсысэ телъыджэхэрщ.

Хьэлэмэтщ Къэжэрым и усыгъэхэм къахэщ мыпхуэдэ Iуэхугъуэри. Ар европей УзэщIыныгъэ лъэхъэнэм и щапхъэу литературэм къыхэщыжымрэ адыгэ лъэпкъым къыдекIуэкI лIыфI нэщэнэхэмрэ куэдкIэ зэрызэщхьырщ. Зэмыщхьуи дощIри, Хьэмид и поэзием а IуэхугъуитIыр щызэхэухуэнащ. Зы лъэныкъуэкIэ уеплъмэ, абы и усэхэр темэрэ идеекIэ пасэрей европей усакIуэхэм я Iэужьхэм яподжэж. Ауэ я образ узэдыкIэр, лIыхъужьхэм я психологиер, гъащIэм зэрыхущытыр къызыпкърыкIыр адыгэбзэм и дунеймрэ адыгэ Iуэху зехьэкIэмрэщ. Апхуэдэу зы мэхъури зэхошыпсыхьыж лIэщIыгъуэрыбжэ тхыбзэ культурэм и щыгуу Iэтащхьэ бгъэн хъуа щIэныгъэ лъагэмрэ Тхьэм къызэригъэщIауэ псэу жьэрыIуатэ тхыдэм къыхэхъукIа щэнхабзэм и щапхъэхэмрэ. Ар щынэ-

рылъагъущ гъащӀэм, дунейм и зэхэлъыкӀэм уезыгъэгупсыс, сэмэркъэу щабэ зыщӀэлъ, макъ зэпэджэжхэмрэ акъыл жанагъкӀэ зэщӀэузэда лирикэ усэхэм.

*Си телевизорым*
*уэфӀ гугъу къысхуещӀ.*
*Щхъэгъубжэм сыдэплъмэ,*
*слъагъур нэгъуэщӀщ.*
*Диктор щӀалэшхуэр*
*дахэу погуфӀыкӀ,*
*Уафэр мэгъуагъуэ,*
*шынагъуэу хохъуэпскӀыкӀ...*

Мы псалъэхэр ди гидрометеорологхэр зэзэмызэ зэрыхэукъуэми хуэпхь хъунущ. Ауэ абыхэм ящӀэлъ щӀагъыбзэри наӀуэщ: «дуней жэнэтыр доухуэ», «мис иджыщ гъуэгуу щыӀэм я нэхъ пэжыр къыщыхэтхар», «иджы дофӀэкӀуапэ» – жаӀэ защӀэурэ, дыкъагъэгугъэурэ, дапщэрэ дыкъагъэпцӀа, къэралым нэхъ цӀыху хьэлэлу исыр дапщэрэ ягъэщхьэрыуа – а телевизорым пыгуфӀыкӀыу исхэм «уэфӀ гугъу» фӀэкӀа ямыщӀурэ!

УсакӀуэм ар къеӀуатэ гушыӀэ щабэ хэлъу, езы лирическэ лӀыхъужьыр жыӀэзыфӀэщу зэрыщытыр щӀимыхъумэжрэ и щхьэри мащӀэу ауан ищӀыжу. Апхуэдэу пыдыхьэшхыкӀыныр, дауи, европей авторхэу Хьэмид и «уэршэрэгъухэм» – Мольер, Гейне, Честерфилд, Уайльд сымэ – я гупсысэ гъэпсыкӀэми тохуэ, абыхэм яжь ди авторым къызэрыщӀихуари къигъэнахуэу. Апхуэдэ дыдэу, ар и гъэпсыкӀэкӀи образхэмкӀи адыгэ усэкӀэ культурэм къыгуэх имыӀэу зэрыпыщӀар мыбдеж щынэрылъагъущ. Пэжщ, а хэкӀыпӀитӀым ещанэу езы усакӀуэм и гупсысэхэр зыкӀи щӀэмыхъумауэ къыщыкӀуэр мащӀэкъым: 7

*ИгъащӀэм къагъапцӀэу щытар*
*Иджыри къагъапцӀэу йокӀуэкӀыр,*
*Пэжыну псалъэ зытам*
*ПцӀы еупс, къимыгъанэу лъэкӀыр... –*

жеӀэ абы игурэ и щхьэрэ зэбгъэжу. Апхуэдэ псалъэхэр Хьэмид фӀы дыдэу илъагъу ПащӀэ Бэчмырзэ и гупсысэхэм яподжэж.

Къэжэрым и усэкӀэр европей литературэм куэдкӀэ зэрыпыщӀар наӀуэу къахощ абы и балладэхэми. Япэрауэ, балладэр езыр жанр щхьэхуэу къыщежьар къуухьэпӀэ лъэпкъхэм я дежщ, икӀи абы езым и тхыдэ иӀэжщ. Нобэ сюжет укъуэдия зиӀэ дэтхэнэ зы усэ мыкӀыхь-мыкӀэщӀми балладэ фӀащ хъуащ. Хьэмид и балладэхэр классикэр тепщэу щыщыта лъэхъэнэм а жанрым иӀа гъэпсыкӀэм тету зэхэлъхьащ. АбыкӀэ нобэрей адыгэ усакӀуэм усыгъэ теплъэ и ӀуэхукӀэ гъуазэу щытыпхъэхэр дигу къегъэкӀыжри, ди зэманым кърегъэзэгъыж. КъинэмыщӀауэ, абы нэгъуэщӀ зы хьэлэмэти къыдокӀуэ. ЗэрытщӀэщи, балладэм и гупсысэ нэхъыщхьэр зыхэлъыр езы сюжетыращ – къэхъукъащӀэу къыщыӀуэтэжаращ. Абы тхылъеджэ къызэрыгуэкӀыр, таурыхъым хуэдэу, къехьэху икӀи лирикэ медитациехэм нэхърэ нэхъ гурыӀуэгъуафӀэ мэхъу. Мис ар икъукӀэ яхуэщхьэпэу къыщӀокӀ зи акъыл зэтеувэгъуэ ныбжьыщӀэхэу 6-9-нэ классхэм щеджэхэм! Къэжэрым и балладэхэр бзэ дахэкӀи тхащ, сюжеткӀи удэзыхьэхщ, ущие псалъэ емыбэкӀыщэри,

къыхэмыпIиикIыу, хэгъэзэгъэжащ. Абыхэм мыхьэнэшхуэ яIэщ зи къэжэпхъыгъуэ ныбжьыщIэхэр тхылъ еджэным, пэжым тетыным, дахагъэр нэгъэсауэ зэхэщIыкIыным хуэунэтIынымкIэ. Хьэмид и балладэхэм яхэтщ а Iуэхугъуэм хузэхалъхьам хуэдэу гъэпсауэ зыбжанэ. Апхуэдэщ «Налкъут щхъуантIафэ», «ГъэунэхупIэ», «Псалъэ зеиншэхэр», «ЩIегъуэжа», «Медан лъапIэ», нэгъуэщIхэри. Абыхэм ящыщ гуэрхэр сатыр тIощIырыпщI хъууэ аращ, адрейхэр поэмэ хуэдизу кIыхьщ. Ауэ псори зэщхьу уэзыгъэлъагъур ищхьэкIэ къыжысIа фIагъыу дэтхэнэми хэлъырщ. Шэч къытесхьэркъым зыхуэгъэпса ди щIэблэм ахэр гунэс зэращыхъунум, гъэсэныгъэкIи, щIэныгъэкIи, псэр дахагъэм, лIыгъэм хузэщIэгъэушэнымкIи абыхэм мыхьэнэшхуэ зэраIэнум.

... Дунейр жармыкIэщ, гъащIэр пыIэзэфIэхьщ. Убэлэрыгъмэ, ураудынурэ уи гущIыIум ирикIуэжынущ. Хамэм зигу щIэгъун, жылагъуэ Iуэхур и щхьэ Iуэхум япэ изыгъэщын имыгъуэту, зэманыр мэтхьэджэ, бзэпс шэщIам хуэдэу мэзу, зэпычын къудейуэ. Ар хуолIэ зи напэ къабзэр кIапэу щыIэм я нэхъ пшэркIэ зымыхъуэжын цIыху. Ди япэ ита хэкулIхэм я нэмысыр, лIэужькIэрэ щапхъэу къекIуэкIын хуэдэу, яхъумэфащ. Нобэ бзыпхъэ къызытепхыну щыIэр нэхъыбэжщ: дунейпсо тхыдэм къыхэщыж цIыху нэхъ щыпкъэ дыдэхэми я IуэхущIафэм зыщыдгъэгъуэзэфынущ. Хьэмид хуэдэхэм я фIыгъэкIэ а лIэужь дахэри ди гъащIэм зы Iыхьэу хоувэ.

**ГЪУТ Iэдэм,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*
*2008*



# ГъэунэхупIэ

ТхакIуэм мащIэу къыфIэщIыж и къарухэм щымыдзыхэу зрипщытыфын хуейщ лъэхъэнэ екIуэкIыр зэщIэзыIыгъэ къалэн нэхъ инхэм. Нэхъ гуапэжщ махуэ къэс псэукIэм пыщIа нэщэнэ жьгъейхэмрэ цIыхубэ гъащIэм шэсыпIэ хуэхъу Iуэхугъуэшхуэхэмрэ усакIуэм бгъэдыхьэкIэщIэкIэ зэрипхыфмэ: гъащIэм и теплъэгъуэхэр зэхэухуэнауэ йокIуэкI.

Апхуэдэ мурадыр гъуазэ хуэхъуа хуэдэщ Къэжэр Хьэмид. Мис, и псэм фIэфI лэжьыгъэм бгъэдэувэн хьэзырщ жьыуэ къэтэджа цIыхур. Ауэ сыт къэхъуар? Унэ кIуэцI хьэпшыпхэр щхьэж и пIэ итыжкъым, абыхэм я фэми зихъуэжащ, зейм къэхъуар ищIэркъым, хъыбар дыджыр къэIуху:

*КъыкъуопсэлъыкIри и плIанэпэм*
*Си радиом и жагъуэ хъуауэ,*
*КъызжеIэ: сыжеиху ныжэбэ*
*НейтронкIэ дальэр къыхэхъуауэ.*

Дуней мамырыр Iэщэ бзаджэкIэ ягъэгумэщIыну зи мурадхэм япэщIэтыф къарум и лъэщагъыр зыбгъэдэлъыр щIышхуэ хьэлэлым телэжьыхьхэрщ, щыжеIэ усакIуэм и нэгъуэщI тхыгъэм. ЛэжьакIуэр щIым апхуэдизкIэ хуосакъри, жылапхъэ фIэкI нэгъуэщI хьэлъагъ абы и напэм

иригъэIусэнукъым, щIым хэлъ Iэ къабзэр зыщIэхъуэпсыр зыщ – дуней хъурейр лъэныкъуабэ мыхъуу Iыгъынырщ, ар зауэ хуэIухуэщIэ къэзыулъэпхъэщ къарухэм ящыхъумэнырщ. А къалэнырщ хьэуар зыгъэкъабзэ жыгри къыщIэкIар, дунейр щIалэ зыщIэхъукI цIыкIухэри щIэпсэур, цIыхури угъурлыгъэмрэ гуапагъэмрэ ятхьэкъун щIыхуейр.

Уафэм и нэхури щIылъэм и фIыгъуэри зауэ лыгъэм щыхъумэн гупсысэрщ Къэжэрым и усэхэм я нэхъыбапIэм лъабжьэ яхуэхъур. Ар усакIуэм и гъуазэщ сабийм щыхуэбзэрабзэми, бзылъхугъэм щыхуэдэхащIэми, адэ-анэр щигъэбжьыфIэми, къэкIыгъэу щыIэм псэкIэ щыхуэпабгъэми, уэс хужьымрэ псы нэхумрэ щигъэщIэращIэми...

Хьэмид усэ фащэу къыхиххэм бжьыпэр щызыIыгъыр щIагъыбзэ уэр зыщIэлъ жыIэгъуэрщ. Ахэр цIыхубэ лэжьакIуэм ижь лъандэрэ къадэгъуэгурыкIуэ ущие узыншэщ, ауэ иджыпсту гъащIэр хъумэн нэхърэ нэхъ Iуэхушхуэ зэрыщымыIэм псэлъафэ щIэщыгъуэкIэ а ущиер епха мэхъу... Мис аргуэру: щIымахуэм зэщIиIулIа жыгхэм ятегузэвыхь цIыхум жэуап зэхех:

> *«Дэ щIыIэм зедгъэсынкъым,*
> *Уэ мафIэм думыгъэс».*

Хьэмид апхуэдэ щIагъыбзэ нэхухэм къадэкIуэу егъэлъащэ публицистикэм и псалъэ укъэбзахэри, шыпсэм и пкъыгъуэ гурыхьхэри, псалъэжьхэм ехьэехуэ сатыр жанхэри – жыпIэнуракъэ, тхэкIэм и Iэмал жыджэрхэр къыщIэуIукIыным гъунэ зэримыIэр къабыл къытщищIыну щIокъу усакIуэр. Мыбдежым гулъытэншэу къанэ хъунукъым зы Iуэхугъуэ гъэщIэгъуэн – Къэжэрым и къарур жанр зэхуэмыдэхэм зэрыщигъэунэхур. 9

Адыгэ усэр зэса къупхъэхэр къызэригъэщIэрэщIэным щIобэн усакIуэр. Абы и мурадхэр Iэпхлъэпх мыхъуным хущIэкъуурэ «екъутэ» ди тхыдэм щызэрыубыда усэ тхыкIэр, уеблэмэ сатыр зэпэбжхэм, рифмэ зэдэIуэжхэм «зэран» яхуэхъункIэ щымышынэу, Хьэмид рифмэ «дзыхьщIыгъуэджэхэр» егъэIурыщIэ, усэ сатырхэр макъ зэщIэжыуэкIэ щызэримыпххэри гъунэжщ, усэр жьэрыжыIэ къэIуэтэкIэм хуигъэкIуэн щхьэкIэ «щхьэрыутIыпщ» ищIурэ прозэм щыбгъэдишэри мащIэкъым. А псом къикIыркъым усакIуэм дэ дызэса усэ тхыкIэм и хабзэхэр щхьэзыфIэфIрэ нэуфIыцIщхьэрыуэу «зэхикъутэжу»: Хьэмид IэщIыб ищIыркъым щIэблэ куэдым зэрагъэпэща усэ тхыкIэр, абы и фащэ къыхэхыкIэр зэлъытар тхыгъэ къэс къыщиIуэтэну и мурад гупсысэр цIыхухэм япхыкIын щхьэкIэ Iэмал нэхъ къезэгъхэр къэлъыхъуэнырщ. Еджэхэр зэсэжауэ къыпфIэщI макъамэхэмрэ гупсысэхэмрэ нэщэнэ щIэращIэхэм ягъэжан, гукъинэ ящI, нэхъ щIэщыгъуэу къаIуатэ.

Иджыпсту IэпцIупцIу къэтIуэтэнкъым иджырей усэм и теплъэр къэгъэщIэрэщIэнымкIэ Хьэмид дерсэгъу къыхуэхъу къарухэр. КъыдигъэкIа тхылъхэм къыбжаIэфынущ и макъыр хуиту игъэIун хьисэпкIэ дунейпсо поэзиер куэд щIауэ зыщыгъуазэ «щхьэхуит» усэкIэр усакIуэм тегъэщIапIэу къызэрыхихар. Дауи щрет, усэр, тхэкIэм и лIэужьыгъуэ дэтхэнэми хуэдэу, IэщIагъэ нэс зыщIар акъылырщ, гупсысэрщ, усакIуэм пкърылъ дуней еплъыкIэм и кууагъымрэ и жанагъымрэщ, гъащIэмрэ щIэныгъэмрэ къахих зэхэщIыкIым и къулеягъырщ, «къэухьым» и лъагагъэрщ. Сатырхэр сыт хуэдизу «мыпщIыпщIми», напIэзыпIэм мэункIыфыжри сэрэш сахуэу къонэж,

гупсысэ шэщӀа щапкърымылъым. Ауэ гупсысэр ямылейуэ хуэлъэщ усэ «щхьэхуиткӀэ» зэджэжым. Усэм и фащэр «игъэпщкӀуфын» хуейщ гупсысэм – а мурадыр Хьэмид щиӀэпэгъущ и усэ нэхъыфӀхэм.

Хьилагъэр зымыщӀэ сабиипсэр дуней щӀэращӀэм хуиту хузэӀуха хуэдэу хотэджыкӀ Хьэмид и ӀэдакъэщӀэкӀхэм. Зигурэ зи псэрэ чэщейуэ итхьэщӀыкӀа сабийм иӀэ зыхэщӀэ нэхурщ а ӀэдакъэщӀэкӀхэр зыгъэуэзджынэр, уэзджынэ макъым и зыӀэтыкӀи и ужьыхыпӀи иӀэж хабзэщ.

Ди гуапэщ а зыӀэтыпӀэр зэхэзыххэм гухэхъуэ нэс ягъуэтыну.

**СОКЪУР Мусэрбий**
*1983*

# ЩӀэныгъэлӀ икӀи усакӀуэ

... 1967 гъэм къыщыщӀэдзауэ Къэжэр Хьэмид Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетым, япэщӀыкӀэ урыс литературэмкӀэ кафедрэм, иужькӀэ хамэ къэрал литературэмкӀэ кафедрэм егъэджакӀуэу щолажьэ. Лэжьэн щыщӀидза а гъэ дыдэм и кандидат диссертацэри пхегъэкӀ.

И ӀэдакъэщӀэкӀ тхыгъэхэр 1959 гъэ лъандэрэ газетхэм, журналхэм къытрадзэ, япэ дыдэу итха «Псалъэрэ Ӏуэхурэ» рассказыр «Ленин гъуэгу» газетым тетащ.

Ди тхылъеджэхэми тхакӀуэхэми я деж Къэжэрыр псом япэу цӀэрыӀуэ щызыщӀар ди тхакӀуэхэм, усакӀуэхэм я творчествэм, адыгэ литературэм зэрызиужь хабзэ-бзыпхъэхэм ятеухуауэ итха тхыгъэ купщӀафӀэхэрщ. Ноби зыкӀи нэхъ кӀащхъэ хъуакъым ди тхакӀуэ нэхъ пажэхэми нэхъ щӀалэхэми я творчествэм, я тхылъыщӀэхэм ятеухуауэ Хьэмид итха литературно-критическэ тхыгъэхэм, очеркхэм, портретхэм, рецензэхэм, н.къ. я мыхьэнэр. Бгъэдэлъ талантыр, эрудицэ иныр дэнэ щӀыпӀи щигъэнэрылъагъуу Къэжэр Хьэмид икӀи жьакӀуэщ. Зэи сигу ихужынкъым 1988 гъэм къэбэрдей, балъкъэр литературэхэм я декадэ Мэзкуу щекӀуэкӀыу, РСФСР-м и ТхакӀуэхэм я союзым и правленэм и унафэщӀ Михалков Сергей тхьэмадэу щысу, КӀыщокъуэри, урыс тхакӀуэшхуэ, усакӀуэ зыбжани кърихьэлӀэу, къэбэрдей литературэм и зыужьыкӀэм теухуауэ абы жиӀа псалъэ купщӀафӀэхэр, зы тхылъымпӀэ кӀапи емыплъу, сыхьэт ныкъуэм нэблагъэкӀэ жьакӀуэу а зэӀущӀэм ар къызэрыщыпсэлъар.

Зэрыкритик Ӏэзэм нэмыщӀ, Хьэмид икӀи усакӀуэщ, уеблэмэ усакӀуэшхуэщ. Ар сэ хьэкъыу спхыкӀащ и усэ тхылъхэр (ахэр зыбгъупщӀ мэхъу) зэхуэхьэсауэ иджы дыдэ щӀэзджыкӀыжа нэужь. Хьэкъыу къызгурыӀуа къудейм къыщымынэу, гукӀи псэкӀи зыхэсщӀащ ар зи хъэтӀкӀи, зи гурыщӀэ къэӀуэтэкӀэкӀи, гупсысэкӀэкӀи, образ къэгъэщӀыкӀэкӀи адрейхэм къазэрыхэщхьэхукӀыр, щӀэныгъэшхуи талант ини зэрыбгъэдэлъыр.

Дэтхэнэ зы тхакӀуэми усакӀуэми езым и дуней еплъыкӀэ зэриӀэм шэч хэлъкъым. Абы и зы налъэщ ар литературэм, тхэн Ӏуэхум зэреплъри. Абы ехьэлӀауэ Хьэмид и зы усэ цӀыкӀу сигу къэкӀыжащ.

*Гуащэм къыгуэлъэта Ӏэ лъэныкъуэ,*
*абдж къутахуэ,*

# ЖьантІэ

*МыІэрысэ ныкъуэших,*
*Дыхъэших пыудахуэ,*
*Зы псалъэ хуабэ,*
*а псор зэрохъэжьэри,*
*КІуэм-лъэм, кІуэм-лъэурэ,*
*Псы къабзэ цІыкІу мэхъу,*
*абы бдзэжьей шыр къуэлэн цІыкІу*
*къыхохутэ, –*
*жыпІэнур арамэ,*
*УсэщІэ къоунэху.*

Телъыджэлажьи хэмылъу, къызэрыгуэкІыу усакІуэм и гулъытэм къызэщІиубыда гурыщІэ-гукъэкІхэм апхуэдэ гупсысэ «къалъху».

УсакІуэм щІагъыбзэ жан зыщІэлъ жыІэгъуэхэр, гупсысэхэр, гъащІэм и къэхъукъащІэхэм я философие куукІэ гъэпса образхэр, ар зыузэщІ дерсхэр, зэгъэпщэныгъэхэр егъэшэрыуэ.

*СтІолым и жьантІэм къыжьэдэсу,*
*Си бгым къэмысхэр къысхуоплъых,*
*ТІэкІу-тІэкІуурэ уосэж апхуэдэм,*
*(Уэим ар пщІынуи мыбэлыхь).*
*Пэжщ, мыгурыхь ар, ауэ щыІэщ,*
*ЩыІэщ, си къуэшхэ нэхъыкІэж:*
*Узэралъытэм уецІыкІуэкІыу*
*КъыщІэкІмэ, ар нэхъыкІэр пэжщ.*

Хьэмид и псэм дахагъэу зыхищІэм и дыгъэ бзийкІэ зэщІолыдэ и гурыщІэ гухэлъ пшыналъэр зыгъэдахэ усыгъэхэр.

*Хэт а зууэ дыжьын башкІэ*
*Си щхьэгъубжэм къеуІуар?*
*СыкъыщІэкІмэ, гъатхэ жэщым*
*Хуэмыухыр уи хъыбарщ.*

*Мазэр си нэм къыщІолыдэ:*
*«Сыту гуакІуэ а уи Нагъуэр!*
*А уи Нагъуэм хуэдэу дахэ*
*Дуней нэхум тезмылъагъуэ».*

*«Сэри фІыуэ сыщыгъуазэщ!» –*
*Жьыбгъэм сэ зыкъысхуегъазэ.*
*Удзхэм сэ къызжаІэ гуапэу:*
*«Дэри, дэри дыщыгъуазэщ».*

*«Дэри дощІэ! Дэри дощІэ!» –*
*ЖаІэ жыгхэм япыт пщІащэм.*
*«Сэри, сэри», – щабэ дыдэу*
*ПсыІэрышэр мэІущащэ.*

*Си щхьэр сІэтрэ сыдэплъеймэ,*
*Нащхьэ сэ къысхуащІыр вагъуэм:*

# ЖьантIэ

*«Дэ дымыщIэ Iуэхум хэлъкъым –*
*Нагъуэм фIыуэ укъелъагъур».*
*Сыт иджы уэ жыпIэнур?*

Зэрынэрылъагъущи, псэ зыIумытхэри лъагъуныгъэм и джэлэсым зэщIегъэнахуэ.

УсакIуэм и псэм и дахагъыр ар дунейм зэреплъ гукъыдэжым, хьэлэлыгъэм къыгуэхыпIэ имыIэу епхащ, абы хуошэрыуэ псалъэжьхэм ехьэехуэ сатыр жанхэр:

*Пшхын ипэ къиху уэу мыIэрысэм*
*НэщхъыфIэу уеплъмэ – мэхъу нэхъ IэфI.*
*Пщэдджыжьым уафэм удэплъейрэ*
*УщыгуфIыкIмэ – мэхъур уэфI.*

*МывэкIэ къоуэм, – пIастэ Iыхьэ...*
*Псалъэжьым жиIэр, дауи, пэжщ.*
*Мывэм мыIэбэ щIыкIэ, пIастэ*
*IэщIэлъхьэт цIыхум – ар нэхъ пэжщ.*

*ИтIанэ мывэ къыхэмыхьэу*
*Фи Iуэхур дахэу зэфIэкIынщ,*
*Гужьгъэжь кIыфIыжьым зигъэзэнщи –*
*Гухэхъуэр дыгъэу къыщIэкIынщ...*


Зэмызэгърэ зэныкъуэкъурэ щытепщэ нобэрей дунейм тет къэрал политикхэр зыфIэлIыкIын акъылрэ псалъэрэ хэлъщ цIыхугъэ лъагэм ухуезыджэ мы усэм.

УсакIуэм и гум пыIэпIэ иIэкъым, нобэ цIыхур зыхэт псэукIэ мытыншым, зэманым и фэбжь шэчыгъуейхэм абы и псэр зэхэзехуэн зэращIар и усэхэм гум щIыхьэу къыхощ.

*Сымаджэм фIыуэ ещIэ*
*Узыншагъэр зищIысыр.*
*Жьы хъуам фIыуэ ещIэ*
*ЩIалэгъуэр зищIысыр.*

*НтIэ дылIа нэужькIэ къыщытщIэнур*
*дызэрыпсэун хуея щIыкIэр?..*

Хэку зауэшхуэм хэта, зауэм Iут сэлэтым и фэм дэкIыр къыщыпкIыу зыгъэунэхуа урыс усакIуэ Василий Субботиным зы сатыр фIэкI мыхъу усэ иIэщ.

*Окоп копаю. Может быть – могилу.*

Зауэм Iут сэлэтыр и уахътым, и натIэм къритхам зэрыфIэмыкIынум теухуа а сатыр закъуэм зэи уигу имыхужын купщIэшхуэ кIуэцIылъщ. Сэлэтым зауэм къыщыпэплъэ гузэвэгъуэм, и гъащIэр зэриухынум теухуауэ Къэжэрым итха зы усэ Субботиным и сатыр закъуэм сигу къигъэкIыжащ:

# ЖьантIэ

*«Хъуакъым! –*
*Егупсысащ сэлэтыр, –*
*Шэри соух.*
*Псыуэ къысхуэнэжари зы Iубыгъуэщ».*
*Псы Iубыгъуэри къанэу,*
*Шэри нимыгъэсыпэ щIыкIэ,*
*езым и гъащIэр зэриухынур игу къридзакъым:*
*дэнэ къикIынт апхуэдэ хущIыхьэгъуэ!*

Псоми ящхьэращи, апхуэдэ усэхэр гум ихужккъым.

Къэжэрым и усэ пшыналъэр зэрыбзафIэр, зэрылъэщыр убзыхуауэ мы тхыгъэ кIэщIым къыщыдгъэлъэгъуэну Iэмал дызэримыIэр тхылъеджэм къытхуигъэгъунщ: усакIуэм и тхылъым хэчыхьауэ къыхэтха усэ гуэрхэр щапхъэу къыдохь, абыхэм я къэухьыр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми нэрылъагъу тщIын папщIэ. Абыхэм ящыщ зыщ мы дызытет дунейр, природэр хэутэн зэращIым къыпкърыкIа усэхэр. А гузэвгъуэр къызэригъэлъэгъуэн жыIэгъуи псалъэ шэрыуи къегъуэт усакIуэм.

*Уафэм хуэстхынут усэ –*
*Сэ уафэр сымылъагъу:*
*ар гъуэзым щIигъэнащи...*

*Уэсым хуэстхынут усэ –*
*сэ уэсыр сымылъагъу:*
*кIэгъуасэ тельщ уэс папщIэу...*

*Псы щIыIэ фалъэ сефэу*
*сигу плъар сэ згъэупщIыIунут –*
*симыгъэлIэну пIэрэ?*

*НтIэ, емыкIу – сыгушхуэу*
*сэ къезгъэжьа си усэр*
*гъыбзэу къыщIидзыжыну?*

Зэрынэрылъагъущи, дунейм дахэу трилъагъуэхэм зи нэр къыщипхъуэу дунейм къыщыхъу гузэвгъуэхэр псэкIэ зыхэзымыщIэ усакIуэ щхьэхуэфIхэм ящыщкъым Къэжэрыр. Уеблэмэ цIыхум и псэм къеIэ гухэщIхэм, фэбжьхэм ятеухуа гупсысэхэр усэ къэухьым къыщыхуимыгъэзагъэм деж, абы балладэ жанрыр шэрыуэу къегъэсэбэп. Абы и щапхъэщ «Дахэлинэ», «Уэредадэ», «Тенджызым нэсыфынур» балладэхэр. Ахэр усакIуэм и творчествэм и фIыпIэу зэрыщытым шэч хэлъкъым.

Къыхэгъэщыпхъэщ «белый стих» усэ гъэпсыкIэми Къэжэрыр зэрыхуэIэкIуэлъакIуэр. Аращ а гъэпсыкIэр ди литературэм япэу къыхэзыхьар.

Псалъэжьхэм хуэдэу шэрыуэу, акъылыбэу щыт усэ сатырхэр и мащIэкъым усакIуэм. Псалъэм папщIэ, апхуэдэщ «Гуауэр куэдкIэ нэхъ благъэщ – Гуапэм нэс щIышхуэ дэлъщ» жыхуиIэр. Апхуэдэ щапхъэхэр гъунэжщ.

УсакIуэм дежкIэ дунейм мылъкуу тетым нэхърэ нэхъ лъапIэщ, нэхъ дахэщ гъащIэм кърит гурыфIыгъуэр:

# ЖьантIэ

*Сэ си мылъкур – а мазэрщ,*
*Вагъуэхэри и гъусэжу;*
*ЖэщкIэрэ сыкъотэджыжри,*
*сащыгуфIыкIыу сыщысщ.*

Зэрыбелджылыщи, усакIуэр щыусакIуэ нэсыр езым и Iуэху еплъыкIэ, и гупсысэкIэ, и хъэтI иIэжмэщ, и мэсхьэбым итыжмэщ, щалъхуа щIыгум лъэ быдэкIэ тетмэщ, а щIыгури ар зыгъэдахэу, псэ зыIутуи зыIумытуи, щыIэ псори псэкIэ зыхищIэу, а зыхищIар цIыхум я деж нихьэсыжыфмэщ. Усэм дамэгъу хуэхъу гупсысэм тегъэпсауэ, и купщIэмрэ и фащэмрэ зэрызэкIун бгъэдыхьэкIи гъэпсыкIи зиIэ пшыналъэр зэрыбзафIэм, зэрыгукъинэжым шэч хэлъкъым. А псоми щыхьэт техъуэ образ телъыджэхэр, гукъинэжхэр щымащIэкъым Къэжэр Хьэмид и творчествэм.

**ШЭВЛОКЪУЭ Пётр**
*1998*

*Балладэхэр* **КЪЭЖЭР Хьэмид**



## ХЭКУ ВАГЪУЭ

**Къэхъуащ мыпхуэдэ.**
**Мывэ уэшх**
**къешхынут – хэкур къемылыну.**
**ХуэзанщIэ вагъуэр къолъэхъшэх –**
**поув уэшх бзаджэм жыр блыну.**

**Удыным пэщIэтащ жэщ псом –**
**мывэу къытехуэр ибгъукIэ лъейуэ.**
**Нэху щымэ, ини цIыкIуи псэущ, –**
**зэхуосхэр, уафэмкIэ дэплъейуэ.**

**Мы я нэгу щIэкIыр – тобэ! – сыт:**
**вагъуэшхуэ, тIэкIу хуэлъэныкъуабэу,**
**я щхьэщыгу дыдэм къыщхьэщытщ,**
**улъэIэсыну и зы къуапэм!..**

**Зэхуагъэщ Iагъуэ, зэпаплъыхь;**
**жьакIэхум, ещI Iэдакъэжьауи:**
**– ФIым дыщогугъри, Язалыхь,**
**мы слъагъум фIы къытхудэгъакIуэ!..»**

# ЖьантIэ

Зым жери: «Уа, жылэ, мыр вагъуи...»
НэгъуэщIым: «ЖыпIэр гъэщIэгъуэнщ!
Вагъуэр, лIэун, мэлыд, мыр фагъуэщ,
кумблъэмбщ, бгым щыжа къэнжал гуэн
нэхъей, уэгушщ — уахуэ къэбыжьу...»

Абдежым нэхъыжьи нэхъыщIи
щызэрызохьэ, зэроIуэт —
жэуап тэмэм къахуэмыгъуэт.

Нэхъыжьым жери: «ФымыпIащIэ,
зэ фызэIуплъ...»
                    Ауэ игъащIэм
къокIуэкI: нэхъыщIэм якъутэжу
нэхъыжь унафэр /мис ар пэжкъэ!/.

Зыгуэрхэм вагъуэм зыкIэращIэ,
къралъэфэхри хыфIадзэж...
Арати, вагъуэр... лъакъуэлъэщIу
уэрам сабафэм къыдонэж...

Я вакъэм ятIэу къыкIэрыпщIэр
абы жьэхадзэри щIохьэж...
Уафэгъэдахэу щытам и пщIэр...
Ауэ мыгувэу къащIохьэж.

Арыххэу псыхэр мэгъущыж,
уэшх къемышхыжу щегъэтыж.
Жэкъуахэм хейм лъагъэса фIейр
я нэм къахущIепхъэж жьыбгъейм.

Псори зэрехуэ гузэвэгъуэм,
зыми имыгъуэтыж бэуэгъуэ,
цIыхуитI узэримыгъэлъагъуу
хэкур сабейм щIехъумэ пшагъуэу.

Псы щхьэкIэ малIэ цIыхури Iэщри,
лIам кIэлъопIащIэ зытIри мащэр...

# ЖьантӀэ

**Зы псы Ӏубыгъуэр сыт и усэ!..**
**Зы псы Ӏубыгъуэр сыт и усэ!..**

**«Къысхуэзыгъуэтым псы Ӏубыгъуэ —**
**естынт... естынт мы дуней фӀыгъуэр!»**

**А бетэмал!**
**А бетэмал!**
**ЖьакӀэхум: «Ӏей длэжьати — мисыр! —**
**тхуэфащэм нобэ дыӀущӀаи...**
**Дэ напэтех длэжьар зищӀысыр,**
**фыкъызэдаӀуэт, сэ къэсщӀащ!**

**Ар вагъуэт. Жэщым, дымыщӀэххэу,**
**хэкум зыкъыщхьэщиубгъуат;**
**дыкъригъэлри мывэ уэшхым...**
**нэху ща иужькӀэ къэтлъэгъуат...**

**Иджы зыщ къытхуэнэжыр:**
**хейм**
**етпэса лейр дгъэзэкӀуэжыну —**
**лъакъуэкӀэ абы етха лейр,**
**лъакъуэкӀэ абы хуэддза фӀейр**
**ӀэкӀэ къыкӀэрыдгъэкӀыжыну!»**



**АбыкӀэ мэхъури арэзы,**
**зыкъащтэ псоми, хуэдэу зым;**
**едэхэщӀэжу, еубзэжу,**
**вагъуэр ягъэкъэбзэж, зэблэжу.**

**ӀэпапӀэ закъуи къамыгъанэу, —**
**хэмыхьэу хьэнцэ, бел е фӀанэ, —**
**Ӏэгу плъакӀэ вагъуэр къалъэщӀыхь —**
**цӀыхухэм къыщӀагъэщыж я щӀыхь.**

**ИкӀи, зылъагъум игъэщӀагъуэу,**
**зы уапӀи темылъыжу джафэу, —**
**мэлыд, мэпщӀыпщӀ, мэбауэ вагъуэр,**
**зеӀэтри мэлъэтэжыр уафэм.**

Псыр къахуокIуэж щIыхь зиIэ цIыхухэм,
и пIалъэм уэшхи къеш зэпытщ.

Жэщ кIыфIми сакъыу къахуеплъыхыу
хэку вагъуэр лъагэу къащхьэщытщ.

## ПЩIЫХЬЭПIЭ-НАХУАПIЭ

Лидэ цIыкIу имылъагъуу къалъхуат.
И махуэри и жэщри
зэхуэдэу кIыфIу
псэурт ар илъэсипщI хъуауэ.
И шыпхъу нэхъыжьитIым
ЩыжаIэкIэ:
«щIы фIыцIэ», «уафэ щхъуантIэ»,
«джанэ къуэлэн»
е — «джэд купрауз»,
Лидэ гупсысэу щыст:
«Ярэби, сыт хуэдэу пIэрэ —
А «фIыцIэр», «щхъуантIэр»,
«къуэлэныр», «купраузыр»?..

ИкIи — мо здимылъагъум —
зэхих псори фIэтелъыджэу,
зыгуэрым «цырхъ» жиIамэ,
блимыгъэкIыу,
егупсысырт:
«Ярэби, сыту пIэрэ ар?..»

Апхуэдэу екIуэкIыурэ,
икIэм-икIэжым,
моуэ къегупсыс:
«Мэз лъапэм
щыгъуэща псы цIыкIум
пщэдджыжькIэ,
и щхьэ тригъэужу,
дзапэ уэрэду
жиIэр сыт?»
Мыпхуэди къегупсыс:
«ПщIащэ цIыкIуитI,



2 Заказ № 160

зэуэршэрылIэу,
ягъэхъыбарыр ныкъуэжыIэу,
жьы къыкъуэуам
зыр къыпеудри,
епхъуатэ пхъашэу...
иужь дыдэу
а тIум зэжраIэжыр сыт?»
ГукIи къелъагъу
игъащIэм и нэгу щIэмыкIа
теплъэгъуэ гуакIуэр –
пцIащхъуэ цIыкIуитI,
зэрехьэжьауэ,
уафэ лъащIэншэр
я хъыринэу,
зэм зызэхуахьу,
зэи, щIегъуэжрэ,
зызэпыIуадзу,
зэм зэблэжу,
зэрыгъуэтыжрэ,

зэрыIыгъыу
къызэрехьэкIыу,
кIэ имыIэу
зыгуэрхэр къабжу,
здэкIуэм къаIурыщэщу...

НэкIэ имылъагъуми,
гукIэ илъагъуу,
псэкIи зыхищIэу,
Iэбэм лъэIэсын хуэдэу гъунэгъуу,
ауэ щыхъукIи –
ар къэзыухъуреихь дахагъэр –
гъуэрыгъуапщкIуэ къыдэджэгу нэхъей –
зыкъримыгъэлъагъуу...
О!.. Сыту хьэлъэт
Лидэ и IэнатIэр...

... Зы пщэдджыжь гуэрым
жьыуэ къоуш сабийр,
и анэри къегъэуш:

# ЖьантIэ

**«Мамэ, ныжэбэ**
**моуэ сепщIыхьащ…**
**Зыгуэрым къызжиIэ хуэдэт…**
**IупщI дыдэу зэхэсхыу:**
**«Уэ уи псэ хьэлэлыр**
**дунейм хузэIухащи,**
**уэ къэблэжьащ…**
**Ауэ, иубыдэ уигу,**
**уэ укъыщыплъэнур…**
**уэ укъыщыплъэнур…**
**езы дунейм,**
**езы дунейм**
**къыпхузэIуихмэщ и псэр…»**
**Мыри къыдыщIегъуж:**
**«Тенджызым, псы Iуфэм…»**

**Махуэл дамыгъэкIыу**
**Ахын и Iуфэм**
**къыщохутэ зэанэзэпхъур.**
**Махуэ псом** 19
**Лидэ щысщ, мо псы хуабэм**
**и лъакъуэр хэлъу,**
**IэкIи хэджэгухьу.**
**Апхуэдэурэ**
**махуищ /е плIы/ дэкIауэ**
**Лидэ къыфIощI**
**и лъэтхьэмпэм щабэ дыдэу**
**зыгуэр къеIуса хуэдэу…**
**зы макъ гуэрхэри —**
**«КIы-кIы-кIы-кIы-кIы-кIы-кIы…» —**
**щэху дыдэу**
**зыгуэрым игъэIу хуэдэу…**

**ЕтIуанэ махуэм — аргуэрыжьщ.**
**Ауэ иджы,**
**ауэ иджы…**
**нэхъ хэпщIыкIыу…**
**икIи нэхъ IупщIу…**
**ДокI аргуэру махуищи…**

**— Лидэ, ей, Лидэ! —**
**къыхокӀиикӀ анэр, —**
**Зы хыбж* шыр,**
**дахэкӀейрэ угъурлыфэу,**
**зыкъыпхуеший,**
**зыкъыпхуехь,**
**тенджызыр хуримыкъуу,**
**къыхопкӀ псым,**
**— уэ къыпӀуоплъэри — хопкӀэж...**
**ЩӀэмычэуи уэ къопсалъэ:**
**«КӀы-кӀы-кӀы-кӀы-кӀы-кӀы-кӀы...»**
**Уэзгъэлъэгъуащэрэт!..**
**— Мамэ, солъагъу,**
**солъагъу хыбж шырри,**
**уэри... узолъагъу!..**

## ЩХЬЭЖ ЗЭРЫХУЭФАЩЭКӀЭ...



**Суд щащӀэ унэм цӀыхур щӀэсщ,**
**суд щащӀэ унэм цӀыхур щӀэзщ,**
**щӀыбым дэтхэри зэбгрымыкӀ,**
**уэршэрхэу, бжэӀупэм щокӀукӀ.**
**КъыкӀэрыхуахэри мымащӀэ,**
**ахэри къокӀуэ, къожэ пӀащӀэу:**
**къулыкъущӀитӀ я судыр ящӀэ,**
**щхьэж къылъысинкъэ щхьэж хуэфащэр!**
**СудыщӀэм:**
**«Псоми дощӀэ Ӏулъхьэм**
**мыгъуагъэу нобэ дэ къытхуихьыр.**
**Абы и лъапсэр дымыгъэгъумэ,**
**хъума мыхъуну къэралыгъуэр!**
**Ӏулъхьэ Ӏызыхыр е ар зытыр**
**къулыкъущӀэшхуэу щытмэ,**
**араи езыр, — пэжыр жыпӀэм, —**
**къэралыгъуэр зыкъутэжыпэр!**
**КъулыкъущӀитӀ фи пащхьэм къисщ —**
**зым нэхърэ адрейр нэхъыщхьэжу.**
**Мы тӀум Ӏулъхьэ яку дэлъыр пэжмэ,**
**иджыпсту... фи нэгу щӀэкӀыу... мис...**

* Хыбж — дельфин.

**фэ фыщыхьэту, сыхьэзырщ —**
**теслъхьэну щхьэж къилэжь тезыр!»**
**Йоупщ1 ар зым: «Уэ Iулъхьэ пта?»**
**Адрейм йоупщI: «Уэ къеIыпха?»**
**ТIум я жэуапри зыщ: «Хьэуэ!**
**Фыгъуэгъухэм пцIы къыттралъхьауэ...»**
**«КъулыкъущIитIыр хейкъым — мысэщ!**
**Абы къащыжхэм пцIы яупсыр!» —**
**Прокурорым къыдэщIхэр куэдщ.**
**Щыхьэт... Щыхьэтыр пэрыхьэтщ!**
**«КъулыкъущIитIыр хейщ — мымысэ!**
**Iулъхьэ щыIакъым. ПцIы яупсыр!» —**
**Уэчылми мымащIэ къыкъуэтщ.**
**Щыхьэт... Щыхьэтыр пэрыхьэтщ!**
**ЛъэныкъуитIми жаIэн ягъуэт.**
**Зым жиIэр адрейм екъутэж.**
**Зэпекъухэр хъуами ярейщ зэпэбж.**
**СудыщIэм зи къыхуэмыщIэ,**
**КъыхуэмыщIэ ищIэнур судыщIэм.**
**Абдеж зы щIалэщIэ къотэджри:** 21
**«Сэ сощIэ зы Iэмал телъыджэ!**
**Сэ згъэунэхуащ а Iэмэпсымэр:**
**абы зэ Iузгъэплъар пцIыупсмэ,**
**и бзэр еубыдри — бзагуэ мэхъу,**
**Iулъхьэ зытами къыхуэмыгъу —**
**Iэ ижьыр напIэзыпIэм мэгъу,**
**Ар Iызыхами къыхуэмыгъу —**
**Iэ сэмэгур арыххэу мэгъу.**
**Фэ къомыр пщIэншэу гугъу фемыхьу,**
**сэ къыфхуэсщIэнщ: хэт хейр, хэт мысэр.**
**ауэ къыщIэкIмэ фыпцIыупсу —**
**иужькIэ зывмыгъэгусэ!»**
**Хэт илъэгъуа: щIымахуэ шылэу**
**уафэр къэгъуагъуэу, уэшх къешхауэ;**
**е — гъэмахуэу, хуабэ жьэражьэм**
**арыххэу уэс къыхилъхьауэ?**
**Суд зыщIэ гупыр, къэуIэбжьауэ,**
**зыр зым йоплъыж: ящIэнур сыт?**
**Зым, зыкъещIэжри, губжьауэ:**

# ЖьантIэ

«Мы делэм фыщIедаIуэр сыт!
Феплъыт, и нэкIум къощри нахуэу —
мыр дыгъуасэ е вэсэмахуэ
делэщым къикIуэсыкIыжащ!
ЗэкIэ зи суд щIапхъэр мыращ!
ПцIыупс шынагъуэщ мыр, гъэпцIакIуэщ!
Фыубыдыт щIэхыу, фымыгъакIуэт!»
/Суд зыщIэ гупыр, хуэдэу зым,
абыкIэ арэзыт!/
Абдежым цIыхухэр зэрызохьэ,
полицей гуэрхэми къажыхь,
щIалэщIэм, заIэримыгъэхьэу,
кIэбгъу зещIри и щхьэр яхех.
СудыщIэм: «Фызэтебэяуэт.
Нобэ мыбдежым щыдухынщ.
КIэ игъуэтакъым Iуэхуми, дауи,
иужькIэ къытедгъэзэжынщ».

… ИужькIэ радиом: «Хъыбар
къытIэрыхьащ: пцIыупс шынагъуэ
къежьащ — къигъапцIэу къыхуэзар;
жаIэ, абы и зэ Iуплъэгъуэм
ухэтми пщигъэгъупщэжу,
жыпIэри пщIэри умыщIэжу…
ДынbackslashволъэIу, адэфI-анэфIхэ,
фи бынхэм фахуэсакъыт,
къыщIэвмыгъэкIыт зэи я закъуэу…
Къамыубыдыф пцIыупс шынагъуэр,
сыхьэт къэс ехъуэж и хэщIапIэр.
ДыныволъэIу: къыфIэщIэлъагъуэм —
полицэм хъыбар евгъэщIэну!»

… ДэкIауэ зы мазэ нэблагъэ:
«КъытIэрыхьащ хъыбар гуфIэгъуэ,
зэхэзых псоми дэрэжэгъуэ
къыфхудэкIуэну дыщыгугъыу:
судым щылажьэм я улахуэм —
хуэфащэу а IэщIагъэ махуэм —
хуэдитIым щIигъукIэ хагъэхъуэну!»

*Хъан-Джэрий къызэралъхурэ илъэс 205-рэ ирокъу*



(1808 - 1842)

# И зэфIэкIыр инт



Адыгэ литературэм и тхыдэм и гугъу щыпщIкIэ, псом япэу зи цIэ къиIуапхъэхэм ящыщщ тхыдэдж щIэныгъэлI, тхакIуэ гъуэзэджэ Хъан-Джэрий. ЩIэныгъэм и мыхьэнэр пасэу къызыгурыIуа а цIыху акъылыфIэр япэщIыкIэ зэлэжьыр и лъэпкъым и тхыдэрщ, IуэрыIуатэрщ, къыдалъхуахэр зыхэт зауаем къыхэшынырщ, щIэныгъэм и гъуэгу нэхум ахэр тешэнырщ. ИужьыIуэкIэ ар и ужь йохьэ зыгъэпIейтей Iуэхугъуэхэмрэ абыхэм ехьэлIа и гурыгъу-гурыщIэхэмрэ художественнэ псалъэкIэ къэIуэтэным икIи адыгэ литературэм хэлъхьэныгъэ хуэхъуа тхыгъэ гъэщIэгъуэнхэр и Iэдакъэм къыщIокI. Абыхэм пэжагъ хэлъу къыщыгъэлъэгъуэжащ пасэм адыгэ лъэпкъым и псэукIар, и щхьэхуитыныгъэм зэрыщIэзэуар, тепщэ гупхэм яку дэлъа зэгурымыIуэныгъэр, адыгэ мэкъумэшыщIэр псэукIэщIэм зэрыщIэбэнар. А цIыху пэрытым къыщIэна къэхутэныгъэ лэжьыгъэхэмрэ абы и художественнэ тхыгъэхэмрэ лъэпкъ щIэныгъэмрэ литературэмрэ я тхыдэм увыпIэшхуэ щаубыд, ахэрщ а тIуми къежьапIэ яхуэхъуар.

Адыгэхэр зыхэт кIыфIыгъэм къыхэшын зэрыхуейри, ар абы къызэрыхэпшыну Iэмалхэри а зэманым нэхъ кууэ къызыгурыIуэу щытахэм ящыщщ Хъан-Джэрий. Адрей лъэпкъ узэщIакIуэхэм ирагъэкIуэкI къэхутэныгъэхэм фIыуэ зыщегъэгъуазэри, ар езыри и зэфIэкIхэм йоплъыж: и анэдэлъхубзэм тхыбзэ хузэхелъхьэри и щхьэкIэ къигъэсэбэпу

щIедзэ. И къэхутэныгъэхэм я гугъу ищIыжурэ, и лэжьыгъэхэм ящыщ зым абы мыпхуэдэу щитхыжыгъащ: «Сэр дыдэм а бзэм (шэрджэсыбзэм – Хь. А.) папщIэ алыфбей зэхэслъхьащ, занщIэуи ехъулIэныгъэхэр зыIэрызгъэхьащ... а хьэрфыщIэхэмкIэ сэ шэрджэс хъыбархэр тыншу стхыф сыхъуащ – абы, шэчыншэу, хьэкъ къысщищIащ а къэхутэныгъэм зэфIэкI мыкIуэщIыж зэриIэри, арыншауэ шэрджэс лъэпкъым мыхьэнэшхуэ зыпылъ щIэныгъэ зэрызримыгъэгъуэтыфынури». Абы къызэригъэувымкIи, адыгэ щIэблэм щIэныгъэ къызыщIахын еджапIищ шэрджэс лъэпкъхэм я щIыналъэм къыщызэгъэпэщыпхъэщ – КIахэмрэ Къэбэрдеймрэ зырыз, шапсыгъхэм я деж – ещанэр. Япэ еджапIитIым къащтэн хуейр пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я бынхэрщ, ещанэм щIэсынухэр гупитIу гуэшауэ, зым лъэпкъ унафэщIхэм (старшинахэм) я бынхэр, адрейм къызэрыгуэкI мэкъумэшыщIэхэм я сабийхэр зэпэщхьэхуэу щегъэджэн хуейщ. Апхуэдэ гупсысэхэм а зэманым ухуэкIуэнри, ар пхыбгъэкIыну яужь уихьэнри тынштэкъым. ГъэщIэгъуэнщ мэкъумэшыщIэхэм я бынхэми, зы адыгэ лъэпкъым и деж нэхъ мыхъуми, щIэныгъэ иригъэгъуэтыну ар зэрыхущIэкъуар.

Хъан-Джэрий и къэхутэныгъэхэм щыщIидзам, тхыгъэ мащIэ дыдэт и лъэпкъым теухуауэ щыIэр. Хамэ щIэныгъэлI зырызхэм ятхахэм тегъэщIапIэ пщIынышхуи хэлътэкъым. Абы къыхэкIкIи ар ерыщу иужь йохъэ къыдалъхуахэм я тхыдэр, IуэрыIуатэр зэфIэгъэувэжыным, зэрахьа хабзэхэр, яхэлъа хьэл-щэнхэр къэхутэжыным. И зэманым тепщIыхьмэ, абы и япэ лэжьыгъэ нэхъ цIэрыIуэу щытащ тхылъищу зэхэт «Шэрджэсым теухуа хъыбархэр» жыхуиIэр. ЩIэныгъэлIым абы япэ дыдэ щызэхигъэкIащ адыгэхэм я пасэрей тхыдэр, я лIакъуэхэр, я бжыгъэр, я диныр, я IуэрыIуатэр, я хабзэхэр, я сабий гъэсэкIэр – кIэщIу жыпIэмэ адыгэхэм я псэупIэхэмрэ я псэукIэмрэ ехьэлIа Iуэхугъуэ куэд. Пащтыхьым фIитхьэкъуа а тхылъыр иужькIэ езым къыдигъэкIыжыну хэтащ, арщхьэкIэ къехъулIакъым, ар къызэрырамытыжам къыхэкIыу. ИджыкIэ дэ дызыщыгъуазэр, ди деж къэсыжар а тхыгъэм и пэщIэдзэ Iыхьэрщ. ПхужымыIэну мыхьэнэшхуэ яIэщ Хъан-Джэрий и лэжьыгъэ хьэлэмэтхэу «Шэрджэсхэм я диныр, я хабзэхэр, я хьэл-щэнхэр, я псэукIэр», «Шэрджэс лъэпкъхэм я мифологиер» жыхуиIэхэм.



Талант абрагъуэ зыбгъэдэлъ а цIыху акъылыфIэм и зэфIэкIхэр нэхъ наIуэу къыщигъэлъэгъуащ и художественнэ тхыгъэ телъыджэхэм. Ахэращ XIX лIэщIыгъуэм и пэщIэдзэхэм япэ лъэбакъуэхэр урысыбзэкIэ зычу щIэзыдза адыгэ литературэм къежьапIэ хуэхъуар. Абыхэм кууэ икIи узыIэпишэу щызэфIэгъэувэжащ адыгэ лъэпкъым и гъащIэр, и псэукIар, гугъуехьрэ хьэзабу абы ирагъэшэчар. Хъан-Джэрий зыщIапIыкIар урыс литературэрщ, арауи къыщIэкIынщ романтизмэм и Iэмалхэр нэхъыбэу къыщIыщигъэсэбэпри, блэкIа гъащIэм нэхъ ехьэжьауэ щIытетхыхьри, егъэлеиныгъэр зи нэщэнэ лIыхъужьхэр щIызэригъэпэщри, лъэпкъ IуэрыIуатэм щыщ хъыбархэр и тхыгъэхэм лъабжьэ щIахуищIри.

Адыгэ тхакIуэм и япэ художественнэ тхыгъэр – «Шэрджэс хъыбархэр» – 1841 гъэм «Русский вестник» журналым и къыдэкIыгъуитIым зэкIэлъхьэужьу къытехуащ. А тхыгъэм лъабжьэ хуэхъуар лъэпкъ

IуэрыIуатэм щыщ «Жьуджалэ» хъыбарырщ. Зэ еплъыгъуэкIэ къыпфIэщIынкIэ хъунущ а повестыр фIыуэ зэрылъагъуитIым – Жамбулэтрэ Гуащэрэ – я лъагъуныгъэм и къарум, и къабзагъым, а тIур абы зыхигъэт насыпыншагъэшхуэм теухуауэ. АрщхьэкIэ аркъудейкъым – тхыгъэм кууэ къыщыгъэлъэгъуэжащ адыгэхэм пасэ зэманым я псэукIар, я зэхэтыкIар, гъэпщылIакIуэхэм я зэгурымыIуэныгъэр, цIыхубэр зыхэт бэлыхь мыухыжыр.

ТхакIуэм хузэфIэкIащ тхыгъэм щIэлъ гупсысэхэр образ гукъинэжхэмкIэ зыхыдигъэщIэну. Повестым и лIыхъужь нэхъыщхьитIыр – Жамбулэтрэ Гуащэрэ – авторым и ехъулIэныгъэ хьэлэмэтщ. Я зэхэщIыкIкIи, я Iуэху еплъыкIэкIи, я IуэхущIафэкIи ахэр романтическэ лIыхъужьхэщ. Абы щыхьэт тохъуэ я хьэл нэхъыщхьэу тхакIуэм къыхигъэщхьэхукIхэр: Жамбулэт и лъагъуныгъэми, и псэ дыдэми япэ ирегъэщ и Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэр, Гуащэ дежкIэ нэхъыщхьэр и лъагъуныгъэм хуэпэжынырщ.

Хьэлэмэтщ повестым и художественнэ гъэпсыкIэри. Абы щекIуэкI Iуэхум псынщIэу зеужь, тхылъеджэр етхьэкъу, зэрынэджысыным и нэ къыхуикIыу зэщIеIыгъэ.

И тхыгъэм хэт лIыхъужьхэм языхэзми зэрахущытыр тхакIуэм ибзыщIыркъым. Ар сытым щыгъуи зи телъхьэр пэжыгъэм, цIыхугъэм, захуагъэм и бэнакIуэ къэмылэнджэжхэрщ, игъэлъапIэр и Хэкум и щхьэхуитыныгъэм папщIэ зи псэ емыблэжхэрщ, лъэпкъым и къэкIуэнум телажьэхэрщ. Повестым и бзэр къулейщ, романтизмэм и нэпкъыжьэ хэплъагъуэми, абы лъахэм и теплъэр, и дахагъэр Iэзэу къыщыгъэлъэгъуащ. 

«Шэрджэс хъыбархэр» адыгэ литературэм и къежьапIэщ, абы и япэ тхыгъэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщщ.

И тхыгъэхэм я нэхъыбэм IуэрыIуатэр тегъэщIапIэ зэрыхуищIым къикIыркъым Хъан-Джэрий зыхэт зэманыр къыгурымыIуэу, абы и щытыкIэ пэжыр къыхуэмыубыду, ахэр къызэригъэлъэгъуэн тхакIуэ зэфIэкI бгъэдэмылъу. ИужьыIуэкIэ абы къыгуроIуэ лъэпкъ IуэрыIуатэм зэригъэпэща хъугъуэфIыгъуэхэр зэпымыууэ къэбгъэсэбэпыныр зэрымытэмэмыр. Зыщыпсэу лъэхъэнэр, къыдэпсэухэм я IуэхущIафэхэр, я псэукIэр, я зэхэтыкIэр, я гурыгъу-гурыщIэхэр къигъэлъэгъуэну яужь зэрихьэм къыбжеIэ тхакIуэм и зэхэщIыкI-гупсысэм зэрызиужьар. А гупсысэр зэрыпэжыр ягъэбелджылы абы и IэдакъэщIэкI хьэлэмэтитIым – «Беслъэней Абат», «Ахуэдэгъуокъуэпщ» повестхэм.

Абыхэми, нэхъапэIуэкIэ итха «Къунчыкъуэ и теуэ», «Къанбулэтыпщ» повестхэми гъащIэм и пэжыр Iэзэу къыщыгъэлъэгъуэжащ.

ЦIыхум и пщIэр къызэрапщытэр абы къигъэщIа илъэс бжыгъэркъым. АтIэ и гуащIэрщ, къызэринэкIа Iэужьырщ. Хъан-Джэрий гъащIэшхуэ имыIами, и псэ пытыху и Хэкумрэ и лъэпкъымрэ яхуэлэжьащ. Аращ абы и цIэр лъэпкъ тхыдэм мыкIуэдыжыну къыщIыхэнар.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм я доктор*

Хъан-Джэрий

# Шэрджэс хъыбархэр

*(ГъэкIэщIауэ)*

Чыцэ Iувым зи щыгур щIигъэна бгы лъапэм и гъунэгъуу цIыхухэр къыщызэхуос, бгы лъабжьэр щIэзыгъанэ мэзым щыму щIохьэри абы щIокIуадэ. Дуней даущыншэр зыми игъэпIейтейркъым, мэзым къыщIыхьэхэм ягъэIу щхъыщхъ макъым игъащтэу я абгъуэхэм къилъэта къуалэбзухэр хьэуам къыщыджэ мыхъумэ. Мазэр зэзэмызэ пшэ уфахэм къакъуоплъ, и нур фагъуэхэмкIэ къыр дэгухэр къегъэнэхури зегъэпщкIуж, и нэгу хьэлэмэтым зэранщIакIуэ гуэрхэр къиплъэнкIэ шынапэм хуэдэу. Бгы щыгум и тафэ куэщIым къыр лъагэ итщ, нэщхъейуэ. Абы и лъабжьэр бгъуэнщIагъышхуэщ. Мы Iэгъуэблагъэм щыпсэухэм пасэ зэманым ягъэхъыбару щытащ абы удхэр щызэхуэсу, мафIэ зэщIагъанэрэ и хъуреягъыр къафыхьу. Пэжу, иджыпстуи а бгъуэнщIагъым мафIэ щIэлъщ, ауэ абы къеувэкIахэр цIыхущ.

БгъуэнщIагъым щIэтщ старшинауэ щэ хуэдиз. Щымщ ахэр, я нэгур уфами, я нэхэр бзаджэу къоцIыщхъукI. Абыхэм ящыщ зым и нэкIур щIэуфащ, щIакIуэ щыгъщ, бащлъыкъи дэлъщ. БгъуэнщIагъым къыщIохьэ зи ныбжьыр хэкIуэта лIы гуэри, ар старшинахэм занщIэу къаухъуреихь, нэмыс хуащIу. КъыщIыхьар дызытепсэлъыхьыну бзылъхугъэ хахуэм и ущияукIуэу щытарщ.

«Старшинахэ, – жеIэ абы, – си гъэсэным и лъэIукIэщ фыкъыщIызэхуэсшэсар. Фэри фощIэж дэр щхьэкIэ хэкIуэда и дэлъхур абы щищIилъхьэжа махуэр. Фэ флъэгъуащ етIуанэ гуэру абы къытепсыха гуIэгъуэри. А гуIэгъуэм абы фIихьащ и адэр, дэ жаней лъэпкъым ди тхьэмадэр. Дэ бынунэ диIэхэщ, ныбжьэгъухэ, гуфIэгъуэ гуэрхэри къытхуэнащ. Гуащэм гурыфIыгъуэу мы дунейм щиIэжыр щIым щIыхьэжащ, и адэм и гъусэу. Ауэ а гуауэр и фэм дигъэхуауэ ар ди насыпым ноби йогупсыс. Езыр мыдэ щыIэщ, кърепсалъэ».

УщиякIуэр бгъуэнщIагъым къыщIокIри Гуащэмрэ и нэкIур къепхъухауэ зы цIыхубзрэ и гъусэу къегъэзэж. Гуащэр щалъагъукIэ, старшинахэр зэлъыIуокIуэт.

«Старшинахэ! Си ныбжьэгъухэр щыджэгуа зэманым сэ нэпс щIэзгъэкIыу екIуэкIащ. Си дэлъхум и лIэныгъэм си анэ тхьэмыщкIэр ихьащ. Зэманыр блэкIырт. Си адэр сытым хуэдэу къысхуэмысакъами, си гум уIэгъэу телъыр абы хуэгъэхъужынт: ауэ итIани, ари гъащIэри фIыуэ слъагъурти, сяпэ имыщыну тхьэм селъэIурт. Ауэ ажалым аргуэрыр сIэщIихри, зеиншэу дунейм сыкъытенащ», – жиIащ Гуащэм. ГукъэкIыж хьэлъэр и гум къызэрыдохьейри, Гуащэр зэIонэ; старшинахэр нэщхъейуэ абы йоплъ. «А насыпыншагъэхэр си нэгу щIэкIын хуейуэ иухати, Алыхьым иджыри къэс сигъэпсэуащ», – жеIэ Гуащэм, и гур къызэфIэзэрыхьарэ ерагъкIэ зызэтриIыгъэу. «Старшинахэм фощIэ бэлыхьу къыстехуам сазэрыхуемыудыхар; иджы сэ сыхуитыжкъым си гъащIэм, ар си Хэкурщ зейр: аращ сыкъэзылъхуахэм я уэсятыр, къалэн къысщащIар. Къыздалъхуахэмрэ сыкъэзылъхуахэмрэ симыIэжу дунейм сыкъыщытенэм, цIыхубэм я зэрыхьзэрийм, лъэпкъым къыщIэпща жьапщэшхуэм сыкъаIэтри сэ гъащIэм сыхэувэжащ, сыпсэуну си къалэну. Иджы сынасыпыфIэуи зыслъытэжынущ, псэухукIэ фэ къывэгуп-

сысу дунейм тета си адэ-анэм я уэсятыр схуэгъэзащIэмэ», – Гуащэм тэлайкIэ зэпегъэу и псэлъэныр.

Старшинахэм ящыщ зы къахокIуэтри жеIэ: «Уи адэм жаней лъэпкъым фIыуэ къытхуищIар, Гуащэ, зэикI тщыгъупщэжынкъым, фIыщIэу абы хуэтщIри и цIэм дызэрыхуэпэж Iуэхухэмкlэ дгъэлъэгъуэфынщ, уэ упсэуухуи, дэ нэгъуэщIым и унафэм дыщIэувэнкъым. Апхуэдэущ зэрыщытынур. Сэ си ныбжьым хуитыныгъэ къызет псом я цIэкIи ар жэуапу бжесIэну». Абы жиIари старшинахэм псоми зыжьэу даIыгъ.

«Сэ сщIэрт и бынхэм хуэдэу фыкъэзылъэгъуа си адэр фэ ноби фIыуэ зэрыфлъагъур, абы и Iуэхум фызэрыхуэпэжынуми шэч къытесхьэркъым; фэ фифI къызыхэкIынурщ нобэм щыщIэдзауэ си гъащIэм и Iуэху нэхъыщхьэу збжынур. Си адэм илъагъурт тэтэрхэм къыдащIылIа зауэ кIыхьлIыхьым ди щIыр къулейсыз зэрищIри, хуейт хъаным мамырыгъэ ирищIылIэу ди Хэкур бэуэжауэ илъагъуу дунейм ехыжыну. Ауэ хуэгъэхъуртэкъым, сыту жыпIэмэ, ищIэрт тэтэрхэм дэ къыдащIылIэну мамырыгъэр едгъэкIуэкI зауэм нэхърэ зэрынэхъ Iеижыр: аращ псэуухункIэ абыхэм лъыгъажэ зауэкIэ ар щIапэщIэтар. Ар щылIэм, хъаным къахуигъэлъэгъуа мамырыгъэм жаней пщыхэмрэ уэркъхэмрэ игъэгуфIащ. Ауэ ди Iэпщэр зыгъэунэхуа хъаныр мыукIытэу бзаджагъэ хуекIуат. Япэм зыхуейуэ щыта тезырым и пIэкIэ унагъуэ и зы лошкIэ иратыну къыщылъаIуэм, абы мамырыгъэ иращIылIэ, жыхуиIэр хуащIэри. Хъаным тыгъэ лъапIэхэр зрит пщыхэмрэ уэркъхэмрэ я гугъэт езыхэм ятыным и пIэкIэ Мыхьэмэт-Джэрий тезыр иту; ауэ насыпыншагъэ къапэплъэрт абыхэм. Ди адэжьхэмрэ ди дэлъхухэмрэ я къупщхьэм къыхащIыкIа пкъохэр тэтэрхэм щыхатIа Бахъшысэрей дэз хъуат дипщхэмрэ ди уэркъхэмрэ; абыхэм языныкъуэхэр дыщэм ещакIуэрт, адрейхэри хъаным и жьауэ щIэувэну хэтт. Ауэ ар езыр жейртэкъым: тезыр мыхьэнэншэмкIэ абы къищIащ унагъуэ дапщэ дыхъуми – зауэлI дапщэ зэхуэтшэсыфынуми. ЗигъэIэсэурэ, щIыуэ сыт хуэдиз диIэми зригъэщIащ. Ди деж цIыху пудхэр къыщигъуэтри «ищэхуащ». Пщы Къанлы тэтэрхэм зарищэжыпащ. Жанейхэр арэзы техъуащ хъаным и сеймэнхэр* я деж щагъэIэну. Жамбулэт ди хэку исыжтэкъым абы щыгъуэ, уIэгъэу къурш адрыщI щыIэти, адрей пщыхэри Къанлы къытрегъэхьэ жанейхэм я унэхэр сеймэнхэм иратыну. Иджы мис я щхьэр тэтэрхэм зэрыхуагъэщхъам къахуишар».

Гуащэ и Iэпэр щхьэтепхъуэ зытелъ цIыхубзым хуешийри жеIэ: «Зытех, си псэ, уи щхьэтепхъуэр, уи нэкIу зэхэфыщIар, пудыныгъэ къыплъысар, дэркIи пудыныгъэр, мыбдеж щытхэм егъэлъагъуи, абыхэм езым я Iуэхужщ а лейр зэрамыгъэгъуну щIыкIэр».

Хъыджэбзым зытриха щхьэтепхъуэ фIыщIэм къыщIощ абы и нэкIур, удыным фейцей ищIар, IэмыщIэкIэ кърафыщIыкIа и щхьэцыр, бостей зэхэчэтхъар. Ар зылъэгъуа старшинахэр губжь бзаджэм къызэщIеIэтэ. И насыпыншагъэти, а хъыджэбзыр тэтэр шухэм я Iэтащхьэу жаней жылэхэм ящыщ зым дэсым игу ирихьат. Ар жыIэщIэ щыхуэмыхъум, Iэтащхьэм и сэлэтхэм ящыщ зым жреIэ, шыхэм я торбэхэм пщащэм зэнтхъыр тэмэму яхуримыкIута хуэдэу щхьэусыгъуэ ищIу иубэрэжьыну. Сэлэт гущIэгъуншэм хъыджэбзым хьэкIэкхъуэкIагъэ къыкIэлъызэрехьэ, къызэхеукIэ. Абы иужькIэ тхьэмыщкIэр Гуащэм и деж къокIуэ, къихъумэну щIэлъэIуу.

– Си адэ-анэм я уэсяткIэ злэжьын хуей Iуэхухэм яужь сихьэфыртэкъым: гуауэм сригъэтIысэхауэ, сыщымт. Ауэ мы хъыджэбз тхьэмыщкIэр



* Сеймэн — кърым хъаным и зауэлI.

слъагъури, сэ къару къысхыхьэжащ. ФыкъыщIрезгъэджари мыр вжесIэну аращ: пщэдейм дэ къытпагъаплъэр нэхъ Iеижщ, Iэхъулъэхъущ, тэтэрхэр ди куэщI мыпхуэдэу дэ идгъэтынумэ...

«ЗэтеукIэн хуейщ тэтэрхэр...» – къахэкIиикIащ зэхэтхэм старшина зыбжанэ. «Ди нэкIум къиубжьытха тэтэрхэм ялъкIэщ дэ ар зэрытхуэтхьэщIыжынур», – жиIащ зыгуэрым, бзылъхугъэ зэхэукIам и дежкIэ и Iэр ишийри.

– ФынакIуи ди лъыр дывгъэщIэж, ди щIакхъуэм щигъэкIа тэтэрхэр фIэдвгъэгъэж.

– Зи дыгъэр къепс Алыхьым куэдрэ илъагъу хъунукъым дэ ди напэр зэрытекIар. Тэтэрхэм ялъкIэ жэщ кIыфIым хэттхьэщIэжынщ ар, – лIыхэр къыхэкIиикIырт, губжьыр я бгъэм къыщыукъубеяуэ. Ахэр хуейт замыIэжьэу къуажэхэм хъыбарегъащIэ ягъэжэну – щхьэж и унэ ис тэтэрхэр нэху къемыкIыу фIэвгъэжыж, жраIэну. Старшинахэр зэбгрыкIыжыну щыхуежьэм, иджыри къэс щыму щыта лIы мыцIыхум макъ хэкъузакIэ жиIащ: «Зэт, фымыпIащIэт. Фи хьэщIэхэр фукIыжыну ара? Щэхуу зыукIри цIыху мыхьэнэншэхэрщ. Дэ дыкъэзылъхуахэр зыщыдвмыгъэгъупщэт». Старшинахэр яфIэгъэщIэгъуэну къызоплъэкIри – псалъэр Жамбулэтщ.

«Аращ», – къыхэкIиикIри Гуащэм и щхьэр гъэсакIуэм и дамэм тригъэщIащ. Старшинахэм пщы цIэрыIуэр нэмыс хуащIу къаувыхь.

* * *



Зэ фыдэплъэж сэ зи гугъу сщIа аузым. Абы и теплъэр гъэщIэгъуэну къилъщ пащхьэм. Бейуэ зэщIэгъэгъа щIым къыщхьэщытщ уафэм и шэтырыр. Дунейм зы беижьи теткъым дэтхэнэ зы цIыхуми папщIэ къэхъугъэм мыбдежым щригъэтIылъэкIа хъугъуэфIыгъуэхэм хуэдэ хуегъэщIыну. Аузыр, Iуащхьэхэр, бгыхэр щхъуантIагъэм щIигъэнащ, тенджызым тесыкI тхъурымбэу, удз гъэгъахэр тафэм къытоцIуукI, мэзыр тхьэмпэ щхъуантIэкIэ зэщыхуэпыкIащ, гъэгъа, уэшх зытешха пхъэщхьэмыщхьэ жыгхэм хьэуамрэ щIыгумрэ мэ IэфIкIэ ягъэнщI; бзухэм я уэрэд гуапэр тхьэкIумэм къодэхащIэ. ЩIыналъэкъым – жэнэтщ, гъащIэрэ гуфIэгъуэрэ и бэу. Жэщыр къосри, щIыналъэ бейм къыхуеплъых уафэм мафIэ цIу Iэджи къыщызэщIонэ; налкъуту лыд вагъуэхэм я бзий щабэхэм я гъусэу дыжьыныфэ уэсэпсыр щIы мамырым къытохэ. Махуэм къегъэзэжри, дыгъэм и дыщэ бзийхэм щIыр ягъэгъущу уэсэпсыр къызэщIабзае: аргуэру псори къызэщIонэж, лыдыжу. Махуэ уэфIыр къэхъугъэм и гуфIэгъуэщ. ЦIыхум-щэ? ЦIыхум и гуфIэгъуэри и гуIэгъуэри зэпылъщ.

Жанейхэм гуауэрэ щIыIэрэкIэ гъэнщIа я щIымахуэр блэкIыу, къэса гъатхэр гуфIэгъуэт. Щыблэ ящхьэщыкIам здихьахэр ягъеижри, жанейхэр нэщхъыфIэу ежьэжащ, я адэ-анэхэм, я къуэшхэм я кхъащхьэр иджыри щIэ пэтми, гъэмахуэ кIуам ажалыр зэрыта, къыкIэлъыкIуэ щIымахуэм нэщхъеягъуэр щытепща губгъуэр къэушыжри, вагъуэмрэ Iэщымрэ щIагъэнащ. Зауэ блэкIам абы къыщыIуа гыз, щэIу макъхэм я пIэкIэ Iэщыхъуэхэм я уэрэд нэщхъыфIэр тепщэ щыхъуащ. Мамырыгъэм зэуэн зыфIэфI жанейхэм псэ тыншыгъуэ къахуихьащ, я гуэнхэм из ищIыжащ.

Майм и махуэ уэфIым цIыхур губгъуэм къиужьгъэри, жаней жылагъуэ псоми я деж къикI лIыкIуэхэр зи гугъу тщIа жылагъуэм къы-

щызэхуэсу хуежьащ. Ахэр къакIуэрт Гуащэм и гуфIэгъуэр даIэтыну. Илъэсиблкlэ екIуэкIа зауэм и лъэужьхэр щыгъущыжа къуажэм щощIэращIэ Гуащэ и адэмрэ и анэмрэ я щIэин унэшхуэр. Пщы къеблагъэхэмрэ старшинахэмрэ я псалъэмакъыр аргуэру къыщIэIукIыжащ я унэм, япэм хуэдэу, абы бжьэуэ къепщIэкIащ цIыхубэр. Ауэ нобэ цIыхухэр зытепсэлъыхьыр зауэ бзаджэм и мылым дытехьэн, хьэмэрэ ди щхьэ дгъэлъахъшэу мамырыгъэм дыщIэлъэIун жаIэу аракъым. Зэдэуэнхэуи аракъым къыщIызэхуэсар, атIэ блэкIа гуауэр зыщагъэгъупщэжу я хэкум и щIыхьым и гуфIэгъуэмрэ ар къэзызыхьыжа я пашэхэм я хьэгъуэлIыгъуэмрэ зэдаIэтыну аращ. ЦIыхубэм яфIэтелъыджэт Гуащэм и IуэхущIафэ гъуэзэджэхэр, фIыуэ ягъэлъапIэрт пщы Жамбулэтри, абыхэм я дежкIэ нэгъэсауэ гуфIэгъуэшхуэт а тIум я зэрышэныгъэр...

Махуэ гъуэзэджэщ, нетIи зэрыжысIащи, уафэр нэхущ, къабзэщ, зы пшэ закъуи темылъу, ари жанейхэм я гуфIэгъуэм къадыхэтщ жыпIэнщ. Гуащэм и къуажэр къыхуэкIуэж гуфIэгъуэшхуэм поплъэ. ЦIыхухэр гупгупурэ Iуащхьэм дэкIыурэ ироплъэ сабэр къыщыхъей гъуэгум.

– Мес, къэсащ, мес, мэзым къыхокIыжхэр, – жаIэурэ къыхокIиикI зыгуэрхэр. Пэжу, мазэ ныкъуэ хуэдэу къэгъэша мэз кIапэр зи къэухь тафэм шууищэ зыбжанэ тыболъагъуэ. Ар унэишэрщ. Данэ хужьыр къызэубгъуэха, данэкIэ къищIыкIа тэтэр фитон лъагэ, зи кIуэцIыр алэрыбгъу лъапIэхэмкIэ гъэщIэрэщIам исщ къашэж пщы Жамбулэт и нысащIэ цIэрыIуэр. Абы бгъурысщ здрахьэлIауэ щыта унэгуащэмрэ езым къегъэза зы цIыхубзрэ. ЩIыхь зиIэ старшинахэр, фитоныр къаувыхьауэ, къыдокIуатэ, Iэдэбу уэршэру, нэщхъыфIэхэу: абы и ужьым ит шухэр – щIалэгъуалэр – зэрызохьэ, зэрогъэкIий. Абыхэм яхэту зы шызакъуэгу къоблагъэ, данэ плъыжь къепхъухар, ныпым хуэдэу, жьым зэрихьэу. Шызакъуэгум и хъуреягъкIэ жыгъырууэ къыщоIу цIыху дахагъэм, нэмысым, нысащIэм и Iэ щабагъымрэ щауэм зэрихьа лIыгъэмрэ теухуа уэрэдхэр. Иджыпсту хуэдэхэм деж жаIэ уэрэдхэм зым и цIи къыхагъэщыркъым, ауэ ахэр къизышхэм я жыIэкIэмкIэ, къэIуэтэкIэмкIэ къыуагъащIэ зи гугъу ящIыр. Фочауэр зызыIэт уэрэдым доIу, Iугъуэр шухэм пшагъуэу ящхьэщокI. КъэкIуэжхэр нэхъ къэблэгъэху, пэплъэхэр нэхъ мэпIейтей.

Зыкъомми гуп-гупу загуэшауэ гъуэгубгъум къытоувэ, баш лантIэ зырыз яIэщIэлъу. Унэишэм хэтхэр къызэтоувыIэри къуажэм зэрыдыхьэжынум зыхуагъэхьэзыр. НысащIэр зэрыс гур старшинахэр и гъусэу япэ йощри къуажэм дохьэж. Къуажэм дэс нэхъ лIы цIэрыIуэхэр Гуащэм IуощIэри куэбжэм нэс ягъэкIуэтэж. Шухэр къоувыIэ, къопсыхри Гуащэм къыпэплъэу пщIантIэм дэт фызхэм яхоувэ. Куэбжэмрэ унэбжэмрэ я зэхуаку дэлъ лъагъуэм щэкI теубгъуащи, абы дыщэрэ дыжьынрэ текIутэжащ. ХабзэмкIэ ахэр зылъысынур нысащIэр къэзышэжа фызыжьырщ. Унэм щыщIашэжым, нысащIэм къепхъых къытракIутэ, ар щIым къызэрытещэщэжу, щIалэ цIыкIухэр йожэ. Унэм зэрыщIыхьэжу, нысащIэм форэ тхъурэ зэхэщIауэ, дэ уткIэпщIаи хэлъыжу, ират. НысащIэр, дауи, хэIэбэркъым къратам, ауэ Iуэху езыхьэкI фызыжьхэм гуфIэжу затIыж. НысащIэр унэм хабзэм тету, хьэргъэшыргъэншэу зэрыщIашэжыр гъэщIэгъуэнкъым, зэуэрей лъэпкъым и щIэблэм къуажэ гупэм щызэхаубла зэрызехьэ шынагъуэм еплъытмэ. Нэхъ кIыхьыIуэу тщIынщ абы и гугъу.

Тепхъуэ плъыжь зытелъ шызакъуэгур шууищэ зы-тIум къаувыхьри къуажэмкIэ яунэтI.

# Япэ адыгэ тхакIуэхэр

Шызакъуэгур пщым и унэм псоуэ нэгъэсыжын хуейщ, ауэ Iуэху хьэлъэщ ар: башкIэ зэщIэузэда лъэсыдзэр гур икъутэу тепхъуэр къытрихын мурад иIэу къуажэм къыдокI. (Мы иджыпсту зи гугъу сщIыр шэрджэс хьэгъуэлIыгъуэм и зы хабзэ нэхъ хьэлэмэтхэм ящыщщ). Шуудзэр лъэсыдзэм къобгъэрыкIуэ, къызэбграхуу шызакъуэгум и гъуэгур хуит ящIыну. Лъэсыдзэм щхьэмыгъазэу захъумэж, я баш кIыхьыфIхэмкIэ шыщхьэхэм щысхьыншэу еуэу, ятесхэм щатехуи къэхъуу. Абыхэм шуудзэм и зэ къебгъэрыкIуэныгъэр зэтраIыгъэфами, етIуанэр яхуэмышэчу зэкIэщIокIуэтхэр, я пэр къыпыхуауэ. Ауэ куэд ихьыркъым шухэм я гуфIэгъуэм. Лъэсхэм ящыщ зы шызакъуэгум щIэщIам хуищIэу йоуэри, Iэщ тхьэмыщкIэр и пIэм йоджалэ. Абдеж лъэсыдзэр йожэ шызакъуэгу къэуфэрэкIами, абы щIэджэгукIыу телъ щэкIыр напIэзыпIэм ячатхъэ.

Апхуэдэ зэрызехьэм махуэм щыщу къыдэхуа зэманыр джэгурэ ефэ-ешхэкIэрэ егъэнщI. Жэщ хъуа нэужьи, цIыхур зэгъэжакъым. Нэху щыхункIи цIыху мин зыбжанэм пщым и хьэгъуэлIыгъуэр яIэтащ. Пщэдджыжь дыгъэм хьэгъуэлIыгъуэм и гуфIэгъуэшхуэр къызэщIигъэнэхуащ. Накъырапщэхэмрэ шыкIэпшынэ еуэхэмрэ къыхэзыдзэхэм йожьу. ГуфIэгъуэр езыгъэкIуэкI язынықъуэхэм шухэр къраджэ, адрейхэм хъыджэбзхэр къашэри, джэгум щIадзэ. Ауэ зэхаублар вальс псынщIэкъым, мазуркэкъым икIи къуэкIыпIэ лъэпкъхэм я къафэкъым, атIэ хуэму, гъэхуауэ, тешэщIауэ зыщагъазэ джэгукIэ дахэрщ – къафэрщ. Ар ещхьщ зыкъомкIэ урыс хороводым, ауэ пкъы нэхъ щIэтщ, нэхъ дэгъуэщ. Фи нэгу къыщIэвгъэхьэт зи афэ джанэр дыгъэм пэлыд шуудей зы тIощIырыпщIрэ шэрджэс пщащэу апхуэдизрэ къеувэкIауэ джэгуу. Хъыджэбзхэр данэрэ къэдабэкIэ зэщыхуэпыкIащ, дыщэ зытеда пыIэ цIыкIухэр ящхьэрыгъщ, данэпс къеубгъуэхауэ. Ахэр къызыухъуреихьу щыт шуухэмрэ лъэсхэмрэ уакIуэцIрыкIыфрэ джэгум ухыхьэмэ, гъэщIэгъуэну, удихьэхыу Iэджи плъагъунущ. ТхьэIухудхэр, къызыфIамыгъэIуэхуу, шуудейхэм щIэх-щIэхыурэ къахуоплъэкI, шуудейхэм абыхэм я плъэгъуэхэр, я псалъэхэр къаубыд. Апхуэдэу куэдым гу щылъыптэнущ мы джэгум, жыг къудамэм фIэлъ сытхъум хуэдэу тхъугъэр уи щхьэцым хэлъми, плъэмыкIыу укъытехьэнщи укъэфэнщ. УкъыщыфэкIэ тхьэIухудым зы хъуэрыбзэ ебдзыну е нэгъуэщI зыгуэркIэ зыкъебгъэщIэну Iэмал уи хъушэщ. Ижь-ижьыж лъандэрэ хабзэщ шэрджэс лIыжьхэм куэдрэ къэфэн яфIэфIу, къыщыфэхэкIэ къеплъыщэ щымыIэми. Мыпхуэдэ джэгухэм пщащэр а зы щIалэм куэдрэ къыщыдэфэныр ягъэдахэркъым, хабзэм къырагъэкIуркъым. Абы къыхэкIкIэ къафэ щIалэхэм тхьэIухудхэр чэзууэ къадофэ. Джэгум мычэму фоч щхьэщагъэукI, фочауэ макъ зэхамыхмэ, зэуэрей лъэпкъым я хьэгъуэлIыгъуэри гуфIэгъуэу къащыхъуртэкъым. Фызыжьхэр я нэр мыупIэрапIэу джэгум хоплъэ, я бынхэр къафэхэмрэ Iэгу еуэхэмрэ къыхалъыхъуэу. Накъырапщэхэм къраш макъамэхэм лъагэу заIэт. Язынықъуэр гуп-гуп зэрыгъэхъуахэу къызэрошэкI. Ауэрэ Iуэхур Iэнэм хуокIуэ. Фадэр фэндырэкIэ къыщIагъэж, ерыскъыр нэхъыжьхэмрэ хьэщIэхэмрэ хуахь. Джэгур ягъэувыIэ, ауэ нэгъуэщI джэгукIэ шынагъуэ занщIэу зэхаублэ, шуудейхэм яшхэм зрадзыж, лъэсыдзэми башкIэ зызэщIаузэдэж. Лъэсыдзэр зэрыгъэкIийуэ шухэм йобгъэрыкIуэ, шуудзэр къэмыныкъуэкъуащэурэ щIыбкIэ йокIуэт, нэхъ щIыпIэ Iэхуитлъэхуит къагъуэтыху. Япэ ебгъэрыкIуэм тригъэгушхуа лъэсыдзэр нэхъри къызэщIоплъэ. Ауэ шуудзэр къызэтоувыIэ, зыкъегъазэри къебгъэрыкIуэхэм, жьапщэм хуэдэу, яхолъадэ. Шуудей щхьэмыгъазэхэм лъэсыдзэм и гупхэр зэхатхъуэри зэбграхуж, къызэщIэплъа

яшхэр бжыхьхэм, кIэнауэхэм, мащэхэм ирагъалъэ, фадэ фэндырэхэр зэрыт гухэр шыбгъэкIэ яхь, щхьэпрадз. Шуудзэр токIуэ, ауэ лъэсыдзэри тIысыжыркъым, аргуэру и бийм пэщIоувэ. Нэхъыжьхэр къокIуэри джэгур ягъэувыIэ. А джэгукIэм зауэкIэ уеджэми ущыуэнукъым, сыту жыпIэмэ цIыху щыхэкIуадэ Iэджэрэ къохъу апхуэдэ зэрызехьэхэм. Сыт хуэдиз гуфIэгъуэ яIэу щIадзэжрэ щIалэхэм аргуэру къэфэн. «Зауэ екIуэкIар» щхьэусыгъуэ хъарзынэщ пщащэхэм псалъэ зытIущкIэ захуэбгъэзэну.

МахуищкIэ екIуэкIащ джэгур. ЕплIанэ махуэм и пщыхьэщхьэм хьэгъуэлIыгъуэр езыгъэкIуэкIым я тхьэмадэ зэщыхуэпыкIар пщы унэ бжэщхьэIум къытоувэри цIыхухэм хъыбар къарегъащIэ хьэгъуэлIыгъуэр зэриухамкIэ. ЦIыхухэр унэ щIыхьэпIэм занщIэу зэрыIуогуэ. ЛIыжьым елIэлIапэурэ цIыхухэм къахедзэ дагъэ фIыуэ егъэфауэ фищи, зэрызехьэшхуэ къызэроIэт: зэхэтхэм гуп зыбжанэу загуэшыжри зэныкъуэкъуу хуожьэ. Iэмал иIэмэ, зы фэ зэрызыIэрагъэхьэным, щIыхь къахьауэ, хьэгъуэлIыгъуэм и фэеплъу ар я жылэм зэрахьыным дэтхэнэ зы гупри щIобэн. Бэнэныгъэр жэщ ныкъуэм фIэкIыху екIуэкIащ, и Iэуэлъауэр Гуащэм и жылэшхуэм и кIапэ псомкIи къыщыIуу... Дэнэ щыIэ иджы езы Гуащэм и щхьэгъусэ пщы цIэрыIуэ Жамбулэтыр? ЗекIуэ къэтщ, и хьэгъуэлIыгъуэм хуэфэщэн лIыгъэ зэрихьэу къэкIуэжыну. Ар и хабзэщ зэуэрей лъэпкъым.

* * *

Мывэр зи лъэгу, шкIурэу ежэх къуршыпсыр щIэзыуфэ мэзым шууитI щIохьэ. Мэзыку тафэ куэщIым и банапIэм деж къыщоувыIэ ахэр. Шыхэм псынщIэу къопсых, джыдэ цIыкIу зырыз къащтэри банэм и кум хыхьэу лъагъуэ цIыкIу пхаупщIыкI. Шыхэр абыкIэ хашэри, жыг жьауэм щIагъэувэ. ИтIанэ банэ къраупщIыкIахэр хатIэж, лъагъуэ пхращIыкIар ядыжу. Хъуреягъыр щымщ. Я гъэпщкIупIэр зыми къазэрыхуэмыгъуэтынур хьэкъыу зыпхыкIа шууейхэм шыхэм удз къыхуахри, езыхэми гъуэмылэ къащтэ. НэхъыщIэм фэ стэканым къурш псы щIыIэ кърегъахъуэри и гъусэм ирет. Ахэр Жамбулэтрэ Тембулэтрэщ. 

Тембулэт нэщхъейщ. И ныбжьэгъум хьэлъэ-хьэлъэу йоплъ. Зыкъом лъандэрэ зэш хьэлъэм ар зэщIиIулIащи, и нэгур уфащ, и гур зыгуэрым пешхыкI. Абы и фэр телъ бэлыхьым зэригъэкIуэкIащ. Жамбулэт сыт хуэдизрэ елIэлIами, къыхуэщIэркъым щIалэм и кIуэцIыр къиизысыкIыр. Тембулэт игу илъыр кърригъэщIэнуи и мурадкъым и ныбжьэгъум. Жамбулэт фыз къызэришэрэ абы и унэ ар куэдрэ щIыхьэркъым, абы и щхьэгъусэм зэрызыIуимыгъэщIэным хэтщ. Пщы хахуэмрэ Гуащэ цIэрыIуэмрэ я насыпыр зы зэращIрэ, Тембулэт зэману иIэм и нэхъыбапIэр губгъуэхэмрэ зекIуэхэмрэ щегъакIуэ.

Сыт абы къыщыщIар? И ныбжьэгъур иукIыжыну ар куэдым къагъэдэIуэну иужь щита зэмани щыIащ. Ауэ сыт хуэдэ гупсысэ фIейхэр и гум къыдэмыжеями, псэ къабзэ быдэ иIэти, ахэр зэтрикъутэрт, тенджыз Iуфэм толькъунхэр зэрызэтригъэщахэм хуэдэу. Нэр напIэм зэрихъумэм хуэдэу, абы ихъумэрт и ныбжьэгъум и насыпыр. Ауэ иджы Жамбулэт и насыпым ар насыпыншэ ищI хуэдэт. Къанлы лъы фIейм щIэмычэу Тембулэт игу къигъэкIыжырт и адэ-анэм къыхуагъэнауэ щыта уэсятыр. Ауэ, япэми хуэдэу, абы лъэныкъуэкIэ тригъэкIуэтырт

лIы напитIым и гухэлъ фIейхэр; арщхьэкIэ езым и псэм зы пIейтеиныгъэ гуэрым зыкъыщызэщIиIэтэрт, и адэмрэ и анэмрэ я кхъэлэгъунэм деж щыкIуа жэщыр игу къыщыкIыжкIэ. А тIум я ныбжьыр и пащхьэм щызелъатэ хуэдэу, пщIыхьэпIэу щилъагъу куэдрэ къэхъурт. А жэщ шынагъуэм абы и гум хидзащ ищIэну бзаджэнаджагъэм и жылэхэр, а жылэхэр къэкIыну хьэзырт, ауэ, нэхъыфIу бэгын папщIэ, губжь ткIуэпситI-щы ятеткIуэжын хуей къудейуэ арат. Абы къытегуплIа гухэлъым жьапщэ бзаджэу зыкъызэридзэкIыжат. И ныбжьэгъумрэ Гуащэмрэ я дэлэл хъуным и пIэкIэ, абы езым фIыуэ илъэгъуат Гуащэр. Ауэ Жамбулэтымрэ Гуащэмрэ фIыуэ зэрызэрылъагъур къыщищIэм, Тембулэт мурад ищIат езым и насыпыр и ныбжьэгъум щхьэузыхь хуищIу, лъагъуныгъэр и бгъэм щиукIыжу, зыри жимыIэжыну, ауэ къэпцIат. Мыбдежым къыщеттхэкIыжынкъым абы бэлыхьу ишэчари, бэнэныгъэ зрищIылIэжу куэдрэ зэрызэныкъуэкъужари... Мыбдеж зи гугъу щытщIынур нэгъуэщIщ.

Зэгуэрым абы Жамбулэт и унэм ишэжащ, хэкIуэтауэ. Зи лIыгъэрэ зи псалъэкIэ цIыхубэр къызэщIэзыIэтэфу щыта Гуащэ тхьэIухудыр и напIэр иридзыхри укIытауэ кIэрыувэжащ, ныбжьэгъу и гъусэу и лIыр къыщыщIыхьэжым. ЛIы насыпыфIэм, и ныбжьэгъум и зэшыр щхьэщихмэ фIэфIу, щIимыгъэкIыжурэ зэтриIыгъащ: дэгушыIащ, фыз къишэн хуейуэ жриIащ. Гуащэми и псалъэ къыхидзащ. Абы и макъым, и гуфIэкIэм, и плъэкIэм ар фIыуэ зылъагъу щIалэщIэм и лъыр къызэщIагъэплъэжащ, и гум телъ уIэгъэр къыхагъэдзэкъыкIыжащ. Ар псэлъэжыфыртэкъым, псалъэхэми мамыру едаIуэртэкъым. Абы и гурыщIэхэр аргуэру, борэным хуэдэу, къызэрыIэтыжащ.



«Схуэхьыжыркъым. СхуэшэчыжыркъымафIэкIа мыпхуэдиз бэлыхьыр. Зыри жызмыIэурэ сокIуэдыпэ. И макъ зэхэсхми, и нэгу сыщIэплъэми, и гуфIэкIэ слъагъуми, си лъагъуныгъэр щIэрыщIэу си гум къыщызэщIонэжри сес. ПщIэншэщ мы сызыхэтри: пэIэщIэ зызощIри – си хущхъуэкъым. Махуэм цIыхум сахэтми, сынэщхъейщ, жэщыр хуит къысхуохъури – бампIэм сеухыпэ. Си жей дыдэми сыщощтэж: си адэм и ныбжьыр си ужьым итщ, си анэм и гызри си тхьэкIумэм имыкI. Сыту сынасыпыншэ сэ».

Мис а псалъэхэр Тембулэт къыфIыжьэдэлъэтащ, и ныбжьэгъум и бжэIупэм къыIукIыжа нэужь.

Зыгуэрым и Iэ лъэщыр жэщым къыхоIэбыкIри, щIалэр къызэтрегъэувыIэ; ар дыгъужь мэжэлIам хуэдэу къэзыущыхь пщы Къанлырт, лъы хуэлIэу. Абы Тембулэт къыжреIэ щхьэусыгъуэ гуэр ищIу Жамбулэтыр Iэщэншэу къыщIишыну:

– Жэщыр кIыфIщ, мыбдежым щызэхэзекIуэIаркъым – псори жеижащ, лъым ущышынэу арамэ, сэ исфынщ абы и лъым щыщ, уи адэм илъ тщIэжын папщIэ. Зэ къыспэщIэгъахуэ закъуэ, псоми кIэ иIэщ.

– Сыту уцIыху икIэ уэ, – жреIэри IукIыжыну унафэ хуещI абы Тембулэт. А тIур зэбгъэдокIыж. ЩIалэщIэм и ныбжьэгъур ихъумэу аргуэру нэху егъэщ. А зы жэщ закъуэрт и гущIэм къыщытэдж мурад бзаджэр ирикъухыу ар и ныбжьэгъум зэрыхуэпэжыжынур. Абы и гум къыщыукъубея и гурыщIэхэм и акъылыр къыкIэлъыкIуэ махуэм зэтрахури, бзаджэнаджагъэр ищIэным ирахулIэ.

Зэныбжьэгъухэм деж дывгъэгъэзэж иджы.

Едзэкъа нэужькIэ, Жамбулэт зигъэпсэхуну мэгъуэлъ, и щхьэр и ныбжьэгъум и лъэгуажьэм трегъащIэри. Здеплъыхым Тембулэт и нэхэр

занщIэу къоцIыщхъукIри, илъыну зызыгъэхьэзыра къаплъэным хуэдэу, и нэгум зехъуэж.

– Иджыпсту уфIэзгъэжмэ, уи лIэкIам и хъыбарыр хэт ихьыжынт? – йоупщI ар Жамбулэт.

КъыпогуфIыкIри Жамбулэт жэуап къет, и Iэпэр гъунэгъуу щылъ удзым хуешийри: «Алыхьым иухамэ, мис мы жьуджалэми ихьыжынт...» Абы и псалъэр и кIэм нимыгъэсу, Тембулэт: «Ирехьыж-тIэ, лъэкIмэ», – жеIэри напIэзыпIэм и къамэр и ныбжьэгъум илъкIэ ireIэ...

* * *

ЛIыукIым и напэм хуэдэу жэщри кIыфIт. Уэшхыр пэгункIэ къракIых жыпIэнщ. Уафэр къохъуэпскI. Жьыр мэкъугъ. Уафэгъуагъуэр къызэролъэлъ. А псомкIи къэхъугъэм задищIым хуэдэщ лIыукI щIэпхъуэжауэ пщы Къанлы деж кIуэм и гурыгъу-гупсысэ зэрызехьэхэм. Ар мэпIащIэ илэжьа щIэпхъаджагъэр зыхуэкIуэм хуиIуэтэжыну. Къуажэр щымщ. Псори хэжееже е уэлбанэм зыщахъумэну унэм къыщIэмыкIхэрэ. Ауэ Къанлы и унэ цIыкIур нэхущ: ар щысщ и гупсысэмурадхэр и IуэхущIэгъухэм ящыщ зым хуиIуатэу:

– Иджыри къэскIэ злэжьа псори икIэм-икIэжым пщIэншэ мыхъункIэ согугъэ, – жеIэ Къанлы. – Илъэс дапщэ хъуауэ гугъу сехьрэ сэ, зыри къимыкIыу! Куэд щIат сэ а Жамбулэт зэрыIуспIэрэ, ауэ итIанэ си гугъуехьыр псыхэкIуадэ хъурт. Иджы ар нэгъуэщIым и Iэм IэщIэкIуэдэнурэ, Гуащэм сэрэ дяку къыдэувэну хуежьэнур аращи, лъабжьэжьитIри сэ къиизупщIыкIыу бжы. КъыбгурыIуэмэ, сэ зырщ Гуащэм и лъагъуныгъэр къэзыхьэхуфынур.

– А псор дауэ тыншу зэфIэкIа? – къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу къоупщI Къанлы хуэфэщэж и псэлъэгъур.

– ЗэфIэкIащ Iуэхур, акъылрэ зышыIэрэ уиIэу зи ужь уихьэ адрей Iуэхухэр зэрызэфIэкIым хуэдэу. Сэ куэд щIауэ Тембулэт къыгурызгъэIуэну иужь ситщ, Жамбулэт имыукIауэ, и адэмрэ и анэмрэ я псэр мытыншыжыну. Нэхъапэм сэ абы сызригъэпсэлъэххэртэкъым, ауэ Iуэхум лъагъуныгъэр къызэрыхыхьэу, псори и пIэм иувэжащ. Тембулэтыжьым Гуащэр фIыуэ елъагъу, сэри ар къэзмыгъэсэбэпу къэзгъэнэнт. Сэ абы и фIэщ сщIащ Гуащэр къыхуэшэну, абы и лIыр къыздимыкIыжынум ириутIыпщхьэх нэужькIэ. Япэм ар Iуэху ищIу къызэдаIуэу щымытами, иджы къыгурыIуащ. ЕхъулIэныгъэр иIэну сохъуэхъу, ауэ къэшэнымкIэкъым, укIынымкIэщ! А цIыкIуракъым сэ гугъу зыщIезгъэхьар! (Къанлы щIыкIейуэ къодыхьэшх). ЗыщIыпIэ деж къыщыхэпIэнкIыкIыжыну хуежьэмэ, абы гъуэгу къыхуэдгъуэтынщ; сэрщ Гуащэр зейр. Зы илъэскIэ гъымэ, щыгъупщэжынщ... Зэ хъыбар къысIэрыхьарэт!

Абдеж бжэм зыгуэр къытоуIуэри, а цIыху бзаджэнаджэм и псалъэр зэпеуд.

– Хэт ар?

ЛIыукIым жэуап къетыж. Къанлы ар и макъымкIэ къецIыхужри гуфIэщауэ къыщIож, фоч дэнэ къэна, къамэ къудей къимыщтэу. ЛIы зи дахэгъуэу иригъэукIам къигъэщIэжа иужьрей дакъикъэхэм теухуауэ лIыукIым къыхуиIуэтэжынум ар хъийм икIауэ хуэпIащIэрт. БзаджащIитIыр лъэныкъуэкIэ IуокIуэт.

33

– ЛIо, кIэ иIэ? – йоупщI Къанлы, пIащIэу.

– НтIэ, – жэуап къетыж лIыукIым, кIэзызу.

– ЛIыгъэ зиIэ уи адэм ухуэфащэщ. IэплIэ зыхуэзгъэщIыт псынщIэу! – гуфIэщауэ къыхокIиикI Къанлы.

– Пэжщ, схуэфащэщ иджы IэплIэ къысхуэпщIыну. Пэжщ, уэ цIыху цIапIэм уи бар къэзлэжьащ, – жеIэ лIыукIым, и макъыр кIэзызу. – Сэ сукIар зыщ. МащIэщ ар. ЕтIуанэри сукIыну аращ сыкъыщIэкIуар, ауэ етIуанэ укIыгъэр хабзэншагъэ хъунукъым. Пэжщ, сэ сыкъыщIэкIуар си псэр зыхуэбгъэхьэзыра жыхьэнмэм а уи псэ фIейр згъэкIуэну арщ. ЯпэщIыкIэ Iэдэбу къэдаIуэ, хьэуэ жыпIэрэ, а зэхэзбгъэщIыхьа щIэпхъаджагъэм теухуауэ зы псалъэ зэикI зэхыумыхыжын усщIынщ.

Хъийм икIа гуэныхьыщIэм и Iэщэм къару хьэлэмэт гуэр къыхыхьам хуэдэщ. Зи пIэм ижыхьауэ щыт пщы Къанлы абы пщэпкъкIэ иIыгъщ.

– КъэдаIуэ мыдэ, – пещэ лIыукIым, – уэри сэри зи цIэ къэтпсэлъыну тхуэмыфащэ цIыхущ сэ фIэзгъэжар. Ар зэрыфIэзгъэжуи, си къарур щIэкIащ; длэжьа щIэпхъаджагъэр къызэрызгурыIуэжу, бауэкIэщI сыхъуащ, си нэхэр къыщипхъуэри, сэ сIэщIэукIа лIыфIым и бгъэгум сытеджэлэжащ. Абы иужькIэ си нэгум щIэкIар узижэгъуэным и нэгу щIэукI. Си хъуреягъыр пшагъуэ Iувым зэщIищтащ, дунейр кIыфI хъуащ, уафэхъуэпскIым зидзащ, жьыр къэкъугъащ. Си щхьэщыгум узижэгъуэным и махуэу зыгуэр къыщыуэри, уафэм пшэ Iэтэ нэхухэр бжыгъэншэу къетIысэхащ. Ахэр псынщIэу кIуэдыжащ, икIи абыхэм я пIэкIэ къэнащ нурыр къызыщIих унэшхуэ. Ар цIыху угъурлыхэм я псэупIэ жэнэтырт. НапIэзыпIэм щIы щIагъым зыгуэр къыщыуэри ар игъэхъеящ. ЩIыр зэгуэкIри мафIэлыгъейр къыдидзащ. Iугъуэ фIыцIэр пшэм къыдэуащ, хьэпщхупщ шынагъуэ гуэрхэр хэсу. Ар жыхьэнмэрт. Жыхьэнмэмрэ жэнэтымрэ я зэхуакум дыщэ пкъоуитI къыдэхутащ, тэрэзэ цIухэр яфIэлъу – ахэр Сэром и тэрэзэт. ИтIанэ уафэ щыгумкIэ къиIукIыу накъырэ макъ гуэр къэIури, мелуан бжыгъэкIэ цIыхухэр щIым къыщIэкIащ, языныкъуэхэм тепхъуэ хужь, адрейхэм фIыцIэ ятелъу – «Къемэтмахуэр къэсащ! ЩIым щывлэжьа IуэхухэмкIэ жэуап фтыжыну Алыхьым и пащхьэм фыкъиувэ!» – зыгуэрым и макъ къэIуащ. Мелуанхэр ежьэри тэрэзэм бгъэдыхьащ. ГуэныхьыншэхэрI жэнэтымкIэ, Алыхьым игъэкъуэншахэр жыхьэнмэмкIэ иришэжьащ. Бэлыхь ятелъым иужьыгуауэ, я напIэр къахуэмыIэтыжу блэкIырт Алыхьым хуэпсалъэу щытахэр: пцIыIуэпцIышэхэр, лIыукIхэр, тхьэмыщкIэхэм лей якIэлъызезыхьэу щытахэр, хьэуар ячатхъэу, си гур къратхъыным хуэдэу, ахэр макъ шынагъуэхэмкIэ къызэджэрт. Уэ щIэпхъаджащIэри уахэтт, лъыр къожэхрэ ар мафIэу къыпщIэлъэдэжауэ, делэм хуэдэу, уи щхьэр зепхьэу. Сэ зезгъэзэкI пэтми, си нэгум щIэкIыртэкъым а шынагъуэ къомыр. Сэ сыгъырт, бэлыхь Iейр стелъти, си гъы макъыми жыхьэнмэм къиIукIыу дыхьэшх макъ бзаджэр къыпэджэжырт. Си зы бгъумкIэ блэкIырт жэнэтым нурыр къызыщхьэщихыу яшэхэр. Мис абыхэм яхэтт Жамбулэт.

– Сэ уэ пхузогъэгъу, Алыхьми къыпхуигъэгъу, – къызжиIащ абы, здыблэкIым. Сэ си нэр суфIыцIащ, абы и нэгум сыщIэмыплъэфу; и лъакъуэхэм захуездзыхыну си гум къридзащ, ауэ хьэпщхупщ шынагъуэ гуэрым сиубыдри жыхьэнмэмкIэ срилъэфэжьащ. Ар къызэрызэIусэу, сэ мафIэу сыкъызэщIэнащ, Алыхьым селъэIуну сыхуежьэри, итIанэ зыкъэсщIэжащ. Хьэуэ, пщIыхьэпIэтэкъым а слъэгъуар, атIэ дэ гуэныхьщIакIуэхэм ахърэтым щыдигъэтыну жэуапым и сурэтт. Сыт

щIэзмытыну щыIэт сэ, япэм сиIа напэр къысхуэгъуэтыжыну щытамэ. Ауэ сэ сыкIуэдащ, Алыхьым и гущIэгъуи схуэфащэкъым.

Илэжьа щIэпхъаджагъэм насыпыншэр ихьыжырт. Ар кIэзызырт, и макъыр зэкIуэкIат, и теплъэр зэрыщыту шынагъуэт. Къанлы диях, шынэм зэщIиIулIат.

«Уэ зи напэр тепха щIым афIэкIа утет, мы хьэуар ухэбэухьу дяпэкIи буцIэпI хъужынукъым», – къокIий лIыукIыр. БзаджащIэм и къамэ гуэрыр кърепхъуэтри етIуанэри еукI. «Абы нэхъ IуэхуфI мы щIым сэ схутещIыхьыжынутэкъым», – жери жэщ кIыфIым ар ещIэу хопшэхъуэж.

* * *

Пщыхьэщхьэ дыгъэр хуэму йотIысэх, къуршым щхьэщыкI пшэхухэм ныбжь гъуэплъыр фащэ хьэлэмэту ящитIагъэу. Жанеипщым и унэ фэрэ дэрэ зэдгъэцIыхуам и бжэIупэм илъэсиплIым ит, фIыуэ зэщыхуэпыкIа щIалэ цIыкIу щоджэгу.

Абы IэщIэлъ къамэмкIэ хъэуанхэр зэгуегъэху, зригъапщэм техуэхункIи мэкIий: «Мис апхуэдэу зэгуэзупщIыкIынщ сэ си адэр зыукIам и щхьэр», – жиIэурэ. Зилъ зыщIэжыну щIэхъуэпс сабийр губжьащ. Абы зылIрэ зы фызрэ къыбгъэдохьэ.

– Си анэ, мис мыпхуэдэущ си адэр зыукIам и щхьэр зэрызэгуэзгъэхунур, – жеIэри щIалэ цIыкIум зэ уэгъуэм хъарбызышхуэр зэгуеупщIыкI. ЦIыхубзыр нэщхъейуэ погуфIыкIри и къуэм ба хуещI. – «Си щIалэ цIыкIур и лъэпкъым хуэфащэ хъужынущ», – жеIэ, и нэхэм нэпс къыщIэлъадэурэ. Хэт а бзылъхугъэр? Ар жаней Гуащэ цIэрыIуэщ. ЩIалэ цIыкIур абы Жамбулэт хуигъуэтарщ. Илъ ищIэжыну сабийм и гум пасэу къызэрыкIам анэм игу егъэзагъэ.



– Уэ лъыщIэж цIыкIум щхьэ къупщхьэри, хъарбызым хуэдэу, зэгуэхугъуафIэ уи гугъэщ, ауэ щхьэ къупщхьэм быдэ Iей яхэтщ, – жеIэ лIым, и напщIэр иуфэу, сабийм лъыщIэжыныр пасэу игу къызэрыкIар и мыгуапэ хуэдэу. Хэт а лIыр? Ар Жамбулэт цIэрыIуэр зыукIарщ.

Илъэсхэр блэкIырт. Ныбжьэгъум и лъы хеймрэ Къанлы и лъы фIеймрэ зыгъэжа Тембулэт и щхьэр зэрихьэу куэдрэ къикIухьащ. ЗекIуэ щежьахэм Жамбулэт зыгуэрым къиукIа хуэдэу игъэIури, Тембулэт и ныбжьэгъум и хьэдэ къишэжар хабзэм тету щIилъхьэжащ... И кхъащхьэм кхъэлэгъунэ хутригъэуващ, блэкIхэр тхьэмыщкIэм тхьэ хуелъэIун папщIэ.

Фызабэу къэна Гуащэр арауэ пцIыхужынтэкъым. Зи хахуагъэр зэрылъэпкъыу ягъэщIагъуэу щыта бзылъхугъэр жэщми махуэми пыхьэрт; и лIым и кхъащхьэм гъы макъыр пщэдджыжьми пщыхьэщхьэми къыщыIурт. Апхуэдэу кIуэрт илъэсхэр. ЛIыукIри гъырт. ФэрыщIу куэдрэ угъыфынт – щIегъуэжауэ къыщIэкIынт. Гуащэр зэрыщыгъуэрэ илъэс щрикъуми, щыгъын фIыцIэр зыщихакъым: игъащIэкIэ щыгъуэну и мурадт абы.

Тембулэтри щыгъуэрти, фызабэ тхьэмыщкIэмрэ лIыукI насыпыншэмрэ я гур зы хъужауэ, тIури абы нэхъ гъунэгъу зэхуищIырт. Гуащэм мы дунейм псэхугъуэ щиIэжтэкъым, игури щетIысэхыртэкъым: ауэ и псэр лIыукI закъуэм нэхъ хуэкъабзэт, и лIым и гъащIэм щыщ Iуэхугъуэ хьэлэмэт куэдым я гугъу абы къыхуищIыжырти. Апхуэдэурэ Тембулэт Гуащэм и фIэщ зищIащ. Япэм хуиIэу щыта гухэлъхэм папщIэ псалъэкIи

нащхьэкIи зыкърригъэщIэжыххакъым. Абы езым къыщыфIэщIыж къэхъурт къыIэщIэщIамрэ телъа бэлыхьымрэ и лъагъуныгъэр ягъэужьыхыжауэ. ИлъэсиплI дэкIащ. Ауэ зэманым аргуэру къызэщIегъэнэж къыхэнэжа лъагъуныгъэ хъуаскIэри, Тембулэт мурад ещI фызабэ тхьэмыщкIэр щхьэгъусэ ищIыну. Зэгуэрым нэщхъей дыдэу, и фIэщ мыхъункIи Iэмал имыIэу зыхуегъазэри, абы Гуащэ жреIэ, къэнэжа и гъащIэр дихьын хуейуэ Жамбулэт уэсят къыхуищIауэ. Гуащэр, ар щызэхихым, къыщеудри магъ, ауэ, дунейм ехыжам и уэсятыр игъэзэщIэну и къалэнти, ар зыукIам и щхьэгъусэ мэхъу. Зи лIыр еш зимыIэу зыгъей Гуащэм зыдигъэшурэ, абы и гур щабэ зыхуищIырт Тембулэти. ЛIым къытехьэлъэрт и щхьэгъусэм и нэпсхэр. Ауэ иджыпсту ар къэгъыу и къуэм ба щыхуищIам, Тембулэт и гущIэм губжь бзаджэ къыщыушащ. Гуащэ тхьэмыщкIэми абы гу лъетэри, нэщхъейуэ лъэныкъуэ зрегъэз, игу пщэхыху гъыну. Жьы къыкъуоури лIыукIым и лъакъуэм деж жьуджалэ къыщохутэ. «А, Алыхьым и лIыкIуэра? УкъыкIэрыхуащ, тIасэ», – жеIэри ину къыходыхьэшхыкI ар, делэм хуэдэу. Псори щыгъупщэжри, Жамбулэт зэрыIэщIэкIуэдар сэтей къыфIэхъуауэ арат Тембулэтым.

Делэ техъукIыжа лIым къыжьэдэхуа псалъэхэр бзылъхугъэ насыпыншэм и гум, мастэпэбдзым хуэдэу, хэуат. Абы и нитIым нэпсыр, уэшхым хуэдэу, къыщIэщэщу, зэщыджэу гъыуэ, и къуэр и IэплIэм ирикъузауэ щIохьэж. ИлI гужьеяри абы кIэлъыщIохьэж, и лъагъуныгъэ фIеймкIэ ар игъэундэIужын мурад иIэу. Гуащэр щымт. Гъуэжькуийм аргуэру зыкъеIэтыжри мыгъуагъэр зыпылъ жьуджалэр унэм къыщIехьэ. Аргуэру ар щилъагъум, Гуащэр къыхоскIыкIри, Алыхьым и лIыкIуэ къамэр и Iэм къыIэщIохутэ.



ЛIыукIыр мыбэуэжу мэукIурийри, абы къыхэна къамэ лыдым жьэгум щыужьыхыж дэпыр къыпоцIууж...

*ЗэзыдзэкIар* **БЕЩТОКЪУЭ Хьэбасщ**



# Япэ адыгэ тхакIуэхэр

*Къаз-Джэрий дунейм зэрехыжрэ илъэси 150-рэ щрикъум ирихъэлIэу*



(1807 - 1863)

# Пушкиным къицIыхурт



Адыгэ литературэм и тхыдэм щыцIэрыIуэщ тхакIуэ Къаз-Джэрий. Абы и литературнэ лэжьыгъэм щыщIидзар XIX лIэщIыгъуэм и япэ Iыхьэрщ. Къыдалъхуахэр псэзэпылъхьэпIэм щитам, кIыфIыгъэ хьэлъэм щыхэтам абы хузэфIэкIар телъыджэлажьэщ. Анэмэт еджапIэ фIэкI къэзымыуха, езыр-езыру урыс литературэмрэ щэнхабзэмрэ щыгъуазэ зыхуэзыщIа адыгэ щIалэм, бгъэдэлъ талант абрагъуэм и фIыгъэкIэ, и тхыгъэхэр урысыбзэкIэ дунейм къытохьэ. Ар урыс тхакIуэхэми, критикхэми, тхылъеджэхэми гунэс ящохъу. ЩIалэщIэм дзыхь ищIу тхакIуэ къалэн хьэлъэр и пщэ дилъхьэжынтэкъым, и тхыгъэхэр къыдигъэкIыну тегушхуэнтэкъым, и ныбжьэгъу урысхэм зыкъыщIамыгъэкъуамэ. Адыгэ тхакIуэм литературэм щича япэ лъэбакъуэхэр зи фIыщIэри абы и тхыгъэр дунейм къытехьэн папщIэ дэIэпыкъуэгъу хъуари А. С. Пушкинырщ. Абы и япэ тхыгъэр – «ХьэжытIэгъуей ауз» зыфIищар – урыс усакIуэшхуэм тредзэ а зэманым къыдигъэкIыу зыщIидза «Современник» журналым и япэ тхылъым. Ари фIэмащIэ хъужауэ, Пушкиным абы кIэух псалъэ хуетх, шэрджэс тхакIуэ ныбжьыщIэм ехъуэхъуу, урыс тхылъеджэхэм ар нэIуасэ яхуищIу. ЗэхъуэкIыныгъэ а тхыгъэм зэрыхимылъхьар къигъэлъэгъуэжу, урыс усакIуэшхуэм мыпхуэдэу итхыгъащ: «Ди литературэм дымыщIэххэу къыщыхъуащ Iуэху телъыджэ! Кавказым и лъэпкъ емылыджхэм къахэкIа щIалэр ди тхакIуэхэм къахохьэ; шэрджэсыр хуиту, лъэщу, зыхуейр уи нэгу къыщIигъэувэу урысыбзэм иропсалъэ. Мы пычыгъуэ нытеддзэм щыщу ауэ зы псалъи зэтхъуэкIын хуей хъуакъым...» Къаз-Джэрий и япэ тхыгъэм занщIэу гу лъитащ урыс критик цIэрыIуэ

В. Г. Белинскэми. И рецензэхэм ящыщ зым шэрджэс тхакIуэм и бзэм и къулеигъэм теухуауэ абы мыр щитхащ: «ГъэщIэгъуэнщ «ХьэжытIэгъуей аузыр» шэрджэсым (Къаз-Джэрий – В. Б.) и тхыгъэу зэрыщытыр. ПщIэ зыхуащI ди тхакIуэ куэдым нэхърэ нэхъыфIу урысыбзэр ещIэ абы».

Урысейм и цIыху пэрытхэр бгырыс щIалэм и тхыгъэм гуапэу IущIамэ, абы и тепщэ гупхэм ар ягу ирихьакъым, яфIэфI хъуакъым. Пащтыхь жандармерием и унафэщI Бенкендорф А. С. Пушкиным письмо къыхуетх, а тхыгъэр зэрытридзам папщIэ къешхыдэу, а тхакIуэм и тхыгъэ дяпэкIэ тримыдзэжынуи унафэ къыхуещI. Абы щхьэкIэ къимыгъанэу А. С. Пушкиным «Современник» журналым и етIуанэ къыдэкIыгъуэм тредзэ Къаз-Джэрий и нэгъуэщI зы тхыгъэ – «Къэжэр гушыIэ» («Персидский анекдот») жыхуиIэр. Пащтыхьхэм я залымыгъэр, яхэлъ ткIиягъыр, абыхэм я блыгущIэтхэм я лIыгъэншагъэмрэ напэншагъэмрэ шэрджэс тхакIуэм ехьэкI имыIэу къызэригъэлъэгъуар урыс пащтыхьым и щхьэм хуихьа е апхуэдэ Iуэхугъуэхэм тхакIуэ щIалэр дяпэкIэ тримыгъэпсэлъыхьыну мурад хуищIа – а рассказым и ужькIэ Къаз-Джэрий и тхыгъэ дунейм къытехьэжакъым.

«ХьэжытIэгъуей аузым» и жанрым теухуауэ щIэныгъэлIхэм яку зэгурымыIуэныгъэ дэлъ щхьэкIэ, и щхьэ течауэ жыпIэ хъунущ ар очеркым нэхъ зэрыпэгъунэгъур. Ауэ а жанрым и нэщэнэу щымыт гуэрхэми ущрохьэлIэ – лирическэ лIыхъужьым и гурылъ-гурыщIэхэр ехьэжьауэ, очеркым зэримыхабзэу, абы сэтей къыщыщIащ. Апхуэдизу ар зыгъэгулэзри и щхьэ Iуэхукъым, шыгъушыпсыпIэм хэзыгъэлъыр и хэкум щекIуэкI лъыгъажэ зауэрщ, къыдалъхуахэр зыхэт кIыфIыгъэ хьэлъэрщ, абыхэм ятелъ бэлыхь мыухыжырщ.



Лирическэ лIыхъужьыр нэгъэсауэ зэрыпсэ къабзэр уи фIэщ ещI и Хэкум хуиIэ лъагъуныгъэ иным. ГъащIэ къезыта, зи быдзышэ IэфI Iурылъ и лъапсэр абы сытым щыгъуи и гум щегъафIэ, и нэгум хущIэгъэкIыркъым. Къыздигъэзэжа и адэжь щIыналъэм зыщигъэнщIыжыркъым, илъагъухэр пщIыхьэпIэу къыфIощI, хьэзырщ и нэ щызу а псом Iузыгъэплъэжа Тхьэ лъапIэм и псэр къурмэн хуищIыну: «Сэ си гур къилъэтырт, си псэм и щIасэ щIыналъэжьым и мэ гуакIуэр зыщызмыгъэнщIу жьэдэсшэрт, сэ ар си IэплIэм щызгъэпщкIуну сыхьэзырт, зэ пхъуэгъуэм, напIэзыпIэм зэщIэзубыдэу и бгъафэм зыщIэздзэну сыхуеIэрт... абы и теплъэм итхьэкъуа си нэхэм нэпс ткIуэпс къыщIэлъэдащ».

ТхакIуэм и Хэкум и дахагъэр Iэзагъышхуэ хэлъу къигъэлъэгъуэж къудейкъым. АтIэ апхуэдиз дахагъэ зэрылъ адэжь щIыналъэм зауаер пшэ фIыцIэу къызэрыщхьэщытым ар ирогузавэ. Абы къыдэкIуэуи, къыдалъхуахэр щIэныгъэм и гъуэгу нэхум тешэнри и хъуэпсапIэщ: «Ауэрэ сыздэгупсысэм, сигу къэкIыжащ апхуэдиз псалъэмакъ зращIэкIа, апхуэдизрэ ягъэнызщкIуа щIэныгъэ Iуэхур. ГъэщIэгъуэнщ! Куэд щIа сэ мы лъахэм, жьым хуэдэу, шууэ къэзжыхьу сызэритрэ? Иджы сыхьэзырщ мыбы щIэныгъэр къэса зэрыхъунум и Iэмал минхэр зэхэслъхьэну...»

И хэкумрэ и лъэпкъымрэ сыт хуэдиз бэлыхь хэмытами, Къаз-Джэрий хьэкъкIэ и фIэщ мэхъу къыдалъхуахэр зэ мыхъуми зэ а тхьэмыщкIагъэм къызэрыхэкIынур, абыхэм гъащIэ нэху къазэрыпэплъэр: «Шэч къыщIытепхьэжын щыIэкъым: Кавказым и дурэшхэм дэс лъэпкъхэр усэбзэ гуакIуэм и джэ макъым къыдэушынщ; мы лъахэм и уэрэдыжьхэр, ахэр зи гущIэм къиIукI джэгуакIуэ екIуэлIапIэншэхэр

лъэужьыншэу кIуэдыжыныр фIэщхъугъуейщ – гупсысэрэ къарурэ я бэщ абыхэм...»

И IэдакъэщIэкIхэр романтизмэм и хабзэхэм тетми, Кавказым и пейзажыр къыщигъэлъагъуэкIэ, тхакIуэм къигъэсэбэпыр реализмэм и Iэмалхэрщ. Нэхущ, къабзэщ, шэрыуэщ абы и тхыгъэхэм я бзэр. Зэгъэпщэныгъэ, эпитет, метафорэ – ахэр куэд щхьэкIэ, ямылей хъуркъым, абыхэм ящыщ дэтхэнэри зыхуей щIыпIэм къекIуу, къезэгъыу къыщыхьащ.

КъызыхэкIа, фIыщэу илъагъу и лъэпкъым и гъащIэр къэзыгъэлъэгъуэжыну япэу иужь ихьар адыгэ тхакIуэ гъуэзэджэ Къаз-Джэрийщ. И зэманыр зэрыткIиям къыхэкIыу, и хъуэпсапIэ лъагэхэм ар ялъэIэсыфакъым, и тхыгъитI къудейщ ди деж къэсар. Апхуэдэу щытми, а цIыху акъылыфIэм хузэфIэкIащ адыгэ литературэм и лъабжьэр игъэтIылъыну, и цIэ лъапIэри лъэпкъ тхыдэм къыхинэну.

**ХЬЭКIУАЩЭ Андрей,**
*филологие щIэныгъэхэм*
*я доктор*

Къаз-Джэрий

# ХьэжытIэгъуей ауз

*Гъуэгуанэ тхыгъэ*



Жэщыр щисха бысымым и пщIантIэм дыгъэр къыщIэмыкI щIыкIэ сыкъыдэкIыжри, аузым лъагэу къыщхьэщыува бгымкIэ сунэтIащ. Си гъуэгур нэхъ кIэщI хъумэ си гуапэу, сэмэгурабгъумкIэ тесIуэнтIыкIри джабэм кIэрыхьэ шу лъагъуэм сытехьащ; мывэкIэщхъ зэмыфэгъукIэ сея шу лъагъуэр щыхупIэм щхьэщыту екIуэкIырт. Сэ си гур къилъэтырт. Си псэм и щIасэ щIыналъэжьым и мэ дахэр зыщызмыгъэнщIу жьэдэсшэрт, сэ ар си IэплIэм щызгъэпщкIуну сыхьэзырт, зэ пхъуэгъуэм, напIэзыпIэм зэщIэзубыдэу и бгъафэм зыщIэздзэну сыхуеIэрт...

Сэ бгыщхьэм сыкъихутащ, къуэ куур си щIыбкIэ къыщынэм, илъэс блэкIахэм я гукъэкIыж IэфIыр нэхъри къыспкърыуащ. Си нэгу къыщIыхьэжащ сабиигъуэ дырийпсырийр; сэркIэ абы нэхъ IэфI сыт щыIэнт – куэдрэ, куэдрэ сыкъызэщымыужу сиIыгъащ сэ пщIыхьэпIэм хуэдэу си нэгу къыщIыхьэжа сабиигъуэм и нэхугъэ мащIэм...

Гупсысэ куум сыхэтурэ зэманыфI дэкIагъэнщ; IэмалыншагъэкIэ зэгуэр пэIэщIэ сызыхуэхъуауэ щыта щIыналъэр къызэрызгъэзэжам щыгуфIыкIыу къысщыхъури, абы и теплъэм итхьэкъуа си нэм нэпс ткIуэпс къыщIэлъэдащ.

Зи быдзышэ сIулъ хэкужьым сыкъихутэжащ сэ; мес ди жьэгужь сэхыжам щиху закъуэр къепэзэзэхыу щхьэщытщ; къуейщIеиным си пкъыр щагъэундэрабжьэкIэ, IэфIу сыIурихыу, жейр стеумэ, аргуэру гухэхъуэгъуэ дахэм сыкIэлъыIэбэу, сыкIэлъыIэбэ щхьэкIэ сылъэмыIэсу махуэ дапщэ щызгъэкIуа сэ мыбдеж...

Мес удз гъэгъахэм щIагъэна Iуащхьэ лъагуэхэр; абыхэм, лIыжь жьакIэтхъу нэхъей, Iуащхьэ дыкъуакъуэ лъагэ къахэтэджыкIыжащ; сэ си нэгу къыщIыхьэжащ губгъуэ бжэн Iэлым хуэдэу абы и лъапэр джэгупIэу схуримыкъуу сиIа зэман телъыджэр... Пшагъуэ мащIэ зыщхьэщылъ псыхъуэ куум къыдиху акъужь щIыIэм удз кIырыр егъэуфафэ, къызэ-

щыуауэ, зэхуэзэша нэхъей, зызэрашэкI. ЗызэрашэкI зызэщамыгъэнщIу, зыр зым йоIущащэ: тхьэм ещIэ уэсэпс къабзэм ибла удз гъэгъа цIынэхэм иджыпсту зэхуаIуатэр...

ХьэжытIэгъуей аузыр Iэщ гуартэхэм яуфэбгъуу щIадзащ; гъуэгурыкIуэ жьырытэджхэр зэхэзекIуэу уолъагъу; ауэрэ щIалэгъуалэр, хэт шууэ, хэти лъэсу, псыхъуэм дэз мэхъу; сабийхэр, зыр зым кIэлъыпхъуэу, шыкIэ къызэдожэ. ДэнэкIэ сымыплъэми, гуфIэгъуэ макъыр зэхызох, нэхъапэм хуэдэу, псыхъуэр гугъэ дахэм къыщIотаджэ; сэ зырщ абы дэзашэр: блэкIащ сэ мыбы сыщыщытеууэ щыта махуэхэр. БлэкIащ игъащIэкIэ къамыгъэзэжыну.

И лъабжьэмкIэ, толъкъун бырыбхэр жьэгъум иридзылIэу, Инжыдж щохъущIэ. Зыгуэрым хуэшхыдэрэ хьэмэ и губжьыр игъэтIысрэ – ар сэркIэ щэхущ. Сэ сщIэркъым абы игу къеуэр. СщIэркъым апхуэдэу щIэхъущIэр къысхуэзэшауэ арами е къызэрызгъэзэжам щымыгуфIыкIми. Нэхъапэм абы и нэпкъ лъагэм мэз Iувыр къекIуалIэрт; дыгъэр жьэражьэу уэгум къыщиувэкIэ, мащIэрэ зыщызгъэпскIа сэ Инжыдж и уэрыпIэм...

ГукъэкIыжхэм сыздаIыгъым, гу лъыстакъым дыгъэр къыщIэкIыу зэрыхуежьам: ар темыгушхуащэу Арукъаз бжьэпэм къыкъуэплъырт. Дыгъэнэпсыр хуэм-хуэмурэ нэхъ уэр хъури, жьы щIыIэр къызыдиху аузыр къэнэхуащ. Iэгум илъым хуэдэу, уолъагъу къурш лъапэр, жыжьэ уноплъыс мы бжьэпэм утету.

Мес, Псыжь и Бещто лъэныкъуэмкIэ щылъ губгъуэшхуэр хьэлыуэ IупщIэу гуэшащ – ар къэзакъ жылагъуэхэм я хадэхэрщ. А губгъуэр урысхэм Невинкэ зыфIаща Арукъаз бгым и лъапэм къыщожьэри Погореловскэ станицэм нос, верст щэ ныкъуэ нэблагъэкIэ укъуэдияуэ; губгъуэр джафэщ, ухуеймэ хьэфэ топ щызегъажэ. Пэжщ, абы щIыпIэщIыпIэхэмкIэ Iуащхьэ цIыкIухэм зыкъыщыхаIэтыкI, Дурткъул Iуащхьэ плIимэм нэхъ лъагэ хэмыту. ИщхъэрэкIэ къыщежьэрэ Бещто лъэныкъуэкIэ иунэтIыжу губгъуэм шытх лъахъшэ кIыхь къыдокIуэкI, шытхыщхьэм зыкъыщиIэтащ зи джабэ лъэныкъуэр мэз Iуву зэщIэкIа Жагъырлыкъ бгым; абы и лъапэм щIэтщ абрэджхэм я щхьэфэцым зезыгъэIэт Темнолесная быдапIэм и тутнакъэщыр...

Псыжь и нэпкъ лъагэр зи гъунапкъэ губгъуэр, жьыбгъэ къыкъуэуауэ щыуфафэкIэ, тенджыз къэукъубея фIэкI пщIэркъым; 1823 гъэм мыбдеж лъыр иракIуту щызэуэгъащ бгырысхэр.

Сэ зыщысплъыхь бжьэпэм и щыгури губгъуэщ, ауэ ар ищхьэкIэ зи гугъу сщIам нэхърэ куэдкIэ нэхъ инщ. Адыгэхэр абы КъазмэкIэ йоджэ. Ар Инжыдж Псыжь щыхэхуэжым деж къыщожьэри Уарп псым хуокIуэ, верстищэм шIигъукIэ укъуэдияуэ. Ижь-ижьыж лъандэрэ адыгэхэм хъупIэу къагъэсэбэп Къазмэ губгъуэм сытым щыгъуи Iэщ гуартэ Iэджэхэр щызеуэрт; гъуни нэзи яIэтэкъым абы хьэкIэкхъуэкIэу щыпэкIуми, ауэ ар нобэ щымщ, зэуакIуэ хъыжьэхэм шы лъэгукIэ яутауэ щымщ, игу зэрыхыщIэр плъагъуу нэщхъейщ...

Дыгъэм лъагэу зыкъиIэтащ. Сэ, гъуэгу къысщIэлъти, зыплъыхьынкIэ зызмыгъэнщIами, шым семылъэдэкъауэу хъуакъым. Мы щIыпIэ дахэм иджыри къызэрытезгъэзэнум сэ си гугъэр хэсхыжыркъым. ХьэжытIэгъуей аузымрэ Къазмэ губгъуэ дахэмрэ сэлам есхыжри сежьэжащ.

Верст щэщI хуэдиз скIуами, зызоумысыж: сэ гу лъыстакъым ап-

хуэдиз гъуэгуанэ зэрызэпысчам. Сыту ещхь мы щIыпIэр мыбы щыпсэу бгырыс Iэлхэм, сытуи телъыджэ щыхьэрым укъыдэкIыу мыбы укъыщыхутэныр; мывэкIэ къищIыкIа уэрам шэщIахэм я пIэкIэ удз кIырыр толъкъуну щыуфафэ губгъуэ нэщIыжьыр уолъагъу, гу хъыринэ щабэхэм я пIэкIэ къыпIущIэр шыр кIэбдзкIэ зыгъатхъуэ бгырыс пыIэ къуацэрщ. Европэм сыщамылъхуами, сэ си нэгу къыщIэзгъэхьэфащ мыбыхэм я гъащIэ дыджыр, сэшхуэдзэм дэлъ зэпыту ягъакIуэ гъащIэр... Ауэрэ сыздэгупсысэм, сигу къэкIыжащ апхуэдиз псалъэмакъ зращIэкIа, апхуэдизрэ ягъэныщкIуа щIэныгъэ Iуэхур. ГъэщIэгъуэнщ! Куэд щIа сэ мы лъахэм, жьым хуэдэу, шууэ къэзжыхьу сызэритрэ? Иджы сыхьэзырщ мыбы щIэныгъэр къэса зэрыхъуну Iэмал минхэр зэхэслъхьэну... Ауэ аркъым иджыпсту къыспэщытыр – нэхъыфIыр тхьэм къытхуищIэ, зэрыхъуIамэ, хъунщ – си гъусэхэр арауэ къыщIэкIынкъым иджыпсту зыщIэхъуэпсыр; етIуанэ жэщыр щыдгъэкIуэну быдапIэр щалъагъум, ахэр къэгуфIащ, сэри гупсысэр щысщхьэщыум, си щхьэр къэсIэтри слъэгъуащ урыс быдапIэр. Илъэсипщ I и пэкIэ хэт и гугъэнт урысхэм мыбдежым быдапIэ къытращIыхьыну: си пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым зэгуэр си бийуэ щытам и деж мыпхуэдэ жэщ щисхыну...

Гъэмахуэ пщыхьэщхьэ дахэм ситхьэкъупащ, бгы фIыцIэ щымхэм аргуэру теплъызащ си нитIыр. Къыр дзакIэм къыкъуэплъ дыгъэ бзийм урыс сэлэтым и мыжурэр вагъуэу полыд. Дыгъэр хуэм-хуэмурэ къурш щIыбым щыужьыхыжащ, уафэ лъащIэм телъ пшэ гъуабжэхэм я нэзым плъыжьыпс мащIэ къыщIэлъэдащ, къуршыщхьэ уэсри, зыгуэрым игъэукIыта нэхъей, цIыплъ къэхъуащ.

Куэд щIауэ сымылъэгъуа щIыналъэм и дахагъым ситхьэкъупауэ зысплъыхьу уанэгум зыбжанэрэ сисащ: Кавказым сыкъихьэжауэ сэ ерагъмыгъуейуэт си фIэщ зэрыхъур; сэ къысфIэщIырт Бытырбыху театрым сыщIэсу оперэ телъыджэм седаIуэ, ауэ, зэ нэхъ мыхъуми, мы аузыр зылъэгъуар игъащIэкIэ къыпхуэгъэпцIэнкъым искусствэ IэрыщIым и теплъэ фагъуэмкIэ.

Ауэрэ Ерсукъан быдапIэм дынэсащ. Си ныбжьэгъу гуэр сыIущIэри, сыщригъэблагъэм, абы и деж нэху щызгъэщын мурад сщIат, ауэ дэнэ? Мыпхуэдэ жэщ къэбгъанэу щIыунэ бэмпIэгъуэм ущыгъуэлъ хъурэт; унафэ тщIащ жьы къабзэм дыхэлъыну. ЩIакIуэ зырыз тIыгъыу дэ щIыунэм дыкъыщIэкIащ – пщыхьэщхьэ щIыIэтыIэр псэм и гуапэт. МахуитI нейкIэ зыщызмыгъэнщIу зыщысплъыхьащ сэ мы псыхъуэм, зыщысплъыхьащ илъэс блэкIахэр си нэгу къыщIэзгъэхьэжу, итIани Кавказым и жэщыр игъащIэкIэ пэпщI хъунукъым абы и махуэм; псэм фIэфIщ пщыхьэщхьэ щIыIэтыIэм и даущ макъыр; гум имыхужщ абы и удзыпцIэ щIыIэтыIэр.

Iэуи-лъауи щыIэкъым: бзыгъэщи, вагъуэбэхэр мэпщIыпщI. Сэ си ныбжьэгъум селъэIуащ псым зыгъэпскIакIуэ ныздэкIуэну: псыр и лъабжьэмкIэ щыхъущIэрт, сэ къысфIэщIырт ар къызэджэу, къысфIэщIырт зыгуэр къызжиIэным хуэпIащIэу...

Дэ Iэщэ къыздэтщтащ – ухутыкъуауэ мыбы къыщыпкIухьыныр, дауи, губзыгъагъэм щыщтэкъым; фоч яIыгъыу сэлэтитI зыщIыдгъуащ...

Псыхъуэм мазэгъуэ нурыр къыдихырт. Адэ нэхъ жыжьэу мэз кIыфIыр щыболъагъу – ар шэджагъуэ дахэм къытрихьа пшэ фIыцIэ фIэкI зэрыпщIэн щыIэтэкъым; жьынду джэ макъым зэзэмызэ къигъаскIэ къуэ кIуэцIым Инжыдж и щхьэфэ зэлъахэр долъагъуэ, мазэм къыIурих

нурым гъуаплъафэ щIэхъукIыу. ЛъэныкъуэкIэ нэщхъыдзэу псым къыщхьэщытщ Ерсукъан бгыжьыр, и пэнцIывым къыр къутахуэхэр къытебэгарэ и лъапэм, къэдабэ фIыцIэм хуэдэу, удз цIынэр щигъуэлъыкIауэ. Гъэми щIыми нэщхъыдзэу щызэфIэтщ ар мыбдеж, и жьауэ щIыIэмкIэ псыхъуэр дыгъэ пэзэзым щихъумэу.

Дэ дызэх нэпкъыр лъагэ дыдэтэкъым, мылъагэми, ехыгъуейт: лъагъуэ закъуэм и бгъуитIымкIи банэ Iув щыкIащи, зы шэтвэркIэ утебэкъукIамэ, банэм уеубыдри, щIэх укъыIэщIэкIыжыфыркъым; абы ищIыIужкIэ мывэкIэщхъ хьэлэчщ, пхэщIыщхьэкIэ ущIэтIысыкIыу ущыхункIи шынагъуэщ.

Псы Iуфэм дынэсащ. Мыбдежым мэзыр щызэпыкIащи, зы верст ныкъуэ хуэдизкIэ псыр хуиту уолъагъу, уэшх нэужьым уафэ джабэм къытридза лэгъупыкъу нэхъей.

Псы Iуфэм деж пшахъуавэ мащIэ иIэщ, мывэкIэщхъ цIыкIухэр, нэм къищтэ къудейуэ, къыхэцIуукIыу. Толъкъун лъагэхэмкIэ Iуфэм къыIурыуэу екIуэсэх псы уэрыр мэз кIыфIым къыщIожри, къуэ кIуэцIым зиIуантIэ-зишантIэу зыкъомрэ щыдима нэужь, аргуэрыжьу мэз кIыфIым хокIуэдэж, благъуэ фIыцIэжь гуэрым зыIуригъэлъэда фIэкI умыщIэну.

АдрыщIкIэ нэпкъым къыщхьэщыува жыгхэм я жьауэр псы щхьэфэ лантIэм къытредзэ икIи, псэ япыт нэхъей, толъкъунхэм дещIэу псы гущIыIум телъщ. Мазэр пшэ чэсей пIащIэм пхосыкI, къыщыщIэщыжкIэ и нурыр зэуэ къеблыжу.

Сэ зыстIэщIри псым сыхыхьащ; сыхьэзырт мыбы сыкъэзыхьыжа тхьэ лъапIэм си псэр къурмэн хуэсщIыну. Мазэр уафэми псыми щесырт, ауэ сэ уафэм щес мазэр къэзгъанэри псым зыщIэзыгъэмбрыуа мазэм сыкIэлъыIэбащ. Сэ нэхъ насыпыфIэ хэт щыIэнт иджыпсту! Сабиигъуэ IэфIыр сигу къихьэжауэ сэ псым сыщыджэгурт; зыри, зыри сщIэжыртэкъым сэ иджыпсту – гъуэгу сызытетари, Iуэху къызэрыспэщылъри, уеблэмэ дуней псом сэ зым фIэкI темытыжу къысщыхъурт. Щреджэгу хэт хуейми тенджызыжьхэм я толъкъун абрагъуэхэм, хуитщ хэт хуейми и нэр хы гъунэншэм теплъызэну. Сэ сызэдэIуэнур зи быдзышэ сIулъ къуршыпс Iэлым и шхыдэ макъырщ; мыращ, мы псы уэрырщ сэ сигу хэзыгъахъуэр, мыращ, мы псы уэрырщ и къуэ закъуэм и фэеплъу си анэжьым къыхуэнар. Фызабэм и гугъапIэу сыкъыщыхъуащ сэ мыбы и Iуфэм, мыбдежырщ сабиигъуэм сыщыпыкIари. Сэ си Iыхьлыщ мы псы Iэлыр: мо губгъуэ нэщIым зэшу ит Iуащхьэ папцIэхэри сэращ зыпэплъэр: къыспоплъэ, къызэдэхащIэу, къыспоплъэ я гукъеуэ къысхуаIуэтэну. Сэ си псэм фIэфIщ мы псым и даущри, мы псыхъуэм къыдиху акъужьым и Iэуэлъауэри, удз пхъашэм и Iущащэ макъри, мы къуэм нэщхъыдзэу къыдэплъэ бгыжьри.

Псым сыкъыхэкIыжри щIакIуэр зэсшэкIащ; хьэуа къабзэм тутынымэ гуащIэр хэсшэу сыздэщысым, аргуэру Iэджэ си нэгу къыщIыхьэжащ. ЦIыхум апхуэдэ дакъикъэ къыщыхуепсых къэхъуркъэ – уи псэм фIэфIри ар зыщIэкъури умыщIэжу? Тхьэм ищIэнщ а дакъикъэм си щхьэм къыдэуея псор... ЗыкъэсIэтат си жагъуэу, сешауэ псы Iуфэм сыIуст сэ; сигурэ си щхьэрэ зэрызэбгъэжам гу лъита хуэдэ, псыри нэхъ щым хъуауэ къысфIэщIащ. Зигу зэпыуда сабий нэхъей, сэ си нэпсым къызэпижыхьащ.

Си ныбжьэгъури, сызыхищIауэ, щымт; сэ гу лъыстащ абы и нэпс

ткIуэпси мазэм зэрыпэлыдам. Къызэхъуапсэу къыщIэкIынт – хэт ищIэн? Абы и гупсысэр иджыпсту Днепр щхьэщытт! Сытым пищIынт абы иджыпсту и гупсысэм щIыгъуныр... Псым ауан сыкъищI хуэдэщ – сыту утелъыджэ уэ, цIыху цIыкIу! Уигу къызэфIэнауэ ущысыну къокIурэ: уэ къыппоплъэ укъызыхуэкIуэжа уи Iыхьлыхэр. Ахэр зыщыбгъэгъупщауэ, дэнэ уи гупсысэм къыщикIухьыр?..

Нэху щащ. Акъужь щIыIэм пкъыр егъэщхьэх – IэфIщ пщэдджыжь жейр, губгъуэм уилъмэ. Сэ, зызужьын си жагъуэу, щIакIуэм сыкъыщIоплъ: дыгъэр лъагэ хъуами, Ерсукъан щхьэщылъ пшагъуэм къыпхыпсыфыркъым. Хуэм-хуэмурэ пшагъуэр зэкIэщIихужри, дыгъэр, абы къызэрыIэщIэкIыжам щыгуфIыкI хуэдэ, мафIэ бзийр къыпылъэлъу уэгум къиуващ, кIуэ пэтми нэхъ ину къэпщ къыпфIэщIу. Мыгувэу ар бгы нэщхъыдзэжьым къыщхьэщыхьэри, абы и нэщIащэм идиихьа пшагъуэ чэтхъахуэхэри игъэткIуащ...

ЗызмыIэжьэу сышэсри гъуэгу сытехьэжащ. ИщхъэрабгъумкIэ губгъуэр щылът: абы кIуэцIрыкIырт сэ сызытет гъуэгу сабалъэр. ИжьырабгъумкIэ, Лабэ псыщхьэ, мэз Iув щыболъагъу; кIуэ пэтми нэхъ лъагэу зызыIэт шытхыр сэмэгурабгъумкIэ къэнащ. Зысплъыхьу сыздэкIуэм, гу лъыстащ арщыниплI хуэдиз зи лъагагъ мывэ сыныжьым. Сэ сыкъэскIащ, тхыдэм и фэбжь зытелъ сыныр щыслъагъум: сишми, сыкъищIа нэхъей, зричащ. И тхьэкIумэр игъэкIри щIэкIуэрыкIащ ар, мывэ пкъо фIыцIэжьым сыхуихьу. Сэ схуэдэу а сынри пэIэщIэ хъуащ и Iыхьлыхэм: мы псыхъуэ нэщIым и закъуэу къыдэнащи, хуоплъэкI адэ мэзыщхьэм зыкъыщызыIэт бгы лъагэхэм...

Сыныр зытет Iуащхьэм си шыр пырхъыу дэжеящ. Сэ сепсыхащ, куэд щIауэ сымылъэгъуа мывэжьым сэлам есхын папщIэ. ЛIыжь лъэдакъэчэр зэфIэтт, нэщхъейуэ къухьэпIэмкIэ мащIэу ебауэ. Абы и нэкIу зэлъам Iэшмэкъугу гуэрым къыхибзыкIа жор фIыцIэ тыболъагъуэ; сэ нэхъапэм къысфIэщIырт а жорыр пасэрей лъэпкъыжь гуэрым и дамыгъэу. Iэджэ и нэгу щIэкIащ мы псыхъуэм дэзашэ мывэ сыныжьым; мыбыкIэ блэмыкIауэ пIэрэ пасэрей дунеижьыр зэтезыгъэщэхэжа дзэ фIыцIэр; Рим и щхьэфэцыр зыгъэтэджу щыта лъэпкъ Iэлхэм абы и блыпкъыр Iэджэрэ блатхъуагъэнщ. 

Пэжщ уэ, Кавказ, Европэм и бжэщхьэIуу ущытар икIи, хэт ищIэрэ, мы сыныжьым илъэгъуагъэнщ пасэрей зауэшхуэхэр – гуннхэр, мэжэрхэр, авархэр, печенегхэр... Ахэр сыт – ар дэркIэ щэхущ: сыным бзэ иIэкъым, ар мыбдежым щыхэзытIами абы и щIыфэ упсам тхыгъэ гуэр тридзэну гукъэкI ищIакъым. Уитщ уэ, Къыщыкъ и сын, мы губгъуэ нэщIыжьым уи закъуэу, уи щэху тщыббзыщIу; жьым епхъэх, зэманым едзэгъу уи Iэпкълъэпкъ дияр. Ауэ, ухэмыплъэ, куэд къыпхуэнэжакъым; уджэлэнщ уэри; уджэлэнщи, Бещто жьы дыджым уи сабэр ипхъэнкIыжынщ...

Хэти сыт къызрехъуэн, ауэ сэ слъэкIынукъым, сыныжь, уи деж зыщызмыIэжьэн; къыздалъхуам хуэдэу усфIэфIщ сэ уэ. Мыбдежыракъэ, мы сыным и лъапэракъэ си сабиигъуэр щисхар, гупсысэ жанкIэ щIалэ акъылыр щыхъуэпскIар! Сэ сощIэж жыбгъэ щIыIэм зэрихуэ пшэ фIыцIэжьхэм Ерсукъан хэбжьахъуэу; псыр нэпкъым дэмыхуэжу къиуауэ, нэр щисыкIыу уафэхъуэпскIыр къэлыдрэ щыблэр абы щыкIэлъыуэжкIэ, си гур къилъэту уи лъапэм сыщытеса махуэхэр: абы щыгъуэ сэ зыхэсщIащ борэным и къару лъэщыр. Алъандэрэ си псэм и

щIасэщ дунейр гужьеигъуэ хэзыдзэ борэн IэубыдыпIэншэр, сыгуфIэу сыпожьэ абы, мафIэр къыпылъэлъми...

Уэ уи пщыхьэщхьэ уэмхэм, уи шэджагъуэ жьауэм, уэ уи борэнхэм, уи губгъуэ щхъуантIэхэм, пшэм къыпхыплъ уэсылъэ къырхэм сытыр пэхъун, Кавказ! Уи нэм илъагъум уетхьэкъу. Жыжьэ ущIэкIуэн щыIэкъым – мес, зи пащхьэ сит мывэ сыныжьыр къащтэ. Гува-щIэхами бгырысхэм къахэкIынщ абы и гукъеуэр пшыналъэ къабзэкIэ зыIуэтэфын усакIуэ. Шэч къыщIытепхьэжын щыIэкъым: Кавказым и дурэшхэм дэс лъэпкъхэр усэбзэ гуакIуэм и джэ макъым къыдэушынщ; мы лъахэм и уэрэдыжьхэр, ахэр зи гущIэм къиIукI джэгуакIуэ екIуэлIапIэншэхэр лъэужьыншэу кIуэдыжыну фIэщхъугъуейщ – гупсысэрэ къарурэ я бэщ абыхэм...

Ауэ... сэ сытехьэулеикIащ, мы сыныжьым сэлам есхыжынуи и чэзу хъуащ...

Сэ сышэсыжри шым сыжьэдэуащ, мыгувэуи си лъэужьыр сабэм исеижащ.

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**





*Къуэдзокъуэ Лэкъумэн къызэральхурэ ильэси 195-рэ ирокъу*



(1818 - 1893)

# Къуэдзокъуэ Лэкъумэн папщIэ



1837 гъэм Московскэ университетым и тхылъ тедзапIэм урысыбзэкIэ къыщыдэкIащ тхылъ пIащIэ цIыкIу, и жинтым «Шэрджэс ныбжьыщIэм и усэхэр» жиIэу тету. Илъэсищэрэ плIыщIрэ дэкIа нэужь, а тхылъыр архив хъумапIэ гуэрым къыщигъуэтыжащ тхыдэдж цIэрыIуэ, щIэныгъэхэм я доктор Къумыкъу Тыгъуэн. Къумыкъур куэд щIауэ йолэжь адыгэхэм я тхыдэм, абы къыдэкIуэу лъэпкъыр щIэныгъэмрэ тхылъымрэ ирашэлIэн мурадкIэ блэкIа лIэщIыгъуэм Iуэхугъуэшхуэ зылэжьа цIыхухэм я гъащIэр джыным. «Хэт хъуну Къуэдзокъуэр?» А упщIэр къызыбгъэдэкIа И. Андрониковым, Къумыкъум, нэгъуэщI къэхутакIуэхэм я жэрдэмкIэ дэ иджыпсту тхузэфIэкIынущ лъэпкъ културэм лъэужь куу къыхэзына адыгэлIым и гъащIэм зымащIэкIэ дыкIэлъыплъыжын.

Къуэдзокъуэ Лэкъумэн 1818 гъэм Абыкъухьэблэ (иджырей Кисловодск пэмыжыжьэу) адыгэ къуажэм къыщалъхуащ. Абы и адэ Мыхьэмэт уэркъ лъэпкъ, лIы губзыгъэу къыщIэкIынти, щIэныгъэм хуэпльэрт. 1830 гъэм ар Бытырбыху макIуэ Кавказ бгырысхэм я эскадрон никъуэкIэ зэджэм къулыкъу щищIэну. 1848 гъэм Къуэдзокъуэ Мыхьэмэт и узыншагъэм къызэремызэгъым къыхэкIыу къулыкъур къегъанэ, куэд дэмыкIыуи, 1849 гъэм октябрым и 12-м, ар дунейм йохыж. Мыхьэмэт къыщIэнауэ щытащ и щхьэгъусэ ХьэIишэтрэ бынихрэ. Нэхъыжь дыдэр Лэкъумэнт.

Къуэдзокъуэр языныкъуэхэм къалъытэ мэкъумэшыщIэм къыхэкIауэ, арщхьэкIэ щIалэм Московскэ университетым и унафэщIым деж иригъэхьа лъэIу тхылъым ар «шэрджэс тумэхэм» ящыщу итщ.

Лэкъумэн илъэсихым иту урыс усакIуэ А. С. Хомяковым и анэр

# Япэ адыгэ тхакIуэхэр

Псыхуабэ къыщыхуозэри къан ещI, Москва здешэ, 1830 гъэм чыристан диным йохьэри Дмитрий цIэр къыфIащ. Унагъуэ зыхыхьар щIалэм икъукIэ къыхуогумащIэ, быным ещхьу къалъагъу, а зэманым зэрыхабзэти, инджылыз гъэсакIуэ гуэри къыхуащтэ. Бынунэр СарэкIэ зэджэу щыта а цIыхубзым теухуауэ Къуэдзокъуэм итхыжыгъащ: «Абы гуапагъэрэ гумащIагъэу сэ къысхуиIар къызыбгъэдэкIын щыIэкъым, зи бын хуэгумыгъуэ анэм фIэкI».

ПIалъэр къыщысым, щIалэр ират а гъэхэм цIэрыIуэу щыта пансион гуэрым. Мыбы Лэкъумэн щедж урысыбзэр, латиныр, алыджыбзэр, франджыбзэр, нэмыцэбзэр, инджылызыбзэр, дин Iуэхур, физикэр, логикэр, риторикэр, географиер, статистикэр, тхыдэр, математикэр, щыгъуазэ зыхуещI сурэт щIынымрэ музыкэмрэ. Пансионыр 1834 гъэм зэпэщу къиуха нэужь, ар Московскэ университетым щIотIысхьэри еджакIуэ нэхъыфI дыдэхэм ящыщ мэхъу, урыс, хамэ къэрал литературэхэр кууэ зрегъащIэ, щIэныгъэшхуэ зэригъуэтыным йолIалIэ.

Адыгэ щIалэр щеджа илъэсхэр Урысейм и цIыху пэрытхэр къыщыуш лъэхъэнэт. Ар революционнэ демократиер щызэрыубыд зэманти, пщылIыпIэр къутэн къалэныр псоми зыхащIэрт, ауэ сыт хуэдэ IэмалкIэ къутапхъэт? А упщIэм жэуап зэрырат елъытауэ мыбы къыщызэфIоувэ гупитI. Зыр «славянофилкIэ» зэджэрт. Мыбыхэм къагурыIуэрт Николай Езанэм и пащтыхьыгъуэм лей куэд зэрызэрихьэр, ауэ пщылIыпIэр тетхэм я унафэкIэ Iэдэбу Iуихын хуейуэ къагъэувырт, нэгъуэщIу жыпIэмэ помещикхэмрэ дворянхэмрэ «химылъэфащэу». Апхуэдэр зи мурадхэм ящыщт Къуэдзокъуэм адэ папщIэ хуэхъуа А. С. Хомяковыр, нэгъуэщI зыбжанэ. НэгъуэщI зы гупи щыIэт пщылIыпIэр бэм я къарукIэ зэхэкъутауэ тхьэмыщкIэр щхьэхуит къэщIыныр, щIыр зэхуэдэу абыхэм яхуэгуэшыныр я гуращэу. Апхуэдэхэм «западник» фIащат. А гупитIыр зэныкъуэкъуурэ щызэщIэхъае «абгъуэм» ещхь хъуат Московскэ университетри. ГурыIуэгъуэщ гулъытэ жан зиIэ адыгэ щIалэр а псом лъэныкъуэкIэ зэрыхущымытар. Абы университетыр къеух «студент нэгъэса» цIэр иIэу, щалъхуа хэкум къегъэзэж икIи, зэрыхуагъэфащэмкIэ, Кавказым щыхуозэ М. Ю. Лермонтовым. И. Андрониковым къигъуэтащ 1840 гъэм Лермонтовым Кавказым къыщыздрихьэкIа альбом гуэр. Альбомым итщ: «Лукман Бек-Мурзин Кодзоков. Дмитрий Степанович Кодзоков. Пятигорск, 89». Ар Лермонтовым итхакъым, зытхар езы Къуэдзокъуэрщ, ауэ итхынкIэ щIэхъуа щхьэусыгъуэр иджыри зэIубзкъым. Кавказым зи гъащIэ псор епхауэ къекIуэкIа усакIуэшхуэм Къуэдзокъуэр хуэмыпэбгъэнкIэ Iэмал иIакъым, Москваи Бытырбыхуи щекIуэкI къэхъукъащIэ псоми ар щыгъуазэу зэрыщытар къэплъытэмэ. Хомяковым е Самариным хуэдэхэм я фIыгъэкIэ Лермонтовми зэхихагъэнщ Къуэдзокъуэм и хъыбар.

1839 гъэм Къэбэрдейм къегъэзэж Къуэдзокъуэм, къыщIэкIуэжа мурадыр ди дежкIэ иджыри мыIупщIми. Лъагъунлъагъу къудейуи къыщIэкIынкIэ хъунщ. Къумыкъу Тыгъуэн зэрыжиIэмкIэ, Къуэдзокъуэм 1840 гъэм щыщIэдзауэ къигъэщIа псор Кавказым щрихьэкIауэ Андрониковым зэрилъытэр тэмэмкъым. Къумыкъум къигъуэтащ абы щыхьэт техъуэ тхылъхэр. Къапщтэмэ, 1856 гъэм Къуэдзокъуэм, Бытырбыху къулыкъу ищIэу здэщыIэм, коллежскэ асессор цIэр къыфIащ.

Бытырбыху щыдэса лъэхъэнэм Къуэдзокъуэр литературэм пыщIа цIыхухэм гъунэгъу яхуохъури и дуней еплъыкIэри нэхъ зэроубыд. Абы

теухуауэ 1911 гъэм М. Абаевым итхыгъащ: Лэкъумэн «и щIалэгъуэр лIэщIыгъуэ блэкIам и 40 гъэхэм литературэм псэ хэзылъхьэ цIыхухэм япыщIауэ иригъэкIуэкIащ, щIэныгъэшхуи иIащ, и гупсысэхэри демократием хуэунэтIауэ щытагъэнущ». А зэманым и пэшэгъуу щыта цIыху пэрытхэр къэплъытэмэ, Къуэдзокъуэр щыгъуазэ мыхъуу къэнакъым В. Г. Белинскэм, М. Ю. Лермонтовым хуэдэхэм я тхыгъэхэм, 30-40 гъэхэм екIуэкIа бэнэныгъэм. А псом, И. Андрониковым зэрыжиIэмкIэ, хэхъукIын хуеящ акъыл ехьэжьарэ щIэныгъэшхуэрэ зиIэ цIыху.

Пэж дыдэуи, Лермонтовым и цIыхугъэу щыта щIалэм егъэлеяуэ зиужьырт. Ар хуэшэрыуэт Урысеймрэ къухьэпIэ къэралхэмрэ я литературэм, урысыбзэм апхуэдизкIэ хуэIэзэти, франджыбзэкIэ тха лэжьыгъэхэр щыстудентами зэридзэкIыфырт.

А лъэхъэнэм Къэбэрдейм Iуэхугъуэшхуэ гуэри щекIуэкIакъым Къуэдзокъуэр хэмылIыфIыхьу. Пащтыхь унафэкIэ щIыр щIэрыщIэу щагуэшыжым щыгъуэ уэркъыгъэр зыбгъэдэлъхэм дестынэ 300-м щыщIэдзауэ 1500-м нэс хухахырти, Къуэдзокъуэм ар игу темыхуэу зыкъиIэтыгъащ. Ар япэщIэувэфырт пащтыхь дзэпщхэм, Кавказым щрагъэкIуэкI политикэр залымыгъэу къилъытэу, Кавказым и лъэпкъхэр Тыркум зэрагъэIэпхъуэр имыдэу. «Кавказ лъэпкъхэм я тхьэмыщкIагъэщ а Iуэхур, щыуагъэкIэ къагъэпцIа цIыхухэм ар я хьэдрыхэщ», – итхыгъащ Къуэдзокъуэм.

Бгырыс гуащIэрыпсэухэм я гъащIэр кууэ къипщытэфырт Къуэдзокъуэм. Абы илъагъурт цIыхухэр мылъкукIэ зэрызэхуэмыдэр, тепщэхэр зэрыщыкIыр, тхьэмыщкIэхэр кIуэтэху зэрыдакъузэр, ауэ залымыгъэм пигъэув Iэщэу къигъэсэбэпыр щIэныгъэрт. БлэкIа лIэщIыгъуэм и 30-60 гъэхэм Къэбэрдейм щIэныгъэр тепщэ щыщIын лэжьыгъэм бжьыпэр щызыIыгъар Нэгумэ Шорэрэ ХьэтIохъущокъуэ Къазийрэщ. Къуэдзокъуэр ягуохьэ абыхэм.

Ар, лъэкI псори къигъэсэбэпурэ, куэдкIэ дамэгъу хуэхъуащ ХьэтIохъущокъуэм: дзэм къулыкъу щищIэну ираджэ хъумэ, пIалъэкIэ къригъэлырт, и тхыгъэхэр дунейм къытехьэнымкIэ дэIэпыкъурт. Къуэдзокъуэмрэ ХьэтIохъущокъуэмрэ куэдрэ я чэнджэщ зэрахьэлIэрт хэкум и псэукIэмрэ и культурэмрэ егъэфIэкIуэным пыщIа лэжьыгъэхэмкIэ.

1866 гъэм Iуэху къаIэтауэ щытащ адыгэбзэрэ тхэкIэмрэ къуажэхэм щезыгъэджыфын цIыху щагъэхьэзыр школ къызэIуахыну. А Iуэхум хэлIыфIыхьащ Къуэдзокъуэр. Ар унафэщIхэм йолъэIури ХьэтIохъущокъуэр Налшык къегъанэ, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ «а Iуэхуит Iыр – школ къызэIухынымрэ дзэм къулыкъу щыщIэнымрэ – зэдэхьыгъуейт, а тIум нэхъапэ игъэщыпхъэри къыхэпхыну тыништэкъым». А письмом Тэрч областым и Iэтащхьэм къытретхэ ХьэтIохъущокъуэр Къэбэрдейм къэнэну хуиту. Дзэм и къулыкъущIэхэр зыкIи хуейтэкъым бгырысхэм я школи я щIэныгъи; Къуэдзокъуэр дэIэпыкъуэгъу мыхъуамэ, ХьэтIохъущокъуэм къиIэта Iуэхури лъэлъэжат.

Къуэдзокъуэр куэд еджэ цIыхут. Къулыкъум къыдэмыхуэ пэтми, ар тхылъым бгъэдэс зэпытт, дэнэкIи къыщыдэкIыу хъуар къыIэрыхьэрт, езыри мыувыIэу газетхэмрэ журналхэмрэ тхэрт.

И тхыгъэхэр политикэм, экономикэм, нэгъуэщI Iуэху зэшыгъуэхэм теухуа пэтми, Къуэдзокъуэм икъукIэ берычэту къигъэсэбэпырт литературэ тхэкIэм и фащэхэр, абы и сэбэпкIэ, зытепсэлъыхьыр дапщэщи нэгум къыщIэувэрт, еджэхэм псэкIэ зыхащIэрт. Абы и тхыгъэхэм хэпхъат

Франджым, Инджылызым, нэгъуэщI къэралхэм я литературэхэм щыщ псэлъафэхэмрэ нэщэнэхэмрэ.

Псом хуэмыдэжу IуэхугъуитIым хуэнэхъуеиншэт Къуэдзокъуэр: мэкъумэш IэщIагъэм цIыхухэр хуегъэджэнымрэ бгырыс гуащIэрыпсэухэр щIэныгъэм хуэгъэтэджынымрэ.

1867 гъэм Владикавказ ремесленнэ еджапIэ къыщызэIуаха нэужь, Къуэдзокъуэм и щIапIэр абы щеджэхэм яхуеутIыпщри щIэныгъэр нэрылъагъуу къызэрагъэсэбэп Iэмалхэм ирегъасэ. ЕджапIэм зи нэIэ тетхэм ящыщт езы Къуэдзокъуэр. Зэгуэр абы и унафэщI ящIынуи къаIэтыгъащ. 1887 гъэм училищэм абы ирет щIыуэ дестынибгъум нызэрыхьэс, хадэ бэгъуа тету, псэуалъэри Iэмэпсымэри и гъусэу. А псори зэхэту сом миниплI и уасэт. Кавказ округым и унафэщIым абы щхьэкIэ фIыщIэшхуэ къыхуищIыгъащ Къуэдзокъуэм.

ЕтIуанэ мураду Къуэдзокъуэм иIащ бгырысхэр урысыбзэм ешэлIэныр. «Урысыбзэр шэрыуэу щIэнымрэ сэбэп къэзыхь наукэхэр джынымрэ Кавказым ис лъэпкъхэм я дежкIэ гъэтIылъыпIэ зимыIэ къалэнщ», – жиIэрт абы емышу.

ЦIыху гумызагъэу, зэIусэм псэ хелъхьэ жыхуаIэу щытащ Къуэдзокъуэ Лэкъумэн. Абы псэкIэ зыхищIэрт бгырысхэр щIэныгъэншэу щытыху, зэманым дэбакъуэу зэрымыпсэуфынур.

1869 гъэм щIым теухуа реформэр ягъэхьэзыра нэужь, Къуэдзокъуэр ягъэув Тэрчрэ Кубанрэ щхьэкIэ къызэрагъэпэща Сословнэ комиссэм и унафэщIу. А комиссэм и лэжьыгъэр Къуэдзокъуэм итхыжауэ щытащ напэкIуэцIи 130-рэ хъууэ. Тхыгъэр нобэми къагъэсэбэп а лъэхъэнэм елэжь тхыдэджхэм.



И ныбжьыр илъэс хыщIым щхьэдэха пэтми, Къуэдзокъуэм 80 гъэхэми къигъанэркъым къулыкъур. Комиссэм и унафэщIу къонэ, мылъкукIэ хуэмыщIауэ псэуми. 1882 гъэм абы и узыншагъэр нэхъыкIэ мэхъу...

Къуэдзокъуэм и гъащIэр зэриуха щIыкIэр иджыри тэмэму зэIубз хъуакъым. 1887-1888 гъэхэм къыдэкIа «Кавказский календарь»-м ар ищхьэкIэ зи гугъу щытщIа комиссэм и унафэщIу итщ, 1889 гъэм а къулыкъур «зеиншэу» къонэ, 1891 гъэм а календарым иратха цIыхухэм Къуэдзокъуэр хэтыжкъым. Къумыкъу Тыгъуэн зэритхымкIэ, Къуэдзокъуэ Лэкъумэн 1893 гъэм Владикавказ щылIащ.

... Щхьэж и Iуэху еплъыкIэкIэ дауэ зэщхьэщыкIами, бгырысхэм я деж илъэсищэ блэкIам «къыщебла» культурэм и лэжьакIуэ пашэхэм я нэIэ нэхъыбэу зытетар тхыдэ, этнографие, IуэрыIуатэ, бзэ хуэдэхэрщ. Абыхэм яхозагъэ Къуэдзокъуэ Лэкъумэни.

Университетыр къиухыу щалъхуа хэкум къигъэзэжа нэужь, ар гурэ псэкIэ дихьэхауэ йолэжь и лъэпкъым и псэукIэр кууэ джыным, хэкур зыхуэныкъуэмрэ зыхуэкъуагуэмрэ къыгурыIуэным. Къуэдзокъуэм тыншу гъунэгъу захуещI щIыпIэм ис бгырыс пэрытхэмрэ урыс цIыху хьэлэлхэмрэ, абыхэм я жэрдэмыр къигъэсэбэпурэ тхыдэр щызэхуэхьэса архивхэр щIеджыкI, уэрэдыжь, хъыбарыжь хуэдэхэр етхыж, тыркубзэмрэ тэтэрыбзэмрэ зрегъащIэ, анэдэлъхубзэр едж. А IуэхухэмкIэ Къуэдзокъуэм дэIэпыкъуэгъушхуэ къыхуэхъуахэм ящыщщ Нэгумэ Шорэ. Мыбы и чэнджэщкIэщ щIалэм адыгэбзэр джын зэрыщIидзар. ИужькIэ, бзэм и щэхухэр къищIа нэужь, Къуэдзокъуэрщ Шорэ и лэжьыгъэхэр япэ дыдэ щIиджыкIыу зэпкърызыхар.

Адыгэ щIалэм и мурадащ бгырысхэм я гъащIэм теухуа лэжьыгъэш-

хуэ итхыну. Кавказым щрихьэкIа илъэс ныкъуэм къриубыдэу абы куэд хузэфIэкIащ хэкур джынымкIэ, абы и этнографиемрэ тхыдэмрэ епха нэщэнэхэр зэхуэхьэсынымкIэ.

Къуэдзокъуэм и усэхэр зэ еплъыгъуэкIэ къыпщохъу Кавказым щригъэкIуэкIа гъащIэмрэ лэжьыгъэхэмрэ зыкIи емыпхауэ. Пэжу, усэхэм хэткъым Кавказым и теплъэгъуэ нэрылъагъуи, бгырыс псэукIэм пыщIа фащэ щхьэхуи, а зэманым екIуэкIа гъащIэм и дамыгъэ гуэрхэри. Усэхэм я IэпкълъэпкъыркъызэщIиубыдэу зы зыщIыр мурад абрагъуэхэмрэ хъуэпсапIэ жыжьэхэмрэ зи псэр ета щIалэрщ. Мыбы и гупсысэхэмрэ и дуней еплъыкIэмрэ къыбгурыIуэн щхьэкIэ, гу лъытапхъэщ 30-40 гъэхэм щыгъуэ урыс романтизмэм игъафIэу щыта макъамэхэм Къуэдзокъуэм и усэхэр зэрыщIэтэджыкIым. Романтизмэм къыдалъхуа псэлъафэхэмрэ нагъыщэхэмрэ щымыгъуазэм дежкIэ абы и лирическэ лIыхъужьыр пщIыхьэпIэ мыIупщIым хэтэджыкI хуэдэщ. А цIыхум езым и гъащIэ нэрылъагъу имыIэжу, лъэпкъ гуэри къыхэмыкIауэ, къиIуатэ гупсысэхэм тегъэщIапIэ гуэри ямыIэу, къезыхуэкI хъуэпсапIэхэри убыдыпIэншэу, пкъыншэ-псэншэу къыщыхъунщ усэхэр зытхам и гъащIэм щымыгъуазэм.

Къуэдзокъуэм и усэхэр щитхар езыр Московскэ университетым щыщIэса лъэхъэнэрщ. Тхылъыр къыщыдэкIам, ар ещанэ курсым хэст.

ЩIэныгъэмрэ литературэмрэ куэд щIауэ къызыдэгъуэгурыкIуэ Хомяковхэ я унагъуэм хэхъукIа щIалэр университетым зэрыщIэхуэу нэгъуэщI дуней техьа хуэдэу къыщIедз. Декабристхэм я лъэужьым хуэпэжа Белинский, Герцен, Огарёв, Лермонтов хуэдэхэрщ а лъэхъэнэм университетым псэ хэзылъхьэу щытар. Хуэбгъэфащэ хъунущ абыхэм яжь Къуэдзокъуэми къыщIихуауэ. Ауэ шэч зыхэмылъыжыр зыщ: Къуэдзокъуэм и лIыхъужьым япэ хъуэпсапIэу иIэр хуиту гупсысэнырщ, дахагъэм хуэпабгъэнырщ, абыхэм щIэбэнынырщ. Абы и гуращэщ къару фIыщIэ зэщIэзыIыгъэхэм ятекIуэныр, и дунейр мыхьэнэншэу иримыхьэкIыныр, и лъэужь мыгъуащэ щIы щхьэфэм къытринэныр. КъыгуроIуэ бзаджэм пэщIэмытыфыр фIыгъуэм зэрыпэIэщIэр. Усэхэм щышэщIа а макъамэ ткIийр а лъэхъэнэм щыIа урыс романтизм пэрытым и джэрпэджэж хуэдэу мэIу. Лирическэ лIыхъужьыр щалъхуа хэкум, щIапIэжьым зэрыхуэхъуапсэм тэмэм ещI Къуэдзокъуэм и усэхэр джэрпэджэж къудейуэ къэмынэу, езым и гъащIэм зэрыхэхъукIар. ИкIи дэ къыдгуроIуэ мурад лъагэхэр зи нэщэнэ щIалэм и хэкум къигъэзэжа нэужь, а хэкум и насыпым хуэунэтIа лэжьыгъэм гукIи псэкIи зыщIритыр.

Хэт ищIэн, мы тхылъ цIыкIум и мызакъуэнкIэ хъунщ Къуэдзокъуэм литературэм къыхинар. Къумыкъу Тыгъуэн и фIыгъэкIэ дунейм къытехьэжа мы усэ мащIэхэми къызэIуах ди лъэпкъ тхыдэмрэ культурэмрэ нэхъри къэзыгъэнэху налъэ дахэ. Ахэр щыхьэт лей тохъуэ ди литературэр лIэщIыгъуэ блэкIам къызэфIэувэну къыщеIэм щыгъуэ Урысейм и къару пэрытхэр тегъэщIапIэу зэриIам.

Сэ икъукIэ сыдихьэхауэ икIи сфIэгъэщIэгъуэну зэздзэкIащ Къуэдзокъуэ Лэкъумэн и усэхэр. СызыщIэхъуэпса дахагъэм схунэмыгъэсами, си гуапэт си лэжьыгъэр зымащIэкIэ нэхъ мыхъуми тхылъеджэхэм гунэс ящыхъуну.

**СОКЪУР Мусэрбий**
*1989*



4 Заказ № 160

*Усэхэр* КЪУЭДЗОКЪУЭ Лэкъумэн

## ПСЫ ЦIЫКIУ

**Къум дэгу мэзыншэу губгъуэ джафэм**
**И псыпэр пIащIэу ныпхегъэкI.**
**Гъуэгу нашэкъашэм и унафэм**
**ТекIын а псыпэм хулъэмыкI.**

**Зэшыгъуэщ, фэншэщ пшахъуэщI губгъуэр.**
**Ауэ псы цIыкIум макъ тхьэгъуш**
**Дунейм хуегъаджэ и щIэщыгъуэу,**
**КъыфIэщIу къумыр къигъэуш.**

**А макъыр зыхищIэнущ псэкIэ,**
**Къихьам къум нэщIым хьэщIэ гуэр.**
**Псы цIыкIум къекIуэлIэн хулъэкIым,**
**ЩIэнами, щIэкIыжынущ лъэр.**



**Пшахъуалъэ гъуэгукIэ къумыжь псэншэм**
**Нэрыгъыу щхьэ укъилъэда?**
**Сыт зыхуэпабгъэр уи псэ зэшыр?**
**Мураду батэр зыхуэбгъэшыр**
**Къэплъагъуу уи гур хуэлыда?**
**. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .**
**Модэ жыжьэу къыр задэжьхэм**
**АдэкIэ хышхуэр щоукъубей;**
**И толъкъунхэр къызэдэжэм,**
**Iуфэ гъагъэр яугъуей.**

**Псы щымыIэ хым хуемыIэ,**
**Зэрынэсуи хокIуэдэж...**
**Мы псы цIыкIури, псэху имыIэу,**
**Губгъуэм пхожри, хым мэкIуэж.**

## ЖЭЩ

**Махуэм псэху имыIэу лажьэри,**
**Дуней псор хыхьакIэщ пщIыхь.**

# Япэ адыгэ тхакIуэхэр

**Уэгур нэхущ, мыбауэ жьапщэри,**
**Лъэ макъ гуэри къэмыцырхъ.**

**КъэIукъым бзум я лъатэ макъи,**
**Я уэрэди зэхыумых.**
**Мазэр плъыр мыгъуэлъщи, сакъыу**
**Гуэл жеяхэм къахуоплъыых.**

**Гуащэ фагъуэрщ вагъуэ бынхэм**
**Жей имыIэу къахэнар.**
**Уафэ губгъуэм иIэ гъунэ? –**
**КIуэнырщ, кIуэнырщ къыхуэнар.**

**Жэщ вагъуэбэм зиущэхуамэ,**
**Сыт дахагъкIэ къыпэхъун?**
**Мазэм и фэр тIэкIу пихуамэ,**
**Щхьэусыгъуэ иIэ хъунщ...**

**СфIэфIщ си нэгум мазэр къипсэу**
**Жэщ даущым сыхэтын.**
**Фагъуэ пэтми, ар си гъусэм**
**Си хъуэпсапIэр сфIощI згъуэтын.**

**СфIощIыр мазэр тхьэусыхэу**
**Къылъысахэм хуэшхыдэж,**
**Ар бзаджащIэм къахуеплъыхыу**
**Iуэху фIей куэдым къатебгэж.**

**Абдеж си гур ходзэкъыкIыр,**
**КъысхуэмыщIэу къыщыщIар.**
**Си бгъэр хьэлъэу хощэтыкIыр,**
**Схуэмыубыду нэпс къепщIар.**

**Ауэ мес, мэлыдыр вагъуэр,**
**Я нэ цIыкIухэр ягъэджэгу.**
**Уи щхьэр, жаIэ, щхьэ уи жагъуэ?**
**Нэщхъеягъуэр щIы уи лъэгу!**

**Гукъыдэжым къегъэзэжыр,**
**Бгъэри хуиту мэбэуэж.**

**Мурад IэфIхэр зэщIонэжри,**
**Бзийхэм пшагъуэр ныхесхьэж.**

**Ауэ нурыр куэдрэ блэркъым:**
**Махуэр къосри, уэгу пхъэнкIам**
**Ирехху вагъуэр зигъэуэркъыу,**
**СIэщIех гугъэуи сIункIар...**

**Жэщ вагъуэбэм зиущэхуамэ,**
**Сыт дахагъкIэ къыпэхъун?**
**Мазэм и фэр пихупамэ,**
**Щхьэусыгъуэ иIэ хъунщ...**

## ГЪЭР ЩIАЛЭМ И ПЩIЫХЬ

**Сыщалъхуа Хэкуу адэжь лъахэ!**
**Услъагъуэжыну пIэрэ зэ?**
**Куэд щIауэ си гум щызгъэфIахэр**
**СхуащIакIэщ нобэ дэкъузэн.**



**Дахагъэт, гъащIэт, лъагъуныгъэт**
**ИгъащIэм си псэм и нэрыгъыр.**
**А хъуэпсхэм сэ сызэщIаIыгъэу**
**Уэгу щхъуантIэм куэдрэ сыдоплъей.**

**Хьэтыр схуищIэнкIэ сыщыгугъыу**
**Iустазу сиIар мы дунейрщ.**

**Уэгу щхъуантIэ хуиту гъунапкъэншэр**
**Гурылъхэм лъахэ яхуэхъун?**
**Си хэкурщ си насып мыгуэшыр —**
**Абы дахагъкIэ сыт пэхъун?!**

**Хьэуэ, щыIэнкъым щIы хъурейм**
**Апхуэдэ пшэплъ, апхуэдэ уэгу,**
**Апхуэдэу хъупIэхэр щыбей,**
**Апхуэдэу фIыгъуэхэр зи нэгу!**

**. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .**

**Ныбжьэгъу пэжагъкIэ збгъэдэтахэ!**
**Дапщэщ дызэрыгъуэтыжын?**

# Япэ адыгэ тхакIуэхэр

**IэфIагъыу ди псэм щыдгъэфIахэр,—**
**Мурад мыункIыфIу къытхуэблахэр —**
**Дапщэщи зэхуэтIуэтэжын?**
**. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .**
**Сыщалъхуа Хэку, сыщалъхуа Хэку!**
**Дапщэщ сыдыхьэжын уи жьэгу?**
**. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .**
**Ихуауэ бийхэм я IэмыщIэ**
**Арт зэгупсысыр гъэр щIалэщIэр.**

**Ауэ Морфейр абы къытоуэ,**
**ЛъэмыкIыу напIэр фIызэтоуэ.**
**Арыххэу щIалэр хэжеяуэ**
**Елъагъу и Хэкум ихьэжауэ:**

**И пащхьэм губгъуэр щощIэращIэ,**
**Псынэпсу къабзэщ уафэ лъащIэр,**
**Псэ пыт къыфIощIыр псыежэххэм,**
**Хэкум и IэплIэр къызэIуехыр.**

**Нэгу зэIухакIэ къыпежьауэ,**
**Къудамэр жыгхэм къыхуаший,**
**Гупсысэ Iэджэм а жыг жьауэм**
**ЩагъэIущакIэщ щысабийм.**

**Адэжь и унэр щIапIэм итщи,**
**Ар щIалэм тыншу къегъуэтыж,**
**Зэман блэкIахэм и щхьэ хуиту**
**ИгъэлъэпIахэр игу къокIыж:**

**Зэхуос аргуэру и ныбжьэгъухэр,**
**IэфIагъкIэ зэ къыдэгуэшар;**
**УпщIэн-усэныр ямыужэгъуу**
**Я псэм ныхуахьыр къэкIуэжар.**

**Гъэр щIалэм зыхуэмыубыдыжу**
**IэщIокIыр псэр — лъэтэн къудейщ.**
**Насып мыухыр и Iэдэжщи,**
**ТIэкIу къозэвэкIыр мы дунейр.**

**Йохъуэхъу ар Хэку къыздихьэжами…**
**Ауэ, сыт, пщIыхьыр мэбзэхыж;**
**ФIэфIат ар тIэкIу илъагъужамэ,**
**АрщхьэкIэ, плъэкIмэ, къэубыдыж.**

**Насып уэсэпсыр гъуэщыжащи,**
**Зэрошх гъуэщI лъэхъур, зигъэхъейм.**
**Хьэпс куум щыгызу щIидзэжами,**
**Пэджэжкъым зыри щIалэ хейм.**

## КЪУРШ ПСЫДЗЭ

**Мэлъащэ къурш псыдзэр,**
**Къыр зэвхэм поджэж,**
**Тхъурымбэр зэрихьэу**
**МэхъущIэ, мэщатэ;**

**ЙоупщIыр мывэжьхэм,**
**ЕщIыфыр Iэдэж;**

**ХъыжьагъкIэ и гущхьэр**
**Бэгауэ мэятэ.**

**ЩIыхь хуэлъэщ а псыдзэр,**
**Бгъуэтынкъым пэхъун;**
**ХыфIехуэ и ткIуэпсхэр,**
**Губжьауэ мэгъуахъуэ;**

**ХулъокIыр къыр бгыжьыр**
**Икъутэу щIэпхъуэн,**
**Мэкъу пыпхъуэ къыфIэщIу,**
**ЩIы фIыцIэм щIобжьахъуэ.**

**И бийхэм текIуауэ**
**И макъыр иIэт**
**ПфIэщIынущ пелуаным,**
**Къыхуэзэр хегъащIэ;**

**Уэгу щIагъыр лъэщагъкIэ**
**КъещIыфыр щыхьэт,**

# Япэ адыгэ тхакIуэхэр

**АрщхьэкIэ, лъэмыкIыу,**
**Ар тафэм хуопIащIэ.**

**Еужэгъур бгыжь щхьэхухэр**
**А псыдзэу губжьам.**
**Ныхуожэ губгъуэшхуэу**
**ЖэнэткIэ гъэнщIам.**

**Зы пщIани къыщыкIыу**
**Къуршыщхьэм плъагъункъым,**
**Гъэгъауэ зы тхьэмпи**
**А щыгум щымыхъу.**

**Дыгъэпсыр щыдзакъэм**
**ЖьауапIэ бгъуэтынкъым,**
**Бгъуэтынкъым зы лъхуадэ —**
**Ухуейми къэлъыхъу.**

**Мывэджэу домбейхэм**
**Я гъащIэр я гъабгъэщ,**
**Мыл къартхэм я дзакIэм**
**Уэсукхъуэр пощэщ.**

**Къурш лъабжьэм гъэ къэскIэ**
**Губгъуэшхуэр щогъагъэ,**
**Къаруи ар хуейкъым**
**Дахагъым нэхъ лъэщ.**

**Хъуэпсэгъуэщ, гуакIуащэщ,**
**ЩэныфIэщ а тафэр;**
**Къурш псыдзэр Iэдэбу**
**КуэщI бгъуфIэм йохьэж;**

**Къыр лъабжьэм къилъхуами,**
**Арщ иIэр хъуэпсапIэу,**
**Мыл щIыIэм и бынми,**
**Ар тафэм хуэпэжщ.**

**АтIэ сыт псы Iэлыр**
**IэрыпIу щIэщэхур?**

**Зыгуэрым и жагъуэ**
**КъищIауэ нэщхъей?**

**Хуэм-хуэму ар макIуэ,**
**КъыпфIощIыр кIуэтэхукIэ**
**Щалъхуауэ бгы лъахэр**
**Щинэну хуэмей.**

## ТЕНДЖЫЗ

**Фыхэплъэм тенджызым:**
**Сыт хуэдэу ар щэху!**
**Губжьауэ зэгуэрым**
**Зишхыжырт, зифыщIырт,**
**Иджы игъуэлъыкIри**
**Жеяуэ мэпсэху,**
**ЗекIуэлIым жыр афэ**
**ТепIауэ къыпфIэщIу.**



**Дунейм ар и тепщэщ.**
**Къэрали лъэпкъ Iэджи**
**Зэхэту хъуэхъуфIхэр**
**А хахуэм хуаIэт.**
**Пащтыхьи лIыхъужьи**
**Тенджызым хуотэджыр,**
**БэуэнкIэ дзыхьмыщIу**
**ЩIалэщIэр бгъэдэтщ.**

**АтIэ щхьэ зиущэхурэ?**
**Толъкъуну къебэкIыр**
**ИупцIу ар Iэщэм**
**Епхъуэну лъэмыкIрэ?**
**Губжьалъэу и нэгум**
**Iэсафэ теуауэ**
**Щхьэ щылъ ар, бланэпкъыр**
**Щхьэхыным щIихауэ?**

**Лъыр лъынтхуэм ипцIыхьмэ,**
**Iэпкълъэпкъыр мэдийри,**

**Хахуагъэр иужэгъум,**
**Хуэмыхуу лIыр къонэ,**
**Арщхьэкlэ зиIэтрэ**
**Абы зиукъуэдиймэ,**
**Дунейм и щыпэлъхур**
**Зытетым къытонэ.**

**Лъыр лъынтхуэм ипцIыхьу**
**Дияуэ къэнакъым;**
**Хахуагъэр иужэгъуу**
**Хуэмыхуи ар хъуакъым.**
**Iэдэбу къыпфIэщIыр**
**И теплъэм и закъуэщ.**
**Къарууэ игъэпщкIум**
**ИмыIэ гъунапкъэ.**

**Тенджызым и теплъэр**
**Мамырмэ, нэхъ екIущ,**
**Арщхьэкlэ и лъащIэм**
**Губжь Iэджэ щегъэпщкIу.** **57**

**ГУБГЪУЭ**

**Пшахъуалъэм и губгъуэр**
**Зэшыгъуэщ, нэщхъейщ,**
**Хьэдащхьэм сын пцIанэ**
**Щхьэщытми ярейщ.**

**А губгъуэм лIэныгъэр**
**Щызеуэ къыпфIощI;**
**Псэ закъуи щыплъагъукъым**
**Къум нэщIым и куэщI;**

**Жьыгъуркlым а пшахъуэр**
**Зэрехьэ, еухуэнщI;**
**Ар жьыбгъэм и гъыбзэрщ –**
**Зэхэпхкъым нэгъуэщI.**

**Йодзакъэ ар гущIэм,**
**ГуIэгъуэм хущIэбжэу,**

**Ар пщIэнкъым лIар и псэм**
**КIэлъыджэу фIэкIа.**

**Псэ пыту мы губгъуэм**
**Зыгуэри къыхуэжэм,**
**ЙокIуадэ, бэуэгъуэ**
**Ихуэн лъэмыкIау.**

**Мыбы джэрпэджэжыр**
**Къутахуэу къыщысми,**
**Ар пшахъуэм етхьэлэ,**
**ХуэпIащIэу ишхын;**

**МэкIуэдыр дыгъэпсым**
**И дамэр зэIуси:**
**Къамэпэщ — хулъокIыр**
**Гум нэскIэ пхыкIын.**

**Жьауэншэщ къум нэщIыр,**
**ЩымыIэ гъэпщкIупIэ.**
**Мы щIыпIэм укъихьэм —**
**ПхуэхъуакIэщ кIуэдыпIэ.**
**. . . . . . . . . . . . . . . . . . . . .**
**ЖьыгъуркIыр мэушри**
**Пшахъуалъэм йофий;**
**Уэгу-щIыгур кIыфIыгъэм**
**Дакъикъэм есей.**

**Тоужыр борэнри**
**Къум нэщIыр мэдий,**
**Псэ пыту щIы щхьэфэм**
**ТемытыIа нэхъей.**

ЕЛГЪЭР Кашиф

# ЛЪАГЪУНЫГЪЭМ И БЗЭ

*Повесть*



ЕпщIанэ классыр къыщыдухым... Си классэгъуу щытахэратэкъым, атIэ ныбжькIэ сэ къыслъэщIыхьэжахэрат иджы сызыдеджэхэр. Сэ дохутыр, сымаджэщ, Iэзэ-гъуазэ жаIэу сыкърашэкIыурэ, си классэгъуу щытахэм илъэситI ипэкIэ школыр къаухри ежьэжат. Псоми сащхьэпрыкIын си гугъэу сыщIэпхъуати... Ар блэкIа Iуэхукъэ, зы махуэ сыхущIегъуэжакъым ажалым къезгъэла сабиитIым я пситIым мы дунейм къыщыспсэлъынумрэ мы дунейм щызэхэсхынумрэ зэрыщIэстам. Си мамэ къызэджауэ щыта рассказми зэрыжиIащи: бзэракъым нэхъыщхьэр – псэращ! Куэдым яукъуэдият экзаменхэр унэм щызагъэтыну. Ауэ ар си папэ дэнэ щахуидэнт! «Си пхъум и нэ къэткъым, и Iэ къэткъым. ЦIыху псом я жьэр пхуэубыдынукъым: и адэ-анэр егъэджакIуэти, абыхэм яфIэлIыкIщ, езыр ныкъуэдыкъуэти, яфIэгуэныхь хъури, фIыуэ кърагъэухащ жаIэу. Си пхъум фIы къудейуэкъым къызэриухынур – фIы дыдэущ, ари жылэм ялъагъуу». Си папэ дэрэ дгъэкIыу ди бжэIупэм Iут удз гъэгъахэм щыщ зы Iэрамэшхуэ къитчри, ар сэ сIыгъыу, си папэрэ си мамэрэ сибгъу зырызымкIэ къыщыту, ди нанэрэ ди дадэрэ щхьэгъубжэмкIэ къыдэплъу, – ахэр къыщIэзымыгъэкIар гурыIуэгъуэт, къыщIыщIимыгъэкIари гурыIуэгъуэт: захуэмыубыдыжу къэдзыхэнут, ахэр гъыуэ слъагъумэ, сэри... Нобэ хуэдэ махуэм а псоми хуейтэкъым си папэ, – пщIантIэм дыкъыдэкIащ.

Япэ экзаменыр урысыбзэ сочиненэрат. Доскам къратхэу щIадзэ темэхэр. АдэкIэ къыкIэлъыкIуэнуми семыджэу, занщIэу щIызодзэ лэжьыгъэм. Зи тхьэмыщкIагъэкIэ сэ зыкъомкIэ зызэзгъэщхь, Iэджэрэ сызытепыхьа Островскэм сыфIэкIыу дэнэ сыкIуэнт? Корчагиным ищIам хуэдиз схуэмыщIами, сэри сымылIыгъэншэ дыдэу, псэзэпылъхьэпIэм сыщихуэм, Павел хуэдэу, сэри сыкъызэримыкIуэтар тIэкIуи си напщIэм тельти, си дэлъху нэхъыжьым теухуа лIыхъуэжьыгъэ балладэр (апхуэдэут сэ ар къызэрысщыхъур!), си псэмрэ си Iэпкълъэпкъ пщыкIутIымрэ щыщи хэслъхьэурэ, асыхьэту къэсIуэтэжащ. Стхам сыкъеджэжри сытIысыжауэ сыщысти, зыгуэр сыхуейуэ схужымыIэ и гугъагъэнщ, егъэджакIуэр къэтэджри къызбгъэдыхьащ. Къащтэ жыхуэсIэу, си тхылъымпIэ напэхэр хузогъэкIуатэ. Къещтэри, напэхэр къызэригъэдзэкIыурэ, икIэ дыдэм нэс ироплъэ. Сэ къызоплъыжри къыпогуфIыкI. Си лэжьыгъэр иIыгъыу макIуэри, стIолым бгъэдотIысхьэж. Абдеж щыст районом

---

*КIэухыр. ПэщIэдзэр 3-нэ, 4-нэ номерхэм итщ.*

къикIа цIыхубз гуэри (ар си папэ къызжиIат) ди завучри. Зыр къызэджар адрейм иритурэ, си тхылъымпIэ напэхэр зэIэпахыу солъагъу. Ауэ, тхьэм и шыкуркIэ, зыми ручкэ къищтэ хуэдэкъым – е щыуагъэ хэмытрэ, е иджыпсту къыхамыгъэкIыу ара? Ауэрэ сыплъэу сыздэщысым, ди завучым и бэлътокур и бостей Iэщхьэм кърихауэ и нэм, и пэм зэрыхуихьыр солъагъу. Корчагиным и фэгъу, абы и лIыхъужьыгъэр гъуджэм ещхьу къызэрыщыж куэд Хэку зауэшхуэм щыгъуи зэрытлъэгъуам, нобэрей ди гъащIэми зэрыхэтлъагъуэм я щапхъэхэмкIэ (зи псэм емыблэжу уафэми щIылъэми лIыхъужьыгъэ щызезыхьэу хэкIуэда зыкъомым я цIэхэр къисIуат) сыухыжырт «Жырыр зэрапсыхьам» хэт лIыхъужьым и образым тепсэлъыхьыныр. Арауэ къыщIэкIынт мохэр къэзыгъэгумэхар. ТхылъымпIэ напэхэр зэхуахьэсыжри аргуэру къеджэу щIадзэ. «НетIэ ауэ сытми ириплъагъэнхэщ. Мис иджыуэ къыщIэкIынщ щыуагъэхэр къыщыхагъэкIынур», – жысIэу сыгузавэу, си гур къилъэту хуожьэ. ПарташцхьэртIэкIу согъэIэуэлъауэ – щыуагъэ къызэрыхагъэкIыр слъагъу нэхърэ, сыщIагъэкIмэ нэхъыфIт. ЕгъэджакIуэр къоплъэри сызыхуейр къыгуроIуэ. КIуэ, кIуэ, жыхуиIэу къыпыгуфIыкIыурэ, и щхьэр бжэмкIэ ещI.

СыкъыщIэкIмэ, – ди тхьэ! Си папэ дыщэ! ЯпэщIыкIэ сыкъощтэ – си папэ тутын зэремыфэр сощIэ. Абы жьэдэIуар сыт-тIэ? Щхьэгъубжэ дакъэм кIэрыгъэщIа-тес щIыкIэу щытщ. И жьэм жьэдэлъыр къэрэндащ хужь гуэрщ. Гузавэм – пишхыкIыурэ, и зэхуэдитIым нигъэсащ. Сыбгъэдолъадэри, бжэным игъуа жыгыщIэм ещхь хъуа къэрэндащыр къыжьэдызоч. И напэм ба хузощIри, а напIэзыпIэм хузоIуэтэж стхари зэрыстхари. ЕгъэджакIуэхэр зэрызгъэгъари схуэмыбзыщIу, си щхьэ сыщытхъужу сыхуежьати, си папэ къыпыгуфIыкIыу си пэм къытоуIуэри, схуэмыубыдыж си жьэр... си Iэхэр зэщIызокъуэ.



Псыпэр зэрыжэм псыкIэри ирожэ, жаIэ. Хъарзынэу зыщIэздза экзаменхэр мыIейуи сухащ. МыIей къудейм къыщымынэу... МедалкIэ къэзухауэ щытащ школыр.

АдэкIэ-щэ иджы? Алъандэм сыеджакIуэ цIыкIут. Унэм сыщIэсат. Си адэ-анэм, си анэшхуэхэм-адэшхуэхэм я жьауэ сыщIэст – сысабият. Иджы балигъыпIэм сынэсат. Балигъхэр зыхуейм сэри хуей сыхъуат. Алъандэм псори зыщIэу щыта си папи, зыри имыщIэжу къэна нэхъей, зрилъэфыхьырт. И щхьэ течауэ зыри къысхуигъэлъэгъуэфыртэкъым. СиутIыпщын, цIыхум сахигъэхьэн дзыхь имыщIрэ? Е мами, нанэхэми, дадэхэми яужьыгуу зиущэхуа? Сэ сымылъагъуу щигугъэхэм деж ар нэщхъейщ, хэплъэу щысщ. ЖыпIэнуракъэ, шэми шхуми ес. Сэри абы срогузавэ, ауэ си папэ зыкъезмыгъэщIэну сыпылъщ. Зы медалыр щыгъэтауэ, мин сиIэми, егъэджакIуи дохутыри сызэрымыхъунум срищхьэжагъуэт. А тIурат сызэрыщIыкIурэ сэ нэхъыфIу слъагъур. Абыи щхьэусыгъуэ иIэт: си папэрэ мамэрэ ещхь сыхъуныр сфIэхъуэпсэгъуэшхуэт. Ауэ удохутыру сэ схуэдэ тхьэмыщкIэхэр бгъэхъужыфу упсэунри сфIэнасып цIыкIутэкъым. Абдеж ирихьэлIэу ди къуажэм къыщызэIуах дэрбзэр цех. Сэ а Iуэхум сыхуэIэижьт, сыт хуэдэ щыгъынми сыхуэгъэзат. Зыми дыкъамыщIэу, си папэрэ сэрэ унафэ дощI: зэкIэ а цехым дэрбзэру сокIуэ. Ауэрэ си папэ зэхегъэкI сэ схуэдэхэр заочнэу щеджэ хъун еджапIэ ди къэралым щыIэрэ щымыIэрэ. Очнэу еджапIэ сызэрамыгъэкIуэнум и унафэр ядри ябзыжакIэт. Дзыхь ящIыртэкъым. «Зи бзэр мыпсалъэ,

зи тхьэкIумэм зэхимых си хъыджэбз тхьэIухудыр щыхэтымрэ зыхуэзэнумрэ сымыщIэу, си хьэдэм фемыбэкъуауэ хэзутIыпщхьэфынукъым», – жызыIэу хъийм икIхэр анэш нанэрэ анэш дадэрэт.

Ахэр нэхъри къыщIыстегузэвыхьыр мырат. Школыр къыщызуха гъэм си анэшым сашащ. Зы пщыхьэщхьэ гуэрым си анэ дэлъхумрэ си анэ шыпхъумрэ къысщохьэри джэгу сыздашэ. Си щхьэ сыщытхъужынщи, сэ мыIейуэ сыкъофэ – пшынэ макъри Iэгури зэхэзмыхми, дэгъуэу зыхызощIэ, сыкъызыдэфэм, жрамыIэу щытмэ, си лажьэр къимыщIэну, зыдызогъэкIуф. Абы зы гугъуехьи пылъу къысщыхъуркъым – ящIэр щыплъагъукIэ, уеблэмэ адрейхэм нэкIэ фIэкI ямылъагъур, уэ псэкIи IэпкълъэпкъкIи щызыхэпщIэкIэ, цIыхум задебгъэкIуфынкъэ? Хъыджэбзхэм я гъусэу Iэгуауэм сыздыхэтым, зы щIалэ екIу гуэр, дыкъэгъафэт жыхуиIэу, къызбгъэдохьэ. ИужькIэ къызэрысщIамкIэ, хьэщIапIэ дыздэкIуахэм я хьэщIэжхэм ящыщ гуэрт ар. Дыкъэгъафэмэ – дыкъэгъафэ! АтIэми, си папэ и псалъитI язт: зэ арэзы узытехъуэну Iуэхум щхьэкIэ цIыхур зэбгъэлъэIуу куэдрэ зумылъэфыхь, гущхьэ лъы уэтэпс пщIам хуэпщIэм IэфIи-фIыгъуи щIэлъыжккъым.

ЩIалэр дахащэу къофэ. Езыр Iэдэбщи, дырийпсырий, дэуейкъеуххэм ящыщкъым. Сыкъигъафэщ, хабзэ хэлъу сыдишэжри, си пIэм сигъэувыжащ. Си анэ шыпхъум си Iэр къекъуз. Iэгу еуэу щIалэхэм яхэт си анэ дэлъхури къысщыгуфIыкIыурэ къоплъэ. АпхуэдэуекIуэкIыурэ, алыхьым ирегъэхутылIэри, нетIэрей щIалэм и къызбгъэдыхьэгъуэмрэ нэгъуэщI зы щIалэ щхьэ къуацэшхуэ и къыIухьэгъуэмрэ зы мэхъу. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, хьэщIэ щIалэр нэхъапэ къызэрежьари ар зы джанэ Iэщхьэ хуэдизкIэ япэ къызэрищари, си мызакъуэу, псоми ялъэгъуагъэнт. Пэжыр жысIэнщи, сэри абы сыкъыдэфэмэ нэхъ къэсщтэнут. Ауэ модрей щIалэжьми занщIэу пхуикIуэтыжыныфэ теткъым. Iуэхум къаугъэ къызэрикIамкIэ сэри сыкъуэншауэ къыщIэкIынщ: щIалэ хьэщIэр икIуэтыжыну хъунт, сэ абы нэхъ гъунэгъу зыхуэзмыщIамэ. Ауэ уи шэр къыщикIынур пщIэмэ, уи мафIэр епшэхынт, жи, сыткIэ сщIэнт Iуэхур апхуэдэу кууу хъуну? Зи лъэныкъуэкIэ сещIа щIалэр укIытэжагъэнщ езым кIэбгъу зищIу сэ модрейм сыкъыхуигъэнэну. АтIэми, ар хьэщIэт, хабзэ зыщIэм пэхэдэр абы лъигъэсын хуейт. АрщхьэкIэ ер зи унэм имыхьэн щIалэжьри шыдым хуэдэу ерыщу къыщIокI. Арати, щIалитIым зызэрауписейри, си зэранкIэ хьэргъэшыргъэшхуэ къызэроIэт. Iуэхум IэштIымри къыхохьэ. Ауэ, насыпыжьыр тхьэм къыдитати, Iэжьэгъур куэдт – щIалитIыр зэбгъэдалъэфыж. Абы и ужькIэ сэ а джэгум сыхэтыжыну си напэм схутемыгъахуэу, си анэ шыпхъум и Iэр соубыдри дыкъыщIокIыж. Ди дэлъхури къыткIэлъыщIэкIа щхьэкIэ, дэ дыкъыдешыж, дыкърегъэжьэжри, езыр дохьэж.

Жэщыр хэкIэсами, мастэ-Iуданэ зэфIэпщIэфыным хуэдэу, уэрамыр нэхут – электроуэздыгъэхэри блэрт, мазэри изыбзэу уафэ нэкIум щесырт. ДыкъыздэкIуэжым зы машинэ псынщIэ къытлъэщIохьэ. ЦIыхубзитIым гъуэгум тыдоIуэнтIыкI. Ауэ машинэм къыдбгъурехуапэ. И къэувыIи и бжэ Iухи зыуэ зы щIалэ... Зы щIалэр сыт? НетIэрей хьэщIэр къопкI. Алыхь жыIэпIэ къыдимыту, сепхъуатэ. Машинэм срездзэри, макIуэ-мэлъей.

Арыншами, лейуэ зэрихьар ирокъури къолыж, пцIы гуэри щхьэ кIэрылъхьэн хуей, щIалэр афIэкI IэпэкIэ къызэIусакъым. Ауэ и жьэр

имыгъэувыIэу зэрыпсалъэр сощIэ – и жьэм къыжьэдих фадэмэмрэ и Iу бахъэмрэ зэпымыууэ си нэгум къыжьэхоуэ. Сэ зызоукIыж, сокIийсогуо. Мор мыувыIэу мэпсалъэ. Апхуэдэурэ зы къуажэ гуэрым дынесри, зы пщIантIэ гуэрым дыдохьэ. Машинэбжэр Iуахри сыкърах. Сыкъизыхыр шоферыращ. Сэ езыр, сымыцIыкIу дыдэ, къарууншэ дыдэкIи укъызэджэ мыхъунрэ пэт, IэплIэкIэ сызыхь щIалэм сыпэлъэщыркъым.

Сызыхьа щIалэм и ныбжьэгъум деж срихьэлIауэ арат. Пэш сызыщIахьам къыщIохьэ зы нысащIэ. Къызэубзэу, къызэдэхащIэу щIедзэ. Зыри зэхыумыхми, абы зи гугъу ищIыр гурыIуэгъуэт. Ауэ абыхэм я дежкIэ мыгурыIуэгъуэ щыIэт: сызыхуэдэр ящIэртэкъым. Iуэхур псынщIэу къызэтегъэувыIэн хуейт. Сэ сыт щыгъуи, – атIэми, зыщIыпIэ сыщыкIуэхэм деж, – къэрэндащрэ блокнотрэ къыздесхьэкIт. Сыгъ, зызукIыж къудейкIэ зэрызэфIэмыкIынур къызгуроIуэри, си гур къызэрогъуэтыж. КIыхьу къезгъэкIуэкIыу сыпымылъу занщIэу сотх: «Фи щIалэр щыуащ: тIы хужьым сопхъуэ жиIэри, тIы фIыцIэм зытридзащ. Сэ си тхьэкIумэми зэхихыркъым икIи сыпсэлъэфыркъым. Фи къагъэи фи зэрани сылъыхъуэркъым – псынщIэу сыфшэж». Абы къеджа нысащIэр къыпыгуфIыкIыу къызоплъ. Тхьэм ещIэ: «Уэ къэбгъэпцIэну уэр нэхърэ нэхъ делэр хэт?» – жиIэ хъунщ. Пэжщ, пэж! – жыхуэсIэу си щхьэр сщIыурэ блокнотыр къыIызохыжри: «Си... – зэпымыууэ сызэгупсысыр си папэти, – адэ-анэм я псэ пэжым!..» АдэкIэ схуэмытхыу сыкъыщеудри, нысащIэм зездзауэ еуэ согъ – еуэ согъ. Дауэ къыпщыхъурэ – узэрынасыпыншэмкIэ, адрейхэм ягъуэт насыпыр уэ зэрыпхуэмыфащэмкIэ уи адэ-анэм я цIэкIэ тхьэ пIуэуэ цIыхум я фIэщ зыпщIыну? Армыхъу си псэм ищIэрт сызыхьа щIалэр зэрымыакъылыншэри, цIыху игъэсауэ хабзэ зэрыхэлъри. И нэр лъагъуныгъэм... Абы лъагъуныгъэкIэ уеджэ хъуну щытмэ... ЛIо щIэмыхъунур? ФIыуэ ялъагъум хьэмэрэ фIыуэ зылъагъужым сыхуэдэтэкъэ сэ? Ауэ сэ, си насыпыншагъэкIэ, зыгуэр фIыуэ слъагъумэ сщIэркъым, армыхъу езыр сыкъалъагъуж хъунукъым... Сытми, и нэр къыщхьэрипхъуэу сыкъипхъуэта щхьэкIэ, абы хуэфащэр сэ схуэдэтэкъым. Щыуа яукIрэ, ямыукI щIалъхьэжрэ?.. Си гъыныр щызогъэт. Си гъусэу алъандэм гъыуэ щыта нысащIэми зызэпелъэщIыхьыжри, гуапэ дыдэу, щабэ дыдэу си напэм Iэ къыделъэ. Ар щIэкIаи-щIэмыкIаи жоуэ, и нэр къихуу унэм къыщIохуэ тIы фIыцIэм щIихьа щауэр. И жьэр зэриущIымкIэ, цы Iэрылъхьэу къызжьэхэуэ хьэуа Iэрамэхэмкlэ къызощIэ ар зэрыкIийр. Сэ си нитIым нэпсыр къыщIэхуу сабырыбзэу сыщытщ. Мы щIалэ хъарзынэм дунейм сыт и лажьэт? Ауэ апхуэдэхэр алыхьым зрипэсыну насыпыфIэхэм сащыщкъым сэ... ЩIалэм жиIэр къызэрызгурымыIуэр къизгъэкIыу си дамащхьитIыр дызогъэуей. Тхьэм ещIэ, емыкIу Iейуэ сыкъыпыгуфIыкIа, мобы кIий-гуоуэ щIедзэж. Аргуэру хэкIыпIэу сиIэр зыти, си тэрмэш къэрэндащымрэ блокнотымрэ къызощтэ. ЩIалэр Iэнкуну къызоплъ.

«Сэ сызыхуэдэ мыгъуэр умыщIэу... нэдым и щхьэр умытIатэу сыкъепхьэжьэри сэри бэлыхь сыхэбдзащ, уэри бэлыхь зыхэбдзэжащ. Сэ сыбзагуэщ. Сыдэгущ...» – адэкIэ пысщэнум сынимыгъэсу, къопхъуэри къэрэндащымрэ блокнотымрэ сIэщIеч.

«Сэри сынэфщ! Сыдэгущ! Аращ ущIэзмылъагъури жыпIэр щIызэхэзмыхри... Уэр нэхърэ нэхъ делэр, уэ къэбгъэпцIэну уи гугъэр хэт? Апхуэдэ гушыIэкIэ...»

«СыгушыIэ мыгъуэркъым! Си фIэщыбзэщ...»

«Сэри си фIэщщ-тIэ».

ЩIалэм и фIэщ сызэрымыхъум, абы апхуэдэ насыпыншагъэ къызэрысхуимыгъэфащэм, ауэ сэ апхуэдэу сызэрыщытым сыкъегъэдзыхэри, аргуэру угъынумэ – къеблагъэ. ЗызэпэслъэщIыхьыжрэ си гупэ къэзгъэзэжмэ, и нэкIур и IэгуфитIым ириубыдэжауэ, щIалэшхуэри уэхь-уэхьу магъ. Зэрыхъуар сымыщIэу, гущIэгъу зыхуэщIын хуейр сэрмырауэ, мора нэхъей, сыбгъэдохьэри сфIэгуэныхь хъуа щIалэм и нэкIур зэриIыгъ и IитIыр си Iупэм хузохь. ИтIанэ и IитIыр си нэкIущхьэм къыIузохыжри, нэщхъыфIафэ зытезгъэуауэ, зэрыслъэкIкIэ си нэхэр згъэгуфIэурэ соплъ. И нэпсышхуитIыр къыщIэхуу езыри къызоплъ. Апхуэдэу дызэплъу дыщыткIэ зэрызэфIэмыкIынур, модэкIэ дыдейхэм я фэм дэкIынур сщIэрти, си тэрмэшым сыхуей мэхъу: «Умыгузавэ уэ. Сэр нэхърэ куэдкIэ нэхъ дахэу, жепIэри зэхихыу, къыбжиIэри къыбгурыIуэу хъыджэбзыфIIей къэпшэнкъэ? Сэри тхьэ сыпхуелъэIунщ абыкIэ... Иджы сумыгъэгувэу сышэж е зыгуэрым сегъэшэж». Ныщхьэбэ хьэщIапIэм щыслъэгъуа нэ фIыцIэ дахитIрауэ умыщIэжыну, жэщищ-махуищкIэ хэплъэгъуэшхуэ хэтам ещхьщ щIалэм и нэ плъыжьышхуитIыр. Хуэстха тIэкIум ерагъыу къеджауэ, аргуэру кIийуэ щIедзэ. «ЖыпIэр зэхэсхыркъым!» – си Iэхэр сощI. ИтIанэ си блокнотымрэ къэрэндащымрэ сIэщIечри, тхьэр бгъэпцIакъэ мыри къыбгурымыIуэмэ жиIа – апхуэдэ гурбияныфи тет мыгъуэтэкъым абы, – ину етх: «Пэжкъым ар! Пэжкъым!» КъыIызохыжри: «Ар мыпэжу щытамэ, сэ си насып пэж мыгъуэти!» «Пэжми, узутIыпщыжынукъым. Укъэсшэнущ! СылIэху сыбдэпсэунущ!» «Сэр-щэ? Сэ апхуэдиз си насыпыншагъыу, си насыпыншагъыр нэгъуэщIым дэзгуэшыну щхьэхуещафэ щхьэ къызуплъа?» «ФIыуэ зэрылъагъуу насыпыншэ щыIэкъым! Уэ пхуэдэ насыпым селъэпауэмэ, си дуней гъащIэр насыпыншэу схьыни...» «Зыщумыгъауэ-тIэ...» «Сыщызыгъэуэну хэтыр уэращ! Си хьэдэм уемыбэкъуауэ ущIэзгъэкIынукъым. СыкъамыукIауэ...» «Уи нэм къыщхьэрипхъуащи... уегупсысыркъым. Уанэ махуэр тезылъхьэн! Сэ сыдэгущ! Сыбзагуэщ! Уи адэ-анэм, уи...» «Уэрэду сыхахьэнуми, укъэсшэнущ... Уарэзыуэ укъыздэкIуэнумэ...» Си Iуэхур хэплъапIэ хъуащ. Сыт хуэдэ IэмалкIэ мы щIалэ инатым сызэрыIэщIэкIынур? СыбдэкIуэнукъым жызоIэри, абы и ужькIэ укъыздэмыкIуэжи еплъ-тIэ жиIэрэ, пудыгъэ къызихмэ... Иджыри жызоIэри, пэжщ, апхуэдэфи тет хуэдэкъым. Ауэ зым игу адрейм игъэныщкIуа? Абы ищIэнур сыткIэ пщIэн? ИфI зыкъисшэну сыхуожьэри – сыщоуэ. «Набдзэ зытетым я нэхъ дахэр арэзыбзэу зыдэмыкIуэр уэ пхуэдэтэкъым, ауэ...» «Ауэ» лъэпкъ хэлъкъым-тIэ!» АдэкIэ «жысIэнуми» сынимыгъэсу, си Iэр къекъуз, къысщогуфIыкIри щIожыж щIалэр.

Унэхъури къэсэхыжащ жыхуаIэм и махуэр къыщысхуэкIуэпар мис иджыщ. СщIэнур сыт? Сыт си Iэмал? Си джэгуи си къафи кIуэда мыгъуэт? Щхьэ сывгъэунэхъуа? Си анэшхэм яхущIызотхъуэ. Абы хэту шхын иIыгъыу нетIэрей нысащIэр къыщIохьэж. Шхэн си Iуэхут сэ? НысащIэм къысхуетх щIалэр я деж зэрыкIуэжар, я дежхэм хъыбар яригъащIэу ди деж ныжэбэ лъыхъу зэрагъэкIуэнур. ГуIэгъуэжьыр къысхуэкIуэри сыкъэсэхыжт! Мыбы зэхащIыхь хьэдэгъуэдахэм еплъи тIысыж. Аргуэру сыгъыу щIызодзэ. НысащIэри къыздожьу. Ауэ, зездзу

зэхэзмыфыщIэнумэ, сыкъыщIигъэкIыркъым... Апхуэдэурэ нэхущхэм деж, тхьэм ещIэ си лъэужьыр къызэрахуар, си анэ дэлъхум щIалитI и гъусэу машинэкIэ ныIуолъадэ. Унэм ныщIохьэ. ЕкIи фIыкIи зы псалъэ жимыIэу, си Iэпэр еубыд, сыкъыщIешыжри машинэм срегъэтIысхьэж. Арати, си анэшым я деж сашэж.

Пэжт а жэщым си папэ лъыхъу къыхуэкIуар. Ауэ къэкIуар езы щIалэра мыгъуэт. И Iыхьлыи и лыджани щIымыгъуу, малъхъэ сыщI жиIэу щIалэр зэкIуэлIа си папэ апхуэдэу делэт, Iуэхур зыIутыр къыгурымыIуэну? И адэ-анэхэм, – ахэри зыкIи згъэкъуаншэ мыгъуэкъым, къуаншэ арэфыр сэрат, – и Iыхьлыхэм къыхуамыдамэ, щIалэ губжьам тридзэри езым и щхьэкIэ кIуауэ арат. А тIум зэжраIар сэ сщIэркъым, сыщытакъым абдеж, ауэ си папэ цIыкIу мыгъуэм а лъэхъэнэм гу уз къызэрищтами сэ къыстеунахъуэ пэтауэ уанэ махуэр тезылъхьэн щIалэм, и Iуэхум къикIын щымыIэми, нобэр къыздэсым си ужь зэрызэрихуэми фIыуэ сыщыгъуазэщ.

ЦIыхур зыгъэунэхъу Iиблис шы щIакъуэжь закъуэ тесу къикIухькъым, жи. Си деж къэсыху пIащIэу шы къарий шыгукIэ къысхуеблэгъа мыгъуэт ар. Си папэ цIыкIу мыгъуэр а гъэм и бжьыхьэм дунейм ехыжащ. Арати, махуэм си дыгъэ хуабэ, жэщым си мазэ нэху си папэ цIыкIур къухьэжащ. Ауэ и псэм и нэхур, и гум и хуабэр тыгъэ лъапIэу къысхуигъэнащи, абы сыкъуэсу, зезгъэууэ нобэр къыздэсым сопсэу.

* * *



Абдеж щиухырт рассказыр. АдэкIэ Назифэ питхат: «Ахэращ, си гъунэгъуфI М. А псом я ужькIэ, узищIысыр пщIэжу уи пIэ уисыжыным нэхъыфI щыIэкъым... Пэжкъэ?..»

Сэ, зи щхьэ бжьэ еуам срещхьу, мо сыкъызэджа рассказ хьэлъэм и лъапсэм сыщызоуэ, Назифэ абы питхэжа псалъитI-щым къикIри зыуи къыспкърыхьакъым. Иджыпсту си нэгу щIэтыр мо цIыхубз хахуэрат: ярэби, щIалэм и лъагъуныгъэр текIуэу, нэгъуэщI мыхъуми, абы тIэкIу зыкъыдигъэзауэ пIэрэ хъыджэбзым и насыпым? Апхуэдэу мыхъуамэ, икъукIэ гущIэгъуншэщ мы ди дунеижьри, ар зыIыгъ ди цIыху цIыкIури.

Нэху сыкъызэрекI нэхъ пIалъэ имыIэу Назифэ сеупщIынщ: уи ныбжьэгъум и Iуэхур дауэ хъуат адэкIэ? ДадитIми зэхахыу. Зэхрырех хуейми... ЛIо абы емыкIуу хэлъыр? Уеблэмэ езы дадэхэми сакъыхуеджэнщ... Хэт укъыхуеджэми, узытемыукIытыхьын рассказ хъуащ. Илъэс зыхыбл ипэкIэ сэ стхауэ щытар щайщ, мыбы елъытауэ. Къэщтэжауэ елэжьыжын хуейщ абы, армыхъу мы автор цIэимыIуэм си пыIэкур къысхуриудащ. А цIыхубзым хьилмыи зэриIэр гурыIуэгъуэщ. Абы и псэлъэкIэ къудейр, ар зэрыгумащIэр плъагъуркъэ: си папэ цIыкIу, си папэ дыщэ, си мамэ дыщэ цIыкIу... Ауэ сытми «папэ», «мамэ» къудейр фIэмащIэщи, езыр къэзылъхуа адэ-анэ зытегужьеикIар нэгъуэщIым трахын, зыкIэщIаупщIэн фIэщIу, и псэр IукIащи: «си», «си», – жи. Мис а «Си»-хэм ягъэсар цIыху Iей хъунт? НэгъуэщIым, атIэми, сабиипсэ цIынэ цIыкIум, щхьэкIэ езым и псэм еблэжым хуэдэт ар? А зэрыдэгуу, а зэрыбзагуэу (тхьэмыщкIэ, сыбзагуи сыдэгуи зыхужиIэжыф мыгъуэтэкъым – и бзэр иубыдащ, и тхьэкIумэр иубыдащ... Аращ. Пэжщ, зы-

хьауэ щыта щIалэр зэрыщыуам, мобы и гугъэм езыр зэрыщыщымыIэм егъэгужьейри, и псэм сыт хуэдизкIэ къеIэ пэтми, и гу къуэпсым къыпетхъ: «Уанэ махуэр тезылъхьэн! Сэ сыдэгущ! Сыбзагуэщ!») а сэ слъагъур ноби блэкIыфынукъым нэгъуэщIым и псэм къылъыса гузэвэгъуэм... Насыпыншэхэр нэхъ гущIэгъулы хъу хабзэщ...

А псом яужькIэ ныбжьэгъу Толстой аргуэру уигу къыумыгъэкIыжи еплъ: насыпыфIэхэр зэщхьми, насыпыншэхэм щхьэж и насыпыншагъэ иIэжщ... Апхуэдэутэкъэ? Апхуэдэ зыгуэрт, сытми... Пэжщ, ди гъунэгъу КIулэрэ мы сыкъызэджа рассказым хэтымрэ я насыпыншагъэ нэхъыщхьэмкIэ зэщхьщ: тIури бзагуэщ, дэгущ. Ауэ я гъащIэ къекIуэкIыкIэкIэ... КIулэ тхьэмыщкIэм и гъащIэм сэ фIыуэ сыщыгъуазэщ: бзагуэр, дэгур хэт ишэн мыгъуэт? АтIэми, абы мо хъыджэбз цIэимыIуэм и адэ-анэм, и анэшхуэхэм, и адэшхуэхэм хуэдэ иIэтэкъым. И дэлъхухэр ипIу щысурэ, мохэр балигъ хъущ, уни хъужри ежьэжащ. Езы тхьэмыщкIэр унэ нэщIым жьы щIэхъухьыжауэ... Мыдрей хъыджэбзым абы и махуэр къыхуэкIуэну тхьэм имыухкIэ!.. Сыт щхьэкIи къыхуэкIуэн, зиунагъуэрэ? Мы рассказым къызэрыхэщымкIэ, а щIалэр абы кIэрыкIыну къыщIэкIынкъым. Лъагъуныгъэм зэрихуэр пэжмэ, лIыгъэ иIэмэ, и мурадым и Iэр тригъэхуэнщ... КъимыдэкIэ, езыр губзыгъэщ (КIули мыделэ мыгъуэт, уэли!), Iэджэ еджащ, школыр медалкIэ къиухащ, IэщIагъэ хъарзынэ иIэщ – дэрбзэрщ. Ярэби, заочнэу еджапIэ гуэр щIэтIысхьэну жиIати... И мурадыр къехъулIауэ пIэрэ хьэмэрэ «и папэ цIыкIу мыгъуэм» и ужькIэ псори къытекъутэжауэ пIэрэ? АбыкIи сеупщIынкъэ Назифэ.

ПщэдджыжьЫм дышхэу дыздэщысым, Назифэ шейнычыр иIыгъыу къыдбгъэдохьэ. ДадитIым яужькIэ, си шейри къригъэхъуауэ, зэрихабзэу, занщIэу щыIуигъэзыкIыжым:

– Назифэ, а уи ныбжьэгъу цIэимыIуэм и Iуэхур дауэ хъужа мыгъуэт? – сыкъызоплъэкI. Ауэ модрейр, хыв хьэ къебэнауэ имылъагъуу, къызэплъэкIыххэркъым. Абы тIэкIу сыкъегъэгубжьри, губгъэн къысхуащIми емыкIу пымылъу, си макъым зызогъэIэт: – Уэракъэ, Назифэ!..

– Сыт, Мэзан, узыщIэупщIэр? Абы зэхихыркъым, тIасэ. Ар умыщIэу ара мыгъуэ иджыри къэс? А си ЧыцIлъакъуэ цIыкIу мыгъуэр дэгуи бзагуи зэрыхъуам и хъыбарыр Къэбэрдей псом илъаи... – дадэм адэкIэ жиIар зэхэсхакъым. Си нэвагъуэр сигъэлъагъужу удынышхуэ гуэр къыстехуам хуэдэу, си щхьэр къэуназэри шей стэчаныр сIэпыхуащ – си фIэщ хъуну сыхуэмейуэ си псэм шэч щIыIэ мыгъуэжьыр щIищIар пэжу къыщIокIри... ЛIыжьитIым ялъагъуу сыкъыщиуду си напэр текIынкIэ сышынауэ, сыкъотэджри си щхьэр Iузох.

Си унэ цIыкIум сыщIыхьэжщ, бжэр къэзгъэбыдэри, гъуэлъыпIэм зисIубащи, Назифэ езыхьэжьауэ щыта (умыделэ дыдэмэ, иджы къыбгурыIуэнтэкъэ сыкъызэджа рассказыр зытхари ар зытеухуари?) щIалэжьыр пщигъэгъупщэжыну... «Ей-ей, Толстой, сыту узахуэ уэ: мо щIалэжьым и насыпыншагъэр сытым щыщ, сэ къысщыщIам елъытауэ! Ар къыIуплъэ къудейт. Сэ...» – фызым хуэдэу упыхьэнумэ – къеблагъэ. ГуфIэгъуэкIэ узыщыгугъыу гъатхэм хэпса жыгыщIэр а гъэ дыдэм къэгъагъэрэ уигъэгуфIэу, ауэ, гъэмахуэ шылэр къызэрихьэу, укъигъэпцIауэ къыщIэкIрэ и лъабжьэр щIэгъукIыжу къэхъу хабзэкъэ? Арат зэзгъэщ-

65

хьыр къэтIэпIыным хунэмыс щIыкIэ щIэлIэжын хуей хъуа си лъагъуныгъэ цIынэр.

Махуэ псом сыкъэхъеякъым. Ауэ мазэ псокIэ зумыгъэпсэхуу мэкъу уеуэныр дыщэм хуэдэт, сэ а махуэ закъуэм си фэм дэкIам елъытауэ. Мы дуней нэхур хуиту си нэм илъагъужыртэкъым. Мадинэ дунейм тетми темытми си пщIыхьэпIи дэнэ къыщыхэхуэжынт? Абы ехьэлIа гупсысэ кIапэр, ухуеймэ щылъу, ухуеймэ щысу, ухуеймэ бгъукIэ зэрызгъэзэгъэн гу сиIэжтэкъым. Къыщхьэщыжу псыр зэрыт чейм нэгъуэщIи хэбгъэхуэнIа щхьэкIэ, абы бжьэпэтехуэ хуэпщI мэхъу. Ауэ цIыхум бжьэпэтехуэри бжьэпэтечри хэзэгъэнукъым. Абы и натIэм къритхарщ фIэкIыпIэ зимыIэр... Сэ си натIэм къритхар сыту... хэту пIэрэ-тIэ? НатIэр, узыхуейр зэрыптхэрэ ущыхуэмеижым тебгъэкIыж хъу доскауэ, зэхэптхыхь хъуну?.. Iуэхум щымыгъуазэу Назифэ езыхьэжьауэ щыта щIалэр бгъэкъуаншэ-бгъэзахуэурэ рассказым укъеджати, ухуэза иджы? Аращ-тIэ хуэмызэ лIыфIщ щIыжаIар... Езы мыгъуэм, «тхьэмыщкIэ, блэ зэуар аркъэным щощтэ жыхуаIэу, уэри зыщумыгъауэ, уанэ махуэр тезылъхьэн! Узыхыхьэ псыр зыхуэдэр умыщIэу, уэ сэ слъагъу гуэрри ауэрэ куум ухыхьэнурэ абы укъызэрыхэкIыжынум и бэлыхьым уиукIыу щIэбдзэнущ, жери, си иужьрей запискэм игъэщтамэ, тIысри художественнэ письмор къысхуитхащ. Псоми ущыгъуазэщ иджы. Еуэ, пщIэну дыдэр тхьэм уигъащIэ! НэгъуэщIым ущIэнэкIэныр тыншщ. Ауэ уи щхьэм къэсмэ... Си бжэм зыгуэр къекъурт. Хэту пIэрэ? Арауэ пIэрэ? Сыкъыщолъэт. Бжэр Iусхмэ:

– Уэра ар, дадэ? КъакIуэ, къыщIыхьэ, – жейбащхъуафэ зытызогъауэ.

– СынывщIыхьэуи сыт сщIэн? ЗикI, дунейм укъытехьэртэкъыми...

– ТIэкIуи сыгукъыдэмыжт, си жеини къакIуэрти...

– Хъунщ, тIасэ, зыгъэпсэху-тIэ. Ауэ зумыгъэсымаджэ...

– ЛIо, мэкъуауэ дытевгъэкIыну арат? Иджыпсту зысхуэпэнщ, зыстхьэщIынщи...

– Хьэуэ, хьэуэ! Жэщ хъуакIэщ... Дунейм унызэрытемыхьэм щхьэкIэ, ярэби, ди ныбжьэгъужьым и къуэр сымаджэ хьэмэрэ... жытIэри дыгузэвати... Лажьэ щыщымыIэкIэ, тхьэм и шыкурщ. Хьэуэ жыпIэрэ, умэжалIэмэ...

– СымэжалIэркъым, – щыжысIэм, дадэ цIыкIу IуегъэзыкIыжри йохыж. Сэри гууэщIу согъуэлъыжри, губзыгъагъэу щхьэм къихьи щымыIэу аргуэру угупсысэнумэ – къеблагъэ... ГъэунэхуакIуэ уэхьийуэ алыхьым и пащхьэм къысхуикIауэ пIэрэ-тIэ?.. «ФIыуэ ялъагъум хьэмэрэ фIыуэ зылъагъужым сыхуэдэтэкъэ сэ? Ауэ сэ, си насыпыншагъэкIэ, зыгуэр фIыуэ слъагъумэ сщIэркъым, армыхъу езыр сыкъалъагъуж хъунукъым...» Назифэ и рассказыр къэсщтэжауэ сыкъоджэ. Тетрадыр си гущIыIум къислъхьарэ си нитIыр унэ лъахъшэм и щхьэм теплъызэу сыщылъщ. Нобэр къыздэсым акъылым къызэгуиуду си гугъэжа си щхьэр, гу шэрхъитIыр зытеувэу зэхиупIышкIуауэ щылъ пэгун нэщIыжьым ещхьщи, зи сэбэп мы дунейм теткъым. «ТIур тIэу къапщтэмэ, дапщэ хъурэ?» – жиIэрэ асыхьэтым зыгуэр къызэупщIамэ, жэуап тэмэм естыжыфыну си фIэщ хъуртэкъым. Фэтыджэн щимытыжым деж уэздыгъэкур къыдэшеи пэт – Iугъуэ фIыцIэр къыпихыу уэздыгъэкур писыкIыну фIэкI, унэр нэху хъунукъым... Фэтыджэн тIэкIу хэдгъэхъуэн-тIэ?

Сыкъотэджри си портфелым коньяк бэрщыбэр къыдызох. Щхьэгъубжащхьэм тет дзэху крушкIэр къызощтэри фIыуэ изогъауэ. Абдж ныкъуэр дызогъэувэж.

ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, пэгун упIышкIуари езыр-езырурэ къызэрыпщыж, гъэсын зыхагъэхъуа уэздыгъэми унэр нэхъ нэху къыдэхъужу къысфIэщIырт. Ауэрэ сыщылъурэ, дунейр нэхъ нэхутхьэху къэхъужу хуожьэ. Жьы къыкъуэуам дыгъэр щIэзыуфауэ щыта пшэ Iувыр трихужу хуежьа къудейуэ, си бжэм зыгуэр къытоуIуэ. Ар дадитIым языхэзу зэрыщымытыр белджылыт – нэкIуэпакIуэу къыщIыхьэ мыхъумэ, ахэр си бжэм къытеуIуэ хабзэтэкъым. Си щхьэфэцым зыкъаIэт. Коньяк сызэфари езы алыхьталэр къеIэбыхыу збгъэдихыжа, сэри щIыIэ техьэгъуэм сыхидза нэхъей, сокIэкуакуэ. Жыгым къелъэлъэхыу сыщIэзыгъэна сытхъур зыкIэрызгъэлъэлъыж щIыкIэу, си щхьэр псынщIэу соутхыпщI, сызоутхыпщIауэри бжэр Iузох. СыщыуапIэр иIэт? Си Назифэ дахэр къыпыгуфIыкIыу щытт. Сшхын къысхуихьауэ арт. И бзэ къызгурымыIуэну жыхуиIэр зэрысщIэр езгъэлъагъуу – къыщIыхьэ къизгъэкIыу си Iэр сощI. Мор, хьэ зыжьэхэлъа щынэ IэрыпI цIыкIум хуэдэу, занщIэу щтэIэщтаблэ мэхъу. КъыщIыхьэ! КъыщIыхьэ! Си Iэхэр зэкIэлъызогъэпIащIэ. Назифэ зэригугъам хуэдэу, езымкIэ «сыбзагуэ» дыдэтэкъым сэ – ди гъунэгъу КIулэ тхьэмыщкIэм дэрэ тIэкIу дызэгурыIуэу щытат. ТIэкIур щыгъэтауэ, абы нэхъ сызыгурыIуэрэ къызгурыIуэрэ КIыкъуэ зэрыбыным яхэтатэкъым. Назифэ шхыныр си стIолым тригъэувэху псынщIэу сотх: «Псоми сыщыгъуазэщ, Назифэ!»

И щхьэр къимыIэту, а псалъищым йоплъри щытщ хъыджэбзыр. Езым мо щIалэжьым (лажьэ зимыIэри сфIэщIалэжь хъуауэ) и IитIым ба хуищIауэ щытати мэхъури!.. А ба хуэщIыкIитIыр зэрызэмыщхьыр сщIэ пэтми, афIэкI хэмылъу, соIэбэри хъыджэбзым, и тхьэкIумитIри къыдэкIуэу, и напэбгъуитIыр къызоубыд. И щхьэ ехьэхар къызоIэтри занщIэу ба хузощI. Иджыри къэс апхуэдэу гъунэгъуу сымылъэгъуа нэ дахитIым къащIэуфэрэкIыкI нэпс пщтырхэр нэкIу дыхьэрэнитIым къытожабзэ. Ауэ ари зэран къысхуэхъуркъым сэ. ЗэщIэкIэзызэ, псалъэмакъыншэу зэщыджэ мыхъумэ, «пщIэ напэншагъэр сыт?» – жиIэу къригъэкIыу зихъунщIэркъым Назифэ. Сэри ар зэрымыпсалъэри, абы зэрызэхимыхри сигу илъу аракъым зы псалъэ щIысхужымыIэр – лъагъуныгъэр хуэмей псалъэ лей. Лъагъуныгъэм иIэжщ езым и бзэ...

Мис а лъагъуныгъэбзэмкIэ тынш дыдэу икIи дахэIейуэ дызэгурыIуэу щIыдодзэ Назифэ сэрэ. Алъандэм сыхъуапсэу жэнэтыбжэм сыIутауэ, иджы абы и кIуэцIыр, и кIуэцI къудейр мыхъуу, и жьантIапIэ дыдэр згъуэта хуэдэу, сынасыпыфIэт. Псом хуэмыдэу си гур хэзыгъахъуэр Назифэ зэрымынэщхъейрт, зэрымытхьэусыхэрт. Уэ сыпхуэфащэкъым жиIэу и щхьэ мыгъуагъэ зэрыхуимыхьыжырт. Сэ абы зыкъезгъэцIыхуат – а зыщIэупщIа рассказыр зытхар сэрауэ зэрыщытри жесIат. ЖезмыIэмэ, пцIыупсыфэ къызиплъын си гугъауэ арат. Ауэ, къызэрыщIэкIымкIэ, езы Назифэ зэхэзещхъуэн лъэпкъ сыкъимыщIу сыкъицIыхужакIэт газетым тета си сурэтымкIэ.

«УкъэзмыцIыхужамэ, КIулэ тхьэмыщкIэм укъызэрыщхьэщыжар си гум гуапэу пхуимылъамэ, си дзыхь уэзгъэзу узэзгъэпсэлъэххэн, сынопсэлъэххэн уи гугъэт?» – жиIэурэ къыпыгуфIыкIырт. Абы и лъагъуныгъэм къэIуэтэкIэ Iэджэ иIэу къыщIэкIащ: си сурэтыр бэлъ-

токум тету хидыкIат. Удз гъагъэ зэмыфэгъухэм къапича щхьэкIэ цIыкIухэр, пщIащэхэр апхуэдизу IэкIуэлъакIуэу щэкI бзыхьэхуэхэм кIэригъапщIэурэ си сурэтхэр хищIыхьати, абыхэм сыщеплъкIэ, плъыжьыбзэ сыхъурт: зы Мэзаныр Мэзан Iэджэу зэрагъэбэгъуам сриукIытэрт. ЯтIагъуэм, уеблэмэ гуэдз хьэжыгъэ хупцIынэм къыхищIыкIауэ абы си зы бюст къом сигъэлъагъужти, классик сыхъуауэ сылIэжарэ музей къысхузэIуахауэ щытами, абы щIэбгъэувэ хъунт. Ауэ музейуэ дунейм тетми классикхэм я сурэтхэми къраухьэкIт Назифэ и унэ цIыкIумрэ абы гуфIэгъуэу щIэслъэгъуамрэ. «Мыр мыпхуэдэ махуэм сщIащ. Мор мыпхуэдэ махуэм сщIащ. Мыр а махуэм хэздыкIащ... – Псоми щхьэусыгъуэ зырыз къахуигъуэтырт. – Укъызэжьэу лъэмыжым ущытеса а махуэм узмылъэгъуа уи гугъэт? Пабжьэм сыныхэпщхьэри сынаплъэу сыщысат. Псым хиIуа и лъакъуитIыр щIыIэм писыкIынущ жысIэу сытым хуэдэу Iейуэ сыгузэва уи гугъэрэт?»

– НтIэ сыту унызбгъэдэмыхьарэт?

«Ар емыкIутэкъэ? Апхуэдэ напэ уиIэ хъурэ? Ауэ сыгъуэгыу сынаплъэу сыщысащ...»

– УщIэгъыр лIот?

«СыщIэгъыр пщIэртэкъэ?.. А-а, сигу къэкIыжтэкъыми – абы щыгъуэ пщIэртэкъым пэжу»...

– СымыщIэр сытыт, зиунагъуэрэ?!

«Сэ сызэрыщытыр... Сызэгупсысырат: «Мы тхьэмыщкIэми, фIыуэ сыкъилъэгъуар пэжмэ...»

– «Пэжмэ» жыхуэпIэр сыт?.. – зысхуэубыдыжыркъым сэ.

«Iуданэ зыфIэмыуа мастэкIэ удэ нэхъей, зэ умыпIащIэркъэ!.. КъыщыщIынур слъагъу хуэдэщ: зызыхидзэн и гугъэу зэжэлIар хы толькъуну къыщIэмыкIыу, – мафIэ бзий къэукъубеяуэ зэрыщытыр къищIэмэ...»

– Апхуэдэу хъуми, сыкъикIуэтыжын уи гугъэт? Уэ ухэлъэдати. Хьэмэрэ сэ нэхъ лIыгъэншафэ къызуплъу ара? – аргуэру сыпэроуэ Назифэ.

«Хьэуэ! Хьэуэ! ЛIыгъэншафи уэсплъыркъым... ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, а мафIэм сыщыхэлъадэм щыгъуэ си щхьэм... сэ къысщыщIынкIэ хъунум зыкIи сегупсысатэкъым. Апхуэдэ хущIыхьэгъуэ щыIэтэкъым абдеж...»

– НтIэ, Назифэ, сэ хущIыхьэгъуи сиIэу, гупсэхууи сегупсысри си шыжьэр сутIыпщащи, щыхупIэ сыщхьэщылъэдауэ щытми, къикIуэтыж сиIэкъым...

«ЩыхупIэм уелъэу уиукIрэ узэгъэжмэ нэхъыфIщ, сэ схуэдэ шы ныкъуэдыкъуэр уи Iэдэжу уи дуней гъащIэр епхьэкI нэхърэ...»

– Назифэ, абыхэм я гугъу къысхуумыщIу!.. – сыкъилъырти:

– «Хъунщ, хъунщ, си псэм хуэдэ... Мыр плъагъурэ? Бдзэжьеящэт мы сурэтым фIэсщар...»

– Бдзэжьеящэкъым – лъагъуныгъащэт, – сыкъыпогуфIыкI зи лъакъуитIыр псым хэлъу лъэмыжым тес щIалэжьым тращIыкIа сурэт гъэщIэгъуэным сеплъурэ. Дыхьэшхэну, мыдэ «Крокодил» журналым къытрадзэ сурэтхэм ещхьт ар. – Сэ къызэт, Назифэ, мыр.

«Хьэуэ, хьэуэ, си псэм хуэдэ! Уи жагъуэ умыщI: мыбыхэм ящыщ зы уэстыфынукъым...» – къогужьей хъыджэбзыр.

– Апхуэдэу убыдэу си гугъэнтэкъым, Назифэ...

«СыткIэ сыжумартми, мыхэр зэстын, уегуакIуэмэ уэр дыдэри уахэту, мы дунейм теткъым. Уи фэеплъу, ди лъагъуныгъэм и фэеплъу сылIэжыху зесхьэнущ...»

– ЖыпIэр сыт, зиунагъуэрэ, сэ къызэптыжми уэ пIыгъми, тIури зыкъэ? ТIум щыгъуи зы унэкъэ зыщIэлъынур? Ди унэракъэ?..

«Мэзан... Си дуней нэху... Си насыпыншагъэм и зы дыгъэ дзакIэ, сэ схуэмыщIэнур къыспумыубыд. А уэ къысхуэпщIар ирикъунщ: сызэрыщытыр... Си тхьэмыщкIагъэр къэпщIарэ пэткIэ уикIуэтыжакъым. МывитIрэ пэт зэмытIыркъмэ, зэрыщIэркъым, жи. Псэ зыIут дэтхэнэ зыми ещхьу, сэри зыгуэрым зыкъезгъэщIэну... СыкъыбгурыIуэрэ? Си бзэр къыбгурыIуэрэ?..» – и Iупэр хуэмурэ егъэпIэжьажьэ Назифэ.

– КъызгуроIуэ. КъызгуроIуэ, Назифэ. ЖыIэ уэ... – си щхьэр сощI. Пэж дыдэуи, къызгурыIуэрт. Япэрауэ, ухуэсакъыпэу тхьэкIумэ къудейкIэ мыхъуу, псэкIи уедаIуэмэ, зэхэпщIыкIын хуэдэу Iущащэрт Назифэ. Мыдрейуэ, «Дактилология и мимика» тхылъыр – зи бзэм, зи тхьэкIумэм сэкъат яIэхэр иризэпсэлъэфу И. Ф. Гейльман итхар, – Назифэ къызитри, усэ тхылъым ещхьу, сызэрыщыуэ щIагъуэ щымыIэу, гукIэ зэзгъэщIат. Абы щхьэкIи къыздэгушыIэрт Назифэ:

«Искусствэм и закъуэкъым псэр щхьэузыхь зыхуащIыр – лъагъуныгъэми уимыгъэщIэн щыIэкъым. Абы ухуэмеямэ, уи ажэ си бжыхь къыупхынтэкъым, тIасэ?..»

– Си ажэ зи бжыхь еспхыну сызыпылъыр къэсщIа нэужьи «ущыуащи къэгъэзэж», – жиIэу си гур къыспэувакъым, Назифэ. Ауэ щыхъукIэ...

«Упсэуи а уи гур! ИгъащIэкIэ зы псапэ ищIэнумэ – ищIащ: ныджэм къытридза бдзэжьей цIыкIур къищтэри псым хигъэтIысхьэжащ...» 69

– Си дыщэ бдзэжьей цIыкIу... Си псэм хуэдэ, нетIэ къезгъэжьауэ жызумыгъэIаращи, ди зэш зэрытегъэуээ дызэщIыгъуну, нобэ дызэхуэзэмэ, пщэдей дызэбгъэдэкIыжу дызэфIэкIуэдыжыну аракъым дэ тхьэм дыщIызэригъэхьэлIар...

«А сыкъызэбгъэджэжа Олесэрэ Иванрэ хуэдэуи?...»

– Тэмэм! Мис апхуэдэу дызэфIэкIуэдыж хъунукъым.

«ПщIэрэ, Мэзан? Мис а Олесэ тхьэмыщкIэм и псэм фIыуэ илъэгъуам куэзыр зэрыхутридзауэ щытам ещхьу, сэри сыпхуэплъат...»

– Ар дауэ? Уэри лIот пщIар? – сыдыхьэшхыурэ соплъ Назифэ.

«АлейкIэ укъысщымыдыхьэшх. Сэ соплъэф...»

– Дэнэ, зиунагъуэрэ, уздэплъэфыр? Узэрыплъэри дауэ?..

«Мис ар тэмэму щIыбгъужащ: дэнэкъым – дауэщ. Зи дауэращ-тIэ. Соуэри, си гум зыгуэр изолъхьэ. Мастэрэ Iуданэрэ къызощтэри, си нэр соуфIыцI. Зэ зэхуэшиигъуэкIэ ар схузэфIэщIэу щытмэ, си мурадыр къызэхъулIэнущ...»

– ЛIот мураду пщIар? – сыкъытреч сэ.

«Уэрэ сэрэ ди насып зэхэлъръэ зэхэмылъръэ...»

– НтIэ пхузэфIэщIат?..

Назифэ, «нтIэ» жыхуиIэу и щхьэр ещI. Ауэ нэщхъейщ. Сэ ар ауан сощI:

– Уэли, укъэщIэреищэм уэ! «Хьэф», зэрыжиIэу, зэрыхьэр къэсщIат жыхуиIэу... Сэ фIыуэ ущыслъагъукIэ, уэри фIыуэ сыкъыщыплъагъужкIэ... Уэли, апхуэдэу хэти плъэным...

«Пэжу жыпIэрэ? – уи жьэм ухуимытыжмэ – аракъэ? Назифэ къы-

щолъэт. Бохъшэр къещтэ. ЯпэщIыкIэ мастэрэ Iуданэрэ къегъэхьэзыр. Тхьэм ещIэ зэгупсысар, мастэр бохъшэм хеIужри, нэхъ нэшхуэ зиIэ мастэпэбдзыр къыхех. Iуданэ къыпечри къысхуеший: «ЗэфIэщIэт мыр...»

– Ар сыт щхьэкIэ? Сэ сыIэзэкъым икIи сыплъэфыркъым... – сыгушыIэ хуэдэурэ содыхьэшх. Ауэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, си нэр уфIыцIауэ, минрэ мастэпэбдзу щытми, зэ егъэпщэгъуэкIэ ар схузэфIэщIэну сыкъигъэгугъэркъым. АбыкIэ си насыпыр згъэунэхуну гукъыдэж лъэпкъи сиIэкъым.

«Укъэшына? Мис аращ-тIэ. Узытемыгушхуэ, шэч къызытепхьэ Iуэхур къохъулIэнукъым... Уэр дэнэ къэна, абы щыгъуэ зэфIэсщIар мо мастэ цIыкIура пэтрэ, – Назифэ бохъшэмкIэ йоплъэкI, – иджы сэр дыдэми схузэфIэщIэжынукъым мыр...»

Мывэр гу папщIэу уи бгъэм имылъмэ, укъыщригъэудыну тхьэмыщкIафэ дыдэ къытоуэ Назифэ. Сэ Iэнкун сыкъохъу.

– Назифэ, жыпIэхэр сыт? Дыуэ-дыуэпс, плъэ-къаплъэ жыхуаIэхэр ди фIэщ тщIыну емыкIущ, зиунагъуэрэ. Мыр бзэи тхылъи зымыщIэ, илъэсищэ ныбжьым ит лIыжь-фызыжь дыхъуа дэ? Апхуэдэ адэ-анэм уагъэсауэ, комсомолым ухэту, апхуэдиз тхылъ уеджауэ, школыр дыщэ медалкIэ къэбухауэ, иджы...

Иджы Назифэ заочнэу Москва щеджэрт. И адэр лIа нэужь, хъыджэбзыр еджапIэ нэхъыщхьэ щIэтIысхьэну тегушхуэркъым. Езым хуэдэу зи бзэмрэ зи тхьэкIумэмрэ сэкъат иIэхэр щеджэ-щылажьэ предприятэм (УПП) макIуэ. Дэрбзэр IэщIагъэм дэгъуэу хэзагъэ, еджэн жыпIэнщи, езым хуэдэм ящIэр зыщыгъупщэжа, щIэныгъэ хъарзыни зыбгъэдэлъ мо хъыджэбз гурыхуэ емышыжыр куэд мыщIэу предприятэм и инженер-технолог мэхъу.

«Си папэ мыгъуэм и псалъитI язт: зыщIэр зыфIэкуэдым нэхърэ нэхъ тхьэмыщкIэ, нэхъ мащIи зыщIэ щыIэкъым». Куэд сымыщIэми, сызэрыпсэужыфын IэщIагъи щIэныгъи сиIэт. Ауэ ар сэ схурикъужын къудейуэ арат. НэгъуэщIми дэбгуэшын уимыIэмэ, зыри уимыIэ пэлъытэщ. ЦIыхугъэ уиIэу щытмэ, узыдэгуэшэн, уигу щIэгъуну зыхуэфащэ сэ схуэдэ тхьэмыщкIэр куэдти... – си нэщхъыр къелъагъури, – хъунщ, си псэм хуэдэ, си тхьэмыщкIагъэм и гугъу сщIынкъым... КIэщIу жыпIэмэ, еджэн хуейти... Заочнэу сыщIэтIысхьауэ... Сэ плъагъур Москва тхуэнейрэ сыщыIащ!..»

– Е гъуэгу махуэрэ, апхуэдизрэ Москва унызщыкIуэм, зэ нэхъ мыхъуми...

«Абы щыгъуэ сэ усцIыхурэт уэ?.. Хьэуэ, тхьэ, усцIыхурт: газетым тету уи сурэтыр слъэгъуатэкъэ? Сэ схуэдэ тхьэмыщкIэхэм къащхьэщыжыр зэрыцIыхуфIыр сэ сщIэртэкъэ? А цIыхуфIым сызэрыIуплъэу...»

– Сыкъэплъэгъуами, сыкъэпщIыхужын уи гугъэт?

«Уэри? ЦIыху миным уахэтми, укъэсцIыхужыни ирикъунтэкъым, тхьэ!..»

– Москва цIыху минкъым дэсыр, – содыхьэшх.

«У-а-а-рэ... Пэжщ, тхьэ! А сэ си делагъэ мыгъуэрелъ... Ар псалъэм къыдэкIуэу жысIауэ аращ, Iей», – Назифэ дыхьэшхыурэ къоIэбэри, сэ япэ дыдэ ба щыхуэсщIам зэрысщIауэ щытам ещхьу, си нэкIущхьитIыр и Iэгу гуапитIымкIэ иубыдауэ къызоплъ. Ауэ абы и нэгум гуфIэгъуэ лъэпкъ ислъагъуэртэкъыми, си гур мэгузавэ, си псэр мэкIэзыз: сыт

иджы ар щIыхэплъэр? И фIэщ сымыхъурэ хьэмэрэ езым и щхьэми си щхьэми щIэгупсысрэ?

Апхуэдэу зы тэлайкIэ къызэплъа нэужь, мэщатэри къызбгъуротIысхьэ, и Iэпхъуамбэ кIыхьхэр абы щыгъуэ Iуву стета си щхьэцым къыхигъэлъэдауэ хуэмурэ си щхьэм къопэщэщ... Къущхьэхъу дыгъэр гъунэгъубзэу бгыщхьэм къыщхьэщыту, дызыщIэс унэ цIыкIум и щхьэри, и блын дыгъапIэ лъэныкъуэри къэплъа пэтми, щIыIэ техьэгъуэм дрихьейм ещхьу, сокIэзыз, ауэ мафIэм – лъагъуныгъэм зыхуэсшийркъым – си щхьэ дзыхь тесщIэжыркъым. Назифэ къызэрысшэнум зы дакъикъэ шэч къытезмыхьэми, япэ илъадэу пудыныгъэ зрахыр апхуэдэкъым. ШейтIаныр зытебгъэкIуэныр напэншагъэщ. ЗышыIэн хуейщ. Сыхьэтым соплъ. Апхуэдэ мыхьэнэншэ тIэкIухэри гулъытэншэу блэзыгъэкIхэм ящыщт Назифэ? И напэ хуабэмкIэ си нэкIущхьэм гуапэу къобзэрабзэри къызэфIоувэж. Сэ занщIэу зыкъэзмыIэтыжыфу делэделэу сыкъыпыгуфIыкIыу сыкъыдоплъейри сыщысщ. Мо хъыджэбз бланэм си IитIыр еубыдри сыкъызэфIегъэувэ. Си лъакъуитIыр щIощIэж. СыкъоIэбэри Назифэ и дамэпкъитIыр соубыд. СэшхуэкIэ фIагъэхуа сэхуранызщхьэ цIынэм ещхьу, сехуэхыу, си нэр щыункIыфIыкIыу хуожьэ. Ауэ жыжьэ нэсыркъым псэ зыхэмытыж си Iупэр: Назифэ и Iупэм деж къыщызэтоувыIэри, псэи къысхохьэж. Иджы, шы къежэкIым ещхьу, си щхьэр мэкIэрахъуэ. Си дуней гъащIэр зи IэмыщIэ ислъхьа бзылъхугъэ телъыджэм и псэ къуэпс къызэшэкIар – абы и IэпхъуамбипщI си блэгущIитIыр къызэщIэзыкъузэр мыхъуамэ, занщIэу абдеж сыщыуфэрэкIыну зэрыщытам шэч хэлътэкъым. IэпкълъэпкъыусиIэмкIэ зыхэсщIэурэ а IэпхъуамбипщIыр си дамащхьитIымкIэ къыдокIуэтей, си пщэбгъуитIым къос, си нэкIущхьитIым къоIусэ, сыкъыIуагъэкIуэтри йохуэхыж. ИтIанэ зы Iэм зыкъыдреIэтей, си Iэ лъэныкъуэр еубыдри къыдрехьей, мыдрей Iэр си Iэпщэм къоIусэ.

«Сыхьэтыр зэрыхъуар плъагъурэ? Дадэхэм я къытехьэжыгъуэ нэсащ», – токур си зы нэкIущхьэмкIэ къыхэлъадэу адреймкIэ хэлъэтыжа, гъущI кIапсэ кIапитI зэIусам хъуаскIэхэр къахиха хуэдэу къысщыхъуащ Назифэ и IэпхъуамбапщитIымкIэ си нэкIущхьитIми зэуэ къеIусэу и дзэ хужь дахэхэр къыщыIуигъэпсам. Сэри иджыпсту абы и гур зэрыфIым мы дуней фIыгъуэр къысхуихьауэ си гугъэжу, унэ цIыкIум сыкъыщIэкIыжащ...

Бригадирым унафэ зэрищIауэ щытам ипкъ иткIэ, иджы пхъэ гъэсыныр си пщэм къыдэхуауэ екIуэкIырт. Пхъэр лIо? ФIыгъуэр алыхьым зыхуищIэу зи псыкIэр куу, зи псыпэр жыжьэ нэсын ди псым кърихьэхауэ щыта псыхьэлъахуэм щхьэпэпсу дрикъунут гъэмахуэ псом. Псыхъуэм удэлъадэу пхъэ IэплIэ къыдэпхыным сыт хэлът? АтIэми, Назифэ хуэдэ гъусэ уиIэу? Дэ тIум ди закъуэ дыкъытенэу дадитIыр щытекIам деж, дызэщIымыгъуу зы лъэбакъуэ зыщIыпIэ тчыртэкъым, зы дакъикъи дэ купщIэншэу дгъэкIуэдыртэкъым. НэгъуэщI къэрал сежьэнрэ а сыздэкIуэну хэкум щызекIуэ бзэм зыхуэзгъэхьэзыру ара нэхъей, Назифэ си егъэджакIуэ сщIауэ сыщIыгъут. СыздэIэпхъуэну сызыхуэпIащIэр лъагъуныгъэ къабзэм и Хэку дахэ, – пцIы щхьэ упсын хуей? – Хэку гугъусыгъурт. Ар гугъусыгъу зыщIынури слъагъу хуэдэт: Мэзхэ я къуэм зы дэгу-бзагуэ фIэкI къахихыфакъым мы дунейм темыхуэж бзылъхугъэм, жаIэнут. Мэжид цIыкIурэ ди адэмрэ сыт хуэдизкIэ зэныбжьэгъу,

сыт хуэдизыпщIэ яку дэлъ пэтми, мафIэм и гъунэгъу лыр мажьэ, жи, ди адэми а Iуэхур къызэрысхуимыгъэдэхэнур си псэм ищIэрт. Ауэ ар згъэкъуэншэнуи сыпылътэкъым. Адэр адэщ. Ар зыхуейр, жылэ быным ещхьу, и щIалэми пIэщхьагъ узыншэ иригъэгъуэтынырщ, и лъэпкъым къупщхьэ хуэхъун къуэрылъхухэр илъагъуу абы щыгуфIыкIынырщ. Ауэ жылэ быным ещхьу – пIэщхьагъ узыншэ!.. ИкIи мыIэшэу, икIи мылъашэу, икIи мынэфу, икIи мыдэгуу. Ауэ... – ар си жьэ къысхуегъакIуэркъым, арщхьэкIэ, сэ жызмыIэми, псоми я жьэр пхуэубыдын? – икIи дэгуу икIи бзагуэу нысэ къыфхуэсшэнущ, яжеIи еплъыжыт! Я джэдыгужьыр къыпхузэрагъэдзэкI къудейрэ абы къыщынэжмэ, шкIащIэ джэгукIэ пщIыуэ уадэкIуэтэнт. Узихьэрэмти, си хьэдащхьэм укъытемыхьэти, жаIэу кърагъажьэмэ, сыкъэпщIэнщ. АтIэми, апхуэдэхэм деж мафIэм нэхъыбэу зи пхъэ дзакIэ щIэзыIур зи Iуэху къыпхэмылъыххэракъэ? Слъагъу хуэдэщ Мадинэ и адэшхуэм и шыпхъум ипхъу ди гъунэгъу фызыжь Дисэ, – абы апхуэдэ хьэл зэрыхэлъыр Мадини сэри къызэрытщIэрэ куэд щIакIэт, – Iэрэ лъэрэ ищIу зэрызищIынумрэ абы, сэр дэнэ къэна, си лъэпкъми си къупщхьэми къахужиIэнумрэ: зэмыщхьитI зэрихьэлIэркъым, вынд тхьэрыкъуэ щIасэгъу ищIыркъым...

Ау-уей... Я щхьэ зэрыхьщ зи мыIуэху зезыхуэхэм. Ди унэ исхэм сафIэкIамэ... Аращ псы икIыпIэм унэмыс щIыкIэ уи кIэр умыIэт; гупсыси, псалъэ, зыплъыхьи, тIыс, щIыжаIар. Щхьэ сепIэщIэкIат – Мадинэ сэрэ ди Iуэху зытетыр ди нысэм щхьэ жесIат?.. СлъэкIыу жесIат? Си къурмакъеищIэм къыщIэгъуалъхьэхэри... Мис иджы Iуэхур щIызэблэун щхьэусыгъуэ хъарзынэ (ар хъарзынэу жыпIэныр, дауи, емыкIущ) диIэт: ди адэр сымаджэщ. Ар шхэпсым хэлъу нысашэ, хьэгъуэлIыгъуэ къепхьэжьэ хъунукъым. Си лажьи, си хъати хэмылъу а Iуэхур зэкIэ гъэтIылъын хуей хъуат. ИтIанэ алыхьым жыхуиIар хъунт. Псом ящхьэращи, иджыпсту Назифэ сэрэ дынасыпыфIэщ – лъагъуныгъэм и фIыгъуэр тхьэм къыдипэсащ. Къыщыдипэсари дэнэ? ПкIэрымылъ къыпкIэралъхьэрэ къыпхуэпсэлъэн щымыIэу, унагъуэ IуэхукIэ узэкIэрачрэ узэрылъагъуху уи псэм хьэзаб темылъу – дунейм и фIыгъуэм и егъэзыпIэ ди къурш лъапэхэрат! Лъагъуныгъэ къабзэмрэ мы лъапсэ дахэмрэ нэхъ зэкIупс дэнэ къипхынт! Уэрэдым я нэхъ дахэр, усэм я нэхъыфIыр зыхуэфащэ си Хэку дыщэ, уэ къысхуумыщIа фIыгъуэу сыт къэнэжа? Сытхэр пхузифIыщIэ, сытхэр пхузихьэкъ? Зи къарур ин ди тхьэ, Назифэрэ сэрэ мы псоми гу щыдгъахуэ...

– Уэри абыкIэ тхьэ елъэIу, Назифэ, – си хъуэпсапIэ щэхур нахуэ къэзмыщIу си псэм идэркъым.

«ДабыкIэ?.. Содэ! Содэ!» – Назифэ и Iупэхэр егъэпIэжьажьэ, уафэм доплъейри и Iэхэр ещI. Абы жиIэхэр сэ къызгуроIуэ – лъагъуныгъэм и бзэр псэ джэрпэджэжщ.

– Упсэуащэрэт уэ! – соIэбэри гуапэу и нэкIур къызолъэщIэх. Езыр къоIэбэри си Iэр ирехьэх – IуэхуитI зэуэ пхуздэхьынукъым. Дэ иджыпсту Iуэху дощIэ: чэзууэрэ усэ дыкъоджэ. АбыкIи сигу мызагъэу къыIызохри сыкъоджэ:

Гур мыплъэмэ, нэри плъэркъым, жаIэ.
Жьауэ фIэкI, дыгъапIэ зылъымыс

Си псэр игъэдий зэпытти щIыIэм,
СщIакъым сису дуней жэнэт нэс.

Армыхъу, си Хэку дыщэ, нышэдибэ
Си нэм щызу хуиту сызэплъа
Къуршхэр, мэзхэр, хъупIэ инхэр зи бэ
Лъахэм ещхь игъащIэм хэт теплъа?

Лъагъуныгъэ, сытхэр пхузифIыщIэ?
ТхьэмыщкIагъэу стелъым нэмыщIыж,
Си Хэку и дахагъри зыхэзмыщIэу,
Сыщхьэжагъуэт – си нэр къогъэплъэж.

СищI, нысащIэ насыпыфIэу щыIэм
УедэхэкIыу къысфIощI иджыпсту.
Данэпс птелъым ищIыIу, дыщэ пыIэу,
Къытес къуршым дуней псор доцIу.

ЗэщIопщIыпщIэ, зэщIолыдэ псори,
Си гуфIэгъуэм псоми зыкъыдащI.
Си гум жьауэр щытекIуэтым, псори
Жэнэтбзууэ уэгум илъэтащ.

«КъыбгурыIуа?» – жыхуиIэу къызоплъ Назифэ. Усэбзэри, лъагъуныгъэбзэм ещхьщи, дэтхэнэ зыми езым и къыгурыIуэжыкIэ иIэщ. 

– Сыт абы къыбгурымыIуэну хэлъыр? Сэ пхуэстхахэм ящыщи къедаIуэт-тIэ иджы, – жызоIэри гукIэ сыкъыхуоджэ:

Лъагъуныгъэм иIэщ езым бзэ –
ИризэгурыIуэу дуней псор,
Дигу зэтарэ зэшэкIауэ ди псэр,
Лъагъуныгъэр ди бзэу дрепсэу.

Псэ зыIутми зыIумытми я бзэ
Лъагъуныгъэр дунейм щызекIуэху,
Дыпсэунщ, къыдэплъыр къыдэхъуапсэу –
Зым и гъащIэр зым щытщIыфу нэху.

Я нэхъ лъагэ дыдэ вагъуэм и бзэр,
Е ар ирехъу псынэ цIыкIу, удз жыгъей,
КъыбгуроIуэ – зэIухамэ уи псэр.
Лъагъуныгъэр хуейкъым псалъэ лей.

Сызэриплъэу уи нэгу, си псэм хуэдэ,
Сэ къэсщIэнущ уи гум илъу хъуар,
СхупэщIынкъым псалъэу дунейм тетым
Лъагъуныгъэу уи нэм щIэслъэгъуар.

Ауэ къызэредэIуа къудейр фIэмащIэщи: «КъитхыкIи къызэтыт», – жиIэу къызоплъ.

КъыхуистхыкIрэ естмэ, ар къыгурыIуа-къыгурымыIуакIэ ущIеупщIын щыIэтэкъым – абы и нэ пIащитIым къащIэлыдыкI нэпсышхуэхэм нэхъ жэуапыфI ухуейтэкъым. Ар зэкъым-тIэукъым усэм къызэреджар. ИтIанэ, зы псалъэ жимыIэу, тхылъымпIэр зэкIуэцIеуплIанщIэри и тетрадым делъхьэ.

Уэрэ сэрэ дызэрызэгурыIуэм хуэдэу, сэ ди дежхэм сакъыгурыIуэгъащэрэт, жысIэу жыжьэ соплъэ сэ. Сыт щIэжыжьэр? Ди адэм и къупщхьэ къутар зэрыхъужу... АпщIондэху си гъэмахуэ зыгъэпсэхугъуэр иухынукъэ?.. ЛIо-тIэ иухмэ? МазиплI седжэжмэ, диплом лэжьыгъэр зэфIызогъэкI, экзамен тIэкIур сотыж, сыкъокIуэжри май пщIондэ сыщхьэхуитщ. Майм деж Назифэ сэрэ зэгъусэу докIуэри си госэкзаменитIыр сотыж, езыми и сессиер зэфIегъэкIри...

– Пэжкъэ, Назифэ? – соупщI.

«Сытыр?..»

– Сэ жысIэр...

«Уэ жыпIэу мыпэж щыIэ, си псэм хуэдэ?» – къыпогуфIыкI. МэIэбэри дызыхэс удзым щыщ зы гъэгъа къыпеч. Абы япэщIыкIэ сэ срегъэпэм, итIанэ езым и пэм хуехь. Сэри удз гъэгъаитI къыпызоч. ЯпэщIыкIэ Назифэ и пэм изохьэлIэ, итIанэ си жьэр ину соущIри зыжьэдызолъхьэ. Ебгъэлъэтэхынщ уэ, жыхуиIэу, Назифэ къызопхъуэри си Iэр си жьэм Iуехыж. Си Iэр езым и жьэм хуехьри, удзым IупэкIэ къопэщэщ, и напэм, и псэфылъэм щехуэ. Сэ абы ищIэм сыкIэлъоплъри, делэм хуэдэу, си нэр къихуу сыщысщ. Ярэби, хэбдзыну зы хэмылъу алыхьым дауэ къиугъэщIыт мыр? КъыщигъэщIми, мыпхуэдэ насыпыр сэ дауэ къызиупэсыт? Абы и дзэхэрелъ, абы и пщэрелъ!.. Абы и нэгум, и Iэпкълъэпкъ псом лъагъуныгъэ нуру къащхьэщихырелъ! ЦIыхур сыту дахи гурыхьи ищIрэ лъагъуныгъэм! ФIыуэ ялъагъуми фIыуэ зылъагъуми сыту я насып! А насыпыр зыгъэфэгъуэфын емынэ дэнэ къикIын?

– Пэжкъэ, Назифэ? – аргуэру си гурылъхэмкIэ сыдогуашэ Назифэ.

«Сытыр?.. А-а... Пэжщ! Пэжщ!..»

– Ей, сэ укъызэдаIуэрэ уэ хьэмэрэ уи щхьэ Iуэху зепхуэу ущыс?

«Си щхьэ Iуэхукъым – ди щхьэ Iуэхущ. Уэ жыпIэхэми содаIуэ, ди насыпым и макъамэми сыхэтщ. Лъагъуныгъэм IуэхуитI зэрызэдихьыфыр пщIэркъэ уэ?!

– Лъагъуныгъэм сыт хуэдэ IуэхуитI зэдихьыфыр? – согъэщIагъуэ Назифэ и зэгъэпщэныгъэр.

«ИкIи уегъэгуфIэф, икIи уегъагъыф...»

– Дэ дэтхэнэрауэ пIэрэ-тIэ дызыщыщыр: игъэгуфIэра хьэмэ игъагъра?

«Уэ сщIэркъым. Ауэ сэ тIуми сащыщщ», – къыпогуфIыкIри нэщхъеибзэ къохъу ар. Абы и нэщхъеикIэми узыгъэпIейтей щIэщыгъуагъэ гуэр хэплъагъуэрт, дунейр гуфIэгъуэ зэфэзэщу зэрызэхэмылъым, насыпми лъэпощхьэпо куэд къызэрыпэплъэм уригъэгупсысырт. Псэм удыхьэу унэщхъеифынри зэрылъагъуныгъэ Iэужьыр щынэрылъагъут Назифэ деж.

– Назифэ, фи дадэ идэмэ, сэ пщэдей сехыжынущ, – жызоIэ.

«Сэр-щэ? – псэкIэ къыхокIиикI ар. – Уэ уехыжмэ, сэ дауэ сызэрыхъунур?» – абы и нэгум зы тхьэусыхафэ, зы тхьэмыщкIафэ илъти, умывэ дыдэу щытми, зыкъэбухуэнт.

– СыкIуэжыпэну аракъым, зиунагъуэрэ! Уэ укъэзгъанэу дэнэ сыздэкIуэнур? Сехыжынщ, сыкъэплъэнщи сыкъыдэкIыжынщ...

«Сыт щхьэкIэ, фи дадэ нэхъыфI хъужри сымаджэщым къыщIэкIыжакъэ?»

– Ар пэжщ. Ауэ сэ сыщIэкIуэжынур...

«Сэ зыгуэркIэ уи жагъуэ сщIа-тIэ?..»

– Си жагъуэкъым, си псэм хуэдэ – си гуапащэ къэпщIащи... Дуней псом хъыбар езгъэщIэнурэ...

«КхъыIэ, уемыхыж, Мэзан. Уэ укъэсыжыху си гур сытым хуэдэу гузэвэну. Зи IэплIэм дихуа лъагъуныгъэм и бгъафэ хуабэм щэху цIыкIуу тIэкIу дыщIэгъэс. Ар къыдэзыпэса алыхьталэм фIыщIэ хуэтщIу мы къытхуэнэжа тIэкIум...»

– Сыт щIэтIэкIур? – сыкъолъ сэ. Асыхьэтуи сыхущIогъуэж си тэмакъкIэщIагъым. – Назифэ, тхьэмыщкIэ, къызэплъу къэщтагъэнщи, и фэр покI, мэкIэзыз. КъыщIэхун хьэзыру и нэпсым къызэпажыхь. Абы игу фIы зэрысщIыжын нэгъуэщI къысхуэмыгъуэту, си жыпым сопхъуэри си блокнотыр къызох. Сэ схуэдэу алыхьым и нэфI зыщыхуа цIыху мы дунеишхуэм зэрытемытым, уафэм къехуэхыу сэ къызэхъулIа насыпым гъуни нэзи зэримыIэм, гъащIэр щIэрыщIэ къысщызыщIа лъагъуныгъэр Назифэ къызэрысхуихьам, а лъагъуныгъэр тыгъэ къысхуэзыщIа мы щIыпIэ дахащэм теухуауэ мыбы сыкъызэрыдэкIрэ стха усэ къомым хуэму, гъэхуауэ, Назифэ къыгурыIуэн хуэдэу, сыкъоджэ. Ауэ гушыIэкIэ зымыщIэр IэштIымкIэ мауэ жыхуаIэм ещхь сыхъуауэ къыщIокI: нетIэ Назифэ и нэпсхэм къызэпажыхьа къудейуэ щытамэ, иджы хъыджэбзым и нэшхуитIым къыщIэхуурэ хуэмурэ, – сэ усэхэм сымыпIащIэурэ сыкъызэреджэм ещхьу, – и нэкIущхьитIым къытежэбзат. Ауэ ар згъэудэIужыну сыпылътэкъым, згъэудэIуныр щыгъэтауэ, си жагъуэтэкъым Назифэ зэрыгъыр – хъыджэбзыр гуфIэгъуэ нэпсым нэхъри дахэ зэрыщIэхъукIым щхьэкIэ си гур згъэфIырт. Лъагъуныгъэм езым и бзэ зэриIэжыр аргуэру си нэгу щIэкIырт: ар сэбэп къысхуэхъурт си усэбзэр Назифэ и бзэкIэ жесIэжыну. СхужымыIэж къыхэкIрэ – усэр езым естырти къезгъаджэрт. Ар усэ къеджэху, и бэуэкIэм, и нэ зегъэкIуэкIэм, и напщIэхэр зэрыхэлъэтым, и Iэпкълъэпкъ псор усэм зэрырихьэлIэм сеплът.

Насып зэфэзэщкIэ гъэнщIат а махуэхэр. Ауэ а насыпым жьауэ къыщысфIытридзи щыIэт – ар си мурадыр ди дежхэм есIуэтылIа нэужь абыхэм зэрызащIынумрэ жаIэнумрэ сыщегупсысырт. «Абы дэпсэунур дэракъым – уэращ. Фэ фызэгурыIуэмэ, дывгурыIуащ», – жаIэу зыуи замыщIыххэнуми, пщIэншэу гуэныхь къатесхми сщIэркъым. Ар къэсщIэным си нэр къыхуикIырти арат сехыжыным сыщIыхуэпIащIэри. Ауэ икIи сытегушхуащэртэкъым: сыкърагъэкIуэтыну хуежьэхэрэ зыкъысхуратIэмэ... Пэжщ, ахэр дэлъейми къелъыхыжми, си мурадым си Iэр зэрытезгъэхуэнум шэч къытесхьэртэкъым. Ауэ укъэзылъхуахэм хьэрэм уащIыну зэрымыщIагъуэри хэт и дежкIи гурыIуэгъуэщ.

КIэщIу жыпIэмэ, гупсысапIэт си Iуэхур. Ар нэхъри гупсысапIэ зыщIыр езы Назифэт.

«Зы жэщ закъуэ фIэкI сымылъэгъуа мо щIалэм...»

– ЩIалэжьым! Зи Iэ фIейхэм ба хуэпщIам! – сыкъилъырт сэ.

«Хъунщ – щIалэжьым. Ауэ пцIы тумылъхьэ – и Iэхэр къабзаб-

зэт. Ба щIыхуэсщIари сфIэгуэныхь хъуауэ арат. АтIэ лъагъуныгъи сыти зыхузимыIа а щIалэр... щIалэжьыр сфIэгуэныхь хъуащ си насыпыншагъэмкIэ сыдэгуэшэну. Уэ... уэ... си дунейр нэху къызыдэхъужам, си бзэри си тхьэкIумэри зи лъагъуныгъэм къыдиутIыпщыжам, апхуэдэ лей дауэ уэсхын? Алыхьым сигъэкIуэнкъыми, си псэм хуэдэ»...

– Уа, Назифэ, жаIэ пэтми хъыджэбз къелъху, жыхуаIэм урещхыщ уэ. АтIэ лъыпсыр къыпыжу а лъагъуныгъэр зэхыуфыщIэмэ нэхъ псапэ хъуну, алыхьми нэхъыфIу укъилъагъуну пIэрэ?

«А лъагъуныгъэр сэ сIэщIэкIыу зыщIыпIи кIуэнукъым, си дуней нэху. Абы срипсэунущ сэ. Мыбы дызэрыщыIа тIэкIур къэзгъэщIэрэщIэжурэ игъащIэ псокIэ срикъунущ сэ...»

– Жыжьэу ба жыхуаIэм ещхьуи?

«Сыт щIэжыжьэр? Мыбдеж дыдэм – си гу щIагъым щIэлъынущ. Сыкъаплъэмэ, слъагъунущ, сыгъуэлъмэ, си пIэщхьагъым щIэлъынущ... Уэ къызэрыпщыхьум хуэдэукъым сэ лъагъуныгъэр зэрызыхэсщIэр. Сэ ар псэкIэ згъафIэ къудейкъым – нэкIи солъагъу. Нэхуу мис мы... – Назифэ зеплъыхьри Iэхэр зэкIэщIех, – ди щIыпIэм хуэдэу дахэу, ину. Уи нэр зэтупIэ щхьэкIэ, мо псори кIуэдрэ? КIуэдыркъым. Апхуэдэщ-тIэ сэркIэ лъагъуныгъэр».

– НтIэ апхуэдэ лъагъуныгъэм уелъэпауэ хъурэ? Абы щхьэкIэ зыбгъалIэ хъуни...

«НтIэ зызгъэлIэнкъэ! ЛIо, зызмыгъэлIэфын уи гугъэ абы щхьэкIэ? Сыпсэуху абы срипсэунурэ сыщылIэкIи здыщIэсхьэнущ ар... Уэр щхьэкIэ сэ сымыщIэфын зэрыщымыIэр пщIэуэ пIэрэ? Сэ жылэ цIыхум сазэремыщхьыр пщIэ си гугъэкъым уэ. Адрейхэм фIыуэ зэралъагъум ещхьукъым, си псэм хуэдэ, сэ узэрыслъагъур. А сэ узэрыслъагъум хуэдэу укъэзылъагъуни мы дунейм къытепшынкъым».



– Ара-тIэ укъыщIыздэмыкIуэнур? – си дзэлыфэ сотI.

«Ахьай, ара! НыбжесIакъэ: сэ схуэдэкъым уэ пхуэфащэр. Ар зэрыжысIэм щхьэкIэ, си щхьэр згъэпудыжу аракъым. Си щхьэ зыхуэзгъэфIэжынщи, – къыпогуфIыкI Назифэ, – си насыпыншагъэр мыхъуамэ, сыIей дыдэу къыщIэкIынтэкъым...»

– УIеймэ, игъащIэм зэ фIэкI къыпIумыплъэ щIалэжьми урихьэжьэнт, сэри сыногуэкIуэнт? Сэ си щхьэм срибииж уи гугъэ? ИгъащIэ псокIэ сылъыхъуамэ, – икIи сылъыхъуэнукъым, – уэ пхуэдэ згъуэтынукъым сэ... ЩымыIэр дэнэ къипхын? Уэри, ар уощIэри, аращ зыщIэбгъэщIагъуэр...

«СызижагъуэмисэсхуэдэузимыгъэщIагъуэкIэ, Мэзан...» – Назифэ аргуэру къызэIуоуэ. Сэри аргуэру сыщIогъуэж.

– Ди Iуэхур зэрыщытыр фи дадэ жесIэнущ, – къызыкъузопхъуэт.

«СыкъыумыукIауэ жозгъэIэнкъым! Алыхьыр, алыхьым нэмыщIкIэ, уэрэ сэрэ – аращ ди лъагъуныгъэм щыгъуазэу псэ зыIуту мы дунейм тетын хуейр...»

– Апхуэдэ лъагъуныгъэ щэху сыхуейкъым сэ. ЦIыху зытеукIытыхьым, цIыхум ягъэпщкIум хуэдэкъым ди лъагъуныгъэр. Абы дригушхуэу, ин дрихъуу, цIыху цIыкIум захуэдгъэщIагъуэу, дыкъэзылъагъур къыдэхъуапсэу дыпсэун хуейщ!

«Хуейт. Ауэ...»

– Ауи-щхьэуи хэмылъу... Зымахуэ сехыжынущ щIыжысIар пщIэрэ?

«Ахьай, сщIэрэ! Фи дежхэм яжепIэну арат. Аракъэ ущIэзмыгъэкIуэжар? Абыхэм къыбжаIэнур сэ сщIэ мыгъуэркъэ?.. Сэ фIыуэ сыкъэплъагъур пэжмэ, – сэркIэ зы махуэри, зы сыхьэтри, зы дакъикъэри, зы напIэдэхьеигъуэри лъапIэщ – нэгъуэщI мыхъуми, мы гъэмахуэ тIэкIур IэфIу изгъэх. ГъащIэр щIэIэфIыр пщIэрэ? КIэщIщи аращ. СэркIи, мащIэрэ IэфIу, жи, мащIэми, иреIэфI мы къэнэжа тIэкIур. НэгъуэщI мыхъуми, мыбы дехыжыху яжумыIэ фи дежхэм. Хъункъэ, Мэзан? Уэ узицIыхуфIагъ си хьэтыр къыумылъагъуну, а си лъэIу тIэкIур къысхуумыщIэну дауэ си фIэщ хъун?» – Назифэ къысщогуфIыкI. Ауэ дыхьэшхым нэхърэ дыхьэгъым нэхъ ещхьщ абы и фэм къиIуатэр. Абы и нэгур къызэрызэIууэу сигуми жьауэ къытридзэрт. АпщIондэху мурад сщIырт ехыжауэ Iуэхум зы кIэ етын хуейуэ. Ауэ, ушынэкъэрабгъэмэ, утаучэлыншэмэ, Iуэхушхуэкъэ? Сытегушхуэртэкъым. Япэрауэ, ди адэр иджыри къызэфIэувэжатэкъым, уэ уи Iуэху ди Iуэхукъым дэ, жаIэу зыкъысхузэкIэщIашынкIэ сыгузавэрт. Мыдрейуэ, нысэ къахуэзгъуэтар къазэрыщыхъунур слъагъу хуэдэти, арат сыщIэшынэр. «Тхьэр зыгъэпцIыжын, улIкъэ уэ? АфIэкIа лIыгъэ пхэмылъу дауэ фыз къызэрыпшэнур? Утегушхуэрэ Iуэхур зыIутыр яжепIэмэ, уашхын уфIэщIрэ? Уи насыпым кърихьэкIыу псори дэгъуэу зэфIэкIынуми пщIэркъыми. Тегушхуэ, зиунагъуэрэ! Iуэху мыублэ блэ хэсщ, жи...» – си щхьэ сыхуэшхыдэжмэ, си щхьэ седэуэжурэ нобэ-пщэдейуэрэ кIуэрт.

* * *

А махуэм дадитIымрэ сэрэ жьауапIэ дыщIэст. Мобыхэм хъыбар жызагъэIэу арат. Ди къуажэгъу лIыжьитIри щыгъуазэт сэ зыгуэрхэр зэрыстхым, тхылъ куэди сыкъызэреджэм. Уэлбанэрилэ зэрыхъуу: «ИIэт, ди ныбжьэгъужьым и къуэу зи жьэр IэкIэ щIалъхьа, уи хъыбарылъэр къызэIухи, ди махуэ щхьэхынэм пкIэлъей къедзыт», – жаIэу къэтIысхэрт. Сэри, узэзыгъэлъэIумэ зыфIэфI пшынауэжьым сыхуэмыдэу, занщIэу къиспхъыу щIэздзэрт. Ауэ сэ яжесIэм нэхърэ нэхъыбэ къапысхт дадитIым. Ахэр куэд зи нэгу щIэкIа, дуней и пIалъэ зыщIэ лIыжь губзыгъэхэт. ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, слъэкI къэзмыгъанэуи сакIэрыхъухьырт сэркIэ зи хъуныр бэв жьыщхьэ махуитIым. Зи гур зи тхыдэрэ зи бзэр зи къалэму къэгъуэгурыкIуэ ди лъэпкъым къиIуэтэжын гуауи гуфIэгъуи и нэгу щIэкIат. ИгъащIэкIэ зыри умытхыу щытми, уи лъэпкъым и къекIуэкIыкIар умыщIэмэ, абы и хабзэми и бзыпхъэми ущымыгъуазэмэ, зыми щымыщыж жыгыжь сахуэ ухуэдэщ. Сэ сыжыгыщIэу зыкъэслъытэжырти, зэпымыууэ мо жыгышхуитIым сахудэплъейрт.

Тхьэми цIыхуми я нэфI зыщыхуа дадэ угъурлитIым. Абыхэм щихъкIи сэрокIи уеджэнтэкъым – тхьэм и пащхьэ нэчыхь къабзэкIэ къикIауэ, напэ хужькIи абы и пащхьэм ихьэжыну зи нету дунейм тетхэм ящыщт ахэр. Зэзэмызэ сащыхыхьэм къызэуа бжьэр сыкъэтэмакъкIэщIрэ сукIамэ: «Апхуэдэу умыщIэ, тIасэ. Бжьэри алыхьым къигъэщIащ. Жэщым ужейуэ ухэлъу уи пIэм нэлъатэу къоуакъым. Уэ уакъыхыхьэщ, уи IэмыкIуэлъэмыкIуагъэкIэ бгъэгужьеяхэт, къэбгъэгубжьахэти... Уэ езым уфIэфI Iэ щIыIэкIэ зыгуэр къыптеIэбэу?» – къызэущиерт дадэ цIыкIу. Ауэ бжьэм нэхъ хэмызагъэр дадэшхуэти, ар сэ къысщхьэщыжырт:

– Уа, ди кIэмэндиру Унэжьуф, къоуэну къыптетIысхьа бжьэр дотэ

нэхукIэ зешэн хуейуэ ара-тIэ? Зи фочыр къыптезыгъэпса бийм кIакхъур щIимыч щIыкIэ, уэ япэ зумыгъэщмэ...

– ЗэрыжыпIэмкIэ, къэрабгъэр япэ мауэ жыхуаIэу, япэ уилъэдэнущ-тIэ. Ар икIагъэщ, Мэлыхъуэ и къуэ. ЛIыгъэ, цIыхугъэ зиIэм зишыIэфуи щытын хуейщ...

– Зумыгъэджэдухьэжыт, Унэжьхэ я къуэ! Iэл фIыцIэу укъызэкIуэкIыу зэрыщытар къозыгъэщIэжи...

– Iау, уи нэ къеIэм и псэ еIэ, жи. Уэлэхьэ, зэ лIэгъуэщ цIыхум щIэлъыр, лIыгъэншафэ, къэрабгъафэ зребгъэплъынри лIы напэм къемызэгъ. АтIэми, ущищIалэгъуэу ущикъару илъыгъуэм деж...

– ЛIо илъэс пщыкIублкIэ узэIэбэкIыжрэ а нэмыцэ Iэфицарым япэщIыкIэ къамэкIэ уепыджу иужькIэ былымым ещхьу щыфIэбгъэжыжам ущIэлауэ, уи къару илъыгъуэу щытауэ жыпIэну ара узыхуейр? ЗызыщIэж щыIамэ, зызылIэжи щыIэнт, жи...

– А зи унэр бэгъуэн, бжьэмрэ бжьапцIэмрэ щхьэ зэбгъапщэрэ? – Къэлыбауэ къыщолъэт, ажэ цIыкIу бжьакъуэшхуэ нэхъей, дадэ цIыкIу. Абы и уIэгъэ цIынэм шыгъу зэрыхутрагъэщэщар и хьэлымкIи и фэмкIи нэрылъагъущ. Сэри, джэду щысу шыпсэ умыIуатэ, жыхуаIэу, мобыхэм я псалъэмакъыр зыхуашэнум сыхуэпIащIэу, си тхьэкIумэр тызогъэху. АрщхьэкIэ, яфIэмыIуэхуу, къызэрырагъэжьам ещхьу, асыхьэтуи кIапсэ кIапэр зэрыщIалъэфыжыр сызыхуэмейти:

– Тхьэ, жыпIэжын, Темыркъан, Мэжид дадэ нэмыцэ офицерым къамэкIэ зэрепыджауэ щытари иужькIэ ар зэрыфIигъэжыжари.



– ЖыпIэжыни птхыжыни хэлъкъым, тIасэ, абы. И кIэм утеувэмэ, хьэжь пэтрэ къызодзэкъэкI, жыхуиIэу хъуауэ арат...

– Сыт хуэдэут, дадэ, а хьэжьым и кIэм узэрытеувар?..

– Сыт ухуейми къысфIэщ. Ауэ зи кIэм къытеувар сэрат... – дадэ цIыкIу къызэIуоуэри и нэр къызэрегъэдзэкI, и пэм жьы кърихужыркъым. – «Сыщыуэу сыткIэ игу сеуа?.. А-а, псэлъэкIэ зымыщIэр акъылыр зи мащIэрщ, жи. Зи кIэм къытеувар езырамэ, сэ абы хьэкIэ сеща хуэдэу хъуащ...» – си щхьэм сеуэжу сыздэщысым, тхьэм игъэпсэуи Темыркъан дадэ – бжьынэ зэрынар зэрегъэкIыж.

– Ар къызэрыхъуар мыпхуэдэут, тIасэ. Мо джаурхэр къыщыдыхьэм, зи лъэ вакъэ изылъхьэр жылэм зэрыдэхыу хуежьащ. Ар зэщхьыр уи унагъуэбжэр уи IэкIэ хуэпщIыжынырт. Апхуэдэ лей зэпхыжыныр, – жылэр нэщIу къэбгъанэрэ зи щхьэ бадзэ тезымыхужыфхэм уелъэпауэу пыIэ зыщхьэрыгъыр ущIэпхъуэжыныр, – емыкIути, Унэжь и къуэмрэ сэрэ, пцIы супсмэ, мис, езыр щысщ, алыхь-билыхькIэ дапоув цIыху цIыкIум. Ди жыIэ къедаIуэр къыдонэ, адрейр, сыт епщIэнт, фи щхьэ зэрыхьщ, жыхуаIэу, докIхэри йожьэж. ЦIыху нэхъыбэу ущыхуейр гузэвэгъуэм дежщ. Къуажэм къыдэна лIыжь тIэкIум, джэдкъурт щIыкIэу, жылэм зытыдоубгъуэ. Мо джаурхэм зэрахьэ лейр зигу темыхуэу къыхэпIэнкIыкIыр куэдт. Хъийм икIыпэр щIалэгъуалэрт: мо Назифэ и анэу мы Мэжид ипхъу цIыкIум хуэдэ кIэмсэмолхэрат.

– Аратакъэ езыр а махуэм си зэранкIэ уэри узытекIуэдэж пэтар? – къыфIэмыIуэху-къыфIэмыIуэхуу и пащIэкIэ къыщIопсэлъыкI дадэ цIыкIу.

– НтIэ, мыдэ жызбгъэIэркъэ. А махуэм Унэжь и къуэм, и насып пэжти, сыхуей щIэхъуари къысхуэгубзыгъыжыртэкъым, сытми, алыхьым

сыкъехь абыхэ я деж. ПщIантIэм сызэрыдыхьарауэ, зы уэ макъ гуэр къызэхызох. Нэхъ псынщIэу зисчрэ унэм сыщIэлъадэмэ, сэ сызыIууам сызижагъуэри иримыхьэлIэкIэт. Хъыджэбз цIыкIу зэхэфыщIам зечэтхъэжри унэкум итщ. АдэкIэ сыплъэмэ, си Мэжиду плъагъум езым хуэдиз къамэ фIыцIэшхуэр иIыгъыу езым хуэдэу зырэ ныкъуэрэ хъун Iэфицарым и щхьэмрэ и дамэпкъитIымрэ тету хьэшакъыу щытщ. Гуу фIагъэжами къимыкIыным хуэдиз лъыр къыщIеутхыкI Iэфицар гъумыщIэм и къурмакъеищIэм. Абы и Iэпкълъэпкъыр иджыри мэутхытхэ. «ПщIэр сыт, сыхьэт махуэм хуэзэн?» – жысIэрэ пэш ищхъэрэм сыщIэпкIэмэ: «СщIэнур сщIакIэщи, зэхэзылъхьам зэхихыжынщ», – жиIэу Iэдэб дыдэу къопсалъэ си ныбжьэгъужьыр. Мыдэ джэд фIагъэжа нэужь сэ лъы защIэр джэдыцымкIэ зэрагъэкъэбзэжым ещхьу, и къамэшхуэр Iэфицар цей бжэндэхъу джэдыкIафэмкIэ елъэщIыжри къызэфIоувэж.

– Е гъуэгу махуэм ежьэжыххэн, былымрэ пэт зыгуэр трамыгъабжэу фIагъэжыркъым, мыр... – жысIэу, жысIэри сымыщIэжу, делэ псэлъэкIэу къыщезгъажьэм:

– Мыр былымкъым – кхъуэпIащэщ... КъимыдэкIэ, а зыгуэр тегъэбжэным зэгуэр дытекIуэдэж зэрыпэтар сыту умыщIэжрэ, жи. Уи делэ гушыIэкIэр къэгъэнауэ, мор лъэныкъуэ егъэзын хуейщ, жи. Си ныбжьэгъужьыр слъагъуурэ къызокIуэкI. ИщIар зищIысыр къыпкърыхьэжу хуежьагъэнт. Ауэ, пцIыр сыткIэ щхьэпэ, сэ а ипэрей делагъэ тщIауэ щытар, мор щыслъагъум, занщIэу сигу къэкIыжауэ арат...

Зым сыкъытекIрэ нэгъуэщIым сыхыхьэмэ, мо хъыбар жыжьэми и къэхъукIар мырат, – жиIэу дадэшхуэ си гум тхъу къысхущехуэ: си хъуржыныр къысхуигъэнщIыпэнущ. 79

КIэдетхэмрэ бэлъшэвичхэмрэ ди зэрызехьэгъуэт. Мис абы щыгъуэт Унэжь и къуэмрэ сэрэ дыщищIалэгъуэу дыщикъару илъыгъуари. Мэлыхъуэхьэ бланэм дрещхьти: «Уирэ!» – жаIэу дызраушта дыгъужьым занщIэу зеддзын мыхъумэ, дыкъишхынкIэ дышынэу, дыкъикIуэтынутэкъым.

Дзыгъуэ-джэду дызэдэджэгу нэхъей, зэ кIэдетхэр щIэдгъэIэмэ, зэ дэ дыкъыщIагъэIэжурэ дызэзауэурэ зы жэщ гуэрым лIибл хуэдиз дыхъуу, мис мы Мэжиди ди гъусэу, тIасхъэщIэх жари, жылэ гуэрым дагъакIуэ. Апхуэдэуи узэрагъэкIуэнт! Уи насып кърихьэкIынумэ – куэдрэ? Ди гъусэхэм ящыщ гуэрым и адэм и цIыхугъэ лIыжьыфI гуэр дэсу къыщIокI дызыдыхьа жылэм. Абы дыщопсых. ТIэкIуи дыкъыщохьэщIэ. Ди Iуэху зытетыр щыхуэтIуатэм, лIыжьым дытрешэ кIэдетхэм я кIэмэндирым и гъуэгум. Шыщхьэхъумэ зытIущи щIыгъуу ар къуажэпщым и жылакIэхэм я хьэщIэу къыщIокI. Уэ къомыщэм уещэныр бдзэжьеящэмрэ бдзэжьеймрэ я Iуэхум хуэдэщ: зи насып текIуэнур пщIэнукъым. Ауэ, ди кIэныр къикIауэ къыщIокIри, гугъущэ ыдемыхьу кIэдет кIэмэндирыр ди хъым къохуэ. АрщхьэкIэ, уинатмэ Iуэхушхуэкъэ, Iэпхлъэпх тщIа пэтми, фIагъэжыну къытрадзэу япха вы домбейм ещхьу, зеукIыж гъэр къэтщIа лIым: мэхъуанэ-мэцIанэ. Яубыдар езыр армырауэ, дэращ жыпIэну, къыхуэнэжар аращи – и бзэгур къытхуегъэдалъэ: дунейм псэууэ дыкъытримынэну, дишхыну-дилIыну, кIуэаракъэ, псэууэ дызыIуригъэлъэдэну тхъэ щеIуэж. Умыпхъэдакъэжьу щытмэ, укъыщригъэчыныр зы бетэмалти...

– Зи тэмакъым тIуалэ темыхуэ си Темыркъану плъагъур къыщечри

къамэм йопхъуэ, – къыдоуэ дадэ цIыкIу. – УлIыхъужьмэ – куэдрэ? Пха хьэзыру щылъ лIым щхьэщолъадэри, къамэр и пщэм щIедзэ...

– АрщхьэкIэ алыхь-билыхькIэ къысхэмызагъэ къомыр Iэжьэгъу зэрыхъуам нэхъри хъийм сыкърешри...

– ФIагъэжынкIэ шынагъуэ зылъысар уэра нэхъей, зыбукIыжу щIыбодзэ...

– ПлъэкIмэ, зумыукIыж! ЗэщакIуэу къаубыда бийр сэра фIэкI умыщIэну, бэуапIэ къызэфтыртэкъым...

– Iэгъуи гъуэгуи щыпхуэдмыгъуэтым, губзыгъэу зы къытхокIри: Iагъ, былымрэ пэт ефэнды трамыгъабжэу яукIыркъым, – жи. Псори абыкIэ арэзы дохъу. Ауэ псоми ди гур зыхуэжар зыщ: ефэнды-бжьэфэнды жытIэху, уи губжьыр пщхьэщыужу, цIыху сурэтым укъихьэжын жытIэу арат. ХьэIусыпэ зратхэм ящыщ къуажэ ефэндыри кIэмэндирым и убыдыпIэ хъуа унэм щыхьэщIэхэм яхэсу къыщIокIри, мо зи лъыр къызэрыгъэплъа къомым зи псэр IукIа ефэндыри къыщIыдолъэф...

– Ауэ тхуэфащэр къыдищIат а ефэнды джаурым: «Андез умыIыгъыу тхьэм и фIыцIагъэр къабыл хъунукъым, къубгъан къэсщтэнщ», – жиIэу зыIуегъэбзэхыкI. Абы хьилагъэ къыткIэлъызэрихьэну хэт и пщIыхьэпIэ къыхэхуэнт, ауэ ди пыIэкур къытхуреуд: къэхъуамкIэ кIэдетыдзэм хъыбар яIуредзэ. Дэ, насыпыжьыр алыхьым къыдитати, тхэкIуэдыкI щымыIэу дакъыIэщIокIри...

– Командирыр фIэщIэкIыжа-тIэ? – сыкъытреч сэ.

– ПIэщIэкIынти! Хьэфизым Iэрыхьэр екъуз жыхуаIэу, лIы пха хьэзырыр шыплIэм къыдыдодзэри, макIуэ-мэлъей, жылэм дыкъызэрыдохыж. Ауэ мобыхэм я ефэнды мышыу тегъэбжэным дытекIуэдэжыным иIэжар зы мэскъалщ...

– Удым и удыгъэр япэ кърегъэщ, жи. Уи тэмакъым IэмпIэ щIэхуэу щытамэ, апхуэдиз бэлыхьым дыхэмыту, Iуэхур зэфIэкIатэкъэ? Уи губжьыр птыдогъэуж жытIэурэ, лIы гупыр дыптекIуэдэж пэтащ. Пэж хьэмэрэ пцIы?.. Ей-ей, Мэлыхъуэ и къуэ, апхуэдэ бэлыхь куэд сыхэбгъэтащ уэ.

– ИужькIэ а нэмыцэ Iэфицарыр щыфIэбгъэжам уэ сыптекIуэдэж зэрыпэтам и гугъу пщIыжыркъыми. Хьэмэрэ пщIэжрэ?.. – дадэшхуи къикIуэтын мурад иIэкъым.

– Щхьэ сымыщIэжу? Уэлэхьэ, псори сощIэжым. Уэр мыхъуамэ, а махуэм псибл сызэрисыкIрэ сащыгъупщэжатэм...

– Дауэт, Мэжид, ар зэрыхъуар? – дадитIыр мыдрей Iуэхум къыхэсшыжу, итIанэ «апхуэдэ бэлыхь куэдымрэ» «хьэмэ пщIэжымрэ» я щхьэри тесчу Iэджэ къэсщIэну сыпылъщ сэ.

– Ар зэрыхъуар Мэлыхъуэ и къуэм нэхъ ещIэж... – дадэ цIыкIу дадэшхуэ худоплъей.

– Щхьэ нэхъ сщIэжу? Сэ нэхъыфIу сщIэжыр си нэкIэ слъэгъуаращ: Iэфицарым ущхьэщысу сыныщыщIыхьам нэсщ.

– Блэ зэраукIа башт а гъуамэр. ЦIыхум я фэр трихырт. И жыIэм «Iы-Iы» къыхэзыгъэкIыр зэтриукIэрт. Си лъыр хуэплъу сещакIуэ, си джэдыгу щIагъым щIэлъ къамэжьыр хузэщIэслъыкIауэ сещэ пэтми, зикI и кIэм сытримыгъэувэурэ екIуэкIырт. АрщхьэкIэ езы джаурри дэ къыдэщэу къыщIокI... Сэ лIыжь кхъахэм си узыгъуэ спихынт? Игу зыхуэмыфIыр хъыджэбзыжь цIыкIурат. Сэ симыгъащIэ щхьэкIэ,

абы Iуэху щэху гуэрхэр зэрихуэу, тхылъти-кIэзетти жаIэурэ, зыгуэрхэр зэIэпах-зэIэпалъхьэу къыщIокI. А махуэми хъыджэбзыжь цIыкIур щхьэцыкIэкIэ къалъэфыжарэ ди унэр цырыцу къызэрагъэдзэкIыу арат. ЛIыжьхэм ди тхьэусыхапIэр, ди мыгъуагъэ зэхуэIуэтапIэр мэжджытыр арат. Ар нэхъ гурыщхъуэншэт... КъыпщIэлъыр уи псэм къещIэ жыхуаIэр пэжу къыщIэкIынщ, си псэм сызэрихуэу хуожьэри, шэджагъуэ нэмэзми схунэмыгъэсу, тызодзэри сокIуэж...

– А-а, упсэу! Уи деж сыныщIыIухьауэ щытари къэзбгъэщIэжащ: нэмэзыщI уздэсшэну арат...

– НтIэ, арати, си псэр кIэкуакуэу сыщIыхьэжмэ, мо Iэфицар домбейм хъыджэбзыжь цIыкIур зэщIиубыдащи зэхефыщIэ, зэхечатхъэ. А-а, си выр зыдыгъуарэ сызыхуейуэ схуэмыгъуэту къэзгъуэта – жысIэу си щIыхьи си къамэ къихи зы сощIри...

– АтIэ, уэ макъыр къыздикIар...– Темыркъан зи гугъу ищIа уэ макъыр сигу къокIыжри сыщIоупщIэ.

– КъыздикIаращ. Iэ сэмэгум кIэрахъуэр IэщIэлърэ Iэ ижьымкIэ хъыджэбзыр зэхэзыфыщIэ Iэфицарым и блэгъукIэ сэмэгум къамэр щыхэсхуэм...

– Щтэуэ къыIэщIэуагъэнщ. Насыпыжьыр уэ алыхьым къыуитати, а уэ макъыр сэ япэ зэхэсхагъэнт. Къэхъуар къызгурыIуарэ бжэр згъэбыдэну къыщызгъэкIэрэхъуэжым, шокъущ жиIэу сыкъыIуоуэ гуэщым къыщIэжарэ фоч гъэпкIар зыIыгъыу къажэ пэлицаим. Сэ лъэныкъуэкIэ сыIуидзауэ нышщыщIэлъадэм, тобэ ярэби, – гузэвэгъуэ къыщылъысам деж цIыхум и псэм сыту куэдыIуэ зэуэ зэпищэрэ! Зэрыхъуар сымыщIэу къызопхъуатэ бжэ къуагъым къуэупсея жыгей бжэIулъэ гъумыщIэр. Зи щIыбагъ сыкъыдэхута лIым и пщэгурыгъым бжэIулъэр щыдэхуам, удын хьэлъэр зылъысар сэра нэхъей, си нэр щоункIыфIыкIри сызэщIотIысыкI...

– Дыгъужьыгур пшхати аращ! ЛIот, хьэдитIыр къэхъужу, дэ езыхэм я махуэр къытхуагъэкIуэн уи гугъэт? – дадэ цIыкIу и нэхэр егъэджэгу.

– Ахьей, а тIум фIэкI нэмыцэ щымыIэжтэмэ, абыхэм ди пыIэжьыр яхуэгъэтIысат. Ауэ... Уэлэхьэ, Унэжь и къуэ, нобэ ауэ сытми зыкъытхубогъэлI, армыхъумэ иджыпстуи слъагъу хуэдэм а хьэдитIыр мэзым тшэуэ щыщIэттIам уэри уи Iэпэлъапэр зэрысысар...

– ГъэщIэгъуэнкъым ар! АтIэ си псэр сужэгъужа уфIэщIрэт? АтIэми, апхуэдэу пуду уи щхьэр хэплъхьэну дауэ къыпщыхъурэт? ЗыгуэркIэ дыкъащIамэ, ди щхьэ къэбитIым я закъуэт абы хэкIуэдэнур? МафIэ цIыкIур мафIэшхуэ ящIынти... – дадэ цIыкIу и псалъэр зэпегъэури, Iэдакъэ жьауэ ищIауэ ищхъэрэкIэ йоплъых. Дэри абыкIэ зыдгъазэмэ, зы шу цIыкIу ди пщыIэм къыхуокIуэ. Ауэ аддэ жыжьэу къыщоувыIэ, щхьэкIуэхэм зэрахабзэу, щIопщыр Iэ сэмэгумкIэ, шхуэмылакIэр Iэ ижьымкIэ иIыгъыу ижьырабгъумкIэ къопсых.

– Iау, шу мыцIыхур хабзэмыщIэ гуэр хьэмэрэ...– шыр зи Iэдэжу къытхуэкIуэ лIым йоплъ Мэжид дадэ.

– Сыт щIэшу мыцIыхур? Си нэр нэжмэ, а слъагъур Болэхэ я къуэ шыбзыхъуэращ, – жеIэ дадэшхуэ.

– Уэлэхьэ, сэри къэсцIыхужам иджы – ара дыдэм. Ауэ хэт мыгъуэу пIэрэ?.. – дадитIыр къотэдж.

Шур хабзэмыщIэу аратэкъым – щхьэкIуэр пэжт. Къущхьэхъу ехы-

жауэ къыдэкIыж шыбзыхъуэр къаIуэхуауэ арат Мэжид цIыкIу и нысэм и анэр дунейм зэрехыжамкIэ, пщэдей шэджагъуэхэм деж хьэдэр зэрыщIалъхьэнумкIэ.

Арати, дадэр ехыжын хуей мэхъу. Уехыжыным гугъуехьышхуэ пылътэкъым. Ди ищхьэIуэкIэ блэкIт Къущхьэхъу псом я штабым адэIуэкIэ къыщыт шэ заводым, адэжкIэ къуэм дэт турбазэм узышэ гъуэгушхуэр. А гъуэгум утеувэмэ, сытым дежи машинэтедзэ бгъуэтынут. Iуэхур, сэ сыщIэгузавэр, дунейм ехыжами ахърэт нэху тхьэм кърити, нэгъуэщIт: дадэм и пхъурылъхури здришэхыжыну пIэрэ? ИтIанэ сэ дауэ сыхъуну? Езы Назифэ сэ сыкъигъанэу ехыжыну пIэрэ? «Нехыж, си ЧыцIлъакъуэ», – жиIэмэ, сыт ебгъэщIэнур? Iагъ, дэ тIур пщафIэншэу дауэ дыкъигъэнэн? Дыкъимыгъанэми... Хъыджэбзыр лIыжьымрэ хамэ щIалэмрэ дауэ къабгъэдинэн?.. Сэ сыхамэ Назифэ дежкIэ? Сымыхамэу ищIэрэ дадэ цIыкIу? СыткIэ ищIэн, зиунагъуэрэ? Зы мэскъал хуэдизкIэ гу зылъедгъатэркъым. Дыщышхэнумрэ Iэнэ Iухыжыгъуэмрэ деж фIэкI лIищыр дызэгъусэу Назифэ къытхыхьэркъым (апхуэдэу дызэгурыIуащ езымрэ сэрэ). Дэ дыщызэхуэзэр мохэр мэкъуауэ текIа, сэ пхъэ къэхьыныр, пхъэ къутэныр си пщэ къыдэхуэу сыкъытена нэужьщ. Пэжщ, махуэ къэси сыкъытранэркъым. Сыкъытрамынэр сыт? СоукIытэри сэри я гъусэу сытокI. Апхуэдэу махуэр щытфIэкIуэдам деж ар жэщым къедмыгъэпшыныжу тхуэшэчыркъым. Мис абы нэхъ гугъуехь пылъщ: дадитIым гу къыплъамытэу жэщым узэхуэзэныр тыншкъым. Ар хъунт, мобыхэм зэхамыхыу, Назифэ уеIущащэ хъууэ щытамэ. Тхылъхэр зыкъомрэ пощтзехьэу диIащ. Ауэ абыкIи ебгъэлейрэ зыгуэркIэ шэч къыпхуащIмэ... Гуэныхь щхьэ къэхьын хуей, лIыжьитIыр нэплъыснэIустэкъым. «ТхьэмыщкIэ цIыкIур уи шыпхъу цIыкIу хуэдэщ», – зэрыжиIам тет хуэдэт Мэжид дадэ. Езыр апхуэдизкIэ цIыхуфIт, псори и щхьэм ирилъытырти, абы и пщIыхьэпIэ къыхэхуэ къыщIэкIынтэкъым и пхъурылъху «тхьэмыщкIэ цIыкIур» IейкIэ, хьэрэмагъкIэ зыгуэрым натIэрыуапIэ къиищIыну. АтIэми, сэ, езыми и псалъитI язу, и ныбжьэгъужьым и къуэм, дауэ гурыщхъуэ къысхуищIынт?.. КъысхуищIми, щыуат – IейкIи хьэрэмагъкIи Назифэ и ужь сызэримытыр сэ сщIэжырт, сэр нэмыщI, алыхьталэми ищIэрт. Армыхъу уи лъы къэплъыгъуэу, уи щIалэгъуэу щыщыткIэ, гъущIыпэрэ пэт мэхъуапсэ, жи. Iэджэрэ къытхуихуат лъагъуныгъэм щхьэуназэ дыщищI, ди пIэм дыкъыщриш. АрщхьэкIэ лъагъуныгъэ мафIэр акъылым игъэужьыхырти... Ауэ, зы хьэрэмагъ сигу къэмыкIми, а си мурад дыдэри – и пхъурылъхум пэжкIэ сызэрыбгъэдэтри – фIэдахэну къыщIэкIынтэкъым дадэ цIыкIу. Арати, быдэ и анэ гъыркъым жыхуиIэу, дысакът. Чы къурагъыпэм удз гъэгъа Iэрамэ фIэсIурт, ар сIыгъыу аддэ жыжьэу къапэскIухьырт дадитIым, Назифэ и унэ щхьэгъубжэм удз гъэгъар дэзгъэжырт. Нэхъ Iэзэ уигъэлъыхъуэну, езыр мэкIэ бзаджэти, занщIэу сыкъиищIэрт. Джэду щабэрыкIуэу къыщIэкIырти, Къущхьэхъу жэщ дахэр ди жэнэт куэщIт. Нэху ди нэ щилъагъум Iэпэтэрмэшри Iупэ гъэпIэжьэжьэкIэри, а тIури щытфIэмащIэ къэхъумэ, тхылъымпIэри ди щIэгъэкъуэнт. Ауэ, гъэщIэгъуэныракъэ, нэм къыщIэIэбэр щумылъагъум дежи, лъагъуныгъэбзэ щэхукIэ тыншу дызэгурыIуэрт Назифэ сэрэ – гукIэ, псэкIэ, IэпкълъэпкъыIу диIэмкIэ дызэпсалъэрт. Ди псалъэмакъым апхуэдизкIэ дызыIэпишэжырти, Нэхущвагъуэр щыдихьэщIи щыIэт.

Назифэ ирашэхыжмэ, сэ дауэ сыхъуну? Сэ мыбы тесщIыхьыжынур сыт? – жызоIэ, сыкъыщIагъэкIуауэ щытар а хъыджэбз дахэм сыпагъэлъыну ара нэхъей. Щхьэусыгъуэ гуэр ищIрэ хуемыхыжамэ... Сыт щхьэусыгъуэу ебгъэщIынур? Си псэм и ныкъуэр къэзгъанэу, – Назифэ апхуэдэу сыкъилъытэм шэч лъэпкъ къытесхьэртэкъым, сыту жыпIэмэ езыр сэ къызэрысщыхъур арат, – мыдрей ныкъуэр схуэхьыжынукъым жебгъэIэну?

Шыр Iэдэжу зыIыгъ лIыр зэрыIукIыжарауэ, – абы шы пщIэнтIэпсымэр къызэрыщIихьари шы лъэ макъыр щIым къызэрыхуихьари шэчыншэт, – Назифэ къыщIож. Ар зэрыщтэIэщтаблэр нэрылъагъущ. ЩIэх-щIэхыурэ нэбгъузкIэ къысхущIоплъ. Сэр щхьэкIэ умыгузавэ къиизгъэкIыу, щэхуу нащхьэ сощI. Ауэ сэ езым щхьэкIэ согузавэ: дадэ цIыкIу сыту пIэрэ и унафэр?

– ТIэкIу федзакъи зывмыгъэгувэ-тIэ, Мэжид. Хъыджэбз цIыкIури здепшэхыжыну хъунщи... – жеIэ Темыркъан. СщIэуэ, си гум зеукIыж, си псэр мэкIэкуакуэ: сыту пIэрэ дадэ цIыкIу жиIэнур? Ялыхь, ялыхь...

– Iау, сэ сыщумыгъашхэкIэ, мобыхэми уахуэмыпщафIэ жысIэу, апхуэдэ емыкIу дауэ сщIэн? – щыжиIэкIэ, «Зи узри зи лажьэри кIуэдын, сытуи уцIыхуфIыщэ икIи уакъылыфIэ уэ!..» Сылъэтэным хуэдэщ сэ.

– Сэ сщIэ мыгъуэрэ, хъыджэбз цIыкIур тIэкIу зыкIэлъыплъыжынумэ, жызоIэри аращ... – дадэшхуэ си дежкIэ къоплъэкI. Сыт а плъэкIэм къригъэкIыр? ЗыгуэркIэ гу къытлъитагъэну пIэрэ? Сыгузавэу щIызодзэ, си фэм сыкъиIуэтэнкIэ сошынэри си щхьэр Iузох, фи унафэм сэ хэсщIыхьын щыIэкъым къизгъэкIыу.

Алыхьыр къытхуэгущIэгъулыуэ къыщIокIри, Назифэ сэрэ дызэкIэщIичыркъым: уи псэр зэбгъэшх хъун дадэ цIыкIу и закъуэ йохыж. Пэжщ, зы лъэныкъуэкIэ, ди Iуэхур тIэкIу нэхъыкIэ хъуат: дадэшхуэ и закъуэ мэкъуауэ схутегъэкIыртэкъыми, ди лъагъуныгъэм и щыгъэ бла зэпыщIам махуэхэр дэхурей хъуат. Дэри, кIапсэшхуэм ихьар арэфыпсым къедгъэхьыжыну дыпылъурэ, Мэжид къызэрыта жэщищми ди пIэ дисакъым. Ауэ нэхъеижыр къыщытлъыкъуэкIар иужькIэщ: сэ семыхыжынкIэ Iэмал имыIэу ди дежхэм къаIуэхуащ. Ди адэр нэхъыфI хъужауэ, абы щхьэкIэ ущIэгузэвэжын щымыIэу арат жиIэр Мэжид. АтIэ сыту пIэрэ зыхуейхэр? СызэращIынур сыт? Си фызышэ Iуэхур къыдахыну къыщIэмыкIащэрэт. Ар къыспаубыдрэ... Iагъ, ди адэр и лъэм зэримыхьэу апхуэдэ Iуэху дауэ хыхьэнхэ?

– Ди адэм и лъакъуэр шхэпсым къыхахыжа, дадэ? КъикIухьрэ?

– КъикIухьри сыт? Ауэ абы щхьэкIэ ущIэгузэвэн щыIэкъым, жысIакъэ, тIасэ? Уэлэхьэ, сапсауэ хъужауэ нобэ-пщэдей щIэпхъуэжынщи, бгъур зыукIыу епщIанэр кIэсу къэзыхьам ещхьу, къыдэжыжынкIэ ди ныбжьэгъужьыр, – сигу фIы ищIыну хэтщ дадэ цIыкIу. Си адэр сымыужэгъужа пэтми, иджыпсту зи бэлыхь сиукIыр зэрыармырар, атIэ езым и пхъурылъху дахэмрэ си щхьэмрэ ару зэрыщытыр сыткIэ ищIэнт дадэ цIыкIу?

СыщIэкIуэжын хуей Iуэхур си адэм и узыншагъэм зэремыпхар къыщысщIэм, Хъуэжэ и бэщмакъыу зыкъизгъанэщ, сыгувауэ, машинэ сымыгъуэтыжыну щхьэусыгъуэ сщIыри, а махуэм зыкъытезгъэнащ – жэщ дгъэхъуу Назифэ дэрэ дызэпсэлъэн хуейтэкъэ? Ауэ сытми дызэпсалъэ къудейкIи зэфIэкIыну тэкъым. Ди дежхэм къэшэн Iуэхур къыс-

паубыдмэ, – а гузэвэгъуэмкIи си псэм шэч мыгъуэр ищIырт, – абыхэм естыжыну жэуапыр зэрыхьэзырым Назифи щыгъуазэ сщIынут. КъимыдэкIэ, мохэр къытезгъэхьа нэужь, Назифэ Iуэхум «хьэуэ» къызэрыхимыгъэкIынумкIэ быдэу и тхьэкIумэр хуэсIуэнтIэн хуейт.

Нэгъуейм яхуэмыгъэкIуэжа махуищу, кIыхь хъуа ичындыпэр зыгъэ зызэман йокIри, пшапэр зэхоуэ. Ауэ шыхэпщ сежьэну иджыри сфIэжьыIуэщ – лIыфI и джэгу кIуэгъуэ хъуакъым жысIэурэ абыкIэ си гур согъэфI, си щхьэ тызогъэуж, сэри лIыфIыфэ зытезгъауэу зызошыIэри сыщысщ. Унэм сыкъызэрыщIыхьэжрэ къалэмыр дэнэ щысIэщIэзэгъэнт е тхылъым дэнэ сыщеплъыфынт? Ахэратэкъым сэ иджыпсту си Iуэхур.

Сытми, мис иджы дадэхэр зэгъэжа хъункъэ щыжысIэм, сыкъыщIокI. Удз гъэгъа Iэрамэр зыфIэщIа къурагъыр ныпым ещхьу сIыгъыу сыздэкIуэм, лъагъуныгъэ... демонстрацэм сыхохьэ жысIэнущи сщIэркъым, лъагъуныгъэ зауэм сыIухьэу къызыщызгъэхъунущи, ари... Сытми, си Iуэхур хуабжьу зэIумыбзт: ди дежхэм сыщIраджэжыр, къысхуагъэлъэгъуэнур сыт? Мыдрейуэ, Iуэхур и нэм нэсрэ, Назифэ къысфIикIуэтыжмэ, дауэ хъуну? Пэжщ, иджыпстукIэ къытезгъэхьа хуэдэщ... Ауэ ди дежхэм замыхъунщIэу, хабзэм тету, Iуэхур къыдахрэ зэфIагъэкIыу щытмэ...

Щхьэгъубжэм къурагъыпэр зэрыдэсшиикIарауэ, бжэр Iэуэлъауэншэу къызэIуож. Назифэ къыщIобэкъукI. ПщыхьэщхьэкIэрэ дызэрызэхуэзэм хуэмыдэу, ар цIахуцIэу хуэпат. Мыр лIо, зыщIыпIи нысхуэмыкIуэну, и адэшхуэм зыгуэр къыжриIауэ сызримыгъэпсэлъэххэну ара? Сыкъощтэ. Сэ а псор зы напIэ дэхьеигъуэм зэзгъэзэхуэху, и Iэр кIэзызу къоIэбэри, Назифэ си Iэр къеубыд. Мылым сытещтыхьауэ сытрач фIэкI умыщIэну, моуэ тIэкIуи ипэкIэ сыщIисэ щIыкIэу, си пIэм среч. Асыхьэту унэ цIыкIум сыщIохутэ. Сэ адэкIэ сыIуегъэкIуэтри, езым хьэлъкъыр фIедзэж. ГъуэлъыпIэм срегъэтIысхьэри уэздыгъэр ирешэхыпэ. ИтIанэ езыри нокIуэри нызбгъуротIысхьэ. Ауэ си напэбгъум фIэкI зэримылъагъур фIэмащIэу къыщIэкIынщи, къыщолъэтыжри си пащхьэм къоувэ. Езы Назифи, зэрыжысIауэ щытащи, сэр нэхъ мынэхъ щхьэпэлъагэмэ, нэхъ цIыкIунукъым. Сэ сыщысу, езыр къысхуеплъыхыу къызэрызэплъымкIэ игу мызагъэу, си блыпкъитIыр Iэ лъэщитIымкIэ еубыдри сыкъегъэтэдж. Мис иджы хуиту си нэгум къоплъэ. АбыкIи гузэгъэгъуэ игъуэтыркъым, и пкъыр загъэркъым – ешэхыпауэ щыта уэздыгъэр ину къыдрешеиж. А псори псынщIэ дыдэущ зэрищIэр. Мис иджы хъуащ жиIагъэнщ, и Iэ дахитIыр си дамащхьитIым къытрелъхьэ. Хуэнэщхъеифэу, къыпыгуфIыкIыу къызоплъ-къызоплъри, и IэгуитIыр си блэгъукIэмкIэ къокIуэтэх, и бгъэ лъагитIыр си бгъэгум кърикъузылIэурэ сызрешалIэ. Насыпыр зэбэкIыу къызытехьэлъам ещхьу, сэ бауэкIэщI сохъу, си Iэпкълъэпкъыр щIолIэжри сызэфIоумэзахэ. Псэ схэтыжу умыщIэну, соуфафэ, мыдэ, зэрыхуейуэ ящIу яIыгъ пыпхэм срещхьщ. Ауэ, мафIэ щыщIэбдзэкIэ, пыпхэ дыдэми пIэнкIыу щIидзэнкъэ? Пэжщ, сэ иджыпсту нэхъ сызэщхьыр пIэнкIыу мафIэм искъым – кIэкуакуэу, и дзэр зэтеуэу щIыIэ техьэгъуэм ихьращ. Псэ зыхэмытыж си Iэблэ кIыхьитIыр пылэлурэ нэхъри хэмытIэтIауэ си фIэщ хъуркъым – ахэр гуэлэл-елэлэхыурэ, си лъэгуажьэпитIым фIэкIыжауэ къысфIощI. АрщхьэкIэ сыщыуат: си лъэр щIэщIэ-щIэщIэурэ

зызмыщIэжу сызэщIэтIысыкIауэ арат. ЯIэщIэщэту IэплIэм илъ чэфыр къызэраIэтыжым ещхьу, сыкъызэфIегъэувэж Назифэ.

– Назифэ... Си псэм хуэдэ... Зы мыгъуагъэр дыбгъэщIэнущ... Сэ пщэдей сохыж. ДагъэфIынуми даукIынуми зэхызогъэкI, Iуэхум кIэ изотри, пщэдеймыщкIэ сыкъыдокIыж...

«ПщэдеймыщкIэ... Пщэдейрей ныбгъуэ нэхърэ, нобэрей бзу... ПщэдеймыщкIэ ди насыпым дылъэIэсыжынукъым...» – Назифэ и Iупэ пIэжьажьэм къытещэщ Iущащэ макъыр зэрызэхэсхым нэхърэ, ар си Iупэм гуапэу къызэрытелъалъэр, си жьэм IэфIу къызэрыжьэдэлъалъэр зэрызыхэсщIэр нэхъыбэщ.

– ЖыпIэр сыт, Назифэ?..

«Сэ жысIэр сощIэж мыгъуэ... Насыпрэ гуфIэгъуэу игъащIэм слъагъунурати, мы гъэмахуэ тIэкIум слъэгъуат. Пщэдей узэрехыжри ущIехыжри сощIэ мыгъуэ».

– Уэли, сыщIрашэхыжыр сэр дыдэм сымыщIэ...

«Сэ сощIэ-тIэ!..»

– Дэнэ щыпщIэр? Дадэ къыбжиIа? Сыт щхьэкIэ сашэжми, пщэдеймыщкIэ сыкъыдокIыжри, уэрэ сэрэ ди Iуэхум кIэ идот.

«ПщэдеймыщкIэ, жи аргуэру! ПщэдеймыщкIэ дэ тIур дызэпыкIащ... Ауэ, сыт ухуейми къысфIэщ, си насыпым и псыпэм сяпэ нэгъуэщI хэзгъэ... хэзгъэIэбэнукъым. Гъуэбжэгъуэщым хуэдэу къысхукъуэплъу кIуэдыжыпауэ щытми, зы насып кIапэ зэ сытеплъэну сыхуиткъэ сэ? Бэлыхьу щыIэр сэр щхьэкIэ къигъэщIа? И, зо? НэгъуэщI мыхъуми, и фэеплъ къысхуэмынэу, си лъагъуныгъэр – си насыпыр си IэкIэ дауэ зэрызутIыпщыжынур? И, зо? Жылэ цIыхум ещхьу насыпыфIэ зэпыту сыпсэуну къысхуимыухами, абы зы жэщ закъуэ мы ди лэгъунэ цIыкIум гу щыщысхуэ щIэмыхъунур сыт?.. Езы алыхьталэм фIэкI къыттеплъэ щымыIэу?» – Назифэ мэIэбэри аргуэру уэздыгъэр ирешэхыж. 

– ЖыпIэр сыт? ПщIэр сыт, Назифэ?..

«ЖысIэри сщIэри сэ сощIэж, си псэ закъуэ... Зэ лIэгъуэщ сщIэлъри... АтIэми, сэ зы гурыфIыгъуэ закъуэт згъэунэхуну къысхуиухари... Ар мис... Ар уэращ...» – жеIэри быдэу сызыIэщIеубыдэ. ПсэкIэ, ди лъагъуныгъэбзэмкIэ дызэрызэгурыIуэм нэмыщIкIи, си тхьэкIумэм къицырхъэ хуэдэт: «Си псэ... Си дуней нэху... Си насып... Си насыпыншагъэ...» псалъэхэр. Ярэби, лъагъуныгъэм и къарум Назифэ и бзэри къыдиутIыпщыжауэ пIэрэ-тIэ? Ар сыту гуфIэгъуэшхуэт!.. Мис а гуфIэгъуэм дунейм тет псори IэщIыб сщащIри, соумэзэх, си псэр сIэщIоху...

Сэри, си насыпыншагъэти, апхуэдэ нэгъуэщI гуфIэгъуэ, абы ипэкIи абы иужькIи, си гъащIэ псом къысхуихуауэ сщIэжыркъым. СэркIи гъуэбжэгъуэщт а насыпыр. Ауэ тхьэ сыщIелъэIуну псор схузэмыгъэзахуэурэ бзэхыжат ар.

Сэ къысщибзыщIа щхьэкIэ, Мэжид и пхъурылъхум жриIауэ къыщIэкIат сыщIрашэхыжыр: ди адэр нэхъыфI къэхъужат, шхэпсыр ямытIэтэжами, къеузыжIатэкъым, семыжьэж щIыкIэ къызагъэшэну мурад ящIауэ арат.

– Хъунщ. Къэсшэнщ. Ауэ къэсшэнур морапщ. Мыпхуэдэщ. Ар къыщIэсшэнури сэ сощIэж... – щажесIэм, Iуэхур апхуэдэу зэрыхъунур имыщIэу си Назифэ дахэр делэт, уи Iэли уи уди – сызытрагъэхьэххэр-

къым. Хьэрэм утщIынщ... ДылIэмэ, ди хьэдэм укъытедгъэхьэнкъым... Абы и хъыбар Мэжид зэхебгъэхыххэнщи, ди напэр тепхащ. Апхуэдэ емыкIу зращIэр апхуэдэлIкъым...

ХъуаскIэр дяку къыдихыу куэдрэ дызэжьэхэуащ. Ауэ мохэри къыщысхуэмыгъэдаIуэм, сэри сакъыщыхуэмыгъэшым:

– Фыхуэмеймэ, фи щхьэ зэрыхьщ-тIэ! Сыкъытемыхьи-сыкъытемыхьэ фи хьэдащхьэм! ЛIауэ дунейм зыри къытранэжкъым, сэрыншэуи фыщIалъхьэжынщ, – жызоIэри си жьэм къихьыр япызотхъуэри, еплIанэ махуэм (зым адрейм худичыхынкIэ дыгугъэурэ жэщищ-махуищкIэ екIуэкIат ди зауэр) нэху дыкъызэрекIыу си щхьэр пщIантIэм къыдызох.

Къущхьэхъу дэдзыхыпIэм сыхуэкIуэу сыздэлъэхъум, си нэгу щIэтыр Назифэщ. Нобэ махуиплI ен мэхъу ар зэрызмылъагъурэ. Ауэрэ сыздэпIащIэм, си гум къыполъэдэж Назифэ къызэзгъэджа «Олеся» повестым хэт мы псалъэ пэжхэр: «Лъагъуныгъэм дежкIэ зэпэIэщIэныгъэр мафIэм щIиху жьыбгъэм ещхьщ: абы лъагъуныгъэ цIыкIур егъэужьых, лъагъуныгъэшхуэр нэхъри зэщIегъэст». Сэ сызезыхуэу сезыхужьа лъагъуныгъэр зыхуэдэр гурыIуэгъуэт...

МашинэтедзэкIэ сынэсыжмэ, си Назифэ дахэу плъагъур бгъуэтмэ – къащтэ.

– Уэлэхьи, и зыгъэпсэхугъуэр иухауэ, мыкIуэжынкIэ дуней Iэмал имыIэу жиIэри къыпиубыдщ аби, Iэгъуи гъуэгуи щыхуимыгъуэтым, сыт ищIэн мыгъуэт, ишэжакIэ Мэжид, – къызжеIэ дадэшхуэ. Уделэмэ, Iуэхушхуэкъэ? «ЛIэн ипэ пщIэнтIауэ щытат?.. ПщIэнтIамэ, ар фIыщтIэ», – жызыIэгъа ахьмакъ гуэрым ещхь сохъури:

– Дапщэщ щехыжар? – къызжьэдоху. ЩехыжакIэ, дапщэщми, тIури зытэкъэ?

– Дыгъуасэщ, тIасэ, – си фэм зы делагъэ гуэр къиIуатэу къыщIэкIынти, дадэшхуэ Iэнкун-Iэнкуну къызоплъ.

ПщэдеймыщкIэ сыкъыдэкIыжыну къэзгъэгугъати, сыкъыщыкIэрыхум, Iуэхур зытетыр къыгурыIуэри... Апхуэдэу зращIэр Назифэ хуэдэт?! Сытыфэ иджы сэ абы къызиплъынур?.. Си нэр щыункIыфIыкIыу, хьэщхьэрыIуэм ещхьу, сыделэIуделафэу си унэ цIыкIумкIэ соджэдэж. Си щхьэр зэрыщIэсхьэжу си нэр хуозэ стIолым телъ письмом. СыIэпэлъапэсысу зэтестхърэ сеплъмэ: «Си дуней нэхуу Мэзан! Си псэм ищIэ мыгъуэт ди Iуэхур апхуэдэу зэриухынур? ПцIыр сыткIэ щхьэпэ, сызэрытхьэмыщкIэри, апхуэдэ насып алыхьым къызэрызимыпэсынури сщыгъупщэжауэ уи «пщэдеймыщкIэр» делэ гугъэкIэкIэ къэзгъэсат... ПлъэкIыу уэ сыкъызэрумыгъэпцIар, «пщэдеймыщкIэр» щIыблэкIар уи щхьэхуимытыныгъэм къызэрыхэкIар си фIэщ мэхъу. Уэ уапхуэдэ цIыхукъым. Ари си псэм ещIэ, си дуней нэху закъуэ. Зы фэ гуэр къызиплъынщ жыпIэу, уигу умыгъэныкъуэ. Уэ зы лажьэ уиIэкъым. Сэ мурад сщIат сэ схуэдэ зы тхьэмыщкIэ гуэр фIэкI псэуэгъу сымыщIыну – уэ узыс мафIэм лажьэ зимыIэри здыхэплъэфэныр цIыхугъэншагъэщ... Мы дунейм сытетыху узидыгъэщ. Пэжщ, сэ иджыри си гугъэ хэсхыжыркъым: алыхьыр, дохутырхэр си плъапIэщ. А насыпыр къызэхъулIэрэ – гущищэ скIэрыщIами, укъэзгъуэтыжынщ. Ауэ мы сызэрыщыту сыкъанэми, уэ лъагъуныгъэ уэрэд щэхуу, лъагъуныгъэбзэу усIурылъынущ. ЛъэIуу пхузиIэр зыщ: сэ сызыхущIегъуэжын

злэжьакъым, уэ фэ Іей къызумыплъ! НэгъуэщІ мыхъуми, зы къабзий цІыкІу закъуэ къыхэзмычу дауэ сутІыпщыжынт алыхь ІэмыркІэ си ІэмыщІэм къихута жэнэтбзур? Арати, лъэтэжащ а бзур. Ар уэри сэри дгъуэтыжынукъым...

Зи гугъу куэдрэ къысхуэпщІу щыта си «рассказыр»... Сыти и рассказ мыгъуэ абы? Уэ тыгъэ пхузощІри, узэрыхуей дыдэу къэгъэсэбэп. Абырэ мы узэхъуэпсэжауэ щыта уи сурэтымрэ («Бдзэжьеящэ» зыфІэтщауэ лъэмыжым сытесу ищІарат) си фэеплъу къыпхузогъанэри... ЛъагъуныгъэбзэкІэ зэ къэпсэлъэжу аргуэру зи бзэр иубыдыжа уи Назифэ тхьэмыщкІэ...»

ИщІамкІэ арэзы мыхъуу, сыт щыгъуи аргуэру Іуэхум теІэзэщІыхьыж зи хабзэ цІыхубз гумызагъэм мы усэри дыщІигъужат и тхыгъэ мащІэм:

«Си Іэщхьэр пысшхыкІыжу махуищ пІалъэр
Илъэсищ ен къысщыхъуу блэзгъэкІащ.
Уи гъуэгур псэкІэ згъэхъуурэ сынаплъэу,
Сэ лъагъуныгъэ нэпс куэд щІэзгъэкІащ.

БампІэм сехь. Си гум къыпхеуд си бгъэчыр.
Жэщыр нэщхъейщ – си гуауэм зыкъыдещІ:
Сэ къыздэгъ уафэм вагъуэ нэпс щІигъэкІыр
И щхьэм телъ мазэ кІапэмкІэ елъэщІ.

УщыІэр пэжмэ, ди тхьэ, умызахуэ!
Мыгъуагъэу щыІэр натІэ щхьэ схуэпщІат?
Насып хъыринэм сызэрищІа махуэр
Си гъащІэ псокІэ спшыныжыну пщІаи...

Ауэ си щІыбыр хуэзгъэзэнкъым гъащІэм.
Си лъагъуныгъэм и жыг закъуэпцІийм
ГукъэкІыж ІэфІхэр пытынщ жэнэт пщІащэу...
Сыпсэуху, си псэ, узидыгъэ бзийщ.

Уи Н.»

А псом иужькІэ щхьэлажьэу узыщІэтІысыкІынумэ, къеблагъэ. Куэдрэ сыщыса, мащІэрэ сыщыса, сытми, зыкъызощІэжри, бжьэри, фори, лъагъуныгъэбзэр къызыгурымыІуэхэри хьэм езгъэхьурэ, си шы-уанэ зэтызолъхьэж: Назифэ и «Тыгъэ лъапІэр», и письмор, си Іэрытх тІэкІур си портфелым дызолъхьэжри, макІуэ-мэлъей, сІэщІэлъэтыжа жэнэтбзум и лъыхъуакІуэ сожьэж...

– ЕмыкІу сыкъыумыщІ, Темыркъан, си зыгъэпсэхугъуэ зэманри иухащ, семыхыжу хъунукъым, – жызоІэри зи нэр упІэрэпІэрейуэ къызэплъ лІыжьым сэлам изохыж.

Сыт хуэдизрэ сымылъыхъуами, Назифэ и лъэужь сытримыгъэхьэурэ, си ежьэжыгъуэ зэманыр къосри, еджапІэм згъэзэжын хуей мэхъу. Ауэ си гугъэр жыжьэуи хэсхыжатэкъым. ИлъэсыщІэр къихьэрэ къэзгъэзэжмэ, дэнэ кІуэн, щІым къыщІэзудыжамэ, къэзгъуэтыжынщ, жысІэу арт си гугъэр. Усэр усэу, письмор письмоуэ сэ абы къыхуэзмытхар укІуэдыжт. АрщхьэкІэ зы жэуапи щыІэтэкъым. Апхуэдэурэ си экзамен-

хэри си диплом лэжьыгъэри зэфIызогъэкI. Иджы езы Назифи сессием и къэкIуэгъуэу зэрыщытыр сэ сщIэртэкъэ? Ди фэр бэзэрым щызэхуэзэжынщ, жызыIэгъа бажэжь цIыкIум срещхьу, ар согъэхъури Москва сыдэсщ. Ди дежхэм дыкъамыди-дыкъамыдэ. Дызэрошэри, мыбы дыкъыдонэж. Дэнэ дежи лэжьапIэщ, псэупIэщ.

Ауэ жэнэтбзур лъэтэжар пэжт: махуэ гуэрым Назифэ и еджапIэ куэбжэм деж сыздэщытым, си фэр пыкIыу хуожьэ. И анэ шыпхъур (Мэжид ипхъу нэхъыщIэ дыдэр сэ сцIыхуртэкъэ?), нэгъуэщI зы щIалэ щIыгъуу, къокIуэ Назифэ. ЩIалэмрэ абырэ тынш дыдэу «зэрызэпсалъэр» нэрылъагъущ. Къэсхэмэ:

– АIей, Мэзан, уафэм укъехуэха? Дэнэ укъикIа? – къысщогуфIыкI Мэжид и пхъур.– ЗэгъэцIыху: мыр си шыпхъум ипхъущ – Назифэщ. Мыри абы и щхьэгъусэщ. Ди малъхъэщ. Мусэщ и цIэр. ТIуми я бзэ псалъэ мыгъуэкъым икIи зэхахкъым...

Ауэ зи бзэ мыпсалъэри зыри зэхэзымыхри сэра хуэдэт: си жьэри схузэщIэмыхыу, мобы жиIэри зэхэзмыхыу си щхьэр Iузохри сожьэж. Сэрыншэуи, абы и псэм бэлыхьу телъыр хурокъури къолыж. И щхьэ къиIэту къысIуплъэфакъым е и нэгу сригъэплъакъым... Абы и насып зэтеувэжар сэ щхьэ скъутэжын хуей? Скъутэжыну сыхуежьапэми, алыхьым сигъэкIуэн?.. Тхьэм и шыкурщ – ди Iуэху къызэрекIуэкIам зыри щыщымыгъуазэкIэ, цIыхубзым зыри щыхуэмыпсалъэкIэ (ди унэм илъа хьэргъэшыргъэр хэIущIыIу зымыщIахэри упсэуи!) си насыпыншагъэр си Назифэ дахэми дэзмыгуэшу (ар езым и псалъитI язт) сэр-сэру щэхуу си гущIэм щызгъэвыжынщ...

# Фантастикэ

ЖЫЛЭТЕЖ Сэлэдин

## Космонавтхэм я нэгу щIэкIар

*Рассказ*



Ди космонавтхэм къызэралъэтыхьрэ мазэ нэсами, ЩIым щекIуэкI хъыбархэми я Iыхьлыхэм я узыншагъэми ахэр щыгъуазэт. Езыхэри узыншэт, я пщэ кърагъэхьа Iуэхугъуэхэр зэрагъэзэщIэнум я гуи я пси етат. КIэщIу жыпIэмэ, псори хъарзынэу екIуэкIырт. Ауэ, зэрыхъуар ямыщIэу, космонавтхэм ЩIыр яфIэкIуэдащ. Апхуэдэу зы махуи махуитIи дэкIащ. Уэгум итхэм щIым щыIэ Центрым зыкъыпащIэжыфыртэкъым. ЩIыр «къаубыдыжыным» хущIэкъурт: чэзууэрэ, жэщ, махуэ ямыIэу, абы «еджэрт», «Фызэхэтхыркъым, фызэхэтхыркъым, сыт къэхъуар?» – жаIэу тхьэусыхафэ кърагъ зэпытт. Ауэ зыми зыри зэхихыртэкъым – ЩIыри щымт, езыхэми я Iуэхур зыIутыр ЩIым ирагъэщIэфыртэкъым. КъэтIысыжыну дапщэрэ хуемыжьами, ари ялъэкIыртэкъым. Гузавэхэрт, ящIэнур ящIэртэкъым.

Космонавтхэр зэрыс кхъухьыр зэми къоувыIэпэ, зэми къару гуэрым ирехьэжьэри бжэныцрэ хьэцыпэу кърехьэкI, къэхъуар ящIэркъым, Iэмал лъэпкъи хуагъуэтыркъым... ЩIэх-щIэхыурэ жыжьэу къыщыблэ уэздыгъэхэр зыгуэрым и нагъыщэу зэрыщытыр къагурыIуэрт, ауэ ахэр къыщылыд-щыункIыфIыжкIэ, а сигналхэм къикIыр къахуэщIэртэкъым... Космонавтхэр ЩIым йоджэ, ар къалъыхъуэ, ауэ ягъуэтыркъым. Аргуэру къару гуэрым космическэ кхъухьыр ирихужьащи, щхьэхуимыту еху, елъэф. Космонавтхэм, гужьеяуэ, скафандрхэр зэракъуэкIырт, адэкIэ къэхъунум пэплъэу щыст... Апхуэдэу ахэр куэдрэ ялъэфа, мащIэрэ ялъэфа? Зыри къагурыIуэртэкъым: сыхьэт бжыгъэри, жэщри, махуэри, мазэри яфIызэхэзэрыхьыжат. ЩIым зыпащIэжыфыну щыгугъыжыххэртэкъыми, адэкIэ зыIууэнум ирипIейтейрт, иригузавэрт...

Космическэ кхъухь кIуэцIыр занщIэу кIыфIыбзэ хъури нэху къэхъужащ. Арати, ахэр щабэу зыгуэрым тетIысхьащ. ЩхьэгъубжэмкIэ дэплъмэ – тафэм тесщ, а зытесыр ЩIым щрагъэщхьи, армырауэ шэч къыщахьи щыIэщ...

Космическэ кхъухьыр щетIысэха тафэм кхъухьлъатэ цIыкIу зыбжанэ къыщхьэщыхьэри, ЩIым илъэтыкIахэр куэдрэ къауфэрэзыхьащ, итIанэ зырыз-тIурытIу ахэри тафэм тетIысхьащ. Абыхэм «къилъэлъа» «цIыхухэр» ди ЩIым щыпсэухэм ещхьт, ауэ куэдкIэ нэхъ цIыкIут икIи нэхъ жант. Ахэр зэми зекIуэрт, ауэ, лъэтам хуэдэу, зыщаIэтыфи щыIэт. Абыхэм космическэ кхъухьлъатэм и бжэр псынщIэу Iуахри космонавтхэр къауфэрэзыхьу хуежьащ...

Космонавтхэр, ЩIым къызэрымытIысыжар къагурыIуати, нэщхъей

дыдэу щыст, «цIыху» цIыкIухэри абыхэм епщIэкIат.

– Дэнэу пIэрэ мы дыкъыздэлъэтар? – еупщIащ зы космонавтыр и ныбжьэгъум.

– Ар дэнэми, дэ ЩIым дыпыкIащ, – пидзыжащ адрейм, и гугъэр хихыжыпауэ.

НэгъуэщI планетэм щыщ «цIыхухэр» бжэмкIэ къакIуэри къызэтеувыIэжащ, космонавтхэр къэтэджу къикIын зэрыхуейр къыгурагъаIуэу. КъызэфIэувэри космонавтхэм бжэмкIэ яунэтIащ. Абыхэм скафандрхэр ящыгъти, мыкIуэмытэурэ бакъуэрт. «ЦIыху» цIыкIухэр зэлъыIукIуэтурэ хьэщIэхэм гъуэгу иратырт. Ахэр космическэ кхъухьым зэребэкъуэхыу, тафэр зэгуэкIри теувапIэ дахэхэр къыщIэщащ.

– МыбыкIэ фынех, – къыжраIэу къагурыIуэри космонавтхэр ежьащ. ХьэщIэхэр гъунэгъу зэрыхъуу, теувапIэхэр зэщIэхъаери ахэр ирашэжьащ. КIуэху нэхъ хуабжь хъууэрэ, эскалаторым космонавтхэр иришэхырт. Куэд мыщIэу ахэр пэшышхуэм къыщыхутащ. Ар нэщIт. КосмонавтитIми я закъуэу заплъыхьу щытт. Асыхьэту абыхэм нэгъуэщI планетэм щыщ «цIыху» къабгъэдыхьащ. Абы иIыгъ башыр зэригъэхъейуэ, унэ лъэгур зэгуэкIри, шэнти стIоли къыдэкIащ, зым и ужь зыр иту абыхэм «глобус» цIыкIу куэд къытехутащ, унэ лъэгумкIэ зыкъыщаIэтурэ нэгъуэщI приборхэри блынхэм, унащхьэм кIэрыз хъуащ. Ауэрэ пэшыр обсерваторием ещхьу зэщIэнащ. СтIолым тет «глобусхэм» ящыщ зыр нэхъ ин хъум-хъууэрэ, плъыжьу, щхъуэуэ, удзыфэу къызэщIэнэу щIидзащ. Ар яфIэгъэщIэгъуэну космонавтхэм зэпаплъыхьырт, ди ЩIым и глобусым ирагъэщхьу. ЛъэныкъуэкIэ хуэмурэ екIуэкIыурэ, ар блыным хэкIуэдэжащ. Абы къыкIэлъыкIуэу нэгъуэщI зы глобус хэгъэрейм къигъэхутэри, ар нэхъ ин ищIым-ищIурэ, и фэр зэмыфэгъу куэду къызэщIигъэнащ. Ари космонавтхэм я гъунэгъу хъууэрэ лъэныкъуэкIэ IукIуэтри кIуэдыжащ.

ЩIым икIахэм гу зэрылъатамкIэ, я пащхьэм ит хэгъэрейм езыр зэрыхуейм хуэдэу глобусхэр къегъэунэху икIи егъэкIуэдыж. Абы иIыгъ башым куэд лъегъэкI. НэгъуэщI планетэм щыщ «цIыхум», гъэунэхуныгъэ иригъэкIуэкI хуэдэ, къигъэхутэм-игъэбзэхыжурэ, зэхуэмыдэу «глобусибл» зэблихъуащ. Ахэр планетэ зырызхэм яйуэ космонавтхэм къащыхъуати, ЩIым и глобусыр кърагъэлъагъуну щыгугъхэрт. Хэгъэрейм глобусхэр зэгъусэу зэ къигъэхутэжри, къаригъэцIыхуну хэт нэхъей, запригъэплъыхьыжащ, ауэ космонавтхэм зыри щыжамыIэм, аргуэру хуэмурэ лъэныкъуэ иригъэзыжри игъэбзэхыжыпащ. ХьэщIэхэм яцIыху гуэр а къаригъэлъэгъуахэм къазэрыхэмыкIар игъэщIагъуэу, нэгъуэщI планетэм щыщ «цIыху» цIыкIум космонавтитIыр куэдрэ зэпиплъыхьащ. ИтIанэ хуэм дыдэурэ абы нэгъуэщI «глобус» цIыкIу къигъэхутащ. Ар гъунэгъу къэхъуху нэхъ IупщI хъууэрэ, материкхэри, бгыхэри, тафэхэри, псыхэри къэбелджылыпащ.

– Мыр ди ЩIым и глобусщ! – къыжьэдэлъэтащ зы космонавтым, гуфIэгъуэм къызэщIиIэтэу.

– Аращ! Аращ! – диIыгъащ адрейми. Ар къэзыгъэхутам глобусыр кIуэ пэтми нэхъ ин ищIырт, зэмыфэгъуу къызэщIигъанэрт.

– Феплъыпэт, мыра фи ЩIыр? – къеупщI хуэдэ, глобусым зригъэгъазэурэ, запригъэплъыхьырт.

– Аращ, ди ЩIым и глобусщ мыр! – ягъэщIагъуэрт космонавтхэм.

Хэгъэрейм езыми щIэрыщIэу ЩIым и глобусыр куэдрэ зэпиплъыхьыжащ.

– НетIэ дигъэлъэгъуахэр ди ЩIым хуэдэу гъащIэ здэщыIэ планетэу мыбыхэм къалъытэхэм я глобусщ, – жиIащ зы космонавтым.

– Ди ЩIым и глобусыр япэу щIыдамыгъэлъэгъуар цивилизацэ нэхъ здэщыIэу абыхэм къалъытэ планетэхэм яйхэр япэ ирагъэщауэ аращ, – дыщIигъужащ адрейм.

– Мыбы гъэщIэгъуэн куэд къыщытщIэфынут, дагурыIуатэмэ, мыхэр дэ дэщхь цIыхукъым, ауэ лъэкIыныгъэшхуэ яIэ хуэдэщ, – хуэму жиIащ зы космонавтым.

– Тлъэгъуар тIуэтэжыфынт, дыкIуэжыфамэ, ауэ мыбыхэм уаутIыпщын? – пидзыжащ адрейм.

– Аракъэ Iуэхур, – щэтащ космонавтыр.

«Мэ, феплъ иджыри, зэпэфплъыхь фIыуэ», – жыхуиIэу, хэгъэрейм глобусыр космонавтхэм къахуигъэкIуэтащ.

– Мыпхуэдизу ди ЩIым ещхьу мыр дауэ яхуэщIа! – ягъэщIагъуэрт космонавтхэм.

Глобусыр космонавтхэм къабгъэдинэри, хэгъэрейм зигъэбзэхащ.

– Дэнэ кIуа мы ди пащхьэм итар? – жаIэу космонавтхэр щызэплъыжым, абыхэм нэгъуэщI зы къабгъэдэхутащ. «Ди бзэр зыщIэ мыбыхэм яхэтамэ арат», – космонавтхэр щегупсысым, къабгъэдэхутар къэпсэлъащ:

– ЩыIэщ апхуэди. КъэфцIыхужрэ фи ЩIым и теплъэр?

– КъэтцIыхужащ. Уэ дэнэ ди бзэ щыпщIэр? – космонавтхэм гуфIэгъуэр яIэу абы зыхуагъэзащ.

– Сэ хыщI гъэхэм мызэ-мытIэу фи ЩIым сынэлъэтащ, – къригъэжьащ абы. – Пэжщ, япэ сынышылъэтам сыхьэт бжыгъэщ фи деж сызэрыщыIар, ауэ а зэман кIэщIым къриубыдэу сэ зыхэсщIэу нэхъ тIорысэ сыхъуат, – къыщIигъужащ абы.

– Сыту нэхъ къэплъытэрэ ар къызыхэкIар? – щIэупщIащ зы космонавтыр.

– Ар къызыхэкIам фи ЩIым щыпсэухэм иджыри гу лъатэркъым... Псом ящхьэраши, ЩIым хуэсакъыу жаIэурэ, ар зэракъутэну Iэмалхэр къагупсыс. Фызыщыпсэу ЩIым зыкIи фыщысхьыркъым.

– Дауэ дызэрыщымысхьыр? Ди ЩIыр, природэр хъумэным къарушхуэ идохьэлIэ, – зэпиудащ ар адрей космонавтым.

– Пэжкъым! – идакъым ар нэгъуэщI планетэм щыщ «цIыхум». – Фи ЩIым щыпсэухэр цIыхухэр зыщыпсэу ЩIыр зэрахъумэнум нэхърэ, ар зэракъутэну Iэмалхэм нэхъ йолэжь. Абдеж фыкъыщызэтеувыIэнуи фи мурадкъым – КосмосымкIэ фыкъохъуапсэ. Абы Iэщэ зыгъэIэпхъуэну ныкъуакъуэхэри ЩIым щыпсэухэм къыфхэтщ. Ар дэ фхуэддэнукъым! Фэ фи ЩIым фыхуэмеижми, дэ космосым дыхуейщ. Фи мурад Iейхэм дэ дагъэпIейтей. Аращ фэ мы планетэм фыкъэтхьынри къызыхэкIар. Зэрыфлъагъущи, ЩIым щыпсэухэр фэ фыкъытлъэщIыхьэным иджыри зэман куэд хуейщ. Дэ цIыху щыпсэу планетэхэм фIэкI къэтлъэтыхьыркъым, къэтлъэтыхьынуи дыхуиткъым. А планетэхэми абы щыпсэу дэтхэнэми дэ дахуэсакъыну, ахэр тхъумэну ди къалэнщ. Ар зыри зэпцIыж мыхъун къалэн лъапIэу дэ ди нэхъыжьхэм къытхуагъэнащ. Фэ кIуэ пэтми Iэщцэм хэвгъахъуэ зэпытщ. Абы къокI ЩIыр зыкъутэжыну къарум фыхуэлажьэу. Ар делагъэкъэ! Иджыпсту цIыху акъылыр здынэсам

афIэкI къыбгурымыIуэныр цIыху гъащIэм и бийщ. ГъащIэ здэщыIэ планетэ мащIэхэм ящыщ зы фи ЩIыр щыпсэухэм я зэранкIэ къутэжыну шынагъуэ диIэщ.

Фэ, ЩIым щыпсэухэм, иджыри куэд къыфхэткъым космосым къэлъэтэфу. АтIэ дэ тщыщ дэтхэнэ зыри сыт хуэдэ планетэми носыф. Абы къокI ди техникэри щIэныгъэри фыфейм фIыуэ зэрефIэкIыр. Ар зи фIыщIэри игъащIэм ди планетэм IэщэкIэ зэджэ къару Iейхэр къызэрыщамыгупсысарщ. Фэ, космосым къэлъэтэфхэм, фи хэкуэгъухэм я деж жэуап нэхъыбэ щывохь фыщыпсэу ЩIыр хъумэнымкIэ. Абы фегупсысу пIэрэ? – захуигъэзащ абы космонавтхэм.

– Догупсыс! – зыжьэу жаIащ космонавтхэм.

– Апхуэдэу щытмэ, жыфIэфыну пIэрэ ЩIыр зыкъутэну Iэщэхэр апхуэдизу фыхуэнэхъуеиншэу щIэфщIыр... Ар, гува-щIэхами, ЩIым щыпсэухэм къывэуэжынущ...

– Дэ зэрызытхъумэжын Iэщэщ къыщIэдгъэкIыр, – къригъэжьащ зым.

– Зэт, зэт! – зэпиудащ абы космонавтыр. – Хэт зызыщыфхъумэр?

– Ди бийхэм.

– Сыт хуэдэ бий?

– Фэ фымыщIэнкIи хъунщ, ауэ ди ЩIым щыпсэу цIыхухэр, къэралыгъуэхэр куэдрэ щызэгурымыIуэ къохъу...

– КъызгурыIуащ, – зэпиудащ абы аргуэру псэлъэну къезыгъэжьар, – аращ, фи цIыхухэм я акъылыр ди деж щыпсэухэм я акъылым абыкIэ къыкIэрохy... Ди деж щыпсэу дэтхэнэри зыхуэлажьэр, зыхуэпсэур псори дызыпI, дызыщыгугъ ди псэупIэр – Планетэр – хъума зэрыхъуну щIыкIэрщ, ар псэ зыпытхэм нэхъыбэрэ къызэрыддэгъуэгурыкIуэнурщ... Фи ЩIым щыпсэуа Iущ гуэрым жиIаи, дэтхэнэ зы цIыхуми зыщыпсэу щIыпIэр игъэдахэмэ, дызыщыпсэу ЩIыр дахэкIей хъунущ, жиIэри... Ар гупсысэ телъыджэт, абы фытетыфамэ, ауэ, ди жагъуэ зэрыхъущи, ар ЩIым щыпсэухэм къыздэфщтэфыркъым. ЛIыфIыгъэ фызэригъахуэркъым, фызоныкъуэкъу. ГъащIэм игъуэтын хуей зыужьыныгъэр фолъахъэ... ЩIым цIыхур зэрыщыпсэурэ фIыуэ къыщагупсыса псори зэрыфкъутэжын фызэпеуэу къывогупсыс, къывогъуэт... Ар губзыгъагъэ? Нобэ зыужьыныгъэр здынэсам къезэгърэ? СыткIэ фыхуей ЩIыр зэрыфкъутэжыфыну къарухэм? Фэ, ЩIым щыпсэухэм, фи зэран дэри къыдэкIынкIэ шынагъуэщ. Аращ нобэкIэ нэхъ дызыгъэгузавэр. Дэ тхузэфIэкIынущ ЩIыри абы щыпсэухэри ди жыIэм фыщIэдгъэтыну, ауэ апхуэдэу тщIыркъым икIи игъащIэкIи тщIынукъым. Псэ зиIэр щхьэхуиту псэун зэрыхуейр дэ къыдгуроIуэ. А хабзэри ди деж зыми щикъутэну хуиткъым. Аращ дэ ди планетэм зы Iэщэ лIэужьыгъуэ гуэри къыщIыщыщIэдмыгъэкIыр. Дэ тхузэфIэкI псори гъащIэр зэIузэпэщ зэрытщIынум идохьэлIэ. НэгъуэщI къалэн ди «цIыхухэм» зэи яIакъым.

– ЦIыху куэд щыпсэурэ фи планетэм? – щIэупщIащ космонавтхэр.

– Мелард бжыгъэкIэ, – кIэщIу жэуап къитащ абы.

–Дэнэ-тIэ а псор здэщыIэр? Дэ абыхэм япэIэщIэ щIыпIэ жыжьэ дыщетIысэхар? – щIэупщIахэщ аргуэру.

– Мэлажьэхэр. Тпэгъунэгъуи тпэжыжьи яхэтщ, – жиIэри лъэныкъуэкIэ Iэ ищIащ. АбыкIэ космонавтхэр щыплъэм, блыныр зэгуэкIри губгъуэшхуэ къыщIэщащ. Щхьэж и Iуэху ищIэжу а та-

фэм цIыху куэд щызэрызехьэрт. Космонавтхэр, абыхэм ялэжьыр къахуэмыщIэу, еплъу здэщытым, модрейм «Зэран дахуэхъункъым», – жиIэри, блынхэр зэгухьэжащ.

– Ахэр сытым деж нэхъ щылажьэр? – щIэупщIащ космонавтыр.

– Ахэр щымылажьэ зэи къэхъуркъым, щыжейм деж фIэкI...

– Сыт щыгъуэ-тIэ абыхэм зыщагъэпсэхур?

– Зыгъэпсэхуныр фэ, ЩIым щыпсэухэм, дауэ къызэрывгурыIуэр?

– Мылажьэу, я нэгу зрагъэужь хъууэ абыхэм зэман къахуихуэрэ?

– Сыт щIэмылэжьэнур? Ди деж къыщыхъу дэтхэнэ зыми Iэмал егъуэт ар къызыхуалъхуа Iуэхугъуэ дыдэм ирилэжьэну. Абы къыхэкIкIэ, ахэр зыхуэпсэури зыхуэлажьэри аращ, зэи яужэгъуркъым, езэшыркъым, сыту жыпIэмэ я псэм дыхьэ лэжьыгъэщ сыт щыгъуи зыбгъэдэтхэр. Фэ ар иджыкIэ флъэкIыркъым.

– Апхуэдэу псори лэжьыгъэм дауэ девгъэхьэхыфрэ-тIэ?

– Ди деж къыщалъху дэтхэнэ зыри къызыхуалъхуа IэщIагъэр зыкIи щымыуэу ди щIэныгъэм къехутэф. ФIыуэ илъагъу лэжьыгъэм зыIэпишэмэ, абы щигъуэт ехъулIэныгъэм игъэгуфIэ зэпыту, абыкIэ дэрэжэгъуэ игъуэту мэпсэу. Аращ зыгъэпсэхугъуэ зэман хэхаи щIыхуэмейр. Фи деж щыIэ цIыхухэр иджыри абы нэсакъым.

– НтIэ, фи деж цIыхуу щыIэр апхуэдэу лажьэ зэпыт?

– НтIэ. Фэри абы фыхуэкIуэну фыхуеймэ, ЩIым и зэран зыхэлъу къэвгупсыса псори къанэ щымыIэу вгъэкIуэдыжи, ЩIым и сэбэп зыхэлъ Iуэху фIэкI фымылэжь. Фи акъылыр абы куэдым къыхуигъэушынущ...

– Iэщэр гъэкIуэдын зэрыхуейм дэ куэдрэ дытопсэлъыхь. Аращ ЩIым щыпсэухэм я нэхъыбапIэр иджыпсту зыщIэбэныр.

– Аращ, Iэщэращ ЩIым щыпсэухэм фи насыпыншагъэр къызыхэкIыр. Мыдэ фыкъакIуэт, ар сэ нэрылъагъу фщысщIынщ, – жиIэри хэгъэрейм хьэщIэхэр унащхьэм деж бгъунжу тет гъуджэшхуэм бгъэдишащ. Абы ЩIыр къиищырт. ЩIым хуэмурэ зигъазэрт, и щхьэфэм адэкIи-мыдэкIи Iугъуэ къыщыпхивырт.

– Мо Iугъуэ зыщхьэщыту флъагъу щIыпIэхэм деж Iэщэ куэд щызэхуэхьэсащ. Абы ЩIыр гугъу ирегъэхь. Ди дежи къос а хьэзабыр. Фи къэралыгъуэхэм зэпеуэу Iэщэ бзаджэм – ядернэм – хагъахъуэ зэпытщ, уеблэмэ ар космосым нэхьэсын хуейуэ ныкъуакъуэхэр куэд мэхъу. Пэжым ухуеймэ, дэ а псоми дыпэлъэщынущ, ауэ дыхуейкъым фызыхэкIуэдэн зауэ фэтщIэкIыну. Сыту жыпIэмэ, цIыхупсэ нэхърэ нэхъ лъапIэ зыри щыIэкъым. ГъащIэм зэи къытегъазэ зэримыIэм, цIыхур зэ фIэкI зэрымыпсэум къалэн къытщащI дэ ар тхъумэну. Ауэ куэд мыщIэу щыIэжынукъым космосми адрей планетэхэми еныкъуэкъуным щIэкъу къарухэр. Ар куэд и уасэщ. Зэман куэди къару нэхъыбэжи тедгъэкIуадэу, дэ долэжь цIыхухэр къелу ЩIым телъ Iэщэ псори зэрыдгъэкIуэдын Iэмалхэм. ИкIи ахэр къэдгъуэтыфынущ куэд мыщIэу...

Абы хэту ахэр зыбгъэдэт гъуджэшхуэм къыIуувам космонавтхэм къабгъэдэтым зыгуэрхэр къыжриIащ, асыхьэтуи бзэхыжащ.

– Зи гугъу фхуэсщIа Iэмалхэм щыщ къагъуэтащ, – жиIащ хэгъэрейм. – Ди еджагъэшхуэхэм фи Iэщэм и бийуэ къагупсыса нэху пакIэр цIыхухэм зэран къыфхуэхъунрэ къыфхуэмыхъунрэ ящIэртэкъыми, мыбдежым фыщытыху, къахутащ. Псори хьарзынэщ. Фызэрынэсыжу ди деж щыфлъэгъуахэри щызэхэфхахэри псори къанэ щымыIэу ЩIым

93

щыфIуэтэж.

– Дауэ-тIэ дэ ЩIым дызэрылъэтэжынур? – къэгуфIауэ щIэупщIащ зы космонавтыр.

– Фымыгузавэ, ЩIым фынэсыжынщ. Дэ абыкIэ дывдэIэпыкъунщ...

Асыхьэтуи езыр япэ къиувэри ахэр эскалаторымкIэ космическэ кхъухьым къыбгъэдишэжащ. – Мыбы фитIысхьэж, дэ фыкъыщыдубыдам нэс фыдгъэIэпхъуэжынущ, адэкIэ ЩIым зыпыфщIэжынщи фыкIуэжынщ, – жиIэри абы космонавтхэм сэлам къарихыжащ...

Космонавтхэр кхъухьым зэритIысхьэжу, абы зыкъиIэтащ...

– «Ар ЩIыращ! Ар ЩIыращ! Фэ дэнэ фыщыIэ?» – зэхахащ космонавтхэм ЩIым и макъ.

– Дэ космосым дыхэтщ!

– Фыкъызэрылъэтэжынум зыхуэфщI, – зэхахащ аргуэру космонавтхэм макъ...

Космонавтхэр къыщытIысыжам, ЩIым, япэми хуэдэу, Iэщэ къыщыщIагъэкIырт, ауэ ар зэрыгъэкIуэдыжын хуей щIыкIэхэми тепсэлъыхьырт. ЦIыхухэр мамырыгъэм хуэлэжьэным, насыпыфIэу псэуным щIэбэнырт. Ауэ иджыри щыIэт Iэщэ нэхъ лъэщыжхэр къыщIэгъэкIыным егупсысхэри...

# Дунейпсо литературэм и классик



(1884 - 1920)

*Иджырей тырку литературэм и новеллэ жанрым и лъабжьэр зыгъэтIылъа Хьэтыкъуэ Умар – Омер СейфеддинкIэ зэджэжым – дунейпсо литературэми увыпIэ хэха щеубыд. Абы и тхылъхэр къэрал куэдым къыщыдэкIащ. УрысыбзэкIэ зэрадзэкIауэ Умар и новеллэхэр тIощI гъэхэм и кIэм къыщыщIэдзауэ урыс журналхэм къытохуэ, и тхыгъэ къыхэхахэр тхылъ щхьэхуэу 1957, 1975, 1987 гъэхэм Мэзкуурэ Ленинградрэ къыщыдокI. Тхылъищми ит новеллэхэр, повестхэр урысыбзэкIэ зэрадзэкIащ Печенев Игорь, Яковлевэ Нелли, Кормушин Иван сымэ. «Омер Сейфеддин пщIэшхуэ иIэщ иджырей тырку литературэбзэр убзыхуа зэрыхъуамкIэ, – жеIэ Печеневым. – Япэ итхэми, езым и зэманым псэуа тхакIуэхэми ар къащхьэщокI и бзэр нэхъ къызэрыгуэкIыу, цIыхубзэр зэрыпсалъэм нэхъ пэгъунэгъуу зэрыщытымкIэ. Хьэтыкъуэм и тхыгъэхэр хуэхейщ хьэрып, къэжэр псалъэхэу тырку литературэбзэр лIэщIыгъуэ зыбжанэ хъуауэ зэIызыгъэхьэхэм».*

*Хэт хъуну-тIэ зи гугъу тщIы адыгэ щIалэр?*

*Хьэтыкъуэ Умар и адэ Сэфудинт истамбылакIуэ ежьар. Тыркум нэса нэужь, ар зы щIыпIэм икIрэ адрейм Iэпхъуэу куэдрэ екIуэкIащ. ИкIэмикIэжым Мрамор тенджызым и Iуфэм пэмыжыжьэ Гёнен жылагъуэм дотIысхьэ. 1884 гъэм абы къыщалъхуащ тхакIуэ цIэрыIуэ хъуну щIалэр.*

*Хьэтыкъуэм литературэм и гъащIэр пищIэну и пщIыхьэпIи къыхэхуэртэкъым. И ныбжьыр илъэс пщыкIутI фIэкIа мыхъуауэ, Умар Эдерне къалэм дэт дзэзешэ еджапIэм щIотIысхьэ. Ар къеухри Истамбыл макIуэ, и щIэныгъэм хигъэхъуэн мурад иIэу. ИкIи абы «Мектебе Хьэрбийе» еджапIэ нэхъыщхьэр къыщеухри, илъэс зыбжанэкIэ дзэм къулыкъу щещIэ.*

*1908 гъэм екIуэкIа революцэм и ужькIэ Тыркум куэду къыщыдагъэкIыу щIадзэ сатирэ, гушыIэ журналхэр. Абыхэм традзэ усэхэр, хъыбархэр икъукIэ къащхьэщыкIырт япэрей классикэ сатирэм и щапхъэхэм. Тхыгъэхэм я нэхъыбэр пэджэжырт зэманым къигъэув къалэнхэм, литературэм и унэтIыныгъэ зэхуэмыдэхэм я зэныкъуэкъум. Абыхэм яхэтт пародиехэр, эпиграммэхэр. А зэманым щыIа тырку сатирэм и гугъу щащIкIэ, япэу зи цIэ жаIэр Хьэтыкъуэ Умарт. Абы и тхыгъэ гъэпсыкIэм и лъабжьэщ псэ щабагъэр, гу пцIанагъэр, Iущыгъэ зыхэлъ акъыл гъэтIысакIэ къэIуэта гупсысэхэр, апхуэдэуи хъуэр, гушыIэ шэрыуэхэр.*

*Гу щабагъэкIэ псыхьа усыгъэ закъуэтIакъуэхэм къадэкIуэу, Хьэтыкъуэм итхырт пхъашэу, дыджу гум ежалIэ ауанхэмкIэ гъэнщIа новеллэхэри.*

*Умар и ныбжьэгъу тхакIуэхэу Джэс Алъпрэ Жаныпэ Алийрэ щIыгъуу «Гёнч къалэмлер» журналыр къыдигъэкIыу щIедзэ.*

*1912 гъэм Хьэтыкъуэр аргуэру дзэм хохьэж, ауэ Балкан зауэм ар*

*зэрыхэтар мащIэ дыдэрэщ. Гъэр ящIри, Грецием мазипщIкIэ лъэхъуэщым щрагъэс, абы къызэрикIыжу, Истамбыл егъэзэж, икIи етIуанэу дзэм къыхокIыж, зэи тримыгъэзэжыну мурад быдэ ищIауэ. 1914 гъэм къыщыщIэдзауэ дунейм щехыжыну 1920 гъэм нэсыху, абы Тырку щыхьэрым дэт курыт еджапIэхэм ящыщ зым литературэр щрегъэдж.*

*Хьэтыкъуэм ильэс щэщIрэ хырэщ къигъэщIар. Абы щыщу тхэным къылъысар ильэсий къудейщ. А зэман мащIэр дамэр уэзыгъэшэщI, дэрэжэгъуэ къозыт лэжьыгъэ куукIэ игъэнщIыфащ Умар. Абы и Iэдакъэм къыщIэкIащ новелли 150-м щIигъу, повесть зыбжанэ, зы пьесэ, и кIэм нимыгъэсауэ романитI. Хьэтыкъуэм къытрыригъэдзащ литературэр зыубзыху, бзэм теухуа лэжьыгъэ куэд. Тхыгъэ зыбжанэ тыркубзэкIэ зэридзэкIащ, Гомер и «Одиссеери» хэту.*

*Адыгэ щIалэм и тхэкIэм дэплъей, ар зи егъэджакIуэу къэзылъытэ тхакIуэ цIэрыIуэ куэд щыIэщ КъуэкIыпIэ Гъунэгъум. Хьэтыкъуэм и новеллэхэм, памфлетхэм тырку обществэм и зэхэтыкIэр нэсу къыщигъэлъэгъуащ. Хэбгъэзыхьмэ, къэралым щыIэ ухуэкIэр, тыркухэм я хьэл-щэныр, я псэукIэр щIэнэкIалъэ зэрищIым къыхэкIыу, тхакIуэр ягъэкъуаншэрт «угущIэгъуншэщ, псоми уащодыхьэшх» жаIэу. Хьэтыкъуэм и IэдакъэщIэкI нэхъыфIхэм ящыщщ «Тельыджэ», «Азэн джэ макъ», «Iулъхьэ, «Лэгъупыкъу», «МафIэдз», «Аргъуей», «Адакъэ», «Делэ», «Динсыз» новеллэхэр, «Эфруз-бей», «Хьэрэм» повестхэр.*

*Тхыгъэ зыбжанэ абы триухуащ езым и гъащIэм и къекIуэкIыкIам, и лъэпкъэгъухэм. Апхуэдэщ «ШытхъунщI», «Япэ мыхъумыщIагъэ», «ПIыртIыкъыш», «Зэшхэр», «Фыгъуэнэд», «Бгырыпх» новеллэхэр. Абыхэм Умар щетх и адэ-анэм, игъуэ нэмысу дунейм ехыжа и къуэш нэхъыжьым, къызыхэкIа адыгэ лъэпкъым папщIэ псалъэ гуапэ, гурыгъу-гурылъ дахэ куэд.*

*Хьэтыкъуэм и IэдакъэщIэкIхэм увыпIэшхуэ щеубыд адыгэ таурыхъхэм хэт Iэмалшы КъуийцIыкIу, егъэлеяуэ пцIыупс барон Мюнхгаузен сымэ уигу къэзыгъэкI Эфруз-бей щхьэщытхъум. Абы и IуэхущIафэхэм ятеухуа повестым авторым ауан щещI 1908 гъэм екIуэкIа революцэм и зэманым щыIа пщы-уэркъ интеллигенцэр, зи культурэр зэзымыпэсыж Iужажэхэр, напитIхэр, акъмыкъ фэрыщIхэр.*

*Япэ дунейпсо зауэм щыгъуэ Хьэтыкъуэр тэмэму бгъэдыхьащ политикэ Iуэху щытыкIэм. ГушыIэ жанкIэ ар щыдыхьэшхащ пантюркистхэм я мурадхэм икIи «Хуитынығъэм и жэщ» новеллэм зэрыпхъуакIуэ зауэр гум тебгъахуэ зэрымыхъунур къыщигъэлъэгъуащ.*

*Адыгэ лъэпкъым къыхэкIа тырку тхакIуэшхуэ Хьэтыкъуэ Умар и гъащIэр щхьэузыхь хуищIащ зыщыпсэу къэралым ис лъэпкъ псори нэхугъэм, щIэныгъэм къыхуэгъэушыным.*

*Абы и пщIэр ноби игъащIэкIи мыкIуэдыжынщ. Дунейм щехыжым зы гукъеуэ закъуэщ иIар: и адэжь хэку и IэфIагъ зэрызыхимыщIарщ, абы хуэпсэуну, хуэлэжьэну Iэмал зэримыIарщ.*

**ХЬЭФIЫЦIЭ Мухьэмэд**

*Новеллэхэр*

**ХЬЭТЫКЪУЭ Умар**

# ШытхъунщI

Шэщ бжэIупэр джэгупIэ тхуэхъуащи, пщэдджыжьым жьыуэ дыкъыщолъэтри дызэрохь. ШэщымкIэ псыIэрышэ блож, дзэлыгъуэм и жьауэм зыщIигъэпщкIуауэ. Ди унэр хъуэш жыгышхуэхэм къахэщыркъым – зыми дыкъилъагъунукъым, дызэранми. Ди анэр Истамбыл кIуащ – къытпэрыуэн искъым ди унэ. Си къуэшым сэрэ – ар зы илъэскIэ нэхъыщIэт – ди шыгъашхэ лIыжьым, Дударыхъу, дыкъыкIэрыкIыркъым. Шым пэтщI щыIэкъым тIуми: сыт и уасэ шыр псафэ пшэныр! Хьэсэн и закъуэ шэсын мэшынэ иджыри – аращ Дударыхъу шыплIэм щIыдигъэтIысхьэр. Шыр псафэ къитшыжамэ, Iэнлъэм зэнтхъ идокIутэ, шхалъэм мэкъу дыгъэлыр дэз дощI, шэщыр къыдотхъу. Псом хуэдэж шыр птхъунщIыныр! Дударыхъу шытхъунщIыр къищтэрэ шым еувэлIамэ, сыщохьэ:

– Сэ сыгъэтхъунщI шыр!

Дударыхъу сеIэтри шым и тхыцIэм сытрегъэзагъэ, шытхъунщIри къысIэщIелъхьэ:

– ТхъунщI. Уемыгуауэ закъуэ.

ШытхъунщIыр Псэбыдэ и тхыцIэм дызолъэ. Шым и тхьэкIумэр зэблегъэплъ.

– И кIэр игъэкIэрахъуэрэ Псэбыдэ? – соупщI Дударыхъу.

– ЕгъэкIэрахъуэ.

– Сеплъынти.

ЗызогъэзэкI, арщхьэкIэ шым и кIэр слъагъуркъым: шы тхыцIэм сыкъытещ къудейщ, шыкIэр дэнэ щыслъагъун!

Аращ пщэдджыжь къэси: шэщым сынэсакъэ – лIыжьым сыщохьэ:

– Шыр сэ сыгъэтхъунщI, дадэ!

– ПхуэтхъунщIынкъым.

– Сыт щIысхуэмытхъунщIынур?

– Уи ныбжь нэсакъым. УцIыкIунитIэщ.

– СхуэтхъунщIынущ!

– Зэ укъытримыч. Нэхъ укъыдэкIуэтеймэ.

– Дапщэщ сыкъыщыдэкIуэтеинур?

Иужьрей упщIэм жэуап кърит хабзэтэкъым Дударыхъу.

Шыр зэрыстхъунщIыр игу ирихь хъункъым лIыжьым: сыцIыкIунитIэ пэтми, гу лъыстэнтэкъэ абы! Шы ныбэгум сыщIэуэ къудейщ. Шыми ищIэ хъунщ сызэрыцIыкIунитIэр: щыстхъунщIкIэ, и тхьэкIумэр егъэкI, хопырхъыкI, зобэдзауэ, щыпхыукIи къохъу. Дударыхъу бзэ къызыхуимыгъуэтын щыIэ! Шым зыщихъунщIэкIэ, и тхыцIэм телъэщIыхьурэ трегъэуж, йодэхащIэ. Дахэр хозагъэ Псэбыдэ! Тоужри шхалъэм йоувэлIэж...

Шэщым си закъуэ сыкъыщIэнащ зэгуэрым. Хьэсэнрэ Дударыхъурэ псым кIуат. «Шыр стхъунщIынщ, – жысIащ, – ахэр къэсыжыхукIэ». ШытхъунщIым солъыхъуэри згъуэтыркъым. Шэщым пыхукIауэ, къуэдзапIэ иIэт Дударыхъу. Абы сыщIыхьащ. Шы IэпслъэпсхэмсахэплъащI – шытхъунщIыр яхэзгъуэтакъым. Дэнэ щигъэпщкIуар? ПлIанэпэм дэт пхъэ гъуэлъыпIэм и щIагъым пхъуантэ удзыфэ цIыкIу щIэслъэгъуащ.



7 Заказ № 160

Сигу щхьэ къэмыкIарэ алъандэм! ШытхъунщIыр пхъуантэ удзыфэм дэлъщ, дауи. Пхъуантэр гъуэлъыпIэ щIагъым къыщIэслъэфри зэтесхащ – дэлъщ! ШытхъунщI щIэрыпсщ, ди анэм Истамбыл къыхуригъэхащ.

ШытхъунщIыр къэспхъуатэри Псэбыдэ сыбгъэдэлъэдащ. Сызыбгъэдигъэхьакъым! Елъэкъуэуащ, зриIуэнтIыхьащ. «И щIыфэр згъэуз хъунщ», – жысIащ сигукIэ. ШытхъунщIым и дзэм сеплъащ: жаныбзэт, цыпхыдзэ хуэдэ! ШытхъунщIыр мэлыд, дыжьыным къыхэщIыкIа фIэкI пщIэнукъым. «И дзэр Iузгуэнщ», – жысIэри шытхъунщIыр мывэ блыным щысхъуащ. «Дзагуэ хъуащ иджы», – жысIэри, шым сахыхьащ. Зым сызыбгъэдигъэхьакъым! Зыкъысхуагъэгуса фIэкI пщIэнукъым: зрагъэзэкIри мэпырхъ, я тхьэкIумэхэр зэблагъэплъ. ШытхъунщIыращ зи лажьэр! СыхурикъункъэшытхъунщIым!

Шэщым ибгъукIэ мывэ хьэкхъуафэ щылът. Хьэкхъуафэм ислъхьащ шытхъунщIыр, супIэщIыху сыкIэрыкIакъым. СупIэщIри хьэкхъуафэм издзэжащ шытхъунщIыр.

ЛэжьакIуэ щыкIуэкIэ, шэщым нышIэплъэ и хабзэт ди адэм. А пщэдджыжьми нышIэплъащ. Си закъуэт шэщым щIэтыр – Хьэсэн къысхуэгъэушакъым а пщэдджыжьым. Хьэкхъуафэм илъ шытхъунщIым гу лъитащ ди адэм. Шыгъашхэм еджащ:

– Дударыхъу, мыдэ къакIуэт.

Си псэр IукIынтэкъэ – си щхьэфэцым зрисащ. ЛIыжьым шытхъунщIыр зэпеплъыхь, и дамэр дрегъэуей – зыри къыгурыIуэркъым.

– Хэт зыкъутар?

– Дэнэ щысщIэн? – жиIащ лIыжьым. – ГъуэлъыпIэ щIагъым щIэт пхъуантэм дэлъащ.



Ди адэр къызжьэхэплъащ. И жьэр зэщIезгъэхакъым – япэ зыкъизгъэщащ:

– Хьэсэнщ, – жысIащ, си щхьэр щIэзгуауэ.

– Хьэсэни?

– Ы. Дударыхъу и къуэдзапIэм дыгъуасэ щIыхьэри шытхъунщIыр пхъуантэм къыдихащ, хьэкхъуафэм ирилъхьэри иупIэщIащ.

– Дударыхъу щхьэ жумыIарэ, ар щыплъагъум?

– Жейрти, къэзгъэушакъым.

– Къеджэт мыдэ а зи Iэпэлъапэ шхэр!

ПщIантIэм сыдэлъэдэжри, Хьэсэн седжащ. Си ужь ниувэри, шэщым нэжащ Хьэсэн: ди адэр къыщIеджар дэнэ щищIэнт! ЦIыху ткIийт ди адэр, къоплъамэ, уи пIэм уиткIухьырт.

– ПцIы быупсмэ, узукIынщ! – зыбгъэдишащ Хьэсэн.

– Сыупсынкъым.

– ШытхъунщIыр щIэпкъутар къызжеIэ-тIэ.

ЛIыжьым IэщIэлъ шытхъунщIым еплъащ Хьэсэн, ди адэм хуеплъэкIыжри и щхьэр ищIащ:

– Сэракъым зыкъутар.

– ПцIы умыупс бжесIатэкъэ!

– Скъутакъым.

– Пэжыр къызжепIэмэ, уи гугъу сщIынкъым. ПцIы бупсыным нэхъ Iей зэрыщымыIэр зэгъащIэ!

И псалъэм текIакъым Хьэсэн:

– Сэракъым шытхъунщIыр зыкъутар. Зыкъутар сщIэркъым.

Ди адэр тэмакъкIэщI къэхъуащ:

– Тхьэр нахуэу уогъэпцI! – Ар жери си шынэхъыщIэм и нэкIур

щIихулыкIащ. – Дударыхъу, шэщым афIэкIа щIумыгъэхьэ мыр. Унэм щIрырес!

ЛIыжьым си шынэхъыщIэр къищтэри унэм ихьыжащ, зэщыджэу гъыуэ.

Хьэсэн шэщым нагъэкIуэжакъым абы и ужькIэ: унэм щIаубыдащи, дунейм къытрагъэхьэркъым. Ди адэм и закъуэ: ди анэм и жьэри кIэригъэкIыркъым Хьэсэн: «УпцIыупсщ!» – жери. И напэ зэрыщIахулыкIар игу техуэнт Хьэсэн: къыхохъыжьэри зэщыджэу магъ – щIэх яхутегъэужыркъым, едэхащIэ щхьэкIэ. Ди анэм и пщIыхьэпIэм къыхэхуэркъым Хьэсэн пцIы теслъхьауэ. Шы теувэу шытхъунщIыр икъутауэ шэч щащIаи щыIэщ. Шы теувэкIэ шытхъунщIыр хуэупIэщIын? Сэри зызумысыжыркъым, си шынэхъыщIэращ зытралъхьэр.

КъыкIэлъыкIуэ гъэм и гъэмахуэм ди анэр Истамбыл кIуащ аргуэру. Ди закъуэ дыкъэнащ. Хьэсэн шэщым кIуэн хуадэртэкъым иджыри. Жэщ хъурэ дыгъуэлъыжамэ, Хьэсэн къызоупщI: шыр псафэ пша ноби, шыщIэхэр ин хъуа, Псэбыдэ зихъунщIэрэ щыптхъунщIкIэ?

Си шынэхъыщIэр сымаджэ хъуащ. Къалэм къикIа дохутырым Хьэсэн еплъри жиIащ:

– Гъуэжь узщ.

Унэм исхэр зэхэзежэ хъуащ. Ныбгъуэ яукIри, лы цIынэр Хьэсэн и тэмакъым тралъхьэ. Ди адэр Хьэсэн къыбгъэдэкIыркъым, и пIэ лъапэм тесщ. Дударыхъу нэщхъей зэпытщ, псэлъэжыркъым. Ди унэIут цIыхубзыр магъ, щIичэркъым.

– Щхьэ угърэ? – сеупщIащ унэIут цIыхубзым.

– Уи къуэшыр сымаджэ хьэлъэщ.

– Хъужынкъэ? – жызоIэ.

– Хьэуэ, хъужынукъым.

– Сыт къэхъунур-тIэ?

– Уи къуэш цIыкIур лIэнущ.

– ЛIэнущ жыпIа? – сэри согъ, сыкъыщиудауэ.

Хьэсэн зэрысымаджэм щхьэкIэ, ди унэIут цIыхубзыр щыжей пэшым сыщагъэгъуэлъат сэ. Жэщ хъурэ сыгъуэлъыжамэ, Хьэсэн си нэгу щIэкIыркъым. Гъыуэ къызбгъэдэт хуэдэщ: «ПцIыупс! ПцIыупс!» Зыжэщ ди унэIут цIыхубзыр къэзгъэушащ:

– Хьэсэн деж сыкIуэнущ.

– Сыт щхьэкIэ? – игъэщIэгъуащ унэIут цIыхубзым.

– Ди адэм зыгуэр жесIэн хуейщ.

– Сыт жепIэнур?

– ШытхъунщIыр сэ зэрыскъутар жесIэнущ.

– Сыт шытхъунщI?

– Нэгъабэ пщIэжыркъэ? Хьэсэнщ зытралъхьар. Ди адэр ешхыдащ...

АфIэкI схужыIэжакъым: сыкъыщиудауэ согъ, пIэкум сисщи. Зэрыхъуар жесIащ ди унэIут цIыхубзым. Зызумысыжмэ, ди адэм и фIэщ хъункъэ? Хьэсэн лажьэ иIэкъым – ар жесIэнщ ди адэм. Сэращ зи лажьэр.

– Нэху щымэ жепIэнщ. Жэщыбг хъуа къудейщ.

– Хьэуэ, иджыпсту сыкIуэнущ!

– Уи адэр мэжей иджыпсту. Къыумыгъэуш. Пщэдджыжь жепIэнщ.

– Хъунщ-тIэ.

Си нэбдзыпэ къехакъым а жэщым. Нэхулъэ къищIа къудейуэ, ди унэIут цIыхубзыр къэзгъэушащ. Зызумысыжынущи, сыкъытреч. Зызу-

мысыжмэ, си плIэм дэлъ хьэлъэр дэхужынущ.

БжэIупэм Дударыхъурэ къуажэ ефэндымрэ дащрихьэлIащ – тIуми я нэпсыр къыщIож. Си шынэхъыщIэ цIыкIум и псэр хэкIащ а жэщым.

# Фэлэкъэ

Пщэдджыжь къэс, дыкъакъэ-дыпщIыпщIу, джэдкъурт бын хуэдэ, мэжджытым дыбложри бэзэрри къызыдонэкI. Мыдрисэр бэзэрым адкIэIуэщ. Сэрей лъагэкIэ къэщIыхьа пщIантIэ Iэхуитлъэхуитым дэт унэр хъуэш жыг домбейхэм къаувыхьащ. ПщIантIэм дызэрыдыхьэххэу, къыдощIэ ди Iустазыр, Хъуэжэ-ефэнды, къэсарэ къэмысарэ.

– Абдурэхьмэн-чэлэбий дяпэ къища?

– Къищащ! Къищащ!..

Абдурэхьмэн-чэлэбийкIэ дызэджэр ди Iустазым и шыд пэхуращ. Нэхъ псэущхьэ угъурсыз уигъэлъыхъуэнщ. Нэхъ ерыщ! Зы пщэдджыжь дигъэкIыркъым и лъэр мыдрисэ бжэIупэм къимыхусауэ. Пщыхьэщхьэ пщIонди дэкIыжынукъым мыдрисэ пщIантIэм. Мэкъу чэзу-чэзууэ къыхудохь шыдым, мэкъум хошхыхьри пщIантIэм дэтщ махуэр зи кIыхьагъым. Хъуэжэ-ефэнды и нэфI къыпщыхуамэ, шыдыр уигъэгъэпскIынущ, утригъэлъэщIыхьынущ – и гурыфI къыщикIым деж.

Мыдрисэм ущIыхьамэ, япэ гу зылъыптэр Хъуэжэ-ефэнды и тахътэрщ: тахътэм здисым, зрегъэщIеикIри ар къытхоплъэ, и нэр къыттриубыдауэ. Iустазым и щIыбкIэ блыным фэлэкъэ* фIэлъщ. Пасэрей топыжь цIыкIу фIэкI пщIэнукъым фэлэкъэр.

100 МыдрисэмщIэсырщIалэцIыкIуплIыщIдохъу.ХъыджэбзцIыкIухэр мазищ-плIы и пэкIэ тхашыжри нэгъуэщI мыдрисэ щIагъэтIысхьащ. Алыфбиймрэ КъурIэнымрэ гукIэ зыдогъащIэ, дызэдежьуу зэчыр жыдоIэ, есэп дощI. Махуэ къэси аращ – абы дыфIэкIыркъым: гурыхуэм и гум иреубыдэ, гунэфыр хэкIыжащ...

Ди Iустазыр лIыжь гъур кIыхьщ, и жьакIэр тхъуауэ. И Iэщхьэ дэхьеярэ гъуэншэдж лъапэр дэгъэджэрэзеяуэ, гъэми щIыми исщ и тахътэм – андез ищтэн фIэкI пщIэнукъым.

Ди Iустазым къуэдзэ иIэт – къалфэ; къалфэр шэджагъуэ нэужьым мэжджытым пхъэнкIакIуэ макIуэ, мэжджытым кIуамэ, а махуэм мыдрисэм къигъэзэжыркъым. Мэжджытыр ипхъэнкI къудейкъым къалфэм, азэни маджэ, нэмэз щIыгъуэ хъуамэ. Мыдрисэм нысщыкIуэкIэ IэфIыкIэ, джэш гъэлыгъуа, зэ, дэ цIыкIу ныздехьри къыдещэ – абы иросондэджэр къалфэр.

Генин дыкъэIэпхъуа нэужьщ Хъуэжэ-ефэнды и мыдрисэм сыщыщIэтIысхьар. СыщIэтIысхьа щхьэкIэ, хэзгъэхъуар мащIэщ. ЩIалэ цIыкIу къомым зэчыр къыхадзамэ, садожьу, гукIэ зэгъэщIапхъэр зызогъащIэ – абы фIэдгъэкIыркъым. Фэлэкъэращ си нэр зытемыкIыр – ди Iустазым и щIыбкIэ блыным фIэлъ фэлэкъэр!

ХеящIэр и гъусэу, зы лIы къуапцIэ нэщхъыдзэ къытхуэкIуащ зэгуэрым.

– Тетыр къэкIуащ! – зэщIэващ щIалэ цIыкIухэр.

ФэрэкIнапэт, Iуплъэгъуейт тетыр, Къэймэкъам-бейкIэ зэджэр.

Ныщытхыхьэм, псори дыкъыщылъэтащ ди псэр IукIауэ. Iустазми зыкърисащ. Къэймэкъам-бей, Iэ ищIри, дигъэтIысыжащ. Къытхэп-

* Фэлэкъэ — тезыр лIэужьыгъуэ.

лъэри, ди щIэныгъэр здынэсар зригъэщIэн щхьэкIэ, зы къигъэтэджащ, къеупщIащ. ЗэупщIам жэуап хуэтакъым. Хуэтынутэкъым: дэ дызэресар дызэдежьууэт.

Ди хьэщIэм и нэгур зэхэуащ, къытхэплъэри и щхьэр игъэкIэрэхъуащ. Блыным фIэлъ фэлэкъэм хуеплъэкIащ итIанэ. И щыпэлъагъу хуэдэ, куэдрэ зэпиплъыхьащ фэлэкъэр. Фэлэкъэр зэпиплъыхьри зыкъригъэзэкIыжащ, сэлами къыдихыжакъым. Бжэм нэсыжауэ Iустазым къеджащ:

– Сыпхуейт, – жери.

И IитIыр и бгъэм щызэридзэри, Хъуэжэ-ефэнды къэймэкъамымрэ хеящIэмрэ якIэлъыущащ. КъыжраIар дэ дэнэ щытщIэнт, ауэ къыкIэлъыкIуэ махуэм фэлэкъэр блыным фIэлъыжакъым. Блыным фIезыгъэхар къэймэкъамыраузэ зэхэтхыжащ.

Фэлэкъэр блыным фIахыжа нэужь, щIалэ цIыкIу плIыщIыр дыкъызэрыкIащ, хьэщхьэрыIуэ дыхъуа хуэдэ! ЗэхэдмыщIыхьа къэдгъэнэжакъым – дызыщцышынэн щыIэжтэкъым. Ди Iустазыр къиддзэжыххэркъым. Джэш хьэдзэ идоутIыпщ, и тахътэм мастэпэбдз хыдоIу, и вакъэр фIыдогъэпщкIури, табу щхьэщэщкIэ къыдэмылъэIуауэ, дымыгъэтхьэджауэ еттыжыркъым.

ТегушхуэгъуафIэ щIэтщIар къыгурыIуэнтэкъэ Хъуэжэ-ефэнды: фэлэкъэр къызыкъуихыжащ. Блыным фIидзэжакъым – тахътэ щIагъым щIилъхьащ. Зэран къытхэкIмэ, къуэды къыттрилъхьэ хъужащ фэлэкъэр къызыкъуихыжа нэужь. Нэхъри ерыщ декIуащ, дызэрыгъэIущащи, тхузэфIэкI къэдгъанэркъым.

Зэгуэрым, дызэрызэгурыIуати, Хъуэжэ-ефэнды ди пащхьэ къызэритIысхьэххэу, дыхущхьэу щIэддзащ. Дэ къомыр дыщыхущхьэм, Iустазми хуэшэчыжакъым: абыи хущхьэр къыхэхъыжьащ. Арат дызэщэри, Хъуэжэ-ефэнды хущхьэр къыщыхэхъыжьэм, и пэртэбакъыр къыкIэщIэдгъэкIуэсыкIащ, и пащхьэм илъти. Пэртэбакъыр къыкIэщIэдгъэкIуэсыкIри, тутын сабэр ди пэм идудащ. ДызэхэтIысхьэжауэ дыкъопс щIалэ цIыкIу къомыр, мыдрисэр догъэпсалъэ! 

Хъуэжэ-ефэнды, хущхьэн пичри, къытщIэкIиящ:

– Си пэртэбакъыр хэт къэзыщтар?!

– ТщIэркъым, тлъэгъуакъым! – дызэрыгъэкIиящ щIалэ цIыкIухэр.

– Фи фэр исхынщ! Фэлэкъэр къызэрысхьыжар фщIэркъэ?

– ТщIэркъым!

– Зывумысыжыркъым-тIэ?

– Тлъэгъуакъым! ТщIэркъым!

– Флъэгъуакъым! ФщIэркъым?.. Хъункъэ! Наджиб, мэжджытым жэи, къалфэр къэшэж! ПсынщIэу!

Къалфэр къэсыжащ. Уаубэрэжьынумэ, къеблагъэ! ЗырызтIурытIурэ дыкъыдалъэфри дыкIуэцIащыхь, ди лъэгум башкIэ къыщIоуэ. Фэлэкъэри къагъэIэгъуащ.

Хущхьэмрэ къепсымрэ теплъэ хъужакъым Хъуэжэ-ефэнды а махуэм щыщIэдзауэ. Игу темыхуапэр къепсырат! Тщыщ гуэр къепсакъэ – Iустазым и нэм лъы къытолъадэ, IэлфIыцIэ мэхъу!

– Ауан сыкъэфщIрэ?! Фыкъысщыдыхьэшхрэ?! – къолъ Хъуэжэ-ефэнды, къепсар елъэфри кIуэцIещыхь.

Абы нэхъей, пыхусыху сымыхъуаи! Упыхусыхумэ, пхуэшэчын? Ухуей-ухуэмейми, укъепсынщ. Хущхьэри абы къысхухыжьэжащ.

Хъуэжэ-ефэнды и зей башыр зэкъым-тӀэукъым къызэрыстехуар, пыхусыхур спкърыкӀыжыху.

Іустазым и нэр кърегъэжри къытхокӀие:

– Къепсыр сӀэщӀэкӀуэдэнкӀэ си тобэщ!

Зыдоущэхуж, ди псэр ІукӀауэ.

Ари сыт: тхьэлъанэ?

Ди анэм сеупщӀащ абыкӀэ.

Ди анэм нэхъри сигъэшынащ:

– Тхьэлъанэщ! Тхьэлъанэми къыщцынэркъым!

– Тхьэлъанэ пщӀырэ бгъэпцӀыжмэ, уаукӀрэ?

– Хьэуэ.

– Сыт-тӀэ къуащӀэр?

– Нэхъеиж къуащӀэ.

– Сыт нэхъеижыр?

– Уи фызыр йокӀыж...

КъызгурыӀуакъым. ИтӀани щӀалэ цӀыкӀухэм яжесӀащ тхьэлъанэ пщӀырэ бгъэпцӀыжмэ къыпщыщӀынур...

А псалъэр къыджьэдэнащ абы и ужькӀэ: «Си тобэщ!» Ди псалъэм етӀуанэ хъуащ ар: «Си тобэщ!» – щичэзуи щимычэзуи къыщыхэдмыӀу щыӀэкъым.

Хъуэжэ-ефэнды пщэдджыжь къэс ди пащхьэ къотӀысхьэри къыджьэхоплъэ:

– Къепсыр сӀэщӀэкӀуэдэнкӀэ си тобэщ! КъызжиӀакъым жывмыӀэж!

Зэгуэрым, шэджагъуашхэ дышхэри, мыдрисэм дгъэзэжауэ, Хъуэжэ-ефэнды ди пащхьэ къитӀысхьэжри къэщхьэукъуащ. ЩӀалэ цӀыкӀухэм нащхьэ яхуэсщӀри сыкъэтэджащ, лъапэпцӀийуэ Іустазым сыбгъэдыхьэри и пащхьэ илъ пэртэбакъыр къэспхъуэтащ, си тӀысыпӀэм згъэзэжри пэртэбакъым дэлъ тутыныр си тхылъым дэскӀутащ. Тхылъыр зэгуэспӀэжри пэртэбакъ нэщӀыр Іустазым и пащхьэ ислъхьэжащ. Хъуэжэ-ефэнды мэщхьэукъуэ, и щхьэр къыфӀэхуауэ.

ЩӀалэ цӀыкӀухэр къызэжащ, тутын сабэр я пэм ираудэн мурад ящӀауэ.

– Хьэуэ, – яхуэздакъым. – Тутын сабэр ди пэм идудэмэ, дыкъепсынущ. Дыкъепсмэ, Хъуэжэ-ефэнды къэушынщ.

– Сыт-тӀэ уигу иплъхьар?

– Флъагъунщ.

– Сыт тлъагъунур?

– Ныбафэуз фызэтехъуэнщ, флъагъумэ.

Сигу ислъхьар сэр дыдэми сфӀэдыхьэшхэныжти, сыкъыщитхъащ. ЩӀалэ цӀыкӀухэри къыщиудауэ зэкӀуэцӀоч.

Іэуэлъауэ дыщызэрыгъэхъум, Хъуэжэ-ефэнды къэушащ. Къэушри пэртэбакъым еплъащ. Пэртэбакъыр нэщӀт.

ЛӀыжьыр зэщӀэкӀэзызащ.

– Хэт тутыныр къэзыщтар? Зывымусыж! – мэкӀий Іустазыр, и нэр къыщихуауэ. – ФысӀэщӀэкӀуэдэнкӀэ си тобэщ!

ЩӀалэ цӀыкӀухэр дызэплъыжащ:

– ДымылъэгъуакӀэ ди тобэщ!

– Хэт къэзыщтар?

– ТщӀэркъым! Тлъэгъуакъым!

– Щхьэ фыпӀащӀэрэ! Сэ фэ фхуэфӀ сыхъунщ! Япэ къепсыращ си тутыныр къэзыщтар! Си тобэщ, аракӀэ! Фи фэр исхынщ! Фэлэкъэм фы-

щыщтэркъэ?!

Фэлэкъэм щынэсым, ди псэр IукIащ. «Дыунэхъуакъэ, дыкъепсмэ!» – аращ дызэгупсысыр.

– Си тобэщ! Япэ къепсым и цыр хуэсщынкIэ! СIэщIэкIуэдэнщ! КъызжиIакъым жывмыIэж! Си тобэщ!

Зыдудыгъуащи, дыбэуэн дошынэ. Хъуэжэ-ефэнды нэхъри къызэрыкIащ, узыIуригъэлъэдэн хьэзырщ.

– Зыгуэр кърырепси, иреплъыт – сIэщIэкIуэдэнкIэ си тобэщ!

Си тхылъым напитI къыдэсчри сэмб сщIащ, сэмбитIми тутын искIутащ.

ПщыхьэщхьэхуегъэзэкI хъуащ.

Хъуэжэ-ефэнды и Iэщхьэр кърихьэхыжащ, и лъэпэдыр лъитIэгъэжащ, и цейри зытриубгъуэжащ. Зэчыр къыхэддзащ мыдрисэм дыкъыщIэкIыжын и пэкIэ. Къызбгъэдэсым сыкIэщIэуIуэри, сыкъэтэджыжащ. Къызбгъэдэсри къэтэджащ. ЗыдгъэпсчэуIуащ.

– Сыт фызыхуейр? – къыджьэхэлъащ Хъуэжэ-ефэнды.

– Уи шыдым уанэ пхутетлъхьэжын? Нахъутэри пщIэхэтлъхьэжынщ.

– Хъунщ, фыкIуэ!

Мыдрисэм дыкъыщIэжащ. Хъуэжэ-ефэнды и шыдым уанэ хутетлъхьэж ди хабзэт щежьэжынум деж – япэ зидгъэщырти.

Мэкъум хэшхыхьри жыг жьауэм зыщIигъэзэгъауэ щIэст Абдурэхьмэн-чэлэбий. Шыдыр къыщытхури уанэр тетлъхьэжащ, нахъутэри пщIэхэтлъхьэжащ. ТхылъымпIэ сэмбитIым я зыр шыдым и тхьэкIумэм изубыдэри сепщащ. Сэ жанкIэ къыкIэщIэпыджа нэхъей, шыдым зритIащ, етхэуащ. Нахъутэр зэдэдубыдри, шыдыр мыдрисэ бжэIупэм Iутлъэфащ. Йотхауэ, зретIэ-зресэ, адэ-мыдэкIэ зыщIедз, кIуапIэ еттыркъым армыхъу. 

Хъуэжэ-ефэнды бжэм къиуващ, щIалэ цIыкIухэр и ужь ищIауэ.

Шыдыр кIэбдз лъакъуэкIэ уващ.

– Сыт абы къыщыщIар? – къыгурыIуакъым Iустазым.

– ТщIэркъым, – жытIащ. – Жейбащхъуэ хъунщ: иджыпстущ къыщыдгъэушар.

– Уанэр тэмэму тефлъхьа хъункъым.

– Тетлъхьа хуэдэщ. КъыщыщIар тщIэркъым...

ЩIалэ цIыкIухэм я пщэр хаш, я дамэр драгъэуей.

– Мыдэ къызбгъэдэфшэт!

Шыдыр мыдрисэ бжэщхьэIум еслъэфэлIащ. БжэщхьэIум щеслъэфалIэм, «цIытх!» жери къепсащ шыдыр. ЩIалэ цIыкIухэр къыщитхъащ. Хъуэжэ-ефэнды и нэр къихуащ. Шыдым щIичэркъым: тутыныр и пэмрэ и тхьэкIумэмрэ ирихьащи, къопс, цIыху нэхъей!

Зыри къызгурымыIуафэ зытезгъэуауэ, шыдым соплъри сыщытщ, си нэр согъэупIэрапIэри.

– КъыпщыдыхьэшхрэжызоIэ шыдыр, зиусхьэн?

– Сыт къэбвыр?

Нэхъри сыкъызэрыкIащ:

– Шыдым и щIыфэр машхэ: фэлэкъэр хуэфащэщ...

– Шыд жыпIэми, псэущхьэщ... –и жьэр иущIащ Хъуэжэ-ефэнды.

ЩIалэ цIыкIухэри къыздежьууащ:

– Хуэфащэщ! Хуэфэщэпсщ фэлэкъэр! И щIыфэр машхэ!

Абы нэхъри сытригъэгушхуащ:

– Тхьэ пIуакъэ, зиусхьэн? Япэ къепсыр бубэрэжьыну жыпIакъэ?

«Си тобэщ!» жыпIакъэ? Тхьэ пIуэрэ бгъэпцIыжмэ, къыпщыщIыр пщIэжрэ?

– Сыт? – и нэр кърингъэжащ Хъуэжэ-ефэнды.

– Уи фызыр икIыжынущ!

ЩIалэ цIыкIухэр къыздежьууащ аргуэру:

– Уи фызыр икIыжынущ! Уи фызыр икIыжынущ!

Хъуэжэ-ефэнды и жьэр Iурыхуащ. И шыдым щышэсыжкIэ Iэ дилъэ и хабзэт Хъуэжэ-ефэнды: «Си нэхунэ, си псэр зышхын!» – жиIэурэ едэхащIэрт. Иджыпсту зыIуригъэлъэдэнт и шыдыжьыр, апхуэдизкIэ хузэгуэпати.

Зы щIалэ цIыкIу, мыдрисэм щIэлъэдэжри, фэлэкъэмрэ зей башымрэ къыщIилъэфащ. Шыд тхьэмыщкIэр къепс зэпытщ, и пэр щIым щехъуэ, йолъэкъуауэ.

Фэлэкъэмрэ зей башымрэ Хъуэжэ-ефэнды и пащхьэ иралъхьащ. ДызэрогъэкIий:

– Уи фызыр икIыжынущ! Уи фызыр икIыжынущ! Тхьэ пIуамэ, уи псалъэм уепцIыж хъунукъым!

Псывэ кърaкIыха хуэдэ, и жьэр Iурыхуауэ бжэщхьэIум тетщ Хъуэжэ-ефэнды, зэ и шыдым йоплъ, зэ дэ къытхоплъэ.

– Ивуд! – жиIащ иужьым.

Абдурэхьмэн-чэлэбий зеддзащ, дежэри идудащ, зыкъомрэ деныкъуэкъуа нэужь. И кIэбдз лъакъуитIыр фэлэкъэм етпхащ. Зей башыр къиищтэри, Хъуэжэ-ефэнды шыдым щхьэщыуващи, и къару къызэрихькIэ и лъэгум щIоуэ. КIыщым сыдж макъ къыщIэIукI фIэкI пщIэнтэкъым, зэхэпхамэ! ЩIалэ цIыкIухэм зыдолIэж, дызэрогъэкIий, ныбафэуз дызэтехъуащ. Зыгуэр кIиящ:



– Къэймэкъамыр къэсащ!

Зыдущэхужри куэбжэмкIэ дыплъащ. Къэймэкъамымрэ хьэтхауитIрэ пщIантIэм къыдыхьэрт. Къэймэкъамым и нэщхъыр зэхэлъщ, узыIуригъэлъэдэн хьэзырщ.

– Сыт мыбы къыщыхъуар, Хъуэжэ-ефэнды? – къыдбгъэдыхьащ къэймэкъамыр. ХьэтхауитIри къыдбгъэдэкIуэтащ.

Хъуэжэ-ефэнды, плъыжь хъури, зей башыр Iэпыхуащ. Шыдыр къыщылъэтыжащ, и кIэбдз лъакъуэм фэлэкъэр зэрыкIэрыщIауэ. Къыщылъэтыжри, гъуахъуэу хъуэш жыгхэмкIэ зидзащ.

Къэймэкъамым и нэщхъыр нэхъри зэхиукIащ.

– Сытщ, жыфIа, къэхъуар?

– Сэ... зиусхьэн...

Хъуэжэ-ефэнды и бзэр иубыдащ.

– Къэхъуар сыт жызоIэ?!

– Тхьэ сIуат...

– КъызгурыIуэркъым.

– Къепсым...

– Сыт зи гугъу пщIыр?

– Шыдыр къепсащ...

– Шыдри?.. Къепсауи?..

Щым дыхъуащ псори. Заул дэкIри дыкъыщиудыжащ. Къепси къытхэтщ.

Ар игу техуэнт къэймэкъамым: и лъыр къэва хъунщ. И дзэлыфэр тришри къытщIэкIиящ:

– Фи хьэм бажэ къиубыда?!

Зыдущэхужащ, ди псэр IукIри. Къэймэкъамым Хъуэжэ-ефэнды зыхуригъэзэкIыжащ. Хъуэжэ-ефэнды и пIэм ижыхьащ, и фэр пыкIащ.

– НакIуэ, си ужь ниуви!

Къэймэкъамыр пщIантIэм дэкIыжащ, хьэтхауитIым яку дэувэжри. Хъуэжэ-ефэндыи якIэлъыущащ, и лъэр щIэкIэзызэу...

... Зыгуэр къепсауэ зэхэсхамэ, ноби си нэгу къыщIохьэж си зэранкIэ мыдрисэм Iуахуа Хъуэжэ-ефэнды. Емынэм сызэрихуэрэт, щхьэ щIэзмычарэ? ЛIыжьым лей есхащ – тхьэм къысхуигъэгъу. Сэр мыхъуамэ, и IэнатIэр фIэмыкIуэдынкIи хъунт Хъуэжэ-ефэнды. Ар си гукъеуэщ нобэр къыздэсым. Джэгурэ пэт, нэ кърахy жыхуаIэращ... Фэлэкъэм текIуэдэжащ тхьэмыщкIэр.

# Лъэдакъэ лъагэ

ЛIы дэкIуэжын жыхуэпIэр и пщIыхьэпIи къыхэхуэркъым Хъатыджэ-хъаным. И гур щыкIащ лIым. И ныбжьыр илъэс пщыкIущ хъуа къудейт лIы щратам. Зратари хэт жыIэт: илъэс хыщIрэ хырэ зи ныбжь лIыжь кхъахэ! ИлъэсипщI хъуащ и щхьэгъусэр дунейм зэрехыжрэ. Ар и нэгу къыщIыхьэмэ, Хъатыджэ-хъаным и фэр зокIуэкI: щIыкъатиблкIэ щIэкIуэтащэрэт – зы махуэ дэтыншакъым, сымаджэрилэти, пIэм къыхэнэжауэ ихьащ лIыжь кхъахэм, хущхъуэмэр щIэкIакъым лэгъунэм.

Иджы хуэщIауэ мэпсэу фызабэ щIалэр. «Щхьэ удэмыкIуэжрэ?» – къыжраIэмэ, и тхьэкIумэ иригъэхьэркъым.



– Сызезыхуэр сыт: сызыдэкIуэжыр жьы хъунукъэ – лIы зелъэфэн сыхуей сэ? Алыхьым жимыIэкIэ! Уи щхьэ закъуэ-уи лъакъуитI хуэдэ щыIэ!

И щхьэ закъуэ-и лъакъуитIкъым фызабэ къулейм: зы мылъхупхъурэ зы унэIутрэ щIэсщ и унэ – Гюлтеррэ Эленрэ, зы пщафIи иIэщ, МэхьмэдкIэ еджэу. И жьэр щыми якIэригъэкIыркъым: махуэм и кIуэцIкIэ унэр зытхухрэ ярегъэпхъэнкI, унэ лъэгур зыбжанэрэ ярегъэлъэс, зыгуэр къикъухьауэ илъэгъуамэ, я фэр ирихынущ.

ЦIыху гъэсащ и мылъхупхъури и унэIутри, пцIы къыпхуаупсынукъым, жан дыдэщ, я Iэр увыIэркъым. Мэхьмэди лажьэ иIэкъым: и щхьэ темылъ трилъхьэнукъым, уеплъамэ, плъыжь мэхъу, цIыху Iэсэщ, пщафIэми хьэрэм ишхынукъым.

Хъатыджэ-хъаным унэм щикIыр зэзэмызэххэщ – и унэIутхэр и нэIэ щIэт зэпытщ. Пэшхэр къызэхикIухьын и щIасэщ, пкIэунэми йопщхьэри зыщехущыхь, къохыжри и унэIутхэр еущий:

– Сэ фыкъыздэплъей! Хамэ зыкIэлъызгъакIуэркъым, сэри сакIэлъыкIуэркъым. Фэри ди гъунэгъухэм я деж куэдрэ фыщIежэкIыни зыщIыкIэлъывгъэкIуэни щыIэкъым: фи Iуэху фыхагъэн фIэкI, сыт къыфхуащIэрэ?

Мэхьмэд фызабэм и жыIэм щыфIэкIа къэхъуакъым: пщэфIапIэм хьэщIэ е и Iыхьлы дэнэ къэна, хамэм я джэду щIэплъагъуэнукъым. Махуэм пщIэнейрэ щIоплъэ Хъатыджэ-хъаным пщэфIапIэм, щIэплъэху къэси Мэхьмэд и закъуабзэщ.

Хъатыджэ-хъаным зы хьэл мыгъуэ хэлъщ: туфлъэ лъэдакъэ лъагэр зыпищI щыIэкъым! ЗэрыцIыкIурагъэнщ и нэфI туфлъэ лъэдакъэ

лъагэм щIыщыхуар. ПIырыпI хуэдэщ езыр, лъагъугъуафIэщ, екIущ, лъахъшэIуэщ жумыIэмэ. Арат унэм щисми туфлъэ лъэдакъэ лъагэр къыщIрилъэфэкIыр. «ТIыркъ-сыркъ! ТIыркъ-сыркъ!» – унэ лъэгур егъэпсалъэ махуэ псом, туфлъэ лъэдакъэ лъагэр зылъыпеIури. КIапсэрыкIуэ фIэкI пщIэнкъым Хъатыджэ-хъаным, туфлъэ лъэдакъэ лъагэм шэсамэ: йощIэ, мэщэнауэ, туфлъэм къеджэлэхынкIэ мэшынэ унэIутхэр. Арагъэнщ щхьэуназзэр къызыхихар. «Си щхьэр уназэ хъуащ», – жери, дохутыр къриджащ. Фызабэм еплъри, дохутырым жиIащ:

– Псори зи лажьэр туфлъэ лъэдакъэ лъагэрщ. Туфлъэр зылъыхи, вакъэ щабэ зылъытIагъэ – уи щхьэр унэзэжынукъым.

Дохутырым апхуэдэ чэнджэщ къыщритым, Хъатыджэ-хъаным хъыдан вакъэ щабэ къищэхуащ. И псэр игъэтыншыжащ хъыдан вакъэ щабэм: махуитI дэкIри, и щхьэр мыунэзэж хъуащ. И псэр тыншыжами, и унэIутхэмрэ и мылъхупхъумрэ нэгъуэщI гуэр хъуауэ шэч ищIащ: иджыри къэс яхэмылъа хьэл къащтауэ къыфIэщIащ. ЗэкIуэкIащ и унэIутхэри и мылъхупхъури! Зэрыщымыта хъуащ!

Хъатыджэ-хъаным и нэм уIэщIэкIын? Эленщ япэ къиумысар. Еплъ абы кърипэсам: езы хъаным зэрызитхьэщI сабынымкIэ зитхьэщIащ! Ар хуэбдэ хъун? Хъункъым! Гюлтер кърищIари нэхъыкIэжщ: морабэ фалъэ иригъэмэрэкIуэхрэ пэт пщэфIапIэм щIиубыдащ. Мэхьмэди къыхурикъуащ: зы блэгъу псо IыхьэхэмыIуу ишхауэ къиумысащ!

– Мыбы къызащIэр! Мыбы къызащIэр! Сыт къащыщIар мыбыхэм?! – зэкуэфэуэжащ Хъатыджэ-хъаным.

106 ИкIэ къихуамэ, зы тхьэмахуэ закъуэм зыбгъупщIрэ къыщIэхуащ Хъатыджэ-хъаным и мылъхупхъумрэ и унэIутхэмрэ: е зыгуэр кIэщIагъэкIуэсыкIащ, е я Iуэху къагъэнащ, е хэжеящ – къуащIэфынур мащIэ, уи нэIэ ятемытмэ! Мэхьмэдщ езыгъэлеипар: я гъунэгъу унэIут зыщыплI къригъэблагъэри яхуэпщэфIащ, зэхэтIысхьэжри къэкъеижыху Iэнэм пэрысащ. А махуэращ Хъатыджэ-хъаным игу къыщыкIар: «IункIыбзэ естмэ, сыт яхузэфIэкIын? IункIыбзэетакIэ фызесшэнщ – сыт скIэщIэвгъэкIуэсыкIыфын итIанэ!»

КъыкIэлъыкIуэ махуэм Хъатыджэ-хъаным хэжеяти, хэтIэсауэ зиужьри, и пэшым къыщIэкIащ. Унэм Гюлтери и мылъхупхъури щIигъуэтакъым. «Дэнэ щыщIэвэщIа мыхэр?» – жери, лъыхъуэурэ пщэфIапIэмкIэ кIуащ. Бжэм щыбгъэдыхьэм, и тхьэкIумэм Iущащэ макъ къиIуэри, зиущэхуащ: «СакIэщIэдэIухьынщ», – жери IункIыбзэ IухыпIэмкIэ дэплъащ, зигъэщхъри. Мэхьмэд шэнт лъагэ тесщ, и бгъуитIымкIэ Гюлтеррэ Эленрэ къыщысщ, пщафIэм зыкъракъузылIауэ.

– Фошыгъу щхьэ къыздумыхьарэ, Гюлтер? – мэшхыдэ пщафIэр.

– Ямылъагъужыным IункIыбзэ иритащ! – жиIащ Гюлтер.

– Уэ дыгъуэпшыхь щхьэ укъэмыкIуарэ? – хуохъущIэ Элени. – Хьэлывэ пхуэзгъэтIыгъуат.

– Сышынащ, – жеIэ Элен. – Хъаным гу къытлъитэмэ, дыдихужынущ.

И тхьэкIумэ игъэкIауэ, якIэщIодэIухь Хъатыджэ-хъаным, и лъыр къовэ. Модрейхэм дэнэ щащIэнт Хъатыджэ-хъаным къазэрыкIэщIэдэIухьыр! ЩIачэркъым:

– Хъыдан вакъэращ псори зи лажьэр! Хъыдан вакъэр зылъыпимыIуамэ, дытхъэжынут. Ямылъагъужыныр къежьэмэ, туфлъэ макъымкIэ къатщIэрт, къэмыс щIыкIэ!

Еплъ и нэщIыбагъкIэ кърашцIэм! И гугъэнтэкъым игъащIэкIэ! И пщIыхьэпIэ къыхэхуэнтэкъым. Дзыхь яхуэщI абы – уи щхьэр фIашхыкIынущ, уи мылъкур зралъэфэлIэжынущ.

Бжэр Iуиудри, пщэфIапIэм щIэлъэдащ Хъатыджэ-хъаным.

– Напэ фиIэкъым! Фыбзаджэнаджэщ! ФикI си унэ! АфIэкI зызвмыгъэлъагъу!

И унэIутхэр унэм ирихужащ Хъатыджэ-хъаным. Абы и ужькIэ лIыщIэрэ унэIутрэ дапщэрэ къищтамэ, арэзы къэзыщIын къахэкIакъым: зыр напэншэт, зым Iэбэлъэбэн и щIасэт, зыр щхьэхынэт, зыр пцIыупст. Уигу фIы щагъэщIэнт апхуэдэ унэIутымрэ лIыщIэмрэ: зыхуэныкъуэ щымыIэми, уэд хъууэ щIидзащ Хъатыджэ-хъаным, фагъуэ хъуащ, зэлымпIыжыным нэсащ...

Абы щынэсым, туфлъэ лъэдакъэ лъагэ зылъыпиIужащ Хъатыджэ-хъаным. ЗылъыпиIужри... и псэр тыншыжащ, и гум жьы дихужащ! И унэIутхэм щIатешхыхьын щхьэусыгъуэ иIэжкъым – зэхащIыхьIауэ гу ялъитэжыркъым. Туфлъэ лъэдакъэ лъагэр зэрызылъыпиIуж лъандэрэ! И лъэ макъымкIэ къащIэри хутыкъуауэ зыкъыIэрагъэхьэжыркъым! УнэIутхэр я пIэ щитIысхьэжым, Хъатыджэ-хъаным и фэр къихьэжащ, нэкIу тхъуэплъ хъужащ. Ягъэ кIынкъым, и щхьэр уназэми: и псэм зигъэпсэхужащи, ари тхьэм и фIыщIэщ...

# Хуитыныгъэм и жэщ

ИгъащIэкIэ схурикъунщ а зы жэщым си нэгу щIэкIар! ЛIы ныбжь къэбгъэщIами, уи нэгу апхуэдэ щIэмыкIынкIэ мэхъу. Зы жэщым си нэгу щIэкIащ ар, игъащIэкIи сигу ихужынкъым. Апхуэдэ зы жэщ щхьэкIэ мывэ зэпыпх хъунщ. Ди ужь къихъуэнум – ди щIэблэм – зыхамыщIэнкIи хъунщ апхуэдэ гухэхъуэгъуэ – а жэщым сэ зыхэсщIам хуэдэ! 

Тхьэм иджыри зэ си нэгу щIигъэкIыж а жэщыр – ди конституцэм и махуэр! Дуней псор нэгъуэщI хъуауэ къысфIэщIат абы щыгъуэ. Уэрамхэм бэракъхэмрэ цIыхумрэ дэз хъуат, цIыхур апхуэдизкIэ Iувти, уапхыкIыфыртэкъым. ИгъащIэм зи жьэ зэщIэзымыха цIыхухэр жьэрэIурэ хъуауэ, уэрамым зэрыдэгъахуэртэкъым. Я жьэр хуит хъуат цIыхум – къызэрыкIат жызоIэ! Хэт гум йоувэри мэкIий, мэгуо. Шухэм щIопщ ягъэдалъэ, уанэгум йоувэри фоч драгъэуей. ЦIыхур бжьэцым хуэдэщи, зэрызохьэ. Хэт щэтопым йоуэ, хэт бэракъыр егъэпIий, Iэгулъэгур щIауд – я хьэм бажэ къиубыдащ жыпIэнщ! ДэнэкIи щызэхэпхыр зы псалъэщ:

– ИугъащIэ хуитыныгъэм!

– ИугъащIэ конституцэм!

ЦIыхубзи, сабии, лIыжь-фызыжьи, щIалэгъуали, сэлэти – псори зэхэзэрыхьыжащ, хьэщхьэрыIуэ хъуами ярейщ, зэрехьэжьащи, псыдзэм хуэдэщ! Дэнэ зэрыхьрэ – зыми ищIэркъым. Сэри сахэзэрыхьащ: пхъэ къуэщIийм сыхуэдэщи, сыздахь...

Уэрамым дапщэрэ сыдэтами сщIэжыркъым. ЦIыху Iувым сазэрыхэтарщ сщIэжыр. Си лъэр къысщIэмыувэжыху, сахэтащ. Дыгъэр къухьами сешатэкъым. Шхэн жыхуэпIэри сигу къэкIыххакъым. Жэщ ныкъуэ щыхъуам, цIыхур уэрамым нэхъ мащIэ щыхъуащ, Iэуэлъауэмрэ зэрыгъэкIий-зэрыгъэгуомрэ нэхъ кIащхъэ хъуауэ къысфIэщIащ. Унэм сызэрынэсыжари сщIэжыркъым.

Унэм сихьэжри, гъуэлъыпIэм зизукъуэдиящ. ЗыстIэщIакъым – апхуэдэ гукъыдэж сиIэжтэкъым. Ныжэбэ хуэдэ жэщми дауэ сыгъуэлъыжынт – си гум схутегъахуэртэкъым. Сешащи, си псэр поху. ЗезгъэщIа щхьэкIэ, сигу загъэркъым. Зызмыгъэхъейуэ сыщылъщ, си гупсысэри зэхэзежэщ. Жьыр схурикъуркъым. Сыкъыщылъэтри щхьэгъубжэм сыбгъэдэуващ: жэщ щIыIэтыIэм и мэр къысщIехьэ – а зыр си гурыфIыгъуэщ. «Уэрамым сыдыхьэнщ», – жысIащ сигукIэ, унэм сыщIэзагъэртэкъыми.

Хьэ банэ макъ щызэхэпхыжыртэкъым уэрамым. СыкъэувыIэри си щхьэр къэсIэтащ. Уафэм вагъуэр изщ, зым адрейм къыкIэлъижыхь хуэдэ. Гупсысэр къызэбгъэрыкIуащ, лагъым хуэдэ, къэуэн хьэзырщ си щхьэм къизэрыгуа гупсысэ къомыр. Хуит сыхъуащ нобэ, си щхьэрэ си гупсысэрэ сыхуитыжщ – ар насыпкъэ! Пшэм хуэдэщ си гупсысэр – жьым зэрихуэ пшэм! Жьым зэрихуэ пшэм ищIэркъым здэкIуэр. Сыапхуэдэщ сэри: щхьэхуит сыхъуащи, си гупсысэм я унэтIыпIэ хъунур слъагъуркъым... Уэрам нэщIым сыздыдэтым, баш зэрысIэщIэлъым гу лъыстэжащ. Хамэдзэ сахыхьа къыпфIэщIынт, башыр зэрызгъэдалъэр плъэгъуатэмэ, – джатэ сIэщIэлъ фIэкI пщIэнтэкъым! Си тхьэкIумэм тхьэгъуш ит хуэдэщ – мэву: Iэгуауэ макъымрэ кIий-гуо макъымрэ сахэкIакъым нобэ...

СыкъэувыIэри си макъ къызэрихькIэ сыкIиящ:

– ИугъащIэ хуитыныгъэм! ИугъащIэ конституцэм!

Делэ сыдэхъухьа нобэ уэрамым: зезгъэзэкIри, уэздыгъэр зыфIэлъ пкъом башкIэ сеуащ. Си башыр тIууэ зэпылъэтащ. СыукIытэжащ: щIалэ цIыкIугъэкъэ ар? Пкъом сыт и лажьэ? Си башми сыт и лажьэ? Насып сиIэмэ, зыгуэрым сыкъимылъэгъуауэ къыщIэкIынщ. Насып

108 сиIэ хъунтэкъым: сызэплъэкIмэ – си щIыбагъым зы лIыжь дэтт. И нитIыр къыстриубыдауэ къызоплъ. Къызоплъри, къысщодыхьэшх. Си пIэм сижыхьащ – дэнэ укIуэжынт? ЩIэстхъун мурад сиIащ, лIыжьыр къызбгъэдэмыкIуэтатэмэ.

– Зэ умыпIащэ, щIалэфI.

УемыдэIуэнкIэ пхузэфIэкIынутэкъым лIыжьым, апхуэдизкIэ макъ щабэти. Си пIэм сикIыфакъым. Башым и зы кIапэр къысIэщIэнати, ари сIэпыхуащ...

Хэт хъуну? Бэлъто фIыцIэ быхъу щыгъщ лIыжьым. Пкъом фIэлъ уэздыгъэм нэху мащIэ къыпехри, лIыжьым и жьакIэ тхъуар солъагъу. Уафэм къеха фIэкI сщIакъым зи пащхьэ ситыр.

– Сыт ухуейт? – жысIащ, лIыжьым си нэр тенауэ сыздеплъым.

ЛIыжьыр пыдыхьэшхыкIащ.

– Учэф?

– Хьэуэ, сычэфкъым.

– Уделэ хъунщ-тIэ?

– Сыделэкъым...

– АтIэ пкъом башкIэ щхьэ уеуа?

Жэуап схуетакъым.

– Уи башыр щхьэ пкъута?

– СщIэркъым... – жысIащ сэ, нэгъуэщI згъуэтыжакъым.

– Ыхьым... Учэфкъым... Уделэкъым... Башыр щIэпкъутари пщIэркъым...

Си дамэр дэзгъэуеящ, сежьэжын муради сщIащ: лIыжь мыцIыхум и ущие сыхуэныкъуэт сэ? АрщхьэкIэ лIыжьыр къызбгъэдэкIуэтащ, къызэплъри и Iэр си дамащхьэм къытрилъхьащ.

– Укъытримыч. Дэнэ уздэпIащIэр?

Iэнкун сыхъуащ.

– СопIащIэ. Iуэху си пщэ дэлъщ, – жысIащ.

– Жэщыбгым фIэкIащ. Iуэху зиIэ щыIэ иджы?

Абыи схуетакъым жэуап. Сыт зыхуейр лIыжьыр – къысхуэщIэркъым. Зыдэуэршэрын лъыхъуэрэ? И зэш тригъэун щхьэкIэ къыдыхьауэ ара уэрамым? Сыт щхьэкIэ ебгъэнт сигу – си адэ и ныбжьщ.

– Хьэуэ, сыкIуэжын хуейщ...

– УзгъэкIуэжынукъым. Гъусэ укъысхуэхъунщ. Зы сыхьэт ныкъуэ хуэдэкIэ къысщIыгъу. Зыгуэрым уегъэпIейтей уэ. УзэригъэпIейтейм гу лъыстащ. Жэщ кIыфIым уэрамым удыхьамэ, сакъ: мащэм уихуэнкIэ мэхъу. Улъэпэрэпэнщи, уунэхъуащ. Ущылъэпэрэпэнур пщIэрэ?..

ЛIыжьым сыбгъурыувэри, уэрамым дыдыхьащ. СыхущIоплъ, дыздэкIуэм: и жьакIэр уэсым хуэдэщ, пэбг къуаншэщ, натIэкъэбщ, лъэбакъуэр ибж хуэдэ, и щхьэ ехьэхауэ мэзекIуэ, и Iэр и щIыбкIэ щызэрыдзауэ. НэгъуэщI дуней къикIа цIыху гуэрым срихьэлIауэ къысщыхъуащ лIыжьым сыздыбгъурытым. Зы псалъэ жиIэху, и жьакIэ хужьыбзэр шылэ бжьамэ хуэдэ зожэ.

– Сыт уи IэщIагъэ? – къызэупщIащ лIыжьыр.

– СытхакIуэщ.

– «СытхакIуэщ» жоIэ?

– Ы.

– НтIэ, уи псалъэр къамэ пэлъытэщ уэ. Къамэ Iэпщэр щыпIэщIэлъкIэ, куэд пхузэфIэкIынущ, цIыхум Iуэхутхьэбзэ яхуэпщIэфынущ: бущиифынущ, пэжыр ебгъэлъагъуфынущ, зебгъэцIыхужыфынущ. НэгъуэщIи пхузэфIэкIынущ: бгъэсэхъуфынущ цIыхур, я гур ипхыфынущ, зыр зым ебуштыфынущ, насыпми, цIыхугъэми, гурыфIыгъуэми, IэфIыгъэми пэIэщIэ пщIыфынущ. Ар пхузэфIэкIынущ, къамэ Iэпщэр пIэщIэлъмэ. ТхакIуэм и къамэращ жыхуэсIэр. Псори зэлъытар уи къамэр зэрыбгъабзэрщ...

ЛIыжьым и псалъэм седаIуэурэ, уэрамым дрокIуэ. Сэлэт къэрэгъул, шыгу закъуэтIакъуэ дрохьэлIэ зэзэмызэ. Жьы хуабэ мащIэ къопщэ, пкъохэм фIэдза уэздыгъэхэм я нэхум уэрамыщхьэм тет унэхэр хэплъагъукI къудейщ.

«Таксим» паркым дынэсащ. Зы цIыхуи къытIэщIэлъагъуэркъым. Паркым дихьэри нэхъ хуэм зытщIащ, лъагъуэ дытехьауэ дрокIуэ, лъагъуэм и бгъуитIымкIэ къыщхьэщыт жыг баринэшхуэхэр кIыфIым къыхоплъ, пщIащэр жьы мащIэм дощхъыщхъ.

ТетIысхьэпIэ дынэсри, лIыжьыр къэувыIащ.

– ДетIысэхынщ.

Хадапхэм дынэсат. «Мы лIыжьым гъусэ сыщIищIар сыт?» – согупсыс. СымэжэлIащ, сешащ, жейр къыстеуэнкIэ сошынэ: емыкIу къэсхьакъэ, лIыжьыр псалъэурэ сэ сыIурихмэ. СемытIысэхамэ арат нэхъ къыщIэсщтэр. ИтIани сыт сщIэнт: гъусэ сыщыхуэхъуакIэ седэIуэнщ.

ДетIысэхащ.

– НтIэ, тхакIуэ щIалэ, – жиIащ лIыжьым, – зыгуэркIэ сыноупщIынущи, жэуап къызэтыт: щхьэхуит дыхъуащ... сыт дяпэкIэ пщIэнур?

СщIэнури?! СщIэнур къызолъэлъэхыж! Гуращэ Iэджэ сиIэщ, Iэджэм сыщIохъуэпс. Щхьэхуит ущыхъуакIэ, пщIэн бгъуэтынкъэ?

– Хуитыныгъэм сытелэжьэнущ, – жысIащ сэ.

– Дауэ? Хуитыныгъэм дауэ узэрытелэжьэнур?
– Аращ сэри сымыщIэр – дауэ?
– НэгъуэщI мурад уиIэкъэ?
– Хьэуэ...
ЛIыжьыр пыдыхьэшхыкIащ, и щхьэр игъэкIэрахъуэри.
– Уи гум Iей зэримылъыр солъагъу. Уи гуращэр инщ, Iэджэм ущIохъуэпс, Iэджэм ухуопабгъэ. ПщIэнуращ умыщIэр. УщIалэщи, аращ щIумыщIэр. Уи закъуэкъым зымыщIэр. ЗыщIэ срихьэлIакъым – псори фызэщхьщ. Фи щхьэ фIэкI, къыффIэIуэху щыIэкъым. Уи щхьэм фIы къэхъулIэмэ, уи щхьэр хэпхмэ, лъэныкъуэ зебгъэзыжынущ. НэгъуэщIыр уигу къеуэнукъым. Сызахуэкъэ?
– Узахуэкъым, тхьэмадэ. Акъылэгъу сыбдэхъуркъым.
– Мылъкукъэ узыщIэхъуэпсыр?
Жэуап естакъым.
– ЩIыхьым ущIэкъуркъэ?
Абыи естакъым жэуап.
– Сытхъарэт жыпIэркъэ?
Сызэрыщымщ.
– ЦIыхубз дахэщ уи плъапIэр, сэрей зыкъизыхщ, уи щытхъуцIэ зэрыжебгъэIэнщ...
Си бзэр иубыдами ярейщ: зы псалъи пэздзыжыфыркъым лIыжьым. СыжьакIуэ гуэр си гугъэжати: щхьэ сызэщIэна? ТетIысхьэпIэм сытриIулIауэ къысщохъу лIыжьым и псалъэм, си гущIэлъапсэм ноплъыс жыпIэнщ, си щхьэм сыт хуэдэ гуращэ илъмэ, илъагъу къысфIощI. Пэжщ лIыжьым жиIэр: а псом сыщIэхъуэпсырт. Щхьэхуит дыщыхъум, аракъэ сыщIэгуфIар: а псор зэзгъэхъулIэфынущ дяпэкIэ. Си къамэр – си къалэмырщ жыхуэсIэр – къиспхъуэтынщи, зэуапIэм сыIухьэнщ пщэдей. Зы къыспэрыуэфынукъым. Къыспэрыуэр хэзгъэщIэнщ! Аракъэ хуитыныгъэ, конституцэ жыхуаIэр! Щхьэхуит сыщыхъуакIэ, си гур здэплъэм си лъэр нэзмыхусауэ къэгъази етIысэхи сиIэкъым – хэт сиубыдыфын!
ЛIыжьыр къызэрызэгияр си гуапэ хъуакъым.
– Хьэуэ, – жысIащ, – сэ апхуэдэ щхьэхуещагъэ схэлъкъым.
– Зыумысыж! Сэ сыкъэбгъэпцIэфынукъым, щIалэфI. Ныжэбэ жэщым уи нэбдзыпэ зэтеплъхьакъым, пэжкъэ? Угъуэлъыжат, ауэ жейм уезэгъакъым. Унащхьэр къехуэхын къыпфIэщIащ, ущIипIытIэнкIэ ушынэри уэрамым укъыдэлъэдащ. Уи гущIэр къикъуэлъыкIырт. Умычэфми, уи акъыл зэтесми, чэф хуэдэ, делэ хуэдэ укIиящ: «ИугъащIэ хуитыныгъэм!» – жыпIэри. Уи лъыр игъэупщIыIуакъым абы, уи гур игъэтIысакъым. Аращ пкъом башкIэ ущIеуар...
И макъи иIэтакъым лIыжьым, къызэгийуи гу зылъызигъэтакъым, си гум илъыр илъагъу фIэкIи зэрыпщIэн щыIэтэкъым. Си гум илъыр игъащIэм цIыхум хуэсIуэтакъым, мы лIыжьым дэнэ къыщищIа ар: си гуращэхэмрэ си гухэлъхэмрэ зырызыххэурэ къриджыкI къысфIэщIащ си гущIэлъапсэм. Псалъэ пэздзыжыфакъым, сыпэрыуэфакъым. Сыпэрыуэн е псалъэ пэздзыжын дэнэ къэна, сыщыщтащ, и пIэ ираубыда дыгъу нэхъей, си лъэр щIэхуащ, си бзэр иубыдащ. Пэздзыжын сиIэтэкъыми, лIыжьыр нэгъуэщI псалъэмакъ тесшэн мурад сщIыри, сеупщIащ:
– Ухэт уэ, тхьэмадэ?
– Илъэс пщIей зи ныбжь лIыжьщ!
– Уи цIэр къызжепIамэ...

– Си цIэр сыту пщIын? Си цIэракъым нэхъапэр. Нэхъапэр цIыхум я гум щыщIэмрэ я фэм дэкIамрэ солъагъури, арщ. Уэрамым сыздыдэтым, гъащIэм и пэжыпIэр зымылъагъу щIалэ щIихьа срихьэлIати, сигу щIэгъуащ. Аращ гъусэ ущIэсщIар, мыбы нэси укъыщIэсшар. Дунейм хэпщIыкI щыIэкъым, щIалэ насыпыншэ уэ. Укъаплъэнэфщ!

– Ар дэнэ щыпщIэрэ?

– Ар мыпэжтэмэ, ущIихьэнтэкъым, ухэзэрыхьынтэкъым.

– Конституцэ диIэ хъуащ... Дыщхьэхуитщ...

– Конституцэ! Конституцэ! Насып къыпхудэкIуэну а конституцэм? ЦIыху цIыкIур насыпыншэмэ, сыт къыпхуищIэжын уи щхьэ закъуэм къеуалIэ насыпым? Iуэхушхуэ Iэджэ и пщэ къыдэхуащ ди къэралым, хышхуэ хуэдиз мэхъу ди къэралым и пащхьэ ит къалэнхэр. Нобэрей зэрызехьэмрэ Iэуэлъауэмрэ куэд якIунукъым – напIэзыпIэм ужьыхыжынущ. Ди бийхэм ди лъабжьэр къатIу щIадзэжынущ: хэт и гуапэ, дэ лъэщ, къулей, лъэрызехьэ дыхъумэ? Ди бийхэм яфIэфIкъым! Уи нэ фIыкIэ илъагъу: дяпэ илъэс зыщыплIкIэ къэрал зыбжанэ къыттеуауэ плъагъунщ...

– Апхуэдэ зэманкъым дызыщыпсэур. Си фIэщ хъуркъым...

– Плъагъумэ, уигу сыкъэгъэкIыж... Абы и ужькIэ дуней псор зауэм зэщIищтэнущ, псори дэ къыдэжэнущ, я дзэр къыдаутIыпщынурэ дызэрыхагуэным щIэкъунущ, яхузэфIэкIмэ, щIым щыщ дащIыжынущ, ди щхьэр игъащIэкIэ къэдмыIэтыжыфын папщIэ. Аращ дысакъын щIыхуейр. ТхакIуэхэращ, усакIуэхэращ, литераторхэращ сакъыныгъэм дыхуезыджэн хуейр...

ЛIыжьым зыкъысхуригъэзэкIри и псалъэм пищащ, и псалъэ къэс си гущIэлъапсэм зэрыщетIысэхыр зыхэсщIэу:

– Сэ бжэсIэм уи дзэр Iуиудынкъым, тхакIуэ щIалэ, къызэдаIуэ! ЛIыгъэ щIыпхэлъынур нобэ хуэдэ зы махуэщ! Уи щхьэракъым нэхъапэр. Щытхъу нэпцIым укIэлъымыжэ, псалъэ дыгъэлым зыдумыгъэшэх. ЦIыхубэр къызэрыбгъэушыным и ужь ит! Ди лъэпкъым и цIи и бзи ищIэжыркъым! Жей Iувым хэтурэ къэгъуэгурыкIуащ, къэушакъым иджыри къэс, псоми я ужь дыкъинащ. Ди бий щэхурыпхъуэхэм дафыщIащ, ди мылъкур зэхадыгъуэжащ, ди куцIыр щIафыкIащ, ди насыпыр тIэщIахащ, ныбжьэгъу зыкъытхуащIри. Езым и хэку щыпсэужми, ди лъэпкъыр гъэрыпIэм исщ, Iэпхлъэпхщ, мэжэщIалIэщ... ЩIэныгъэ ет уи лъэпкъым, фIыгъуэ зэрыхуэблэжьыным и ужь ит, гуращэ дахэхэм къыщIэгъэтаджэ!.. Пкъом башкIэ узэреуар слъэгъуащ. Сыт ар къызыхэпхар? Гухэхъуэмрэ гуфIэгъуэмрэ узэщIащтати, арщ! Ар дыдэмкIэ уетэн хуейщ уи лъэпкъым: и гур хэгъахъуэ, къызэщIэIэтэ!..

– Аращ сэри сигу илъыр.

– Аракъым. ЩIыхь къызэрыблэжьынщ, уи щытхъуцIэ зэрыжебгъэIэнщ уэ узыпылъыр. ЩIыхьыр зищIысыр пщыгъупщэжа? ЩIыхьыр ныбжьым хуэдэщ: кIэлъыIэбэм бгъэдокIуэт, зи щIыб хуэзыгъазэм и ужь итщ...

ПщIыхьэпIэм хуэдэщ. ЛIыжьым сыздедаIуэм, си гур нэхъ мэтIысыж, си акъылыр нэхъ бзыгъэ хъуауэ къысфIощI, сызэрыщIихьами сыхущIегъуэжауэ къысщохъу. Уегупсысмэ, захуэщ лIыжьыр: сыхэтыт сэ иджыри къэс? Си щхьэ закъуэ-си лъакъуитIт, зыри къысхуэмыныкъуауэ... Дапщэ къэзгъэщIэнур? Илъэс хыщI, илъэс блыщI, илъэс бгъущI, хьэмэрэ илъэсищэ? Ар зыми ищIэркъым. ЦIыхубэр уахътыншэщ. Абы ухуэлажьэмэ, и гъурри и цIынэри зыхэпщIэмэ, и псэр

зыгъэхыщIэмрэ и гум дэгъуамрэ плъагъумэ, уэри ухъунщ уахътыншэ. Ар къыпфIэмыIуэхурэ уи щхьэ и сэбэп фIэкI зумыхуэмэ, зыми ущыщкъым, лъэпкъми ухуэфащэкъым, уи гъащIэри уи гуащIэри псыхэкIуадэ хъуащ, дунейм уехыжакIи зигу укъэкIыжын щыIэкъым...

ЛIыжьым и псалъэм си гум гуфIэгъуэ хьэлэмэт гуэр кърилъхьауэ къысщыхъуащ абдеж сыздэщысым, пщэдджыжь салъкъыным си Iэпкълъэпкъыр дэпсынщIауэ къысфIэщIащ – жыг хадэм дисурэ нэху къыттещхьащ лIыжь телъыджэмрэ сэрэ.

ЩIалэ ныбжьым итыжамэ, и гъащIэри и гуащIэри лъэпкъым щхьэузыхь зэрыхуищIынури къызжиIащ лIыжьым. Абы нэхъ насып щыIэкъым жиIащ – уи лъэпкъым фIыгъуэ хуэблэжьыным...

ГъащIэ сиIэху, сигу ихужынкъым лIыжьым и псалъэ жаныр. ИкIагъэм, щхьэхуещагъэм, фэрыщIыгъэм теплъэ мыхъухэм ящыщ цIыху хъунт ар – абы шэч къытесхьэркъым ноби...

Нэхущ хъуауэ, жейр къыстеуащ. Босфор адрыщIкIэ уафэ джабэр кIэху зэрыхъуам гу лъыстащ. ЗыкъэсIэтыжыфынутэкъым, жейр хуэмхуэмурэ къызэбгъэрыкIуати. ЦIыху цIыкIур зыущиин бегъымбар уафэм къехауэ къызбгъэдэс къысфIэщIурэ, сыщыIурихари сщIэжыркъым...

Сыкъыщыушыжам, уафэм вагъуэ исыжтэкъым. Жыгхэри жей Iувым къыхэкIыжа хуэдэщ, бзухэри жыгыщхьэм зырыз-тIурытIурэ къотIысхьэ.

ЛIыжьыр щысыжтэкъым. Дыгъэр къыщIэмыкI щIыкIэ, уафэм дэкIуеижа нэхъей, лIыжьыр бзэхыжащ.



Сыкъэтэджыжащ. Пщэдджыжь щIыIэтыIэм Iэпкълъэпкъыр къегъэпсынщIэ. Жыг хадэм сыкъикIыжри, уэрамым сыдыхьэжащ. Унэм сынэсыжа щхьэкIэ, жейм сезэгъыжакъым: иджыри къэс зыхэзмыщIа гурыщIэ хьэлэмэт къыспкърышэсауэ къысфIэщIащ пIэм сыздыхэлъым.

*ЗэзыдзэкIар* **КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмидщ**

# Абы къеузырт и лъэпкъыр

*Си усэ, сэ уэстащ уэстыфри,*
*Уи хъер хуэныкъуэм егъэкIыф,*
*ГуфIэгъуэр цIыхум дэIэтыфи,*
*Гукъеуэр цIыхум дэшэчыф.*

**Бемырзэ Мухьэдин**



«Адыгэу нобэ ущытыныр гугъущ», – дыкъыщоджэ Бемырзэ Мухьэдин «Уадыгэным къикIыр» зыфIища и усэм. Уадыгэрэ абы ищIыIужкIи уусакIуэмэ, ар, дауи, куэдкIэ нэхъ гугъужщ. Пасэу зи адэр зыфIэкIуэда Бемырзэм и сабиигъуэр тыншакъым, ауэ нэхъ гугъуехьышхуэ къыщыпэплъэр и балигъ гъащIэрт. Унагъуэ дахэ иухуэу быныфIхэр (зы щIалэрэ хъыджэбзитIрэ – Зураб, Зулетэ, Мадинэ) къыщIэхъуами, Мухьэдин, и усэхэри щыхьэт зэрытехъуэщи, зы махуи тыншу псэуакъым: уз мыхъужыну абы пкъырытт адыгэм и тхыдэ гуузыр, и нобэрей дуней зэIумыбзыр, и къэкIуэну дзыхьщIыгъуэджэр. Композитор цIэрыIуэ ХьэIупэ ДжэбрэIил зэрыжиIащи, «абы къеузырт и лъэпкъыр». 

Бемырзэр игъэпIейтейрт адыгэхэм я лъэпкъ зэхэщIыкIыр кIуэ пэтми нэхъ лъахъшэ зэрыхъум, ди адэжьхэм лIэщIыгъуэкIэрэ налкъутым хуэдэу зэIэпахыу яхъума, дэтхэнэ адыгэ унагъуэми и жьантIэдэсу къэгъуэгурыкIуа ди хабзэ дахэхэм нобэкIэ бжэ къуагъри къазэрылъымысыжым. Апхуэдэ гурыгъухэм ихь усакIуэр Ухыгъэм хухиха пIалъэм къриубыдэу и къару къызэрихьрэ и къэухь къызэритIасэкIэ хущIэкъуащ лъэпкъ щIыхьыр къэIэтыным, щIэблэр къабзагъэмрэ дахагъэмрэ къыхуэгъэушэным, хуэущииным. Ар къалэн тынштэкъым, ауэ Бемырзэм и гъащIэ гъуэгуанэм ущриплъэжкIэ, нэрылъагъу мэхъу зы лIы ныбжь ирикъуи къэзымыгъэщIа усакIуэм гъащIитI и уасэ Iэужь къызэрызэринэкIар, езы Мухьэдин «жырри зыгъэщащэ гухъу» зыфIища зэманми хуэмысеижын лъэужь къызэригъэнар.

Бемырзэр и псэкIи, и акъылкIи, и щIэныгъэкIи зэпэщауэ, езыр къызыхуэтыншэу дуней псо ирикъуу къэгъуэгурыкIуащ: и IэщIагъэщIэныгъэкIэ – егъэджакIуэт, гъэсакIуэт, ущиякIуэт, и псэкIэ – усакIуэт, и хьэл-щэн, дуней тетыкIэкIэ – адыгэлI ахъырзэмант, къуэ, къуэш, щхьэгъусэ, адэ, адэшхуэ гумащIэт, ныбжьэгъу пэжт. Усэхэм ящIилъхьэ гупсысэ и лъэныкъуэкIэ убгъэдыхьэмэ, Бемырзэм и усыгъэр къуэпсыбэу зэкIэщIокI. Абы къыхощхьэхукI хэкур фIыуэ лъагъуным, щIыуэпсым теухуа, философие, лъагъуныгъэ лирикэ лIэужьыгъуэхэр. Ауэ и усыгъэр зэрыщыту къапщтэмэ, абы ипкъри и купсэри къэзыгъэщIыр зы псалъэкIэ къыпхуэIуэтэнущ – АДЫГАГЪЭ. Ар я пщалъэу, адыгэ хабзэмрэ нэмысымрэ я хьэл-щэн нэхъыщхьэу гъэпсащ Мухьэдин и дэтхэнэ усэ-

ри. «АдыгагъэкIэ» еджэу абы къигъэщIа усыгъэ дунейм къызэщIеубыдэ адэжь щIыналъэр, лъэпкъыр, анэдэлъхубзэр фIыуэ лъагъунри, тхыдэр джынри, ныбжьэгъугъэр, къуэшыгъэр гъэпэжынри, псэ къабзагъэр, напэр хъумэнри гъунэгъум, хьэщIэм пщIэ яхуэщIынри, диныр къабзэу зехьэнри, нэгъуэщI Iуэхугъуэ зыбжани.

Адыгэм и хьэл-щэн нэхъыщхьэхэм ящыщт: цIыхухъум – лIыгъэр, бэшэчыгъэр, хахуагъэр; бзылъхугъэм – нэмысыр, шыIэныгъэр, фIэлIыкIыр. А псори Бемырзэм и усэхэм къахэбгъуэтэнущ, образ телъыджэхэмкIэ щIэгъэбыдэжауэ: *«Уадыгэныр мыгурыфI-гурей, / Зи уэлиигъуэм фIэфIмэ – улъэпкъыпсэу, / Адыгэу хъуам тралъхьэмэ тезыр, / IэщIыб пщIыжыну уи анэдэлъхубзэр»; «Адыгэр зэикI хуэпсэуакъым и щхъэм, / ЩхьэхуэфI гупщыси и гум къимыхъа, / Зэгуэрми и фейдэр игъэнэхъыщхьэу / НэгъуэщIхэм я фэжагъуэ къимыхъа».* И тхыдэр лъыкIпсыкIми, адыгэм и хьэл-щэнри, и дуней тетыкIэри, и теплъэри сыт щыгъуи хъуэпсэгъуэт, щапхъэ зытрахт: *«и хэкур дахэт, и щIыр бейт, и Iэщым тафэр яуфэбгъурт...», «и щIалэм зищIу лъэгущIэтын, и напэр кIапэкIэ имыщэт», «и пщащэм и щхъэм пщIэ хуищIыжт, бзылъхугъэ щIыхъыр ихъумэфырт, дахагъкIэ – гъащIэр щыз зыщIыжт, гуапагъкIэ – унэм и жьэгу мафIэт».*

Ауэ щыIам утепсэлъыхьыныр мащIэщ... Ди жагъуэ зэрыхъунщи, адыгэм нобэ адыгагъэу дэплъагъужыр, ар пщалъэ гуэркIэ къыпхуэпщыххэнумэ, зэрыхъур зы мэскъалщ. И хабзэр зэримыхьэжкIэрэ, и пщIэ-нэмыс имыIыгъыжкIэрэ, и бзэ имыхъумэжкIэрэ адыгэм махуэ къэс хуэм-хуэмурэ и IэкIэ зеукIыж. ЛъэпкъкIуэдым и гузэвэгъуэр зи псэм къыщIэзэрыхьа усакIуэр *«Къэуши, си адыгэ, зыкъэщIэж!»*, – жиIэу мэлъаIуэ, зэми, адыгэм и дуней тетыкIэ хъуар игу темыхуэу, мэдалъэ:

114

Адыгэ цIыхури мэхъу кIуэ пэтми жыгъей.
Хъанцэгу и къуршрэ и тенджызу псынэр,
ЩхьэхуэфI гухэлъым ар иронэщхъей,
ЛъэпкъкIуэд зэрыхъур имылъагъуу и нэм.
Ди щIэблэр едэIуэжкъым къэзылъхуам,
Еплъыжкъым ди цIыхубзхэр я нэмысым,
Фадафэм и пщылIыпIэ зэрыхуам
Ди щIалэхэр ехьыж, игъуэ нэмысу.
Iыхьлыгъэр куэдым къызэрапщыр мылъкущ,
ЦIыху уасэр къызэрабжыр и лэжьапIэрщ,
Iиманыншагъэр ямыщIыж емыкIу,
Нэмыплъи хуамыщIыж зимыIэм напэ.

**(«Уадыгэным къикIыр»)**

УсакIуэм псом хуэмыдэжу гущIыхьэ щохъу адыгэр «адэфIым къуэфI зэрыхуэмыщым и щапхъэу» къызэрынар. А Iуэхум адэхэми я зэран хэлъу къыщIэкIынущ. Аращ Бемырзэм мыпхуэдэу щIитхыр: *«ЩыIэжкъым япэрей адыгэ лIыжьхэр, / Лъэпкъ хабзэм и уэчылу щытыгъахэр, / Зэманым и ней-нэфIхэм хуэмылIыщIэу, / Сыт щыгъуи зи щхьэр уардэу зыIыгъахэр».*

«Дуней нэплъэгъуэр зиIэжынкIэ» Бемырзэр зыхуэхъуэпса адыгэр лъэпкъыу къызэтенэнымкIэ хэкIыпIэ нэхъыщхьэу щыIэр бзэм

зегъэужьыныршщ, ар щIэблэм яIурылъхьэныршщ. Абы къыдэкIуэнущ хабзэр хъумэнри, тхыдэр джынри, диныр зехьэнри, лъэпкъым ижьижьыж лъандэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ нэгъуэщI Iуэхугъуэ куэди. Бзэр щымыIэмэ – лъэпкъи щыIэкъым. Аращ Бемырзэри зыгъэгумэщIыр. «Гузэвэгъуэ» зыфIища и усэм абы къыщегъэлъагъуэ адыгэбзэр зэрыт щытыкIэ гугъур: *«Унагъуэ хуэмыхум я нэд зэпэгъуанэу, / КIуэ пэтми ди бзалъэр мэхъу хуэмурэ нэщI – / Дыгъуасэ лъэпкъыбзэ щытар хы архъуанэу / Иджы псыIэрышэ яфIэщIу къэнащ».* УсакIуэм игъэбзэрабзэ бзэ дахэр кIуэдынкIэ гузэвэгъуэр къыщыкIэщIэзэрыхьым, Iэмалу къыхуэнэжыр Ухыгъэм лъэIукIэ зыхуигъэзэныршщ:

Ди Псатхьэу ди Тхьэшхуэ! Iэпхъуамбэ зэгуэтхэм
Дэтхэнэр хэщIами, зэхуэдэу мэуз –
Лъэпкъышхуэми цIыкIуми бзэрщ псэуэ яхэтри,
Iэ щIыIэкIэ ди псэм, солъэIу, уемыIус!..

**(«Гузэвэгъуэ»)**

Анэдэлъхубзэм и гимн хъуащ Бемырзэ Мухьэдин и «Адыгэбзэ» усэр. Адыгэбзэм «къигъэщIэнур къигъэщIауэ», «КъалэкIыхьым уфIимыхыу», «Псыжь узэпримыхыу» жызыIэхэм я «псалъэ мыжьэмывэм» усакIуэм гухэщI къратыркъым, уеблэмэ ди бзэм къыпэлъэщын зэрыщымыIэмкIэ фIэщхъуныгъэ къыхалъхьэ. А гупсысэр Мухьэдин художественнэ Iэзагъ ин хэлъу къеIуатэ анэдэлъхубзэр къуршыпсым и образ телъыджэм иригъапщэкIэрэ: *«...Къуршыпс ежэхыр хуэщIкъым дэгу / Абы зыгуэрым хидза мывэм. / Псыр тожри, мывэхэр къонэж, / Гъуэгу зэрытехьэрэ и псыпэр / ЗэринэкIар абы гъунэжщ / Мывэ пкIэлъейрэ щхьэдэхыпIэу».* УсакIуэм къызэригъэлъагъуэмкIэ, адыгэбзэр «лъэщщ», «зи зэманыгъуэу гурыхуэщ», «адыгэ пшынэу жьгъырущ», «хеящIэ джатэу» жанщ, къарууфIэщ, «анэ быдзышэу IэфIщ», «пщащэ гущIэр зэзыгъэдзэкI» уэрэдгъэIущ. Ди бзэм и пщIэр зэрылъагэр, и мыхьэнэр зэрыиныр усэ сатыритIкIэ къиIуэтэн лъэкIащ Бемырзэм: *«Уэ уафIэжьгъейми, къэбгъэщIащ, / Зэрыдунейуэ зэджэ «Нартхэр»,* – жеIэ абы и анэдэлъхубзэм хуэгъэзауэ. Усэр гур хэзыгъахъуэ хъуэхъу дахэкIэ, фIытеIуэ псалъэхэмкIэ еухыж:

Си лъэпкъым щIэблэ къыщIэхъуам
Насып вагъуэбзэу ужьэхэпсэу
Я нэхъ тхьэмыщкIэ ар щыхъуам
УреIэ уэ, си адыгэбзэ!

**(«Адыгэбзэ»)**

Бемырзэ Мухьэдин и усыгъэм щытепщэр цIыху гъащIэм и лъэныкъуэ зэхуэмыдэхэр гъуджэм хуэдэу къызэрыщ философие лирикэрщ. Зы усакIуэ, тхакIуэ нэси щыIэу къыщIэкIынкъым гъащIэм и мыхьэнэм, цIыхур къыщIигъэщIым, абы щIылъэм къалэну къыщылъысым куууэ емыгупсысу, зэманым и щэхухэр гурыгъуазэкIэ къимытIэщIу. КъапщтэмэI, аращ ахэр усакIуэ, тхакIуэ – гупсысакIуэ, философ, пэжыр зи гъуазэ, цIыхугъэм и уэчыл зыщIыжхэри.

Бемырзэм и философие лирикэм куэдрэ ущрохьэлIэ мылъкукIэ

цIыхухэр зэрызэхуэмыдэм, зимыIэр зиIэм и лъэгущIэтыну къызэрекIуэкIым теухуа сатырхэм. УсакIуэ нэсым и гупсысэхэр щхьэхуитщ, ар зыми и бжьым щIэт хабзэкъым, уеблэмэ цIыху щIыхьыр хэзыутэхэм псалъэ нэхъ Iэщэ IэщIэмылъу япэщIэувэн хузэфIокI. АрщхьэкIэ мылъкур щытепщэ зэманым псалъэ-Iэщэр щоубзэщхъу: *«Абы (къэрал мылъкур зи тхъуualъэхэм. –* **Хь.Л.)** *я мывэ плIимэр зыдэж Iуащхъэм / Къемыжэхыну сэ си шэрхъ хъурейр», /* – етх усакIуэм. НэгъуэщI и зы усэми щыжеIэ мылъкумрэ ныбэизыгъэмрэ зэрынасып нэпцIыр. Уеблэмэ ныбэизыгъэрщ цIыхур Iэщ щхьэрыутIыпщым хуэдэу Iэубыдыпiэншэ зыщIыр, щызыгъэкIыр. Аращ «Я анэр быным щамыдэж зэман...» усэм и иужьрей сатыритIым щIэлъ гупсысэ нэхъыщхьэри зэхьэлIар: *«ЦIыху цIыкIур гъейм зыгуэрурэ къелынт, / ДэмыкIуэдыжмэ ар ныбэизыгъэм».*

Мылъкур насыпым и пщалъэу къыщалъытэ дунейм цIыхухэри гущIэгъуншэ щыхъуащ. Ар Бемырзэм и зы усэм гъэщIэгъуэну къыщыгъэлъэгъуащ. Зи гур узу къэкIуа бзагуэм дохутырым «Мыбыи сыт зыгъэузынур и гур» хужеIэ, апхуэдэ щIыкIэкIэ гушыIа фIэщIыжу. А псалъэ гуемыIухэмрэ цIыхугъэм и щапхъэу щытын хуей дохутырым и щэныншагъымрэ игу худэмыгъахуэу усакIуэм жеIэ:

Я нэхъ цIыхугъэншагъэми и гъунэт
Ебдзыныр жэуапыншэм а псалъейр.
Гууз ирихъукIыну ирикъунти
И гъащIэр бзэншэу къызэрихь къудейр...

**(«Щилъагъум зи гур узу къэкIуа бзагуэр...»)**



Апхуэдэуи, Бемырзэм гулъытэншэу къигъэнэн лъэкIакъым цIыхум и хьэл-щэн мыхъумыщIэхэм ящыщу лъэпкъым узыфэ бзаджэу къыдекIуэкI фыгъуэ-ижэр. ЦIыху IуитIбзитIым, фыгъуэнэдым, Iужажэм, бзэгузехьэм и образ пэж абы къыщигъэщIащ «Ей, фыгъуэижэ цIыху тхьэмыщкIэ...» усэм:

Егъу псалъэзехьэу, щэхурыпхъуэу,
Уи мынасыпым уи нэр щипхъуэу,
Мычэму уиплъэу зым и нэд –
Аращ уи гъащIэр, фыгъуэнэд.

Хъым ихуа бажэу зишхыхьыжрэ
Iиман зэгуэрми къимыхьыжу,
ЦIыху кIуэцIеиныр зи дуней,
Тхьэм дыщихъумэ уи нэфI-нейм!..

«Дунейр чэзущ» жаIэу куэдрэ зэхыбох. ЗэплъэкIыгъуэ имыгъуэту зы цIыху гъащIэр еухри, адрейм щIедзэ... Зым и вагъуэр уэгум щоужьыхри, адрейм ейр щыщIонэ. Ар гъащIэм и хабзэ ткIийщ. «ЩакIуэ лIыжьым и гукъеуэ» усэм Бемырзэ Мухьэдин «джабэ лъащIэм щыщIэпхъуарэ сэнтхыщхьэ бгыжьхэм хуэпIащIэу» жэ лъагъуэ цIыкIумкIэ къыщегъэлъагъуэ зэманыр и пIэ зэримытыр, зым и щIэдзапIэр нэгъуэщIым зэрикIэухыр. Сыт хуэдэу жагъуэу щымытми, усакIуэм къыгуроIуэ езым хухиха пIалъэми зэгуэрым кIэ зэриIэнур, а гупсысэхэм ягъэгумэщIыу и

усэр гукъэкI жагъуэхэмкIэ еухыж:

Иджы сэ сытхэр си щакIуэж,
УсщIакъым, лъагъуэ, хъуэжыкIафIэ:
Иджы сэр дыдэм нэгъуэщI гуэр
Къызощэр, узыр и хьэджафэу.
Абы и фочыр мыубзэщхъу,
И нитIым жьыгъэм щимыгъащIэ,
Ар хэти къызэроуэр зэщ,
Ауэ а зэми – ухегъащIэ...

**(«ЩакIуэ лIыжьым и гукъеуэ»)**

А гупсысэ нэщхъейм зэщIиIыгъэщ «Хуэмызэр лIыфIщ...» усэри. Мыбдежым Бемырзэм «зэманым» къыхуигъуэта егъэпщэныгъэр телъыджэщ, щIэщыгъуэщ: *«Дунейр, зэгъащIэ, шэрхъщи мэкIэрахъуэ, / Здэмыплъэм уи нэр хуейщ гур нэплъысын: / Зэманыр гущхьэм теубыда кIэрахъуэщ – / Чэзур зэгуэрым уэри къыплъысынщ»*. Мы едзыгъуэр усакIуэм хэти фIы дыдэу зыщыгъуазэ псалъэухакIэ (*«Дунейр шэрхъщи мэкIэрахъуэ»*) къыщIедзэри, гум ешыкъылIэ пэж щIыIэкIэ еухыж, ари образ лъэщкIэ (*«гущхьэм теубыда кIэрахъуэ»*) узэдауэ. Гу лъытапхъэщ мы едзыгъуэр зэрыгъэпса рифмэ къулейхэми: псом хуэмыдэу къыхэгъэщыпхъэщ псалъэ лъэпкъыгъуэ зэмылIэужьыгъуэу щыт (глаголрэ щыIэцIэрэ), ауэ я IукIэкIэ зэпэджэжрэ зэщIэжьыуэу рифмэ хьэлэмэт къэзыгъэщIа *мэкIэрахъуэ – кIэрахъуэ[щ]* псалъэхэр. Зэманыр зищIысыр гъэщIэгъуэну щигъэбелджылащ Бемырзэм и зы усэ кIэщIми: *«Зэманыр хуэдэщ Жьыгъэибг, – / НэгъуэщI сыт хужыпIэн, – / Зы тажьджэ бгым къелъар дгъеиху, / КIэлъыкIуэм хуещIыр бэн»*. 117

Бемырзэ Мухьэдин «усакIуэ нэщхъей» цIэр зытеIукIахэм ящыщщ. Абы и щхьэусыгъуэри кууэ зыхищIэ Iуэхугъуэхэм псэкIэ зэрапэджэжырщ. Бемырзэри хуейт и усэхэр фIым хуигъэпсыну, Ашэмэз и бжьамийм кърикъэкI макъамэ дахэм дежьууну, арщхьэкIэ зыхэпсэукI зэманым къыщыхъу-къыщыщIэ Iуэху мыщхьэпэхэм апхуэдэ Iэмал кърatыркъым. И хъуреягъкIэ мыхъумыщIагъэр щыкуэду, усакIуэр Iуэхуфl гуэрым фэрыщI-IэрыщIу теусыхьыфыркъым. *«Сэ уэрэд зэхэслъхьэну сыхуейт, / Ашэмэз и пшыналъэм пэхъуну, / Мы ди хэкум щхьэщыт щIымахуейр / Шэчыгъуафlэ абы хуигъэхъуну», /* – етх абы. Ауэ афянафэмрэ фадафэмрэ щыкуэд дунейм усакIуэм и пшынэм къыщикIыр нэгъуэщI пшыналъэщ:

Сэ сыхуейт зэхэслъхьэну уэрэд,
Ауэ... гъыбзэ сфIэхъункIэ сошынэр...

**(«Сэ уэрэд зэхэслъхьэну сыхуейт...»)**

Усэ нэщхъей и къалэмыпэ къызэрыпыкIым щхьэкIэ дэуэгъу къыхуэхъухэми жэуап щыпкъэ яритыжыфырт Бемырзэм:

... Армыхъумэ сэри фIым сыхуэусэн
Мынэхъ хуэмыхуу си къарум къихьынут,

Ауэ къалэмыр згъэдэIуэфми сэ,
Мы сигу къигъыкIыр дэнэ сыбгъэхьыну?..

**(«Си дэуэгъухэм я жэуапу»)**

Бемырзэм и усыгъэм къыхощхьэхукI лъагъуныгъэ лирикэр. Мухьэдин и гухэлъ усэхэми къыхощ, зы лъэныкъуэкIэ, адыгэлIым и бэшэчагъыр, и хьэл-щэн жыру псыхьар, нэгъуэщI лъэныкъуэкIэ – и гу щабагъыр. Абы и лъагъуныгъэр пагэщ икIи щхьэхуитщ:

Срехъу хьэфиз ущысфIэкIуэд сыхьэтым –
ИтIанэ уи гъэпцIагъэр слъагъуфынкъым,
НэгъуэщIым хуэпхь насыпыр пэрыхьэтми,
ГущIыхьэ нэпсым си нэр ирифынкъым.
Срехъу дэгу-бзагуэ сыщыбгъэпцI дакъикъэм,
ИтIанэ уи псалъейхэр зэхэсхынкъым,
ИтIанэ уи гущIэгъум сыщIэлъэIуу,
Сыуву си лIы напэр тесхыжынкъым.
УщысIэщIэкIкIэ лъэр къыздремыбзэ –
СыпкIэлъыжэнкъым, мыхъуми сыноубзэу.

**(«Срехъу хьэфиз ущысфIэкIуэд сыхьэтым...»)**

Лирикэ лIыхъужьыр гухэлъым гуитIщхьитI зэрищIым, ар зыхишэ псэ бэнэныгъэм теухуа мотивым адыгэ литературэм куэдрэ ущрохьэлIэ. Сыт хуэдиз лIыгъэ зауэ губгъуэм къыщылъыкъуэмыкIами, адыгэлIыр гухэлъым къыщигъэхаши къэхъурт, псом хуэмыдэжу, ар усакIуэ псэ пIащIэмэ. Бемырзэм и «ЦIыху зэпIэзэрытхэм сывохъуапсэр...» усэм и лирикэ лIыхъужьыр йохъуапсэ зи акъылыр зи гумрэ зи псэмрэ я тепщэу псэухэм: «зыми зэхэзещхъуэн яхуэмыщIхэм», «лъэ быдэкIэ щIыгум ирикIуэхэм», «жагъуэгъухэм я бзэр удын яхуэхъукIи, гуфIэн къэзымыгъанэхэм». Апхуэдэ цIыхухэм я лъагъуныгъэми щыпкъагъэ гуэр хэлъ хъунщ, ауэ щIэлъу пIэрэ абы хуабагъэ? ФIыуэ ялъэгъуар тыншу IэщIыб зыщIыжыфхэм гухэлъ яIэххар пэжу пIэрэ? НасыпыфIэу пIэрэ апхуэдэ цIыхухэр? ЦIыху гъащIэмрэ цIыхугумрэ шабзэшэу кIуэцIрыкI упщIэ жэуапыншэ куэд къерокIуэ мыпхуэдэ едзыгъуэ IущкIэ иухыж усэм: *«Фэ фщIэркъым лъагъуныгъэ насыпыншэ, – / Бзылъхугъэ зи гухэлъым епцIыжам / И закъуэ къыфщымыхъуу «щIым и бынжэ», / Фэ фхузэфIокIыр фигу ивгъэхужын...»*.

Бемырзэм и лъагъуныгъэ лирикэм IэкIуэлъакIуэу хэухуэнащ щIыуэпсым и образыр. «ИкIэрей сыхьэтыр хуабэм егъэщIэж» усэм гъэмахуэмрэ хуабэмрэ я кIэухымкIэ усакIуэм лъагъуныгъэ жэуапыншэм, гухэлъ нэщхъейм и сурэт щещI: *«ИкIэрей сыхьэтыр хуабэм егъэщIэж. / Арагъэнщ уи нитIри хамэ щIысхуэхъуар: / Дякум дэта щIалэм и цIэр пщыгъупщэж / ЩысфIэщIа тэлайм хъунт сэ сыщIэщхъуа»*. ЩIыуэпсым и образ телъыджэрэ фIылъагъуныгъэ къабзэрэ щызэщIэлъщ Мухьэдин и «Акроусэми»:

Дыщэм и нэз кIапэу щытми мы дунейр,
Уэ узимыIамэ, ар къум нэщI къудейт,
Нур зымыдзыж дыгъэу мыл хъурей тыкъырт,
Е екIуэлIапIэншэу данэ зэрылъ къырт.

Инжыджыпс ежэхыр зэрыхуейуэ нэпкъ,
Мы си гъащIэм сэри сыщыпхуейщ, си нэху!

**(«Акроусэ»)**

* * *

Бемырзэ Мухьэдин итхащ усэ, уэрэд, сонет Iэрамэ, поэмэ куэд, гъащIэми, хэкуми, лъэпкъми, анэми, бынми яхуиIэ лъагъуныгъэ мыухыр къыхэщу, ауэ зы усакIуи щыIэу къыщIэкIынкъым и гъащIэм кърибыдэу зыхуей псори, къанэ щымыIэу, итхыфауэ. ИкIи апхуэдэм деж нэхъыщхьэр уэ епшэжьа уэрэдыр псэкIэ къэзыпхъуатэу абы къыпызыщэн щIэблэ къыпщIэхъуэнырщ. Абы и лъэныкъуэкIэ Мухьэдин Тхьэр къыхуэупсауэ къэплъытэ хъунущ – зи гугъу тщIыр зи гупсысэкIэрэ зи хъэтIрэ зиIэжу адэм и Iуэху дахэм къыпызыщэ и къуэ Зурабщ. И адэми хуэдэу, абы и усыгъэми щытепщэр лъэпкъ гупсысэрщ, адыгэм и тхыдэ гуузырщ, гъащIэм и «дэкIыгъуэ» задэхэрщ, зэман зэIумыбзым кърит гухэщIырщ. Апхуэдэ зы къэхъугъэщ, дауи, адыгэм щIыжиIэгъар «ЛIэужьыр бжьиблкIэ мауэ». А гупсысэ дыдэрщ щIэлъыр езы Мухьэдин и IэдакъэщIэкI сатырхэми: *«Макъ зиIэм ещIыр джэрпэджэж, / Пкъы зиIэм едзыр ныбжь...»*.

Журналист Къардэн Аслъэн зэритхыжымкIэ, каминхэр зэрыт журнал гъэщIэрэщIам еплъа иужь, Мухьэдин и щхьэм мыгъуагъэ хуихьыжу жиIэгъат: «Дыпсэуакъым дэ. Зыми дрищIыскъым. Пщэдейм дыщыгугъыу гъащIэр тхьащ». И усэхэм языхэзми ар дыдэр щыжеIэр усакIуэм: 

Си гъащIэр сощIэр сэ зэрымыхъуар,
Скъуэмылъу зырикI, лIыку сызэрыхъуар,
Мурад нэхъыфIхэр зэрыхъуар псэкIуэд,
ЗэрызимыIэр цIыхум яIэ куэд.

**(«Си гъащIэр сощIэр сэ зэрымыхъуар...»)**

Къат щырыщу дэщIея унэхэри, мылъкури, щытхъури щай и уасэкъым, зэгуэр «зыми имыщIысу» зыкъэзылъытэжа усакIуэм и IэдакъэщIэкI купщIафIэхэм елъытауэ. Зэ къеджам игу ихужынкъым Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэдахэм я фэеплъу 1989 гъэм Али-Бэрдыкъуэ къуажэм и Iуащхьэм трагъэува сыным тет сатырхэр. Апхуэдэ фэеплъ гъэувыныр зи жэрдэмыр а къуажэм щыщ ухуакIуэ, къызыхэкIа лъэпкъым хуэпэж, гууз-лыуз хузиIэ Хутэ Михаилт. Къэрал къулыкъу езыхьэкIхэм а Iуэхугъуэр яфIэмыкъабылами, хьэлэбэлыкъ гуэрхэр къыхэкIами, Хутэ Михаил Бемырзэм и псалъэхэр къызыхиIущIыкIа мывэ сыныр ягъэуващ. Апхуэдэ щIыкIэкIэ, а Iуэху щхьэпэр зи жэрдэмхэми, псом хуэмыдэжу, Бемырзэ Мухьэдини я цIэр тхыдэм къыхэнащ, урыс усакIуэшхуэ А. Пушкиным зэрыжиIауи («Я памятник себе воздвиг нерукотворный»), фэеплъ мыкIуэдыжын зыхуагъэувыжащ. Жьыбгъэми хуэмыпхъэхыжын, уэшх-уэсми яхуэмылъэсыжын, дыгъэ жьэражьэми фае хуэмыщIыжын псалъэхэщ зи гугъу тщIы сыным тетыр:

Лъэпкъ щIыхьым зи псэр шэпэIудз хуэзыщIу,
ЯукIыхункIэ бийм хуимыкIуэтахэм,
Хьэжрэту мыжурэпэм ирихужьэу,
ИстамбылакIуэ гъуэгум текIуэдахэм
Щана псэ нэхухэм я фэеплъщ мы сынри,
Адыгэ, зэтеувыIи, хуэгумэщI...

**(«Урыс-Кавказ зауэм хэкIуэда адыгэхэм»)**

«ЩIым лIаи псэуи щIэлъщ», – жиIэгъащ Къэзанокъуэ Жэбагъы. Бемырзэ Мухьэдин и цIэр нобэ адыгэу дунейм тетым яIурылъщ. Шэч хэлъкъым абы и Iэужь дахэр игъащIэкIи лъэпкъым къызэрыдэгъуэгурыкIуэнум.

**ХЬЭВЖОКЪУЭ Людмилэ,**
*филологие щIэныгъэхэм я кандидат*

# ЛIэщIыгъуэхэм я лъэужь



Адыгэ тхыдэм и къуэпсыр жыжьэ дыдэ къызэрыщежьэм щыхьэт тохъуэ нарт эпосми нэгъуэщI Iуэрыlуатэ лIэужьыгъуэхэми куэдрэ узыщрихьэлIэ «уащхъуэ» пса-лъэр. Тхьэ яIуэн (псалъэ быдэ ятын) хъумэ, адыгэхэм нобэр къыздэсым я псэлъафэщ ар – «Уащхъуэ мывващхъуэ кIанэ!» «Мыващхъуэ кIанэр» гурыIуэгъуэщ, хэт (сыт) хъуну «уащхъуэр», сыт абы и цIэкIэ тхьэ щIаIуэр – псалъэ быдэ щIатыр?

ЩIэныгъэм къызэрихутамкIэ, «уащхъуэ» псалъэм хьэткIэ зэджэ пасэрей лъэпкъыжьым и тхыдэм унешэс. Илъэс миниплI и пэкIэ къыщIедзэ хьэтхэм я тхыдэм – апхуэдиз я ныбжьщ Хьэт къэралыгъуэми хьэт культурэми. Куэд щIакъым хьэт тхыдэр джын зэрыщIадзэрэ – лIэщIыгъуэ ныкъуэм щIигъуакъым. Хьэт тхыдэр зыдж щIэныгъэлIхэм иджы шэч къытрахьэжыркъым хьэтхэмрэ адыгэхэмрэ я быдзышэ зэрызэIулъым. Тхыдэм къелакъым хьэтхэм я бзэмрэ я культурэмрэ я лъэужь куэд, къела мащIэр щыхьэт зэрытехъуэмкIэ, хьэтхэм я бзэмрэ адыгэбзэмрэ я лъапсэр зыщ: хьэтыбзэм къытепщIыкIыжащ адыгэбзэри, абхъазыбзэри, убыхыбзэри. ЩIэныгъэлIхэм къызэрахутамкIэ, абы и щыхьэтщ адыгэбзэм къыщызэтена «уащхъуэ» псалъэр: хьэтхэр УащхъуэкIэ еджэу щытащ уафэм и тхьэм – я тхьэшхуэм. 

Хьэтхэм я къэралыгъуэм и гъунапкъэм жыжьэ зиукъуэдияуэ щытащ – нобэрей Тыркум и къуэкIыпIэм къыщыщIэдзауэ ТэманыкIэ нэс хы Iуфэр къызэщIиубыдэу. Хьэт къэралыгъуэр лъэлъэжа нэужь, хы Iуфэм къыIунащ иужькIэ абхъаз, убых, адыгэ хъуа хьэт лъэпкъхэр. Хьэтхэм я къэралыгъуэм и лъэхъэнэм адыгэхэм зэрахьа лъэпкъыцIэм – кашкэм – и къуэпсыр къэсащ ди деж: гъунэгъу лъэпкъ зыбжанэр, псалъэм папщIэ, осетинхэмрэ сонэхэмрэ, адыгэхэм ноби къызэреджэр кашкэщ. «Кашкэм» къытекIыжащ курыт лIэщIыгъуэхэм адыгэхэм зэрахьа «касог» цIэри – а цIэр адыгэ лъэпкъхэм зэрахьащ «шэрджэс» псалъэр къэунэхуху; щIэныгъэлIхэм зэрыхуагъэфащэмкIэ, «Кавказ» псалъэми лъабжьэ хуэхъуар пасэрей адыгэхэм я лъэпкъыцIэрщ – «кашкэрщ».

* * *

Адыгэ пщIантIэхэм иджыри къэс ущрохьэлIэ къудамэ цIыкIу куэд зытет пхъэ джафэхэм. ПхъэлъантхъуэкIэ йоджэ абыхэм. Лы, унагъуэм къыщагъэсэбэп хьэпшып фIадзэу щытащ пхъэлъантхъуэм нэхъапэм. Нэхъ узэIэбэкIыжыIуэмэ, пхъэлъантхъуэм тхыдэ хьэлэмэт иIауэ къыщIокI…

Адыгэхэм иджыри къэс ягъэлъапIэ гъэрэ щIырэ щызэхэкI махуэр, ар илъэсыщхьэу ялъытэ.

# Тхыдэ

Хъан-Джэрий зэритхыжамкӀэ, унагъуэ къэс пхъэлъантхъуэ зырыз зэрахьэрт, Созрэщ и пхъэлъантхъуэкӀэ еджэу. Созрэщ и пхъэлъантхъуэр хьэмкӀутӀейм е кхъужьейм къыхащӀыкӀырт, илъэс хъурейм гуэным щахъумэрт, гъэрэ щӀырэ щызэхэкӀ махуэм и пщыхьэщхьэм ар гуэным кърахырт. Пхъэлъантхъуэр гуэным къыщрахкӀэ я пашэр нысащӀэт. Гуэныбжэм бгъэдыхьэрти, нысащӀэм жиӀэрт: «Созрэщ, бжэр Ӏухи, дынывщӀэгъэхьэ!» Бжэр «къызэӀукӀырти», нысащӀэм пхъэлъантхъуэр къиштэрт, пхъэлъантхъуэм и къудамиблым тегъэпщӀа шэху уэздыгъэхэр пагъанэрти, унэм щӀахьэрт, жыхафэгум трагъэувэрти, езыхэр къетӀысэкӀыжырт, пхъэлъантхъуэм зыхуагъазэурэ тхьэ елъэӀурт: «Я дэ ди тхьэу тхьэшхуэ, гъэфӀ къыдэт, ди гъавэр гъэбагъуэ, мафӀэм дыщыхъумэ…» А пщыхьэщхьэм Созрэщ къигъэзэжауэ ялъытэрт, илъэс хъурейм хы гущӀыӀум тетауэ; Созрэщ къыщигъэзэжа махуэм гъэрэ щӀырэ зэхэкӀауэ ялъытэрти, жылэм я гуфӀэгъуэт, джэгушхуэ, тхьэлъэӀу ящӀырт.

Созрэщ нэмыщӀ, пасэрей адыгэхэм тхьэуэ е тхьэпэлъытэу яӀащ Мэзытхьэ (мэз псэущхьэхэм я тхьэ), ЗекӀуэтхьэ (зекӀуэлӀхэм, гъуэгу тетхэм я тхьэ), Хыгуащэ (хым и тхьэ), Псыхъуэгуащэ (псым и тхьэ), нэгъуэщӀхэри. Уафэм, дунейм и къэхъукъащӀэхэм я тхьэр Уащхъуэт, уафэгъуагъуэм, уафэхъуэпскӀым я тхьэр Щыблэт, цӀыхум и гъащӀэр, и псэр зи ӀэмыщӀэ илъыр Псатхьэт. Мэкъумэш зыщӀэхэм тхьэуэ ялъытэр Тхьэгъэлэджт, Ӏэщ зыгъэхъухэм – Амыщ, гъукӀэхэм – Лъэпщ.



* * *

Пасэрей тхыдэми ӀуэрыӀуатэми щыгъунэжщ амазонкэкӀэ зэджэ цӀыхубз зауэшыхэм я хъыбар. Адыгэхэр абыхэм емыджкӀэ еджэу щытащ. Пасэрей тхакӀуэхэр щыхьэт зэрытехъуэмкӀэ, амазонкэхэр Тэн Ӏуфэ Ӏусащ, нэгъуэщӀу жыпӀэмэ, пасэрей адыгэ лъэпкъхэм, псалъэм папщӀэ, меотхэм, я лъахэм исащ. Тхыдэм ихъумащ ТыргъэтауэкӀэ зэджэ меот гуащэм и цӀи и хъыбари. Меот гуащэ Тыргъэтауэ синд пащтыхь Гекатей и щхьэгъусэт. Боспор пащтыхь Сатир Синд къэралыр зыӀэщӀилъхьэн мурад ищӀащ, абы и жыӀэм едаӀуэри синд пащтыхьым  – Гекатей – меотыпхъур иригъэкӀыжащ. Тыргъэтауэ меотхэм яхыхьэжри дзэ зэригъэпэщащ, боспор пащтыхьымрэ синд пащтыхьымрэ ятеуэри, тӀуми я дзэр зэхикъутащ. Сатир дунейм ехыжыху, Тыргъэтауэ зауэр игъэувыӀакъым, Сатир и ужькӀэ пащтыхь хъуа Горгипп екӀужри Ӏэщэр игъэтӀылъащ, къэралитӀми, Синдикэмрэ Боспорымрэ, я лъабжьэр тӀасхъэ ищӀауэ…

Аращ тхыдэр щыхьэт зытехъуэр. Нарт эпосми куэдрэ ущрохьэлӀэ цӀыхубз зауэшыхэм я хъыбар: зауэлӀ фащэкӀэ хуэпауэ, чынтыр зи ныкъуэкъуэгъу нартхэм ядозауэ ахэр, уеблэмэ шу пашэ хъуауэ долъагъу. Ар щыхьэт тохъуэ пасэрей тхакӀуэхэм зи гугъу ящӀ амазонкэхэм я хъыбархэр зэрымылъабжьэншэм: нарт эпосми нэгъуэщӀ пасэрей адыгэ ӀуэрыӀуатэхэми щыгъунэжщ цӀыхубз зауэшыхэм я хъыбар. Ар дэнэ къэна, илъэсищэм нэблагъэкӀэ екӀуэкӀа Кавказ зауэм и тхыдэми ихъумащ цӀыхухъу зауэлӀхэм ядэшэса, уеблэмэ шу пашэ хъуа цӀыхубз хахуэхэм я цӀэ.

# Тхыдэ

* * *

Чынтыр зи никъуэкъуэгъукIэ йоджэ нартхэр Бэдынокъуэ. Абы и закъуэкъым чынтыр зи никъуэкъуэгъур – нартхэм я бийщ, зэуакIуэбэнакIуэ къалъихьэ зэрыпхъуакIуэщ. Нарт эпосыр къэзыгъэщIа пасэрей адыгэхэм я нэгу щIэкIащ зэрыпхъуакIуэ куэдым кърахщIылIа лъыгъажэ зауэхэр. Пасэрей адыгэ тхыдэм щыбелджылыкъым «чынт» цIэр зытеIукIа лъэпкъыр – апхуэдэцIэ зезыхьа лъэпкъ ищIэркъым тхыдэм. Нартхэм я дежкIэ бий псори чынтщ, ар дэнэ лъэныкъуэкIэ къикIами. Эпосым къызэрыхэщымкIэ, чынтыр зэм хым къызэпрокI («псы ежэхым, уей дуней, сызэпрыплъмэ, кхъухь фIыцIэжьхэр, уей дуней, къызэпраху, кхъухь фIыцIэжьурэ, уей дуней, къызэпрахум, дзэ фIыцIэжьыр, уей дуней, къызэпраш»), зэм ищхъэрэкIэ къыдокIуейри е къуэкIыпIэмкIэ къокIри нарт лъахэм къоужьгъэ. Нарт лъахэм, нэгъуэщIу жыпIэмэ, пасэрей адыгэхэм – меотхэм, синдхэм, керкетхэм, зиххэм я хэкум мащIэрэ къиужьгъакъым хым къызэпрыкIа зэуакIуэхэри ищхъэрэкIэ къыдэкIуея (къуэкIыпIэмкIэ къикIа) зэрыпхъуакIуэхэри. Абыхэм я лъэужь нарт эпосым къыщызэтемынэнкIэ Iэмал иIакъым. Тхыдэр щыхьэт тохъуэ, псалъэм папщIэ, пасэрей адыгэ лъэпкъхэмрэ хы адрыщIым иса Боспор къэралымрэ куэдрэ зэрызэныкъуэкъуам: куэдрэ къеныкъуэкъуа нэужь, Боспорым зыIэщIилъхьэжауэ щытащ илъэс минитIрэ щихрэ и пэкIэ зи лъэр увауэ щыта Синд къэралыгъуэр. КъуэкIыпIэмкIэ къикIа зэрыпхъуакIуэхэм ящыщщ скифхэр, сэрматхэр. Абыхэм я ужькIэ адыгэхэм никъуэкъуэгъу къахуэхъугъащ гунхэр, ауархэр, хъэзархэр… Я лъапсэр гунхэм ираха нэужь, Нэгумэ Шорэ зэритхамкIэ, адыгэхэм щIэх зыкъаужьыжакъым. Гунхэм къакIэлъысащ нэгъуэщI хьэщхьэрыIуэдзэ Iэджи – абыхэм я цIэмрэ адыгэхэм лей къыкIэлъызэрахьамрэ я хъыбарымрэ ихъумащ адыгэ тхыдэм. Тхыдэм зи цIэ дыдэр ихъума зэрыпхъуакIуэхэр нарт эпосым къызэрыхэщыр чынтущ, аращ нарт лIыхъужьхэм, псом япэрауэ Бэдынокъуэ, я никъуэкъуэгъумрэ я биймрэ. 123

* * *

Адыгэ хабзэкIэ зэджэм ныбжьышхуэ зэриIэр нарт эпосым къыхощ, абы и пкъыгъуэ нэхъыщхьэхэр, нарт хъыбархэр щыхьэт зэрытехъуэщи, пасэ дыдэу къежьащ, пасэрей адыгэхэм – синдхэм, меотхэм, керкетхэм, зиххэм я деж щызэфIэувэри лIэщIыгъуэ кIыхь Iэджэм къыщхьэдэхащ, ефIакIуэу, заузэщIу, щIэблэхэм щапхъэрэ бзыпхъэрэ яхуэхъуу. Дэтхэнэ лъэпкъри ирогушхуэ и хабзэхэм, пщIэ лей хуещI, ирогъуазэ, иропсэу, щIэблэхэм къахузэренэкI, зрагъэузэщIынкIэ, яхъумэнкIэ, ягъэбэгъуэнкIэ гугъэу. Хабзэхэм я нэхъыбэм гъуэгуанэшхуэ къызэпачащ, щIэблэ Iэджэм я акъылым къилэжьащ ахэр, лIэщIыгъуэ кIыхьхэм япсыхьащ. Адыгэхэр «адыгэ хабзэкIэ» йоджэ абыхэм, ахэр щыцIэрыIуащ адыгэхэм я гъунэгъу лъэпкъхэм я дежи. ЦIыху гъэса ялъагъумэ, адыгэхэм я гъунэгъу лъэпкъхэм жаIэрт: «Адыгэ хуэдэщ». АркъудеймкIи гурыIуэгъуэщ адыгэм хабзэшхуэ зэрахэлъар, абы и фIыцIэ жыжьэ Iуауэ зэрыщытар. Адыгэ хабзэм хурагъэджэн щхьэкIэ, гъунэгъу лъэпкъхэм адыгэхэм я деж къан къашэрейуэ щытащ. Псоми ящIэрт адыгэ хабзэм цIыхур цIыхугъэм зэрыхуиущийр, лIыгъэм, пэжыгъэм зэрыхуигъасэр, цIыхум и пщIэмрэ и щIыхьымрэ

илъытэфу абы щӀэблэр къызэрыщӀэтаджэр. Унэм щисми, цӀыхум щахыхьэми, ӀэнатӀэ пэрыхьэми хабзэм ткӀийуэ тетын хуейуэ и къалэнщ адыгэм, и щхьэр хилъхьами, ебакъуэ хъунукъым абы.

Хабзэр къэзыгъэщӀыр зэманымрэ гъащӀэмрэщ, гъащӀэмрэ зэманымрэ захъуэжыху, хабзэхэми зэхъуэкӀыныгъэ ягъуэт, зым и къуэпсыр мэгъуж, зыр нэхъ Ӏэпэдэгъэлэл ящӀ, апхуэдэм и пӀэ къоувэ цӀыхум нэхъ яфӀэкъабыл нэгъуэщӀ хабзэ – аращ Къэзанокъуэ Жэбагъы «Къебгъэжьэр хабзэщ» щӀыжиӀар, итӀани лъэпкъ хабзэхэм я нэхъыбапӀэр къызэтонэ, уахътыншэ мэхъу. Уахътыншэ хъуауэ Ӏэджэ щӀауэ къогъуэгурыкӀуэ, псалъэм папщӀэ, адыгэхэм хьэщӀэм кӀэлъызэрахьэ хабзэхэр. Хабзэшхуэ кӀэлъызэрахьащ адыгэхэм нэхъыжьым – абы пщӀэ хуэзымыщӀыр цӀыхум хабжэртэкъым, гупми зыхагъэхьэжыртэкъым. Унагъуэми жылагъуэми пщӀэрэ нэмысрэ щиӀащ цӀыхубзми: лъыкӀэ зэбий хъуар абы и псалъэм фӀэлӀыкӀырти, зэкӀужырт; шур, гъуэгум цӀыхубз щрихьэлӀамэ, епсыхырт, абы и ужь иувэрти, и унэ нигъэсыжырт, цӀыхубзыр ихъумэну и къалэнти; цӀыхубз щытмэ, цӀыхухъум Ӏэщэ кърихыртэкъым, Ӏэщэ кърахауэ цӀыхубз кърихьэлӀамэ, Ӏэщэр ягъэтӀылъыжырт.

Дяпэ итахэр лъэпкъ хабзэхэм ткӀийуэ зэрытетар къаӀуэтэжащ абыхэм щыгъуазэ хъуауэ щыта куэдым. Адыгэ хэкум къихьэ дэтхэнэми телъыджэ щыхъурт, псалъэм папщӀэ, хьэщӀэм кӀэлъызэрахьэ хабзэр. «Дунейм теткъым абыхэм нэхърэ нэхъ хьэлэлрэ хьэщӀэкӀэ нэхъ гуапэрэ», – итхыгъащ Италием къикӀа гъуэгурыкӀуэ гуэрым адыгэхэм щхьэкӀэ. 1830 гъэм адыгэхэм къахыхьа урыс офицерым итхыжащ: «Адыгэ хэкум ихьэн мурад зиӀэр хэгъэрей гуэрым деж екӀуэлӀэн хуейщ япэщӀыкӀэ. Абы и унэм исыху, ар щӀэшынэн щыӀэкъым. Натхъуэджым деж щыхьэщӀа нэужь, Шапсыгъым кӀуэнумэ, бысымым хьэщӀэр абы ешэри и благъэ е и цӀыхугъэ гуэрым анэмэт хуещӀ, шапсыгъ бысымым ар, хуеймэ, Абэзэхэм иришэнущ, дэнэ къыщыхутэми, бысым иӀэмэ, и щхьэ щӀытешыныхьын щыӀэкъым, хэку псор апхуэдэххэурэ зэлъищӀысыфынущ…»

Хабзэр зыдэгъуэгурыкӀуэр къэзыгъэщӀ лъэпкъыращ, лъэпкъым къигъэщӀынукъым икӀи зэрихьэнукъым езым фӀэмыдахэ, фӀэмызахуэ хабзэ. Зы лъэпкъым фӀэзахуэр, фӀэдахэр адрей лъэпкъым егъэлеяуэ къыщыхъункӀэ, фӀэемыкӀункӀэ е къыгурымыӀуэнкӀэ мэхъу. НэгъуэщӀхэм къагурымыӀуэнкӀэ мэхъу, псалъэм папщӀэ, адыгэм нэхъыжьым и гъуэгур щӀызэпимыупщӀыр; щхьэгъусэм и цӀэкӀэ щӀемыджэр; цӀыхум и пащхьэ иувэу щӀыщымытхъур – и нэ щӀэпӀуу цӀыхум и щытхъуцӀэ жыпӀэнри и нэщӀыбагъкӀэ бубынри зэхуэдэ икӀагъэу щӀилъытэр; уахыхьамэ, гупыр щӀэтэджыр; нэхъыжьым упэпсэлъэжыныр (и псалъэ зэпыбудыныр) къызэрыримыгъэзэгъыр; нэхъыжь щыту нэхъыщӀэ щӀэмытӀысыр… ЦӀыхум и пщӀэр зыгъэлъагэ апхуэдэ хабзэ дахэ къэзыгъэщӀа лъэпкъым игурэ и щхьэрэ зэтелъу, иригушхуэу жиӀэу щытащ: «Сэ сыадыгэщ!»

**КЪЭРМОКЪУЭ Хьэмид**



# Сытхэр уи псэукIэ, адыгэ театр?

*АтIэ дауэ псэурэ нобэ ди театрыр? Гукъанэ и куэд, гухэхъуэ и мащIэ? Сыт къехъулIэрэ, сытхэр и мурад? И къэкIуэнур сыт хуэдэу къыщыхъурэ? БлэкIам щыхуехъуэпсэкIыжыр нэхъыбэ? Мы упщIэхэм я жэуап къэтлъыхъуэу, анэдэлъхубзэмрэ лъэпкъ культурэмрэ я «бъдапIэхэм» ящыщ зыуэ къэгъуэгурыкIуэ адыгэ театрым и лэжьакIуэ зыбжанэм — зэрыжаIэу, театрым «и гъурри и цIынэри» нэхъыфIу зыщIэхэм, ящIэм къыщымынэу Iуэхум хэлIыфIыхьыну Iэмал зиIэхэм — захуэдгъэзащ. Абыхэм я деж къыщыдублами, занщIэу къыхэгъэщыпхъэщ псалъэмакъым къыпытщэн мурад дызэриIэр. А псалъэмакъым къыпызыщэну дызыщыгугъхэм ди щIэджыкIакIуэхэри фащыщщ, сыту жыпIэмэ, адыгэ театрым и гурыгъузхэри и гурыфIыгъуэхэри псоми ди зэхуэдэ Iуэхущ.*



**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмтеатрым и художественнэ унафэщI, УФ-м, Абхъаз Республикэм гъуазджэмкIэ щIыхь зиIэ я лэжьакIуэ, КъБР-м щэнхабзэмкIэ и министр Фырэ Руслан:**



— Нобэ дызыхэпсэукI лъэхъэнэм гъащIэм декIу адыгэ драматургие диIэкъым, ди жагъуэ зэрыхъунщи. «Iуащхьэмахуэ» журналым илъэс куэдкIэ и редактор нэхъыщхьэу щыта IутIыж Борис лъэпкъ драматургием псэщIэ къыIуигъэкIат, лъагапIэщIэхэм дишат, жанр зэмылIэужьыгъуэхэм ит и пьесэ гъуэзэджэхэр адыгэ театрым и утыкум куэдрэ щагъэлъэгъуат. Абы и мызакъуэу, нэгъуэщI драматургхэми дадэлажьэрт. Апхуэдэт Акъсырэ За-

лымхъан, Къэрмокъуэ Мухьэмэд, Журт Биберд сымэ, нэгъуэщIхэри. Ауэ нобэ, бжыгъэкIи фIагъкIи къапщтэмэ, а зэманым щыIахэм жыжьэуи гъунэгъууи далъэщIыхьэркъым. Ар щыгъэтауэ, лъэпкъ драматургием и Iуэху нобэ зезыхуэн слъагъуркъым. ТхакIуэхэр ди мымащIэми, адыгэ драматургием хуэтхэ куэд абыхэм яхэткъым. Ауэ щыхъукIи, псоми фIыуэ къыдгуроIуэ лъэпкъ драматургие уимыIэмэ, лъэпкъ театри узэримыIэр. Классикэр сыт хуэдэу Iэзэу адыгэбзэм къыумыгъэтIасэми, абы фIэкIа умыгъэлъагъуэмэ, театр уиIэщ, ауэ ар лъэпкъ театру плъытэ хъунукъым. Мис абы хуабжьу дегъэпIейтей икIи Iуэхум фIы и лъэныкъуэкIэ зедгъэхъуэжын папщIэ, хэкIыпIэхэмрэ Iэмалхэмрэ къыдолъыхъуэ.

ЩIалэгъуалэр драматургием дедгъэхьэхын, пьесэ тхыным тедгъэгушхуэн мурадкIэ, Щэнхабзэмкlэ министерствэм и жэрдэмкIэ зэпеуэхэр идогъэкIуэкI. Абы щыщу театр гъуазджэм зегъэужьыным хуэунэтIауэ КъБР-м и Iэтащхьэм игъэува саугъэтыр къэхьынымкIэ зэпеуэри. НэгъуэщIу жыпIэмэ, драматургием зи зэфIэкI щеплъыжыну щIалэгъуалэм сыт и лъэныкъуэкIи защIэдгъэкъуэну дыхьэзырщ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, улахуитI къэпхьу къулыкъуитI зэдэпхь хъунукъым. Абы къыхэкIыуи сэ ди театрым щесхьэкI IэнатIэм папщIэ



улахуэ сиIэкъым. Адыгэ театрым и хуэIухуэщIэ псори зи пщэ дэлъыр абы и директор Пащты Иринэщ. Сэ художественнэ унафэщIу къэзгъэзэжын хуей щIэхъуар зыщ: драматургхэми хуэдэу, режиссёр IэщIагъэм хуеджахэри ди республикэм щымащIэщ. Режиссёрыращ нэхъыбэу художественнэ унафэщI IэнатIэм хэзагъэр. Абы пьесэр тэмэму къыхихын, труппэм и зэфIэкIыр къилъытэн, спектаклым щыджэгуну артистхэм я ролхэр зэрахуэфащэкIэ ятригуэшэн хуейщ. Ноби, пщэдеи, пщэдеймыщкIи театрым ищIэнумрэ игъэувынумрэ къыхихыу, абы къэрикIуэнухэри зэпилъытыфу щытыпхъэщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, ар пщэрылъ зыщыпщIын — икIи адыгэу икIи режиссёру — къэгъуэтыгъуафIэкъым. А псом къыхэкIкIэ сэ къэзгъэзэжын хуей хъуащ. Псалъэм къыдэкIуэу жыпIэмэ, сыт хуэдэ къулыкъу езмыхьэкIами, сэ адыгэ театрым зэи пэIэщIэу сыщытауэ схужыIэнукъым, сэ мыбы къыщыщIэздзащ, зэпымыууэ садэлэжьащ, иджыри сигу илъыр аращ.

Театрым и художественнэ унафэщIу къызэрызгъэзэж лъандэрэ илъэсым нызэрыхьэсауэ аращ. Iуэху ущыхуежьэкIэ, мурад гуэрхэр уиIэу убгъэдохьэ. «Уигу илъахэм щыщу сытхэр къохъулIа мы зэманым ирихьэлIэу?» — жыпIэмэ, куэд дыдэ мыхъуми, фIы илъэныкъуэкIэ

дызытепсэлъыхьын диIэщ. Фолъагъу театрым и теплъэм зэрызихъуэжыр, и кIуэцIкIи и щIыбкIи нэхъ дахэ, екIу зэрыхъур. Ремонтым пыщIа Iуэхухэр зэфIэкIмэ, театрым къыщагъэсэбэп техникэр, сценэр къэзыгъэнэху, макъамэ къэзыгъэIу Iэмэпсымэхэр зэтхъуэкIыну ди гугъэщ. ФIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт ди республикэм и Iэтащхьэ Къанокъуэ Арсен. Абы и уней мылъкум къыхэкIа ахъшэщ театрыр зыхуей хуэгъэзэным нэхъыбэу текIуадэр.

Мыгъэрей театр сезоныр зэрекIуэкIам и гугъу пщIымэ, «Орёл и орлица» спектаклыр щIэрыщIэу зэрыдгъэувыжар дызэрыгушхуэ ехъулIэныгъэхэм ящыщщ. ФащэкIэ, пащтыхь щыгъынкIэ екIуу зэгъэпэщауэ, Москва щыщ критикхэри къедгъэблэгъауэ (абыхэм ятхыжахэм фэри фыкъеджауэ къыщIэкIынщ), цIыхухэри уэру къекIуалIэу Iэтауэ екIуэкIащ премьерэр. А спектаклри зэрыдгъэувар КъБР-м и Iэтащхьэм и грантщ.

ФIы къытхудэкIуэнкIэ дызыщыгугъхэм ящыщщ мы гъэмахуэм къызэIутха «Театр шхапIэр». Ди цIыхухэр есакъым, ахъумэ, зи щхьэ пщIэ хуэзыщIыж театрхэм шхапIэ цIыкIу, буфет хуэдэхэр яIэщ, шей, кофе, IэфIыкIэ зэмылIэужьыгъуэхэр, нэгъуэщI шхынгъурхэр къыщыпхуащтэу. Псалъэм папщIэ, а шхапIэм къекIуалIэхэм ерыскъыхэкIхэр къыщыгъэлъэгъуа тхылъым (меню жыхуэтIэм) и гъусэу театрым и репертуарыр зэрыт тхылъымпIи ират. Iэнэзехьэм, ерыскъым и уасэр щызэIэпахкIэ, «ныщхьэбэ (е п.п. пщэдей пщыхьэщхьэ) мыпхуэдэ спектакль щыIэнущи, фыкъыдогъэблагъэ, фыхуеймэ, билет къыфхуэсхьынущ», — яжреIэ.

«Театрым щхьэ фыкъэмыкIуэрэ?» — жыпIэкIэ, цIыхухэр къыпхуешэлIэнукъым, абы и цIэр нэхъыбэрэ зэхахыу, зэIэпахыу щытын хуейщ. Псалъэм папщIэ, зэныбжьэгъухэр зэхуэзэнумэ, «Адыгэ театрым деж щыт шхапIэм дыщызэхуэвгъазэ!» жаIэу. «Адыгэ театрым деж» псалъэхэр нэхъыбэрэ жаIэху, театрым къыщIыхьэхэм я бжыгъэми, шэч хэмылъу, хэхъуэнущ. Театрым пэгъунэгъу къэхъухункIэ, зыгуэри ялъагъунщ, зыгуэри зэхахынщ, нобэ спектакль ямыгъэлъагъуэми, пщэдей зэрагъэлъэгъуэнур къащIэнщи зыкърагъэхьэлIэнщ.

Театрым и къэкIуэнур абы къыщIэувэ щIэблэм я Iэзагъым, я талантым елъытащ. Иджыпсту адыгэ театрым щылажьэ щIалэгъуалэм я гугъу пщIымэ, иужьрей илъэсипщIым къэтщтахэр ГъуазджэмкIэ институтыр къэзыухахэм ящыщщ. Ахэр я зэфIэкI елъытауэрэ, дегугъупэу къыхэтхащ. Ауэ сэ куэд щIауэ сыхуейт мыпхуэдэ Iуэху бгъэдыхьэкIэр зэтедублэжыну: япэхэми хуэдэу, щIалэгъуалэ гупхэр

Москва дгъакIуэурэ едгъэджэну икIи къыщаухкIэ, спектаклитI-щы, гъэлъэгъуэн фIэкIа хуэмейуэ, хьэзыру «къыздашэу» ди деж къагъэзэжыну. А хабзэфIыр къегъэжьэжыным япэ лъэбакъуэр хуэтчауэ жыпIэ хъунущ. Москва Щукиным и цIэр зезыхьэ театральнэ училищэм дгъэкIуауэ адыгэ гуп щоджэ. А еджапIэр сыт къыщIыхэфхар, жыпIэмэ, ар дыдэр къаухауэ ди театрым зэмыныбжьу гупитI щолажьэ, абыхэм зи щIалэгъуэ гупыщIэ къахэхъуэмэ, зы «кIыщым» къыщIэкIа труппэ зэпэщ диIэ хъунут. ИлъэситI дэкIмэ цIыху 13-м къагъэзэжынущи, ахэр щIалэгъуалэу иджыри илъэс зыбгъупщIкIэ театрым ирикъунущ. Гъуазджэмкlэ институтыр къэзыухауэ ди деж щыIэхэри Щукиным и цIэр зезыхьэ еджапIэм къыщIэкIахэм яхыдолъытэ, сыту жыпIэмэ, ахэр езыгъэджахэм къаухар а училищэ дыдэраци. Адыгэ театрым къэзыгъэзэжынухэм я мызакъуэу, Къэбэрдей-Балъкъэрым щыщ ныбжьыщIэхэр Санкт-Петербурги, Москваи щыдогъаджэ, Налшык МузыкэмкIэ театрым, филармонием, искусствэм пыщIа нэгъуэщI IэнатIэхэм щылэжьэн папщIэ. Абыхэм я гугъу щIэсщIыр, ахэри къэкIуэжу ди щэнхабзэм хэлъхьэныгъэфI хуащIыну дазэрыщыгугъыр къыхэзгъэщыну сыхуейщи аращ.

Иджыпсту нэхъыщхьэраци, еджакIуэ дгъэкIуа ныбжьыщIэхэм ди нэIэ ятетщ, дакIэлъоплъ, дащIоупщIэ, я экзаменхэм докIуэ, телефонкIэ зэпымыууэ дызэпыщIащ. Си щхьэкIэ а цIыкIухэм я экзаменхэм мызэмытIэу сыщIэсащ, хэт сыт хуэдэу еджэми, сыт хуэдэ зэфIэкI игъэлъагъуэми сощIэ. Чэнджэщ зэттыпхъэм идот, щытхъу зыхуэфащэм дыщотхъу.

Иджыри пасэщ абы утепсэлъыхьыну, ауэ ди мурадхэм теухуауэ псалъэ зыбжанэ жысIэну сфIэигъуэт. Ди тхакIуэхэм ящыщ гуэрым дыдолажьэ КъБР-м и цIыхубэ артисткэ Сибэч Быхуэ и гъащIэм, и творчествэм теухуауэ пьесэ итхынымкIэ. Быхуэ дэлэжьауэ, абы и дуней тетыкIамрэ ар театр утыкум зэритамрэ зыщIэжхэм къаIуэтэж хъыбархэр, гушыIэ дахэхэр, газетхэм къытехуа тхыгъэхэр — ахэращ пьесэм лъабжьэ хуэхъунур.

Анэдэлъхубзэ къызыщIэIукI театррэ абы утыку кърихьэн лъэпкъ драматургиерэ уимыIэмэ, зэлъэпкъэгъухэр дыщызэхуэзэкIэ ди бзэкIэ дызэмыпсалъэмэ, щымыIэнур театрым и закъуэкъым. Абы дынэсмэ, ди лъэпкъыр щымыIэжу къэлъытэ. Нобэ адыгэ театрри, адыгэ журналри, адыгэ газетри, адыгэ тхакIуэхэри, усакIуэхэри дызыхущIэкъур дуней псор зэщIэзыщта зэхуэгъэдэныгъэм (глобализацэм) имыпхъуатэу къытхуэна ди хытIыгу цIыкIур зэрытхъумэнырщ. Зи гугъу сщIы

лъэпкъ ӀуэхущӀапӀэхэм  я лъабжьэр нэхъ быдэху, ди бзэми и къарур кӀуэщӀынукъым. Лъэпкъ театрыр щыӀэнущ, ар зэрыпсалъэ бзэр къызыгурыӀуэ щыӀэху. Абы цӀыхур къэкӀуэнущ, адыгэбзэм и дахагъэмрэ и беягъэмрэ зыгъэлъагъуэ спектакль нэхъыбэ утыку къитхьэху. Дэ абы дыхуолажьэ, ди мурадхэр къызэрыдэхъулӀэнуми шэч къытетхьэркъым. Абы и щыхьэтщ театреплъхэм я бжыгъэр иужьрей илъэсхэм нэхъыбэ зэрыхъужар.

**Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щӀыхь зиӀэ я артист Шыбзыхъуэ Басир:**



— Къаныкъуэ Заринэрэ Думэн Мурадинрэ къищынэмыщӀа, адыгэбзэкӀэ пьесэ зытх, лъэпкъ драматургием хуэлажьэ иджырей ди тхакӀуэхэм яхэту сщӀэркъым. Мыбыхэм я Ӏэдакъэ къыщӀэкӀа пьесэхэр ди театрым щыдгъэуващ, цӀыхухэм ягу зэрырихьари белджылыщ. Къаныкъуэми Думэнми я ӀэдакъэщӀэкӀхэм хыболъагъуэ нобэрей гъащӀэм епха къэхъукъащӀэхэмрэ абыхэм хэкӀыпӀэ яхуэхъухэмрэ. Сыт Чеховым, Горькэм я пьесэхэр къызэрыунэхуу, театр утыку зэрагъуэту, цӀэрыӀуэ хъуауэ щӀыщытар? Ахэр я лъэхъэнэгъухэм ятетхыхьырт, езыхэр зыхэпсэукӀ жылагъуэм «къытрищӀа шыныджэр» къатӀэщӀырти аращ. Драматургием и щэху псоми ухэзэгъа нэужьи, пьесэр адыгэбзэкӀэ птхын е ятхар адыгэбзэм къибгъэтӀэсэфын хуейщ. А тӀур щызэгъусэм дежщ лъэпкъ драматургие ущиӀэр икӀи ахэр зэгъусэ зыщӀыфхэрщ гъуэтыгъуейр. Иджырей лъэпкъ драматургием и щапхъэу къысщохъу абхъаз тхакӀуэ цӀэрыӀуэ Искандер Фазиль и ӀэдакъэщӀэкӀхэр.

Театрым и проблемэ нэхъ иныр икӀи зэфӀэхыгъуейр актерым и улахуэр зэрымащӀэрщ. Дауэ щэнхабзэ лъагэм и гугъу зэрыпщӀынур, а щэнхабзэм кӀэкъинэ щӀыкӀэм тету фӀэкӀа мылъку къыщылъымыскӀэ? СигукӀи си псэкӀи сфӀэпсэкӀуэдщ мыбы лэжьакӀуэ къакӀуэ щӀалэгъуалэр. Театрыр фӀыуэ ялъэгъуауэ, я зэфӀэкӀ ягъэлъэгъуэну хуэпабгъэу, гукъыдэж къезытын хэхъуэ ямыӀэу. Иджыпсту театрым щыӀэ актер щӀалэхэм яхузэфӀэкӀынур зыхуэдэр сэ фӀыуэ сощӀэ, ахэр Гъуазджэм кӀэ институтым щыщӀэсам щыгъуэ езыгъэджахэм сахэтащи. Языныкъуэхэр къуажэхэм къикӀыурэ мэлажьэ, театр утыкур ямыбгынэн щхьэкӀэ. Ауэ къалэжьым и нэхъыбэр гъуэгупщӀэм ехьыж,



9 Заказ № 160

псэупIэ къащэхун дэнэ къэна, я быным трагъэкIуэдэн къахуэнэркъым. Театрым и художественнэ унафэщIу сыщыщытам, сэ сызытемыуIуа бжэ къэзгъэнакъым, арщхьэкIэ а Iуэхур и пIэм икIакъым.

**Урысей Федерацэмрэ Къэбэрдей-Балъкъэрымрэ щIыхь зиIэ я артисткэ, КъБР-м и Жылагъуэ палатэм хэт ЖьакIэмыхъу КIунэ:**



— Иджыпсту дэнэкIи щызэхыбох «Адыгэбзэр тфIокIуэд, тIэщIохуу, лъэпкъыр дыхокIуэдэж!» — жаIэу. Лъэпкъыбзэр хъумэным хуэлажьэ IуэхущIапIэхэм ящыщ зыщ театрыр. Сэ сызэреплъымкIэ, театрыр цIыху кIуапIэ, нэгузегъэужьыпIэ къудей мыхъуу, къакIуэхэм ягу щыпсэху, я псэр зыгъэкъабзэ, лъэпкъ псэкупсэмрэ гупсысэмрэ зезыгъэужь щIыпIэу щытыпхъэщ. Сэ сыхуейт щIэблэр гъэсэным, егъэджэным хуэлажьэ IуэхущIапIэхэм я унафэщIхэм, лэжьакIуэхэм зыкъытхуагъазэу: «НыбжьыщIэхэр зыщIэтпIыкIын пьесэхэр тхуэвгъэув, ди еджапIэхэм, гъэсапIэхэм фынытхуэкIуэ, ди сабийхэм фыкъедгъэцIыхунут, адыгэбзэр зэрыIур, зэрыдахэр, зэрыкъабзэр зэхедгъэхынут», — къыджаIэну. Дыкъалъыхъуэрэ, къытщIэупщIэрэ, ди творчествэр езым я фейдэ хэлъу къагъэсэбэпыну хуей? — Абы щыгъуэ дэри школым щаджыпхъэ пьесэхэмрэ таурыхъхэмкIэ спектаклхэр догъэув, утыку къыдохьэ. Апхуэдэу зэдэIэпыкъужын хуейщ еджапIэгъэсапIэхэмрэ театрымрэ. Сабий гъэсапIэхэм щегъэжьауэ ди хабзэр, ди культурэр яхэдмылъхьэмэ, иужькIэ кIасэIуэ хъунущ, театрым зыхуэщыIэн игъуэтыжынукъым.



Театрым къыпкърыкI псэкупсэ къарур зыхуэбгъэдэн къэгъуэтыгъуейщ. Ар къызыхэкIыр, сэ сызэреплъымкIэ, гъуазджэм и унэтIыныгъэ куэд абдеж зэрыщызэпыщIарщ. Литературэмрэ макъамэмрэ я хъугъуэфIыгъуэхэр утыку къыщрахьэкIэ, абы дэщIыгъуу сурэтхэр, декорациехэр, фащэхэр щагъэлъагъуэкIэ, блэкIами къэкIуэнуми ущыхагъэплъэфкIэ, а псоми артистымрэ режиссёрымрэ я Iэзагъэрэ я псэрэ щыхалъхьэкIэ — телъыджэ къагъэщIыф. А телъыджэм пэгъунэгъу хъуа цIыхум мыхъумыщIагъэ илэжьынукъым, сыт щыгъуи дахагъэм хуэпабгъэу щытынущ, фIы гуэр къызэригъэщIыным хущIэкъунущ.

ЦIыхухэр театрым дихьэхын щхьэкIэ иджы сыт щIэн хуейр жыпIэмэ, сценэ гъэпсыкIэмрэ художникхэм я лэжьыгъэмрэ куэд дыдэ елъытащ. Спектаклым еплъыну къэкIуам (ар сабийми балигъми) и псэр

зэуэ къэптхьэкъун щхьэкIэ, утыкур гъэщIэгъуэну гъэщIэрэщIауэ, къагъэлъэгъуэну Iуэхугъуэм и «хъыбар» къуигъащIэу щытын хуейщ. Пьесэ нэхъ къызэрыгуэкI дыдэри телъыджэ зыщI Iэмалхэм ящыщщ сценэм къыщагъэсэбэп нэхур. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, светотехникэ тэмэм театрым зэкIэ диIэкъым. ЖаIэ, артист нэсыр утыку нэщIым къихьэми, хурикъун талант иIэмэ, еплъхэр къыдихьэхыфыну. Пэжу къыщIэкIынщ, зэ хузэфIэкIынщ ар абы, ауэ етIуанэу еплъын цIыху къыхузэхуэшэсыжынкъым, нэгъуэщI Iэмалхэр къимыгъэсэбэпмэ.

ЗэрыгурыIуэгъуэщи, театрыр зытегъэпсыхьар драматургиерщ. Ди жагъуэ зэрыхъунщи, IутIыж Борис иужькIэ «драматургкIэ» узэджэн диIэкъым. Пьесэ зытххэр щыIэщ, хъарзынэу къызэхъулIи къахокI, ауэ драматург ухъун щхьэкIэ куэд дыдэ ухуейщ. Зы Iуэхугъуэм зэрипх цIыху зыщыплI зыгуэрхэр зэжраIэу щызэхэт тхыгъэракъым пьесэ хъужыр. Ар хьэлэмэт, цIыхухэр дэзыхьэх, зыгъасэ, зыгъэIущ хъун щхьэкIэ, хэт лIыхъужьхэм иджырей гъащIэм щекIуэкI Iуэхухэмрэ абы къыдэунэху лъэпощхьэпохэмрэ гузэвэгъуэхэмрэ я хэкIыпIэхэр къалъыхъуэу икIи къагъуэту щытын хуейщ. КъищынэмыщIауэ, персонажым иIэн хуейщ езым и псэлъэкIэ, и хьэл-щэн, ролыр щыбгъэзащIэкIэ къэбгъэлъэгъуэн хьэлэмэтагъ гуэри пкърылъын хуейщ. Мис апхуэдэ Iуэхугъуэхэр къагурымыIуащэу зы темэ гуэр къащтэ, абы псалъэ къызэрыгуэкIхэмкIэ топсэлъыхьри егъэлеяуэ зэшыгъуэ мэхъу. НобэкIэ пьесэу къытхуахьыр мащIэ дыдэщ, а тIэкIури дигу щримыхькIэ, я жагъуэ мэхъури нэгъуэщIи ятхыжыркъым, ятхари ирагъэфIэкIуэну хэтыжкъым.

Лъэпкъ драматургием зыщIимыужьым езы театрым и ягъэ хэлъынкIэ зэрыхъунур къэлъытапхъэщ. Сыту жыпIэмэ, драматургым дэлэжьэныр и пщэрылъу театрым зы IэнатIэ иIэщ «литературнэ IыхьэкIэ» еджэу, пьесэу театрым ягъэувари, ягъэувынури щызекIуэу. Театрым къахь пьесэщIэхэр здрахьэлIэн хуейр мис а литчасткIэ зэджэжырщ. Режиссёрыр щхьипщIкIэ артистым нэхърэ нэхъ лъагэу щытын хуейщ жыдоIэ: и щIэныгъэм и кууагъкIи, и дуней еплъыкIэкIи, и жыжьаплъагъкIи, игъэув пьесэм хилъагъуэмкIи, а хилъагъуэр къызэригъэлъагъуэмкIи, ар цIыхум я деж зэрынихьэсынумкIи. АтIэ мис а литчастым щылажьэр режиссёрым и щхьэжкIэ къыщытын хуейуэ къызолъытэ сэ. Театрым къищтэ хъунумрэ мыхъунумрэ а литчастым щызэхэгъэкIын хуейщ, артистхэмрэ режиссёрхэмрэ ди деж къэмысу. БгъэдыхьэкIэ пыухыкIа къахуигъуэту, щабэу, ящысхьу авторхэм епсэлъэн хуейщ литчастым и лэжьакIуэр, зы лъагъуэ-зы гъуэгу гуэр тришэрэ, тхакIуэм къиIуэтэну зыхуея гупсысэр «иузэщIыжауэ» къи-

хьыжын зэрыхуейр къыгуригъэIуэфу. Мис апхуэдэ лэжьыгъэ Iэмал имыIэу щекIуэкIын хуейщ театрым. ТхакIуэм, псом хуэмыдэу драматургием зезыпщытам, игу ибуд хъунукъым, Iуэхум тезыгъэгушхуэ, и лэжьыгъэр нэхъыфI зэрищIыным хуэзыгъэпс псалъэхэмкIэ ар къыдэпхьэхын, и пщIэнтIэпс къыхэкIам гугъуехьыпщIэ гуэри лъыбгъэсын хуейщ. Драматургием епха щIэныгъэ уи еджапIэхэм щыщумытыфкIэ е ар щызригъэгъуэтын щIыпIэ щумыгъэкIуэфкIэ, къытхуэнэжыр аращи, дэ езым дгъэсэжын хуейщ лъэпкъ театрым хуэтхэну драматургхэр. УрысыбзэкIэ пьесэ зытхаи зытхыни Урысейм щыбгъуэтынущ, ауэ уи лъэпкъ театрыр бгъэпсэунумэ, лъэпкъым и гъащIэм, и нобэрей псэукIэм, адыгэ цIыхум и гурыгъу-гурыщIэхэм теухуа пьесэхэр адыгэбзэкIэ тхауэ уиIэн хуейщ.

А лъэпкъ драматургиекIэ дызэджэжыр езыр щыIэнукъым, тхакIуэм и IэдакъэщIэкIыр театрым щагъэуву, щагъэлъагъуэу щымытмэ. Ар лъэныкъуитIкIэ зэпыщIа Iуэхугъуэ пэжщ. «Шекспир и пьесэхэри, Гольдони и пьесэхэри, нэгъуэщI классикхэм я IэдакъэщIэкIхэри гъэувын хуейщ!» — жызыIэхэм арэзы садохъу сэ — абыхэм ди артистхэр зэрыпэлъэщыр бгъэлъэгъуэн хуейщ Iэмал имыIэу, апхуэдэ щIыкIэкIи езы артистым и зэфIэкIыр зыхуэдэр егъэунэхуж. Ауэ театр сезоным къриубыдэу апхуэдэ зы спектаклыр ирикъунущ, адрейуэ ягъэлъэгъуэну псори лъэпкъым ейуэ, лъэпкъым къигъэщIауэ, абы и псэукIэр, и гупсысэкIэр, зыгъэгуфIэр, зыгъэнэщхъейр къиIуатэу щытын хуейщ. Сыт хуэдизу дыхуэмеями, мыадыгэ драматургхэм я IэдакъэщIэкIхэр ди театреплъхэм яфIэфIкъым, цIыху кърищалIэркъым. АтIэ театрым хуримыкъу мылъкури артистхэмрэ адрей лэжьакIуэ гупымрэ я къаруи тебгъэкIуадэу ди цIыхум яфIэмыгъэщIэгъуэн, дэзымыхьэх спектакль бгъэувын щIыхуейр сыт? Режиссёр лэжьыгъэм теухуауэ жыпIэмэ, и щIэныгъэкIи, и гупсысэкIэкIи зэтегъэпсыхьауэ, зыдэлажьэзыхуэлажьэ лъэпкъым и псэкупсэр зыхищIэу, театр утыкум къипхьэну екIумрэ емыкIумрэ къыгурыIуэу, цIыхум я гупсысэр зыхуишэнур ищIэу щытыпхъэщ а IэнатIэр зи пщэрылъыр. Иджыпсту адыгэ театрым режиссёр зыбжанэ диIэщ, я лэжьыгъэм хъарзынэу хэзагъэу.

УщымыгуфIыкIынкIэ Iэмал иIэкъым ди театрыр теплъэфIэ зэрыхъуам. Ауэ и щIыбыр дахэрэ и кIуэцIыр нэщIу къанэмэ, иращIэкIа лэжьыгъэхэм сыти и мыхьэнэ? ДызыхуэкIуэ гъэр Культурэм и илъэсу ягъэуващи, сыщогугъ абы зэхъуэкIыныгъэфIхэр къытхудэкIуэну.

Мыри жысIэурэ сыкъаужэгъуами, къыхэзмыгъэщын слъэкIынукъым. Зи гугъу сщIыр артистхэм я улахуэрщ. Ар апхуэдизкIэ цIыкIущи, уи щхьэ пщIэ хууигъэщIыжыркъым, нэгъуэщIым

къыпхуищӀын дэнэ къэна. Си щхьэ къызощтэри, щӀыхьыцӀэ тӀэкӀу сызэриӀэм къысхуихьри, артист пажэу ялъытэхэм сазэрыхэтри, илъэс бжыгъэу сызэрылэжьари, нэгъуэщӀ къинэмыщӀу си улахуэм сом къыщӀызыгъу Ӏуэхугъуэу щыӀэу хъуар зэхэплъхьэжа нэужьи сэ къысӀэрыхьэм жыжьэ унихьэсынукъым. Зи щӀалэгъуэу, зи псэугъуэу, бын япӀу, ирагъаджэу абы щылажьэ адрейхэр-щэ? Дауэ ахэр зэрыпсэунур? Абыхэми а зы гъащӀэрщ яӀэр, я лэжьэгъуэ махуэри кърахьэлӀэ, ауэ къахэхъуэр бжьиз хъуркъым. Ар щаримыкъукӀэ, нэгъуэщӀ лэжьыгъи къалъыхъуэн, ӀэнатӀэ зэхуэмыдэхэр ирахьэкӀын хуей мэхъу. Артист улахуэм узэримыгъэпсэуфыр цӀыхухэм ялъагъу, къагуроӀуэ, къащыгурыӀуэкӀэ, артистым къыхуащӀ пщӀэр йохуэх. Ар куэду икӀи кӀыхьу зэпыщӀащ.

Театрым щӀалэгъуалэ хъарзынэ щыӀэщ, зэчиифӀэхэри яхэтщ, гъэлажьэ къудей, мыщхьэхыу, емызэшу гугъу зрагъэхьынущ. Абыхэм ящыщу зы щӀалэ Нартан къикӀыурэ мэлажьэ, бынунагъуэ иӀэщ, нэгъуэщӀ зыи Лашынкъей къокӀ, ари бынунэщ. Быниц иӀэу, общежитым щӀэси яхэтщ, зы пэш фӀэкӀа къыщылъымысу. Ар дауэ хъун, апхуэдэу Ӏэмалыншэ-хэкӀыпӀэншэу цӀыхур бгъэлэжьэну?! КъызыгурымыӀуэм жиӀэнущ: «АтӀэ щхьэ щылажьэрэ апхуэдиз фӀэкӀа къыщыхэмыхъуэ театрым?» Абы и жэуапыр мыращ: «Лъэпкъ театрыр куэд щӀауэ лъэлъэжынти и сабэри жьым ихьыжынт, абы щылажьэхэр театрым езышалӀэр улахуэ къудейрауэ щытамэ». 133

Мы нобэ ди нэгу щӀэкӀ мыхъумыщӀагъэ къомыр къэхъунтэкъым, культурэм хуащӀ пщӀэр нэхъ лъагэу щытамэ. Я щхьэр здахьын ямыгъуэту лэжьапӀэншэу къыдэнахэр мис апхуэдэурэ тфӀокӀуэд, игъащӀэкӀэ зыхуэмей гъуэгум трашэ, мэунэхъу. Хэт ар зи ягъэр? Сэ си ягъэщ, уэ уи ягъэщ, зэрылъэпкъыу ди зэхуэдэ къуаншагъэщ. Хэт нэхъыбэу, хэти нэхъ мащӀэу, ауэ псори дыкъуаншэщ абыкӀэ. Мис абыхэм согупсыс, абыхэм сагъэгузавэ, сагъэпӀейтей. Сытемыпсэлъыхьуи схуэшэчыркъым, жытӀэми къикӀ зэрыщымыӀэри солъагъу.

Адыгэбзэр хъумэным ди лъэпкъ театрыр зэрыхуэлажьэм хуэдэу, лэжьэн, щыӀэн, псэун хуейуэ къызолъытэ «Ӏуащхьэмахуэ» журналымрэ «Адыгэ псалъэ» газетымрэ. А тӀур ди унэ къихьэу щыщымыта зэман щыӀауэ сщӀэжыркъым. ӀутӀыж Борис «Ӏуащхьэмахуэм» хуищӀам нэхърэ нэхъ мащӀэкӀэ сыщыгугъыркъым иджы а журналым и редактор нэхъыщхьэ хъуа Мыкъуэжь Анатолэ. «Адыгэ псалъэр»,«Ӏуащхьэмахуэр», «Нурыр» къыдэмыкӀмэ, цӀыхухэм къамыщэхумэ, емыджэмэ, адыгэ театрым дымыкӀуэмэ, ди телевиденэмрэ радиомрэ адыгэбзэкӀэ мыпсалъэмэ, ди щӀэблэм анэдэлъхубзэр едмыгъэджмэ, дауэ ди лъэпкъыр зэ-

рытхъумэнур?! Япэм школхэм драгъэблагъэу щытащ, дыздэкIуэхэми яфIэфIу, дэри ди гуапэу. Мыхьэнэшхуэ иIэт апхуэдэ зэIущIэхэм. Сэ къызгуроIуэ: иджыпсту зэманыр гугъущ, цIыхум я щхьэр щIахьауэ я бын зэрапIынрэ зыхапIыкIынрэ къалэжь. Абы къыщыдэхуэ зэзэмызэм комедие купщIэншэ цIыкIухэм йоплъ, мэдыхьэшхри зэбгрокIыж. Сагъыз IэфIыншэм ещхьу, апхуэдэ теплъэгъуэ зэштегъэухэмкIэ ди театреплъхэм я гупсысэкIэри, я дуней еплъыкIэри яуфIейри, Iуэху еплъыкIэ хэIэтыкIа къэзыIуатэ спектаклхэми яхуэгъэкъэбзэжыркъым. Аращи, дызытес къудамэр пыдупщIыжми ярейщ.

Сэ куэд щIауэ сыхуейт актерхэм папщIэ зыгъэпсэхупIэ пэш театрым къыщызэрагъэпэщыну, репетицэм е спектаклым асыхьэтым хэмыт актерхэм зыщагъэпсэхуу, щызэпсалъэу, шей шынакъ щрафу, газет, журнал тIэкIу къыщеджэ хъууэ, шэнт щабэ зытIущрэ зы Iэнэ цIыкIурэ щIэту. Театрым сызэрыщылажьэрэ илъэс щэ никъуэм нэблэгъащи, иджы ерагъпсэрагъкIэ «къыдэтхыфауэ» аращ апхуэдэ пэш.

Театрым и лэжьыгъэр тэмэму екIуэкIынымкIэ мыхьэнэшхуэ зиIэхэм ящыщщ администратор IэнатIэр. Псалъэм папщIэ, урысей артист цIэрыIуэхэр, абыхэм я дежи унэмысу арыххэу цирк Налшык къыщыкIуэкIэ, телевизорми, уэрамым къыщыфIадзэ «ныпхэми», макъкIэ ягъэIуу къалэм дэт машинэхэми — псоми зыжьэу хъыбар къыдагъэщIэ икIи дыкъыхураджэ дыкIуэу а концертым е циркым деплъыну. Рекламэм и къэгъэсэбэпыкIэр ищIэн хуейщ адыгэ театрым и администраторми. Ауэ абыхэм къащохъу театр щIыхьэпIэмрэ цIыху зэхуэсыпIэ зыбжанэмрэ афишэ зыщыплI къыщыфIадзэмэ, абыкIэ Iуэхур зэфIэкIыу. ТелевизорымкIэ къагъэлъэгъуэным ахъшэ тIэкIу иратын хуейщи, ари, къазэремэщIэкIым къыхэкIыу, якъузын хуей мэхъу. Мы Iуэхум фIыкIэ зихъуэжу хуежьащ Пащты Иринэ театрым и унафэщIу къызэрагъакIуэрэ. Псалъэм папщIэ, «Орёл и орлица» спектаклым аншлаг иIэу дыджэгуащ, абы хуэфэщэн рекламэ хуащIати.

«Тыргъэтауэ», «Къанщобийрэ Гуащэгъагърэ», «Уафэгъуагъуэ макъ», «Кхъужьеибэ» спектаклхэр, Шортэным, Акъсырэм, IутIыжым я пьесэхэр театр утыкум имыкIыу итын хуейт, жьы хъуа артистхэр къыдэкIуэтейхэмкIэ зэрахъуэкIыу. Апхуэдэ хабзэ шэщIа уимыIэу, хэпхъуэ-хэлъадэу, нобэ зы пьесэ къапщтэрэ, зэ-тIэу фIэкIа умыгъэлъагъуэу къуэплъхьэжу, аргуэру нэгъуэщIым зупщытрэ ари бгъэтIылъыжу хъунукъым. Зыбжанэрэ фIэкIа умыгъэлъэгъуэнумэ, сыт абы мылъкуи, узыншагъи, къаруи, зэфIэкIи щIытебгъэкIуэдэнур?

Мыри щIызгъужынут. Спектаклыр щыбгъэувкIэ, абы щыджэгу артистми и лэжьыгъэмкIэ гупсэхугъуэ игъуэту, зи пащхьэ къихьэ теа-

треплъми и гумрэ и псэмрэ ар лъэIэсу щытын хуейщ. Театреплъыр къызэрыпхущытыр, нобэ ебгъэлъэгъуар къызэрыщыхъуар къызэрыпщIэну IэмалыфIхэм ящыщу сэ къызолъытэ «чэнджэщ тхылъкIэ» еджэу япэм къэдгъэсэбэпу щытар. Абы иратхэ хъунущ ягу ирихьари, егъэфIэкIуэн хуейуэ къащыхъухэри, нэгъуэщI я гупсысэхэри. Дэ абы ди жагъуэ хъун зыри хэлъынукъым, дыщыгуфIыкIын мыхъумэ. Си гугъэмкIэ, мы сезоныщIэм ирихьэлIэу ари къытхузэгъэпэщыжынущ.

Дэтхэнэ лъэпкъми и зыужьыныгъэр псом япэу къызэралъытэр абы и культурэр зыхуэдэрщ. Театрыр культурэм и гъуджэщ. Ауэ щыхъукIэ, абы гулъытэ хэха хуэщIын зэрыхуейр шэч зыхэмылъыжщ.

**ЩоджэнцIыкIу Алий и цIэр зезыхьэ Адыгэ драмтеатрым и режиссёр Теувэжыкъуэ Владимир:**



— Драматургиер куэду икIи гугъуу зэхэлъщ. Ар литературэ институтхэм щадж щIэныгъэщ, абы ухуеджэн, зыхуебгъэсэн хуейщ. ТхакIуэ IэщIагъэм и унэтIыныгъэхэм ящыщ зыуэ щытми, тхэным хуэIэкIуэлъакIуэ дэтхэнэ зыми къыдэхъуркъым ар. ЗэрыгурыIуэгъуэщи, талантым зегъэужьын, зэчий зиIэ цIыхум дэIэпыкъун, гъуэгу егъэлъагъун хуейщ. Нобэ дэ ди мащIэщ а щIэныгъэр зыбгъэдэлъхэр, нэхъыбэм я гугъэщ пьесэр утIысу птхын фIэкIа хуэмейуэ. Сэ драматургием сызэрыбгъэдыхьэр режиссёр еплъыкIэщи, и щхьэр течауэ жысIэфынущ драматургическэ щIэныгъэншагъэм нэхъыбэрэ сызэрыIууэр. Къытхуэнэжыращи, иримыкъур ирыдогъэкъуж, хэмылъа гупсысэр хыдолъхьэж, имыIа къарур идот, зэрыхъукIэ догъэтэрэфарэри, утыку къыдохьэ. Дэ иджырей дунейм апхуэдизкIэ дыхэшыпсыхьащи, адыгэ хьэлрэ гупсысэкIэрэ диIэжкъым, къытхуахь пьесэхэм купщIэ щIыхэмылъыжри аращ. Уеплъмэ, адыгэбзэкIэ тха хуэдэщ, зи гугъу ящIхэри адыгэ цIыхущ, ди лъэхъэнэгъухэм я гъащIэм теухуащ, ауэ кунэфщ. Нэхъыбэрэ дызрихьэлIэр аращи, пасэрей адыгэ хъыбарыжьхэмрэ таурыхъхэмрэ къытращIыкIыжа е ауан-гушыIэ мышыу зи лъабжьэ пьесэхэр къытхуахь. Лъэпкъ драматургием къару къезытынур адыгэ цIыхум, лъэпкъым я псэкупсэрщ, ар зыхэзыщIэ икIи къэзыIуэтэф тхакIуэхэрщ. КъищынэмыщIауэ, драматургием и къалэмыр зыIэщIэлъхэр Iуэхум ахъшэкIэ тегъэгушхуэн хуейщ. Зэпеуэхэр, грантхэр хъарзынэщ, ахэри хуабжьу щхьэ-

135

пэщ, ауэ, сэ сызэреплъымкIэ, пьесэ зытхыфынухэм а ятхар утыку къызэрырахьэфынумкIэ фIэщхъуныгъэ яIэн хуейщ. Абы къыдэкIуэу къыхэзгъэщыну сыхуейщ театрым пьесэхэр къызэримыщэхуфыр, драматургым и лэжьыгъэм пэкIуэ ахъшэр зэрыримытыфыр. Сом мин 60-м спектаклищ «къыщIэбгъэкIыну» къыщыппэщылъым деж-щэ? ХэкIыпIэр зыщI: театрым пьесэр къищтамэ, ЩэнхабзэмкIэ министерствэм е мылъку зыбгъэдэлъ нэгъуэщI IуэхущIапIэ гуэрым ар къищэхун хуейщ.

Актерым и дежкIэ сыт нэхъапэр — абы и талантыр цIыхубэм зэхащIыкIынырщ! Аращ ар зыгъэгушхуэр, дамэ къытезыгъакIэр, «иджыри зыгуэр сщIащэрэт» жиIэу зыгъэпсэур. Театреплъым игу узэрырихьар къызэрыуигъащIэр Iэгуауэщ, удз гъэгъащ. Къэралым гулъытэ нэс къыпхуищIыр пэжмэ, щIыхьыцIэ лъапIэхэр къызэрыпфIищым, дамыгъэ лъапIэхэр къызэрыпхуигъэфащэм нэмыщI, узытемыукIытыхьын улахуи къуитын хуейщ.

Сыт къэхъунур ди къалэм, республикэм и гъащIэм «театр» псалъэмрэ абы пыщIауэ щыIэхэмрэ хэбгъэкIмэ? Театрхэр, школхэр, музейхэр, библиотекэхэр, щэнхабзэмкIэ унэхэр къэрал IуэхущIапIэхэм хэмытмэ, лъэхъуэщхэр, къэхьпэщхэр, сабий зеиншэхэмрэ жьы хъуахэмрэ щапIыж унэхэр нэхъыбэ хъунущ, щIэпхъаджагъэ зылэжьхэм къахэхъуэнущ. Ар мащIэкъым, театрым и мыхьэнэр къыбгурыIуэнумэ.

Сэ хьэкъыу си фIэщ мэхъу: театрыр щыIэнущ, дыкъэзыухъуреихь дунейм сыт хуэдизу зимыхъуэжами. Телефоныр къыщагупсысам, «театрыр кIуэдыжынущ» жаIащ, киномрэ телевиденэмрэ къэунэхури, «театрыр кIуэдыжынущ» жаIащ, интернетым дунейр зэщIищтащи, «театрыр кIуэдыжынущ» жаIэ. Ауэ театрыр зэпымыууэ къэщIэрэщIэж, гум нэс, псэр къэзыгъэукъубей, уи къэухым зезыгъэужь, уи гупсысэм зезыгъэIэт, нэщыпхъуэ хьэл зиIэ къэхъукъащIэ телъыджэщ. Театрым, музейм, библиотекэм щыбгъэкIуа зэманыр зэи пщIэншэу кIуэдыркъым, абыхэм нэхъ Iущ, нэхъ жыжьаплъэ уащI, узылъыхъуэм и жэуап Iэмал имыIэу къыщыбогъуэт. ЦIыхур зэпымыууэ хуопабгъэ дахагъэм, абы къыхэкIыу театрым, тхылъыфIым, макъамэм, сурэтыщI гъуазджэм сыт щыгъуи щIэупщIэ иIэнущ. Сэри си гугъэр хэсхыжыркъым ди театрми зэгуэр зыкъызэриужьыжынум, лъэ быдэкIэ ар ди гъащIэм къызэрыхэувэжынум.

**НЫБЭЖЬ Таисэ**

# Уэрэдгъуо



Уэрэдыр гуакIуэт уедэIуэнкIэ, гумрэ псэмрэ дыхьэрт. Ар жызыIэм и макъыр щабэт, зэрыубыдат. Абы адыгэ уэрэдыжь игъэзащIэми, нобэрей уэрэд къыхидзэми, дахащэу ешэщI, гум къызэрыбгъэдэкIым и щыхьэтуи, къедаIуэхэр къехьэху, къызэщIеIэтэ. Апхуэдэщ абы романсхэр, ариехэр щигъэзащIэкIи. Артистышхуэхэм я макъ гъэIукIэр уигу къэзыгъэкI нотэ лъагэхэр, и макъыр къуза-къузауэ щымыту, атIэ хуиту, гугъу демыхьыщэу, къещтэф.

Къэрэшей-Шэрджэсым щIыхь зиIэ и артист Шумахуэ ХьэзрэIил уэрэд жиIэу дапщэрэ семыдэIуами, апхуэдэущ сэ къызэрысщыхъур. Абы и искусствэм фIымрэ дахэмрэ щIэхъуэпс гупсысэм сыхешэ. Шумахуэр и теплъэкIэ сэ куэд щIауэ езгъэщхьырт зи макъ дахэр щIы хъурейм яфIэтелъыджэ цIыхушхуэ гуэрми, нотэ лъагэхэр абы тыншу къызэрищтэр къыхыхьэжщ, сыгуфIащэри, си лъэпкъым сыхуэхъуапсэу, жысIат: «Я теплъэ къудейм имызакъуэу, я макъ гъэIукIэ телъыджэхэмкIи мыпхуэдэ талант куэд адыгэхэми Тхьэм къытхигъэкI!» Бетэмал! КъытхэкIынутэкъэ дэри а си хъуэпсапIэм хуэдэхэр, си лъэпкъ дахэм и бын мелуанхэр бий ерухэм зэтрамыукIатэмэ, искусствэм и щыгу лъагэм хуэкIуэ гъуэгур хузэхуамыщIатэмэ? ИтIани, я псэр щIатурэ, адыгэхэм яхъумэжакъэ я хэкур? Ижь-ижьыж лъандэрэ ди лъэпкъыр къулейкъэ зэфIэкI лъагэрэ зэчиишхуэрэ зыбгъэдэлъ уэрэдгъуо* телъыджэхэмкIэ, джэгуакIуэ-IуэрыIуэдз IущхэмкIэ, къэфэныр, музыкэр зи щIасэ цIыху щыпкъэхэмкIэ?

Мис апхуэдэ уэрэдгъуо пажэхэм, ди нобэрей гъащIэр зыгъэбжьыфIэу дэрэжэгъуэ къыдэзытхэм ящыщщ Шумахуэ ХьэзрэIил Сэлмэн и къуэр. Сыт и «къэунэхукIэ-тIэ» ХьэзрэIил? Дауэрэ техьа хъуа ар искусствэм и гъуэгу гугъум? Сыт хуэдэ унагъуэ ар къызыхэкIар?

— Пшынауэ цIэрыIуэу щытащ си анэ Санят мыгъуэр. Си адэ Сэлмэни музыкэр фIэфIу, адыгэ уэрэдыжьхэм пищI щымыIэу тетащ дунейм, — жеIэ ШумахуэХьэзрэIил. — Ди адэр щIэх-щIэхыурэ

* Уэрэдгъуо — апхуэдэут Iэзэу уэрэд зыгъэзащIэхэм адыгэр зэреджэр.

Москва щекIуэкI сессиехэм, совещанэхэм кIуэрт, и къулыкъукIэ апхуэдэ зэIущIэшхуэхэм хэтын хуейти. Ар Къэрэшей-Шэрджэс облисполкомым и председателу лэжьащ илъэс зыбжанэкIэ, СССР-м и Совет Нэхъыщхьэм и депутатт. КъэкIуэжыхукIэ, ди анэ мыгъуэм зэрыжиIэжымкIэ, пластинкэ гуэрхэр къыздихьт, щизакъуэхэм деж а пластинкэхэми, мыдрей адыгэ уэрэдыжьхэми едаIуэу щыст.

Зауэ мыгъуэжьыр къэхъейри, партизан отрядым и унафэщI ди адэр, зэкъуэхуауэ нэмыцэхэм яIэрыхьэри, гестапом куэдрэ удын хьэлъэ къыщытрадзащ. Бийр зыхуейуэ зы псалъи щахужимыIэм, яукIынухэм яхэту Черкесск къалэбгъум, щIымахуэ уаеу, яхури мащэр езым и IэкIэ кърагъэтIыжащ. Мащэр къэтIын иуха нэужь, къыщхьэщыт фашистым и бэлэрыгъыгъуэ-теплъэкъукIыгъуэр къигъэсэбэпщ, и автоматыр къыIэщIипхъуэтри, пщыкIутI хьэдэу игъэгъуэлъащ: «Фэ фыхьэкIэкхъуэкIэщ! Ажалыр фыгъуэт!» — жиIэурэ. Ар ятхыжауэ тхылъхэм ярытщ. Ди адэ мыгъуэм шэр къытрагъэлъалъэри, укIуриящ. УкIурийри — мащэр хьэзырыххэтэкъэ? Абы щыгъуэ ар илъэс 37-нэм иту арат. Сэ ныбэ силът, сыкъалъхуным мазищ иIэжу. Сэ срогушхуэ си адэм и лIыгъэм.



Зэкъуэшищрэ зэшыпхъуитIрэ дызэщIипIащ ди анэм фызабэу. А гуIэгъуэм иужькIэ абы пшынэр зэикI къищтэжакъым. — Абдежым ХьэзрэIил къызэфIозэрыхь, тIэкIу докI, зызэтреубыдэжри, хуэм дыдэу къыпещэ: — Си къуэш нэхъыжьитIми сэри музыкэм пасэу гу хуэтщIащ. СызэригугъэмкIэ, ар ди адэ-анэм я деж къыщожьэ. Нэхъыжьыр, Заур, консерваторием щеджащ. И макъ дахэр тIысри, нэгъуэщI IэщIагъэ зримыгъэгъуэту хъуакъым. Курытым, Владимир, Островскэм и цIэр зэрихьэу Ленинград КинематографиемкIэ дэт институтыр къиухащ. МузыкэмкIэ театрым и унафэщIым и къуэдзэу, иужькIэ адыгэ драмтеатрым и тхьэмадэу лэжьащ. Мы зэманым гуащэ театрым (Кукольный театр) и унафэщIщ.

Тхьэр жумарту макъ телъыджэкIэ зыхуэупса Шумахуэ ХьэзрэIил и творческэ гъуэгуанэр тыншу щытакъым. Абы и талантыр цIыхум къабыл ящIын ипэкIэ лъэпощхьэпо куэд, гъэунэхупIэ-зэхэгъэкIыпIэ нэхъыбэж къызэринэкIын хуей хъуащ. Апхуэдэщ сыт щыгъуи: гугъу и гугъужщ Дахагъэмрэ Къэбзагъэмрэ егъэлеяуэ зи псэм и щIасэ дэтхэнэ артистми и гъащIэр.

* * *

Шумахуэ ХьэзрэӀил къыщалъхуар Шэрджэс лъахэрщ, Адыгэхьэблэ куейм хиубыдэ Эрсакон къуажэ цӀыкӀурщ.

— Ебгъуанэ классым сыщӀэсу Ростов къалэм Союзпсо еплъыныгъэшхуэ щекӀуэкӀырти, школакӀуэхэр дашащ, — игу къегъэкӀыж ХьэзрэӀил. — Уэрэд жысӀэри сценэм сыкъикӀыжа къудейуэ, лӀышхуэ гуэр, Ӏэгу еуэурэ, къызбгъэдыхьэри: — «Сынохъуэхъу, уэ цӀыкӀур лауреат ухъуащ!» жери си Ӏэр къикъузащ. Ар жюрим хэс композитор цӀэрыӀуэ Долуханян Александрт. Иужьым, псалъэ дахэ къызжиӀэурэ езыр зыщӀэс хьэщӀэщым сригъэблагъэри, шей сригъэфат, чэнджэщ щхьэпэ куэди къызитат. «Уи ныбжь зэблэкӀыгъуэщ, — жиӀэрт абы, — хъумэн хуейщ уи макъыр. Уэ Ӏэмал имыӀэу консерваторием ущӀэтӀысхьэн хуейщ». Хуабжьу сигъэгушхуауэ щытащ а цӀыху лъапӀэм. Уэ пщӀэркъэ, уи адэ укъэзылъхуар умылъэгъуауэ, абы и напэлъагъум ущӀэбгъыу укъэтэджамэ, лыкӀэ къыбгуэмыхьэми, псалъэ дахэ зыгуэрым къызэрыбжиӀэу уи гур къызэфӀонэ. Сэри си нэпсым къызэпижыхьат…

ХьэзрэӀил зыхалъхуа унагъуэр хуэщӀа дыдэу пхужыӀэнутэкъым. Адэр къащхьэщымытыжмэ, анэрщи, мыузыншэ-къаруушэмэ, быным я нэхъыжь ФатӀимэ щхьэгъусэ игъуэтарэ щхьэхуэмэ, мыдрейуэ абы къыкӀэлъыкӀуэ зэкъуэшитӀыр къалэ жыжьэхэм щеджэ студент щӀэгъэкъуэнышэмэ, дэнэ къикӀынт ехьэжьа псэукӀэ? «Унагъуэр зыхуей хуэзэнщ, сом къэзлэжьмэ», — жери ХьэзрэӀил пхъащӀэ, шофер ӀэщӀагъэхэр зригъэгъуэтри, лэжьыгъэ ӀэнатӀэ гуэрхэр ирихьэкӀыурэ, ахъшэ-бохъшэкӀэ и анэми, и шыпхъу цӀыкӀу ныкъуэдыкъуэми защӀигъэкъуащ. Ауэрэ, Заури Владимири лъапсэм къетӀысылӀэжри, я шхын-щатӀэгъэнкӀэ нэхъ тэрэз хъужащ я Ӏуэху…

Куэд дэмыкӀыу Шумахуэхэ, зэрыунагъуэу, Налшык къоӀэпхъуэ, къоӀэпхъуэри ХьэзрэӀил абы школыр къыщеух. Нэхъапэхэм хуэмыдэжу уэрэд жыӀэным щӀэхъуэпс, зигури зи псэри абы ета Шумахуэр тогушхуэри махуэ гуэрым щӀохьэ музыкальнэ училищэм. Ар япэ зыхуэзэр хэт жыӀэт?.. Езы Хьэсанэ Мусэ дыдэм, а еджапӀэм и директор цӀыху щыпкъэм. Ар щӀалэщӀэм и уэрэд жыӀэкӀэм къодаӀуэ икӀи хэпщӀыкӀыу нэщхъыфӀэ къэхъуауэ, щӀоупщӀэ:

— Дэнэ ущыщ?

— Шэрджэсым. Налшык дыкъэIэпхъуауэ дыщопсэу.

— Школыр къэбуха?

— Къэзухащ.

— НтIэ унэм кIуэжи, Iэмал имыIэу уи аттестатыр къэхь. Нобэ щыщIэдзауэ мы училищэм ущеджэнущ.

Шумахуэ ХьэзрэIил апхуэдэ щIыкIэкIэ музыкальнэ училищэм и вокальнэ отделенэм щIэтIысхьауэ щытащ. Дуней гуфIэгъуэр иIэнтэкъэ абы?! Шумахуэр зыхэхуар зи IэщIагъэм кууэ хэзыщIыкI, Украинэм щIыхь зиIэ и артисткэ, Киев къалэм дэт консерваторием илъэс куэдкIэ щылэжьа Любовь Александровнэ Лисовскэм и классырт. Макъ дахэ зиIэ щIалэм ар къыхуэарэзыт, гуапэу къыхущытт. ЗэрыжаIэу, анэ пэлъытэм хуэдэт. Педагог цIэрыIуэр хуабжьу щыгуфIыкIырт ХьэзрэIил и макъ дахэм, абы и Iэзагъым ерыщу зэрыхигъахъуэм, зэрыучилищэуи ягъэщIагъуэрт «Хотят ли русские войны?», «Бухенвальдский набат» уэрэд цIэрыIуэхэр ХьэзрэIил екIуу, укъызэщIиIэтэу зэригъэзащIэр. Апхуэдэу илъэс нэблагъэ екIуэкIауэ Любовь Александровнэ училищэм и унафэщIми и лэжьэгъухэми яжреIэ Шумахуэр еджапIэ нэхъыщхьэ Iэмал имыIэу гъэкIуэн зэрыхуейр. Абы и чэнджэщ-гукъэкIыр псоми къыдаIыгъ, къыхуагъэдахэ. Уи насып къикIынумэ — куэдрэ? Абы хэту Москва къокIри Налшык къокIуэ Гнесинхэ я цIэр зезыхьэ музыкальнэ училищэм и егъэджакIуэ гуп. А зэманым ди республикэм и къалащхьэм Музыкальнэ театр щаухуэн хуейуэ Iуэхур абы нэсати, творческэ зэфIэкI зиIэ щIалэгъуалэ къыхахыну арат мохэр къызытекIухьар. Театрыр яухуэху абы щылэжьэну артистхэр гъэхьэзырын, егъэджэн хуейтэкъэ? Ар къэрал унафэт. Зи ахърэтыр нэху, дахэ хъун Мэлбахъуэ Тимборэ, адрей IуэхуфI куэд тхузэфIихахэми хуэдэу, ар щыпхигъэкIат къэралышхуэм и унафэщIхэм я деж.

Искусствэм цIэрэ щхьэрэ щызиIэ еджагъэшхуэхэр ХьэзрэIил къедэIуащ икIи конкурсым пхыкIащ. Адыгэ щIалэ макъыфIэр куэд щIауэ зыщIэхъуэпсам и Iэр техуащ. ИкъукIэ педагог Iэзэхэм ирагъэджащ Шумахуэр. Хуабжьу къелIэлIащ абы СССР-м и цIыхубэ артистхэу Ушанский Семён, Иванов Алексей сымэ. Абыхэм мурад дахэ ящIат Шумахуэр вокалистхэм я Дунейпсо конкурсым хагъэхьэну икIи еш ямыIэу къыдэлэжьат, хуагъэхьэзырат а зэпеуэшхуэм, ауэ ХьэзрэIил щхьэусыгъуэ гуэрхэмкIэ и Iуэхур зэблэури, еджэн къиуха нэужь, и Хэкум къимыгъэзэжу хъуакъым.

Шумахуэр ди Музыкальнэ театрыщIэм япэу щагъэува спектакль псоми хэтащ. Ахэр «Севастопольский вальс», «Черный дракон», «Травиата» жыхуиIэхэрщ; роль нэхъыщхьэхэр щигъэзэщIащ «Свадьба в Малиновке» (Назар Дума), «Холопка» (джыназ Никитэ) комедиехэм; Къардэн Хьэсэнрэ Балэ Мухьэдинрэ зэдатха «Мадинэ» япэ адыгэ оперэм Къасыму щыджэгуащ. Абыхэм еплъахэм гунэс ящыхъуауэ щытащ адыгэ щIалэм и джэгукIэр.

Махуэ гуэрым ХьэзрэIил телеграммэ къыхуокIуэ «Мосфильм» киностудие цIэрыIуэм къокIри. Лев Толстой и «Война и мир» роман телъыджэм къытращIыкIа сценариймкIэ СССР-м и цIыхубэ артист, режиссёр цIэрыIуэ Бондарчук Сергей фильм трихыну игъэхьэзыру арати, абы хэтыну артистхэр къыхахырт. Шумахуэ ХьэзрэIил адъютантым и ролыр къыхуагъэфэщауэ кинопробэр здекIуэкIым, Бондарчук ар зэрилъагъуу, жиIат: «Мы щIалэр адъютант нэсщ, си фильмым щыджэгуну къыхэсхри мыращ». Режиссёр цIэрыIуэр къызэрыщыгугъауэ къыщIэкIащ Шумахуэр.

Абы иужькIи адыгэ щIалэр аргуэру «Мосфильм»-м ирагъэблагъэри «Звездный инспектор» художественно-фантастическэ фильмым роль нэхъыщхьэр — итальянецым и ролыр — щегъэзащIэ. А фильмым щиIа ехъулIэныгъэхэм ягъэгушхуэри, ди Музыкальнэ театрым солисту зэрыщылажьэм хуэдэурэ, ХьэзрэIил Москва Луначарскэм и цIэр зезыхьэ и театральнэ институтым щIотIысхьэ икIи театрымрэ киномрэ я актер IэщIагъэр зрегъэгъуэт.



А псори хъарзынэт, ауэ Шумахуэм и творчествэм игу хуэмызагъэурэ зэманыр кIуэрт. Тыншкъым, тынш щызогъэтри гугъу и гугъужщ искусствэм пыщIа дэтхэнэ цIыхуми и Iуэхур. Театрым ущылажьэу, абы ролхэр щыбгъэзащIэу, уи концерт программэ бгъэхьэзырыным бэлыхь куэд пыщIащ. Уи лэжьыгъэ нэхъыщхьэм, улахуэ къущIатым, зыкъыдэбгъахуэурэ, радиокIэ, телевизоркIэ уэрэд жыпIэну е нэгъуэщI щIыпIэхэм концерт щыптыну зэман къэгъуэтыгъуейщ. Дэтхэнэ уэрэдми, ар ариеу е романсу щрети, куэдрэ, куэд дыдэрэ уемылIалIэмэ, а музыкальнэ произведенэм и купщIэр, и купщIэ курых дыдэр, къодаIуэм и деж нумыхьэсыфынкIэ хъунущ. Киноактерым и Iуэхум абы и закъуэкъым гугъуехьу хэлъыр: режиссёрхэм роль къуамытмэ, урамыгъэблагъэмэ, щыс, нэгъуэщIхэм уехъуапсэу...

Арати, Музыкальнэ театрым илъэс пщыкIутхукIэ щылэжьауэ, къыIукIыжащ Шумахуэр. КъыIукIыжри, Къэбэрдей-Балъкъэр ра-

диом уващ, хорым и солисту. Мис а зэманыращ пленкэм щытратхар нобэ радиокӀэ, телевизоркӀэ абы игъэзащӀэу къат уэрэдхэр. Куэдыр щӀоупщӀэ: мыпхуэдэ макъ дахэ зиӀэр щхьэ нэхъыбэрэ утыку кърамыгъэхьэрэ?!

Гугъуу щытащ Шумахуэ ХьэзрэӀил и творческэ гъуэгуанэр. ЦӀыху куэдми хуэдэу, сэ хуабжьу сыщогуфӀыкӀ абы и макъ телъыджэм хуэфэщэн пщӀэ зэригъуэтам. Шумахуэр Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Къэрал саугъэтым и лауреатщ, КъШР-м и цӀыхубэ, щӀыхь зиӀэ я артист цӀэ лъапӀэхэр къыфӀащащ. Музыкэм зигури зи псэри ета, макъамэм и бзэ дахэр фӀыуэ зыхэзыщӀэ Шумахуэ ХьэзрэӀил сохъуэхъу узыншэ-лажьэншэу бэрэ лъэпкъым тхуэпсэуну, гъащӀэм и ӀэфӀыпӀэ дыдэм гу щихуэкӀэрэ, и творческэ гуфӀэгъуэшхуэхэм дыхигъэплъэну.

**ХЬЭТУ Пётр**

*Нарт Ашэмэз и хъыбархэм щыщ*

# Ашэрэ Лъэбыцэжьейрэ

Ашэ нарт хахуэт, лIыгъэ зыхэлъти, нарт хэкум и гъунапкъэм тест, нартхэ бий къалъихьэмэ, япэ зыIущIэр Ашэт. Ашэ и щIым зы жыгеижь итт, и жьауэм мэл хъушэ щIэзагъэу.

– Ашэ сукIынщи, и щIыр субыдынщ, – жери игу ирилъхьащ Лъэбыцэжьей.

Нартхэ я ныкъуэкъуэгъути, Лъэбыцэжьей къэшэсри Ашэ и щIым къихьащ.

– Жыгейр зэрыт щIыр сысейщ, – жиIащ Лъэбыцэжьей, Ашэ къебгъэрыкIуэри.

– Ууейкъым, – пэуващ Ашэ. – УкъыстекIуэмэ, ууейщ.

Махуищкlэ зэзэуащ Ашэрэ Лъэбыцэжьейрэ.

Лъэбыцэжьей Ашэ къиукIащ, ищIри иубыдащ. И шым зригъэубыдакъым: уанэгу нэщI хъуауэ, Ашэ и пщIантIэ дыхьэжащ.

Шы уанэгу нэщIыр щыдыхьэжым, Ашэ къуих иIэти, хыри дэшэсыкIащ:

– Ди адэр къаукIащ, ди адэм илъ тщIэжынщ, – жари.

Лъэбыцэжьей ирохьэлIэ зэшихыр. Жыгейм и жьауэм къыщIокI Лъэбыцэжьей.

– Хэт фылъежьа? – къащыжриIэм:

– Ди адэр зыукIам дылъежьащ, – жаIащ зэшихым.

– Фи адэр зыукIар сэращ, – жери Лъэбыцэжьей къапэуващ. Зэзауэри, зэшихри къиукIащ Лъэбыцэжьей.

Ашэ и къуэ ебланэр ныбэ илът абы щыгъуэ. Ар дунейм къытехьэри, Ашэ и къуэ Ашэмэз фIащащ…

# Ашэмэз и адэм илъ ещIэж

Ашэмэз выфэ гущэпскIэ гущэм хикъузэри, и анэр гъунэгъум екIуэкIащ. И анэр пщIантIэм дэкIа къудейуэ, выфэ гущэпсыр къызэпичри, Ашэмэз къызэфIэтIысхьащ, кIэн къиштэри джэгуакIуэ ежьащ. Ашэмэз щIалэр къащыхыхьэм, кIэнджэгур зэбгрыкIыжащ. Мылым зы къуий къытенащ.

– КIэн дыгъэджэгу, къуий цIыкIу! – къуийм щыхьащ Ашэмэз.

– Дыджэгунщ, дыджэгумэ, къыпфIэсхьэхунщ, – жиIащ къуийм. – «Къызэтыж» жыпIэнщи, укъысщыхьэнщ.

– Сыпщыхьэнкъым. Дыгъэджэгу.

КIэн трагъэсри зэдэджэгуащ. Къуийм къыхигъэнакIэри къыхигъэкIыжащ – кIэныр фIихьэхуащ.

– КIэныр къызэтыж! – жери Ашэмэз щIалэр къуийм щохьэ.

– Уэстыжынукъым, – жиIащ къуийм, – кIэныр къыпфIэсхьэхуащ.

– Къызэптыжынщ, – жери Ашэмэз къуийр къреуд, мылым щызэрелъафэ.

– Сэ щхьэ сыбукIрэ, – жеIэ къуийм. – ЛIыгъэ уиIэмэ, уи адэр къэзыукIар укIыж, – жери къощ.

Къуийр къигъэтэджыжри, и пщампIэр иубыдащ:

– Си адэр зыукIар къызжеIэ. Си адэр зыукIар къызжепIэмэ, кIэныр къыпхузогъанэ.

– Уи адэр зыукIар сэ бжесIэнкъым. Уи адэр зыукIар уи анэм къегъэIуатэ, – къыжриIащ, къуийм.

Ар щхьэкIуэ щыхъуауэ Ашэмэз щIалэр унэм ихьэжащ, ныбэ уз бзаджэ зыкъищIри шэнтжьейм итIысхьащ.

И анэр къосыж:

– А си щIалэ закъуэ, а си щIалэ ес, сыт мыгъуэр къэухъу?

– Ныбэ уз бзаджэм сехь, – жиIащ Ашэмэз, – хьэ схуэбгъэлыгъуэрэ сыбгъэшхмэ, сыхъужынущ.

– Хэт мыгъуэм уигъэIущ, хэт мыгъуэм уиущий? – гу лъитащ анэм щIалэр бзаджагъэ зэрыхуекIуам.

– Зыми сигъэIущкъым, зыми сиущийкъым, хьэ гъэлыгъуа сыбгъэшхмэ, сыхъужынущ.

Анэм хьэ егъэлыгъуэри лагъэкIэ къыхуехь. ЙоIэдэкъауэри, Ашэмэз лагъэр Iуегъэкlуэт.

– Уи IэбжьыбитIкIэ къысхуумыхьмэ, сыхъужынукъым.

Хьэ гъэлыгъуар IэбжьыбкIэ къыхуехь и анэм. И анэм и IитIыр зэтреубыдэ Ашэмэз.

– Си Iэр ес, си щIалэ мыгъуэ!

– Си гур къресыкI, си анэ! Си адэр зыукIар къызжеIэ!

– Уи адэр зыукIар бжесIэнукъым. Уи адэр зыукIам уэри утекIуэдэнущ, – къыжреIэ и анэм.

– Си адэр зыукIар къызжумыIэмэ, зыслIэжынщ, – жери Ашэмэз и анэм и IитIыр нэхъри зэтрекъузэ.

– Уи адэр зыукIар Лъэбыцэжьейщ, – къыжриIащ и анэм, щыхигъэзыхьым. – Уи адэм и лъыщIэж ежьауэ, Насрэн ЖьакIэ Индыл Iуфэ Iусщ.



– Дэнэ и хэщIапIэр Лъэбыцэжьей?

– Лъэбыцэжьей хы тIуащIэм дэсщ, улъемыжьэ – утекIуэдэнущ.

– Си адэм и шым сыт и лIыгъэ?

– Уи адэм и шыр пщIэгъуалэ кIэщIщ, укъиукIынщ. ЩIыунэ кIыфIым щIозашэ, абрэмывэр и пхъэрыгъажэщ, – къыжриIащ и анэм.

– Си адэм и уанэр дэнэ здэщыIэр?

– Уи адэм и уанэр пхъуантэ фIыцIэжьым догъуатэ, пхъэщакъуэ мафIэщи, укъилыпщIынщ.

– Си адэм и джатэри къызжеIэ.

И адэм и джатэри здыщигъуэтынур кърегъэIуатэри, Ашэмэз щIалэр унэм къыщIокI, щIыунэм йохьэри пщIэгъуалэ кIэщIыр къреш. ПщIэгъуалэ кIэщIым зехъу-зелъ, мафIэр къыIуролъэлъ.

– Хьэм яшхыжын! – Ашэмэз зей дамэкъуищыр шым трекъутэ, зредзри докI, псыхъуэ ныджэм пщIэгъуалэ кIэщIыр щегъатхъуэ, къыдохьэжри пхъуантэ фIыцIэжьыр зэтреуд, уанэр къыщыжьэхэлыдэм, йоубжьытхри егъэункIыфI, уанэ трелъхьэри шыр зэщIекъузэж, и адэм и джатэр къещтэри дошэсыкI. Индыл Iуфэ носри, Ашэмэз йопсых, уанэр трехри шыр елъахъэ, мафIэ ещIри бгъэдотIысхьэж…

Насрэн ЖьакIэ ипщэкIэ плъэри, уэгум ирихьэ Iугъуэ мащIэр къилъэгъуащ.

– ИпщэкIэ мафIэ къыщызыщIар къысхуэфщIэ, – жери Насрэн ЖьакIэ шу еутIыпщ.

Шур мафIэм екIуэлIащ, ауэ бгъэдыхьэн ирикуакъым. Къигъэзэжри, тхьэмадэм и пащхьэ ихьэжащ:

– МафIэм схуекуакъым, мафIэм бгъэдэсри къысхуэщIакъым, – жери.

Насрэн ЖьакIэ мэгубжьри мэшэс, мафIэм бгъэдокIуатэри маджэ:

– Бохъу апщий, щауэхъу!

– Еблагъэ, тхьэмадэ! – жери къызэфIэуващ Ашэмэз.

Насрэн ЖьакIэ епсыхакъым. Уанэм здисым щIоупщIэ:

– Уэ щIалэ цIынэр хэтхэ уащыщ?

– Сэ сызыщыщым сыт щхьэкIэ ущIэупщIэрэ, – къыжреIэ Ашэмэз. – Бысым ухуеймэ, бысым сыхъунщ.

– Къэмыхъупс уифи уэ дадэкъуапэр! – жери Насрэн ЖьакIэ къытехьауэ къыIуегъэзыкIыж.

– Щхьэ угубжьа, тхьэмадэ махуэ, – къыкIэлъыджащ Ашэмэз. – Къэбгъазэмэ, сызыщыщри бжесIэнщ.

Насрэн ЖьакIэ и шыр къыжьэдикъуащ.

– Сызыщыщым ущIэупщIэмэ, нартхэ сащыщщ, – жиIащ Ашэмэз. – Си адэр Ашэщ, сэ сы-Ашэмэзщ.

Ашэ и къуэ Ашэмэзыр зыщIигъури, Насрэн ЖьакIэ гупым яхыхьэжащ. ЩIалэ цIынэр щахишэм, нартхэр я тхьэмадэм къегиящ:

– ЩIалэ бидзафэр щхьэ къытхуэпша? – жари…

Лъэбыцэжьей хы тIуащIэм дэсти, Индыл зэпрыкIын хуейт нартхэр.

– Уэзырмэдж, псыр къытхуэпщытэ! – щыжраIэм, Уэзырмэдж идакъым:

– Индылым и нэр къыщопкI, ситхьэлэнкъэ, – жери.

Iэнейм и къуитIми Арыкъшуужьми ядакъым псыр къапщытэн.

– Ашэмэз щIалэ, псыр къытхуэпщытэ! 

ПщIэгъуалэ кIэщIым зридзри, Ашэмэз псым техьащ, нартхэр кIэлъыплъурэ псым зэпрыкIри, шым зиутхыпщIыжащ. Нартхэр кIэлъыхыхьащ псым, псыхьэлъахуэ хуэдэ зэбгрыдзауэ, нартхэр Индыл икIащ.

ИщхъэрэкIэ ирагъэзыхауэ, шыбз гуартэ ирохьэлIэ нартхэр. Лъэбыцэжьей и шыбз гуартэти, къызэщIакъуэри къырахужьащ. Шыбз гуартэм зы хакIуэ емылыдж хэтт. Шыбз гуартэр къырахужьа щхьэкIэ, хакIуэр яхуэубыдакъым – яIэщIэкIащ. Ашэмэз хакIуэм лъежьащ, щIыхьэри къиубыдыжащ.

– Гуоуж ухъункъэ! – жери, Ашэмэз хакIуэм и щхьэр хуриупщIэхащ, и блэгъущхьитIыр кърисыпэхащ, лъыпсыр къежэхыу иутIыпщыжащ, езыр хакIуэм и ужь иувэри кIэлъыкIуэурэ Iуащхьэ ирихьэлIэри Iуащхьэм теуващ: «Лъэбыцэжьей сыщыпэплъэнщ», – жери.

ХакIуэр щыдэлъэдэжым, Лъэбыцэжьей и фызыр, Быдыху, бжэщхьэIум къытеуващ:

– Си тхьэмадэжь, уи шыбзыр яху! – жери.

– Хэт къыдыхьа хы тIуащIэм, хэт къызикуа? – жери Лъэбыцэжьей хакIуэм бгъэдэлъэдащ. ХакIуэм лъыпсыр къожэх – и щхьэр къеупщIэхащ, и блэгъущхьитIыр къесыпэхащ.

– Си адэм ураухьэкIи! Хэтым сыкъиших? – жери Лъэбыцэжьей дэшэсыкIащ. Iуащхьэм нэсри Ашэмэз IущIащ.

– Уий, щIалэ цIыкIу, си шыбзыр яху, зыхур пщIэмэ, къызжеIэ.

– Хьэмэ къилъхуа, сэ шыбз схуэхункъэ! – къыжриIащ Ашэмэз.

– СыбдэгушыIэркъым, щIалэ цIынэ! Шыбзыр зыху плъэгъуамэ, сумыгъэгъуащэ. Хэт шыбзыр зыхур? Хэт и лъэпкъ, хэт и къупщхьэ? –

щIэгубжьащ Лъэбыцэжьей Ашэмэз щIалэм.

– Си адэр щыбукIым ущIэупщIакъым хэт и лъэпкъми хэт и къупщхьэми.

– ЗыкъэзбгъэцIыхуркъэ-тIэ! – и шыр къыжьэдикъуащ Лъэбыцэжьей.

– Си адэр Ашэщ, сэ сы-Ашэмэзщ, – жери Ашэмэз Iуащхьэм къехащ.

– Зи лъэпкъыр схуэмыгъэгъущ батыргъэн лъабжьэрщ жыпIэркъэ! – жери Лъэбыцэжьей епсыхащ.

Шабзэр зэIуадзэри, шабзэшэр яухыху зэпикIуэтакъым Ашэ и къуэ Ашэмэзрэ Лъэбыцэжьейрэ. Зэрыхэмыгъащ Iэурэ шэр къаIэщIэухащ, тIуми лъыпсыр къожэх.

– Унэм ихьэжи, шэ къэхь, Лъэбыцэжьей: уэ хы тIуащIэм удэсщ, сэ гъуэгуанэ кIыхь къызэпысчащ – дызэрыхэгъэщIэху, тIуми тхурикъун шэ къэхь, – жиIащ Ашэмэз.

УIэгъэ хъуауэ, Лъэбыцэжьей унэм ихьэжащ, Быдыху и бахъэр къыщIихури, уIэгъэр кIыжащ. Шабзэшэ къиштауэ щышэсыжым, Быдыху идакъым:

– Уи бийм шэ щхьэ хуэпхьрэ? – жери.

Iуащхьэм нэсыжри, Лъэбыцэжьей щIалэ уIэгъэр зэхиупщIэтащ, и лъэдакъэхум аркъэн ирищIэри и унэ илъэфащ, и фызым еджэри:

– Мэ, хьэм яшхынщ, хьэкхъуафэм ибдзэмэ, – жриIащ.

– Сымыгъуэт, щIалэ быдзафи букIар! – жери Быдыху Ашэмэз щIалэр IэплIэкIэ къищтащ, хьэм яритакъым, Iуэм ихьри шхалъэм дилъхьащ.

146 Жэщ хъури, уафэм вагъуэр къитIысхьащ. Быдыху и бахъэр къыщIихуати, Ашэмэз и уIэгъэр кIыжри къызэфIэтIысхьащ.

Жасы хъуауэ, Лъэбыцэжьей къоскIэ.

– Сыт ар? – къэщтащ и фызыр.

– ПщIыхьэпIэ Iей солъагъу, – жиIащ Лъэбыцэжьей. – СукIа щIалэр къэхъужауэ солъагъу: Iуэм къикIри бжьыхьэкIапэм къыщIэуващ.

– ЩIалэ укIыгъэр хьэм яшхыжакIэщ, – къыфIэIуэхуакъым Быдыху.

Лъэбыцэжьей зигъазэри жеижащ. Жэщыбг хъуауэ къоскIэ.

– ПщIыхьэпIэм сигъэжейркъым: щIалэр къэхъужри пщIантIэм къыдыхьауэ солъагъу.

– Хьэм яшхыжа щIалэ цIынэм укъегъаскIэ, лIыгъэ уиIэжкъым, – къегиящ Быдыху.

Лъэбыцэжьей зэгъэжри жейм хилъэфэжащ. Нэхущ щыхъум, къэскIащ аргуэру.

– ПщIыхьэпIэм сигъэжейркъым: щIалэр бжэщхьэIум къытеувауэ солъагъу, – къызэфIэтIысхьащ Лъэбыцэжьей.

– Уи гур ирихащ щIалэ быдзафэм, – жери Быдыху къехъурджэуащ.

Лъэбыцэжьей нэхущ жейм хилъэфэжа нэужь, Ашэмэз лэгъунэм щIыхьащ. Лъэбыцэжьей пIэм къыхихри бжьыхьэкIапэм щиукIащ, и щхьэр къыфIихщ, и хьэдэр шхалъэм дидзэри къэшэсыжащ, Быдыхур шыплIэм къыдигъэтIысхьэри и гъуэгу къытехьэжащ. Индыл къызэпрыкIыжауэ, шыбз гуартэ ирихьэлIащ Ашэмэз.

– Хэт и шыбз гуартэ? – еупщIащ Ашэмэз шыбзыхъуэм.

– Нарт Уэзырмэдж и шыбз гуартэщ, – къыжриIащ шыбзыхъуэм.

– Дэнэ кърихурэ шыбзыр?

– Индыл къызэприхуащ, – жиIащ шыбзыхъуэм.

– Армэ, хъунщ, – жиІэри Ашэмэз шыбзыр кърихужьащ, шыбзыхъуэр иутІыпщыжри. – Шыбзыр зейр лІыхъужьщ, хъыбар хуэхьыж.

Зы теуэгъуэ къикІуауэ, аргуэру ирохьэлІэ шыбз гуартэ.

– Хэт мыр зи шыбз гуартэр? – йоупщІ шыбзыхъуэм.

– Нарт Уэзырмэс и шыбз гуартэщ, – къыжриІащ.

– Дэнэ кърихурэ?

– Индыл къызэприхуащ.

– Армэ, хъунщ, – жиІэри шыбз гуартэр кърихужьащ, шыбзыхъуэр иутІыпщыжри. – Шыбзыр зейр лІыхъужьщ, хъыбар хуэхьыж.

Тэлай дэкІауэ, нэгъуэщІ шыбз гуартэ ирохьэлІэ.

– Хэт и шыбз гуартэ мыр? – еупщІащ Ашэмэз шыбзыхъуэм.

– Насрэн ЖьакІэ и шыбз гуартэщ.

– Насрэн ЖьакІэ ди нарт тхьэмадэщ, Насрэн ЖьакІэ иш схункъым, – жери шыбз гуартэм къыблэкІащ Ашэмэз, и пщІантІэ дыхьэжри Лъэбыцэжьей и щхьэр и анэм и куэщІым иридзащ:

– Ди адэр къэзыукІам и щхьэр къэсхьащ, – жери.

### АШЭМЭЗ И ПШЫНАЛЪЭ

Ди нарт тхьэмадэр Насрэн ЖьакІэщ,
Насрэн ЖьакІэр ди дыщэ жьакІэщ,
И жьакІэр уэсщи, бынжэгум нос,
Шым ар нэшэсмэ, шы сокум хэлъщ.
Насрэн ЖьакІэм и щІакІуэ хужьым
Шы пхэщІыр, бгъэнщи, зэщІебгъэ.
Насрэныжьыр афэ джэдыгущ,
Насрэныжьыр джэдыгу плІэпысэщ,
Насрэныжьыр зыІуродзэсыкІ,
Хы тхъурымбэ уалэр зыІурегъэкІыкІ,
ТІы пшэр къыхуашэмэ, зрегъэпщылІэ.
ТІасхъэ къыхуахь.
ТІасхъэу къыхуахьыр
ТІуащІэр зи хапІэ Лъэбыцэжьейщ.
Насрэныжьым благъуэр къегъаджэ,
Насрэныжьым дзэ джакІуэ нещІ.
Псыжьыщхьэ нэскІэ ди нартыжьыбэр
Насрэн ЖьакІэм къызэхуешэс.
Насрэн ЖьакІэр ныдошэсыкІ,
Шу кІапсэ кІыхьщи, ижьыгум нохьэ,
Индылыжь Іуфэ дзэгъуэлъ къыщащІ,
Дзэгъуэлъыр ящІри шэтыр щаухуэ.
– Ди нарт тхьэмадэу Насрэн ЖьакІэ,
ЗыгуэркІэ нартхэр дынолъэІунущ:
Зи адэр Ашэу Ашэмэз щІалэм
ДжакІуэ ныхуэпщІтэм…
… ЗэуакІуэзехьэу Арыкъшуужьыр
Насрэн ЖьакІэм джакІуэ негъакІуэ.
ПщІантІэм ныдохьэри джакІуэр ныщоджэ:
– Ашэмэз щІалэр щІэхыу къысхуевджэ!
Выфэ гущэпсыр къызэпиудри,
Ашэмэз щІалэр джэгум хыхьащ.

– КIэнджэгум хэтмэ, сабий быдзафэр
Нартыжьхэм сыткIэ дэ къытщхьэпэн? –
Арыкъшуужьыр дзэм хопсыхэж:
– Насрэн ЖьакIэу жьыщхьэ мыгъуэжь,
Сызэбгъэджари щIалэ быдзафэщ…

* * *

Ашэмэз щIалэр мылым щытехьэм,
ЩIалэ кIэнджэгур зэбгрокIыж,
Къуий цIыкIу яхэтти, мылым къытонэ.
– ЩIалэ мыхъумыщIэ, кIэн дыгъэджэгу!
– КIэн дыздэджэгумэ, къыпфIэсхьэхунщ,
Сэ къыпфIэсхьэхумэ, уэ степхыжынщ.
– ПтезмыхыжынкIэ, Уащхъуэр си къанщ!
… КIэн трагъэсри нызэдоджэгу,
КъыхегъэнакIэри къыхегъэкIыж.
– КIэныр сфIэпхьами, къызэптыжынщ!
– УэзмытыжынкIэ, Уащхъуэр си къанщ!
Къуийм йощхьэфауэ, къуийр кърeуд,
Удын иредзри мылым трехуэ.
– Сэ щхьэ сыбукIрэ, Ашэмэз щIалэ?
Уэ лIыгъэ уиIэмэ, сэ сыбукIынкъым.
Уэ лIыгъэ уиIэмэ, уи адэр
КъэзыукIыгъар быукIыжынщ.

– Ар сэ къызжепIэмэ, лIым укъилъхуакъэ!
– Ар сэ бжесIэнкъым. Уи анэм
Ар къегъэIуатэ, Ашэмэз щIалэ!
… Ашэмэз щIалэр унэм къокIуэж,
Ныбэ уз бзаджэ зыкъещI,
Шэнтжьейм йогъуалъхьэри мэгызыр.
И анэу гуащэр гъунэгъум щыIэщ,
Бланащхъуэ макъщи, кIийуэ къосыж:
– Си щIалэ мыгъуэ, си щIалэ закъуэ,
Хэт уигъэIущ, хэт уиущий?
– Зым сигъэIущкъым, зым сиущийкъым,
Сыныбэузщ,
Хьэ гъэлыгъуа сыбгъэшхмэ,
Сыхъужынут…
… И анэу гуащэм хьэ хуегъэлыгъуэ,
СыхьэнкIэ къещтэри нрет –
ЙоIэдэкъауэри Iурегъэхыж.
- СыткIэ ушхэну, си щIалэ закъуэ?
- Уи IэбжьыбитIкIэ, си анэ гуащэ!
- Си Iэр исынкъэ, си щIалэ закъуэ?
… Хьэ гъэлыгъуар IэбжьыбкIэ къехь,
Ашэмэз щIалэр къызэфIотIысхьэ,
И анэм и IитIыр зэтреубыдэ.
– Си Iэр йогъэсыр, си щIалэ мыгъуэ!
– Си гур къосыкIыр, си анэ гуащэ!
– Сытыр къыпщыщI, си щIалэ закъуэ?

# IуэрыIуатэ

– Си адэр зыукIар къызжеIэ!
– Ар зыукIам сыт епщIэфын?
Насрэн ЖьакIэ и лъыщIэжакIуэщ,
Индылыжь Iуфэм ар Iуозэшыхь.
И цIэм ухуеймэ, Лъэбыцэжьейщ,
Хы тIуащIэм дэсщи, упэлъэщынкъым.
– Си адэм и шыр дэнэ здэщыIэр?
– Уи адэм и шыр пщIэгъуалэ кIэщIщ,
И шэщыр гъуаплъэщи, бом щIозэшыхь,
Абрэмывэр и пхъэрыгъажэщ,
Ушэсыфынкъым – укъиукIынщ.
– Си адэм и уанэр къызжеIэ!
– Уи адэм и уанэр пхъэщакъуэ мафIэщ,
Пхъуантэм догъуатэ – укъилыпщIынщ!
… Ашэмэз щIалэм уанэр къыщIех.
Пхъэщакъуэ мафIэщи, уанэр мэлыд –
Зэ йоубжьытхри егъэункIыфIыр.
Зей дамэкъуищыр и кIэпкъым делъхьэ,
Абрэмывэр ирегъэжэкI,
ПщIэгъуалэ кIэщIым ныбгъэдокIуатэри,
И тхьэкIумитIыр хуеIуантIэ.
«Ей, пщIэгъуалэжьу хьэм яшхыжын!» –
И адэм и уанэр
ПщIэгъуалэ кIэщIым нытрекъузэ,
Зей дамэкъуищымкIэ и щхьэм йолэжь.
И адэм и Iэщэр нызыкIэрещIэ,
И бгъащхъуэжьейри сэшхуэкIэм тесщ,
И самыржьейр шыбгъэгум щIэтщ.
Ашэмэз щIалэр ныдошэсыкI,
Зэ йохъуэскIауэри мафIэшхуэ къещI,
И Iугъуэ мащIэр пшэгум ирехьэ.

* * *

Насрэн ЖьакIэр ипщэкIэ къоплъэ,
Iугъуэм гу лъетэри мэхъущIэ:
– Хэт къызикуами къысхуэфщIэ!
Зы шу яхокIри Iугъуэм хуопIащIэ –
МафIэм бгъэдэсым бгъэдыхьэфакъым.
Насрэн ЖьакIэ губжьри шэсащ,
МафIэм бгъэдехуэри щIалэм йоупщI:
– Уэ щIалэ цIыкIур хэтхэ уащыщ?
– Сэ сызыщыщыр сыт зэрыпщIынур:
Бысым ухуеймэ, бысым сыхъунщ.
– УхущIэмыхьэкIэ щауэ дадафэр! –
Жери Насрэным IуегъэзыкIыж.
– Тхьэмадэ махуэ, щхьэ угубжьа?
Си лъэпкъ ухуеймэ, си лъэпкъ бжесIэнщ:
Си адэр Ашэщ, сэ сы-Ашэмэзщ.
… Насрэн ЖьакIэм щIалэр зыщIегъу,
Насрэн ЖьакIэр дзэм яхохьэж.

149

# Iуэрыlуатэ

– Насрэн ЖьакIэу жьыщхьэ мыгъуэжь,
ЩIалэ быдзафэр щхьэ къытхэпша?
… Псыр къыщапщытэм Ашэмэз щIалэм
ПщIэгъуалэ кIэщIыр къахуегъэпIащIэ,
Кхъуафэжьей хабзэу зэпросыкI,
Си нартыжьыбэр зыкIэлъегъэплъ.
ЗэкIэлъыхохьэри псыхьэлъахуафэу
Си нартыжьыбэр ныззэбгрех.
ЗэпрыкIахэр зэроугъуеижри
Аужьыдз гъуэгукIэ нрагъэзых,
Лъэбыцэ и шыбзым ныIуощIэ,
ХакIуэ къуэлэныр яIэщIокIыж.
Ашэмэз щIалэм абы гу лъетэ,
Шы къуэлэныжьым ныщIозэрыхь,
«Гуоуж ухъункъэ!» жыхуиIэу,
И саурыщхьэр хуреупщIэх,
И блэгъущхьитIыр къресыпэх,
Лъыпсыр къежэхыу ар еутIыпщыж.
Ашэмэз щIалэр и ужьым йохьэри,
Лъэбыцэ и Iуащхьэм ар нытоувэ.

* * *

Шы къуэлэныжьыр ныдолъэдэж:
И саурыщхьэр къеупщIэхащ,

И блэгъущхьитIыр къесыпэхащ.
– Си адэм урауxьэкIи!
Си шыбзыр яху! –
Лъэбыцэ къыдошэсыкI,
Ашэмэз щIалэм Iуащхьэм щыIуощIэ:
– Уей щIалэ цIыкIу, шыбз тIэкIур яху,
Зыхур плъэгъуамэ, къызжыIэт.
– Сэ шыбз схуэхункъэ, хьэмэ къилъхуа?
– СыбдэгушыIэркъым щIалэ быдзафэм:
Плъэгъуамэ, зыхур къызжеIэ!
– Си адэр щыбукIым угушыIакъым!
– Хэт урилъэпкъ уэ, хэтым ущыщ?
– Си адэр Ашэщ, сэ сы-Ашэмэзщ!
– Батыргъэн лъабжьэу къинар уэраи!
… Шэхужьу щэщIыр зэпракIут,
НызэпокIуэтри зауэр яублэ,
Махуибл зэзауэри, шэр яухащ.
– Уи лъахэ дитщи, шэ уэ къытхуэхь!
… Унэм йохьэжри Лъэбыцэм
Быдыху и бахъэр къыщIеху,
Шэ къыздимыхьу къокIуэж.
– МахуищкIэ сынызэбгъажьэри
Шэ къысхуэпхьакъым, Лъэбыцэ!
… Ашэмэз щIалэм и лъэдакъэхур
Еугъуэнри аркъэн ирещIэ,
ПщIэгъуалэ кIэщIыр Iэдэж къыздещI,

# ІуэрыІуатэ

Пщ1антІэм делъафэ,
Быдыху къреджэри жреІэ:
– Ди лъэпкъ и бийуэ къэнати,
Мыр сыукІащи, хьэм егъэшхыж.
– Сабий быдзафэр дауэ уукІ?
Хьэм езгъэшхынкъым, –
ІэплІэкІэ ехьри
Ашэмэз щІалэр шхалъэм ныделъхьэ.
… Жэщыр мэхъури вагъуэр къотІысхьэ,
Ашэмэз щІалэр зэфІотІысхьэж.
Лъэбыцэ мыдэкІэ пщІыхьыр елъагъу,
ПщІыхьу илъагъум къыдоскІэ:
– Ашэмэз щІалэр къэтэджыжарэ
Си щхьэр схуфІихыу слъэгъуащ!
– ЩІалэ быдзафэр
Хьэм яшхыжакІэщ – ар дауэ хъун?
… Ашэмэз щІалэр пщІантІэм къыдохьэ,
Блыныр щІетІыкІ,
Блыныр щІетІыкІри Лъэбыцэм
И щхьэр къыфІехри къожьэж.

## Ашэмэзрэ нартхэ я Дыгулыпхъурэ

Нартхэ я Дыгулыпхъу псыхьэ ежьауэ зы шу кърихьэлІащ. Шум и гъуэгур зэпимыупщІын щхьэкІэ, Дыгулыпхъу къэувыІэри гуэгуэныр иригъэувэхащ. Шур къэсмэ – Ашэ и къуэ Ашэмэзт. 151

Дыгулыпхъу зэрыІуэрыІуэдзыр ищІэрт Ашэмэз. «Мыбы зыгуэр жезгъэІэнщ», – жери, Дыгулыпхъу деж къыщысым, Ашэмэз шыр къыжьэдикъуащ.

Дыгулыпхъу къеплъри, Ашэмэз и бзэгупэ япэ къыдэшэсеямкІэ къеупщІащ пщащэм:

– Нартхэ я Дыгулыпхъу, мыбыкІэ шы блахуу умылъэгъуауэ пІэрэ? Шы солъыхъуэ.

Ашэ и къуэр шы зэрымылъыхъуэр къыгурыІуащ нартхэ я Дыгулыпхъу. «Сигъэпсэлъэн щхьэкІэщ къыщІызэупщІыр», – жиІащ игукІэ, итІанэ мыр къыжриІащ Ашэ и къуэ Ашэмэз:

Нэхущ вагъуэр къыщыщІэзым
Си бжэ дазэр зэІузри
ТепІэн дазэм сыкъыдэплъщ:
ПщІэгъуалэр сокупцІэ-сокупцІэу,
ПцІэгъуэплъыр сокупцІэ дамыгъэу,
Къарэр блатхьэхурэ
Зыхури псыпцІэм хэнауэ,
Ижьырабгъу куашэу,
Шэсырабгъу сокуу,
КІуэрэ-кІуэрэ ущыжу –
Апхуэдэ гуэрым
Уи адэм и шыр ихуащ.
А слъэгъуам укІэлъымыкІуэ,

А слъэгъуам укІэлъымыжэ.
УкІэлъыжэми, ущІыхьэнукъым.
УщІыхьэми, упэлъэщынукъым.

Нартхэ я Дыгулыпхъу апхуэдэ псалъэ къридзын и гугъакъым Ашэмэз.

Сыт жиІэжынт Ашэ и къуэм? Пидзыжын щимыгъуэтым, Дыгулыпхъу еупщІащ:

– А псор пщІэуэ, дапщэщ укъалъхуа уэ дахэр? – жери.

Нартхэ я Дыгулыпхъу абыи хуэщІати, мыпхуэдэ жэуап къритащ Ашэ и къуэм:

Къау-къау щыкъакъэу,
Къау-къау щыкІэцІу,
Къаз анэ щыгъуалъхьэу,
ПщІэгъуалэ щыгупкІэу,
ГупкІэ мэш къыщахым –
А лъэхъэнэм сыкъалъхуащ.

– Іэу! Іэу! – жери Ашэмэз и нэр къихуащ. – Дэнэ укъыщалъхуар? – жиІэу къеупщІа фІэкІ, нэгъуэщІ игъуэтыжакъым.

Нартхэ я Дыгулыпхъу, и Іэр псыхъуэмкІэ ишийри, жиІащ:

– Мо унэ хужьым – хьэ хужьыбзэ зыІулъым – сыкъыщалъхуащ.

Ашэмэз и щхьэр игъэкІэрахъуэри блэкІащ. Ашэмэз щыблэкІым, нартхэ я Дыгулыпхъу, гуэгуэныр и дамащхьэ тригъэувэжри, псыхъуэм дыхьащ, псыхьэ ежьати.



* * *

Ашэмэз и хъыбархэм ящыщ зым зэрыжиІэмкІэ, мэзым здыщІэтым ар ирихьэлІэгъащ жыг ку гъуанэ. Мэз щІагъым щыкІэрахъуэ жьым жыг ку гъуанэр зэрыдэпсалъэм гу лъитащ Ашэмэз. Абы гукъэкІ иригъэщІри, Ашэмэз жыг къудамэ лантІэ къыпиупщІащ, къудамэм и кумылэр ирихри епщащ: къудамэм макъ къиІукІащ. Ашэмэз и бжьамийм ар къежьапІэ хуэхъуауэ яІуатэ нарт хъыбархэм.

Бжьамийр нарт лІыхъужьым, Ашэмэз, и цІэм щІрапхам щхьэусыгъуэ иІэщ: ар нэхъ пасэ дыдэу къежьа музыкальнэ Іэмэпсымэхэм ящыщщ. И цІэмкІи зэрынэрылъагъущи, бжьамийр пасэрей цІыхум къызыхищІыкІар бжьакъуэщ. ИужькІэ ар къыхащІыкІ хъуащ пхъэм, гъуаплъэм, жэзым; къамылым къыхащІыкІ бжьамиймтa къэкІыгъэм и цІэр къытенащ: бжьамий лІэужьыгъуэхэм ящыщ зым кІахэ адыгэхэр иджыри йоджэ къамылкІэ. НакъырэкІэ зэджэ бжьамий лІэужьыгъуи зэрахьащ адыгэхэм, ар нэхъ иужьыІуэкІэщ къыщыунэхуар (абы щыхьэт тохъуэ и цІэри: «накъырэр» нэгъуэщІыбзэм къыхэкІа псалъэщ).

Ныбжьышхуэ зиІэ пасэрей музыкальнэ Іэмэпсымэхэм ящыщщ адыгэхэм ноби зэрахьэ шыкІэпшынэри. ШыкІэпшынэм нэхъ кІасэу къежьащ пшынэдыкъуакъуэмрэ пшынэкъэбымрэ – ахэри къэсащ ди зэманым, къызэрагъэсэбэпыж щІагъуэ щымыІэми.

«ШыкІэпшынэми», «пшынэдыкъуакъуэми», «пшынэкъэбми» я лъабжьэр ныбжьышхуэ зиІэ пасэрей псалъэщ – «пшынэ». Абы къытокІ «пшыналъэ» псалъэри. «Пшыналъэм» мыхьэнэ зыбжанэ щигъуэтащ адыгэбзэм: абы «макъамэ» мыхьэнэи къокІ, «уэрэд», «усыгъэ» мыхьэнэи иІэнкІэ мэхъу; апхуэдэ мыхьэнэ иІэщ абы «Сосрыкъуэ и пшыналъэ», «Бэдынокъуэ и пшыналъэ», «Ашэмэз и пшыналъэ» щыжытІэкІэ.



*Беслъэней Нинэ Бахъсэн районым хыхьэ Зеикъуэ къуажэм къыщалъхуащ. Курыт еджапIэ нэужьым абы Налшык бухгалтер IэщIагъэм щыхурагъаджэ школыр къиухащ. Бухгалтеру, кадрхэмкIэ отделым и унафэщIу лэжьащ. Мы зэманым Бахъсэн районым ЦIыхухэм Iуэхутхьэбзэ яхуэщIэнымкIэ щыIэ центрым и IэщIагъэлIщ.*

*Нинэ усэ тхыным пасэу гу хуищIащ. Абы и IэдакъэщIэкIхэр ди республикэм къыщыдэкI газетхэмрэ журналхэмрэ щIэх-щIэхыурэ къытохуэ. Беслъэнейм и усэ гуп итщ автор зыбжанэм зэдайуэ 2002 гъэм «Эльбрус» тхылъ тедзапIэм къыщыдэкIа «Шыхулъагъуэ» тхылъым.*

*Усэхэр* **БЕСЛЪЭНЕЙ Нинэ**

## ХЭТ КЪЫБЖЕЗЫIАР?

**Дахагъ гуэри уэ пхэмылъу**
**Хэт къыбжезыIар?**
**УукIытэу, щхьэр епхьэхыу**
**Щхьэ зыбгъэпщкIу ухъуа?** 

**Нэ фIыцIитIыр, вагъуэ лыду,**
**НапIэхэм къыщIоплъ.**
**Макъ жьгъырури, псэгъэгуфIэу,**
**КъыпфIызэролъэлъ.**

**УщIыкIафIэщ, уи зекIуэкIэм**
**ЩIалэхэр етхьэкъу.**
**УмыгуакIуэу къыбжезыIэр**
**Уи жагъуэгъущ — ар хьэкъщ.**

**Дахагъ гуэри уэ пхэмылъу**
**Щхьэ уи фIэщ хъупа?**
**Сытым щхьэкIэ апхуэдизу**
**Уигу зэбгъэжыпа?**

**Гухэлъ нэс уэ къыпхуэзыщIым**
**Уи псэр къилъагъунщ,**
**Дахагъ щэхуу абы хэлъыр**
**КъыпхузэIуихынщ.**

## ЩIэблэ

* * *

**Уэ цIыхубзхэм фIыуэ укъалъагъур,**
**Ар сэ зыкIи къызэмыхьэлъэкI.**
**Нэм зэгуэпыр къытрихьэу пшагъуэу,**
**Iэмалыншэу нэпси щIэзмыгъэкI.**
**Гур щIэмыпIейтейм и щхьэусыгъуэр**
**СэркIэ гуапэт нобэ къэозгъэщIам:**
**Къарууншэщ хэт и лъагъуныгъи,**
**Уэ пхуэсщIа гухэлъым езгъэпцам.**

* * *

**ПхуэсщIа лъагъуныгъэр жэуапыншэщ,**
**Гурыгъузхэм сакъыхуэбгъэнащ.**
**Сэ къызжаIэ ягу къысщIэгъуу Iэджэм:**
**«Уи хущхъуэгъуэр уэ зэманыращ».**

**Пэжкъым, пэжкъым…**
**ЩIы уи фIэщ — делагъэщ!**
**ЖаIэурэ я фIэщ ящIыжуращ.**
**Уэрыншамэ, гъащIэр кIагъэпшагъэщ,**
**УэфI зыщIыжыфынури уэращ.**

**Гур щыгуфIыкIынукъым нэгъуэщIым,**
**Сэ куэд щIауэ мыр къызгурыIуащ:**
**НэгъуэщI фIыуэ гум щыхуэлъагъунур**
**ЗэрахъуэкIмэщ нэгъуэщI гуэркIэ ар.**

* * *

**Уэ усымаджэщ, сэ сыпхуэгумащIэу,**
**Уи узыр бдэзгуэшын хузэфIэмыкI.**
**Гур зэрыхэщIыр зыкIи къозмыгъащIэу,**
**ЗызгъэфэрыщIу сыныпщогуфIыкI.**

**Уи нэкIущхьитIу фагъуэм къытещ нитIым**
**Уз къыптехьэлъэр наIуэурэ къыщIощ.**
**Уэ лIыгъэу пхэлъыр яхэлъынкъым лIитIым,**
**Уи псалъэ къэси бэшэчагъ къыхощ.**

# ЩIэблэ

Схузэфlэкlатэм, узыр пщхьэщысхынти,
Iэпкълъэпкъыу сиIэм ар сэ изгуэшэнт.
Уи гъащIэм Iейуэ хэлъыр къыхэсхынти,
Дунейм дахагъэу тетым ухуэсшэнт.

Зы хабзэ иIэу щытмэ лъагъуныгъэм,
Си гухэлъ пэжым и сэбэп къокIынщ,
Уэ гухэщI нэпсу нобэ пхущIэзгъэкIым
ГуфIэгъуэ нэпскIэ зызэрихъуэкIынщ.

* * *

ГъащIэм и щIэдзапIи и кIэухи
УмыщIэххэу къохъур щыпфIэкIуэд,
Дыгъэр пшэ фIыцIэжьым щигъэгухи,
ЩыжимыIи къуалэбзум уэрэд.

УщIэпсэури наIуэу къыпхуэмыщIэу
ГъащIэ блэкIым къохъу ущыдекIуэкI.
ПщIэн хуей псори хъуркъыми умыщIэу,
Жэрдэм лъэпкъ хэмылъу йогъэкIуэкI.

НэщI хъуа уи гур зыми хуэмыпабгъэ,
Упсэлъэн къудеикI къохьэлъэкI.
Ухуэмейуэ дыгъэм и нэхугъи,
КIыфI къэплъыхъуэу, махуэхэр йохьэкI.

ЦIыхум жаIэм уемыгупсысыфу,
Темыхуэххэуи жэуап уотыж.
Къэхъуа псори уи бгъэм телъщи мывэу,
Упсэуну уэ ухуэмеиж…

Уи щытыкIэр фIыуэ къызгуроIуэ,
Сэ а гъуэгум пасэу срикIуащ.
Си чэнджэщ ухуеймэ, къызэдаIуэ,
Усэр ущиякIуэу ныпхуэкIуащ.

Узыгъэхъужынур уэ зэманырщ,
ШыIэныгъэр гъусэ зыхуэщIыф.

**Дунейм теткъым уэфI мыхъуж уэлбанэ,**
**Гугъэ нэхукIэ уи пщэдейм пежьэф.**

## ГЪАТХЭ

**Дыгъэр уэгум къиуващи,**
**ЩIылъэм къодэхащIэ.**
**Фащэ хужь зыщатIэгъащи,**
**Жыгхэр пфIощI нысащIэу.**

**Iэр пшиямэ, къурш щхьэгухухэм**
**ПфIощI уалъэIэсыну.**
**ТIэкIу зыпIэтмэ, щIым и гъунэм**
**ПфIощI унэплъысыну.**

**ФIэсщ жыг щхьэкIэм къуалэбзухэр,**
**УэрэдкIэ зэпеуэу.**
**Бзыгъэщ си гур, гъатхэ махуэу,**
**СимыIэж гукъеуэ.**



## БЗУ ШЫР ЦIЫКIУХЭ

**— Бзу шыр цIыкIухэ, а фи абгъуэм**
**ФымыпIыщIэу дауэ фис?**
**— Ди бзу анэм и дамитIым,**
**ШхыIэн хуабэу, дыкIэщIэсщ.**
**— Дауэ фыхъурэ анэр къэту**
**Уэлбанэшхуэ къыфтехъуамэ?**
**— Къытхуэсакъыу ди жыгышхуэм**
**Тхьэмпэ цIыкIукIэ дыщIехъумэ.**
**— Ежьэжыпэм-щэ фи анэр?**
**Пыщэщыжмэ-щэ жыг тхьэмпэр?**
**— Дауэ ар зэрежьэжынур?!**
**Тхьэмпэр зэрыпыхужынур?!**

* * *

**Сыщалъхуа къуажэжьым сэ къэзгъэзэжащи,**
**И лъэс лъагъуэ цIыкIухэр къызэхызокIухь.**

# ЩIэблэ

Къытеуа зэш хьэлъэм къыIэщIэкIыжащи,
ГукъэкIыжхэм си гур Iэфlу сфIыхоткIухь.

Уи мэз лъапи губгъуи захъуэжакъым зыкIи, —
Сабиигъуэ лъахэр зэрыщытакъэпсщ:
Бахъсэныжь йосыхыр, ныбгъуэ цIыкIур маджэ,
Псыхъуэгуащэр ноби мывэм зэрытесщ.

Зылъысхауэ вакъэр, бахъсэныпс и Iуфэм,
Япэм хуэдэкъабзэу, сэ сыныщокIукI.
СыщыцIыкIум сянэм къызжиIа уэрэдхэр
Псым игъэIу даущым сфIощIыр къыхэIукI.

КъыщIохьэж си нэгум Iэжьэ цIыкIум сису,
Мо Iуащхьэ лъагэшхуэм сыкъыщежэхар.
УфэрэкIыу Iэжьэр сыщыхэхуэм уэсым,
Си ныбжьэгъу цIыкIу къомыр зэрыдыхьэшхар.

Сигу ихункъым зэи уи удзымэ гуакIуэр,
Уи лъэс лъагъуэу бгыжьхэм зыкъезышэкIар… 157
Сабиигъуэ жыжьэу си гущIэм щызгъафIэ,
Щхьэ къысхуэмыщIэжрэ ущысIэщIэкIар?!

Сыщалъхуа къуажэжьым сэ къэзгъэзэжащи,
И лъэс лъагъуэ цIыкIухэр къызэхызокIухь.
Къытеуа зэш хьэлъэм къыIэщIэкIыжащи,
ГукъэкIыжхэм си гур Iэфlу сфIыхоткIухь.

# Адыгэ къэкIыгъэцIэхэр

**Банэжыг** – Гледичия колючая.

Зи лъагагъыр *м* 25–30-м нэс, жьауэ мащIэ зыщI жыгщ. И пхъафэр гъуабжэ-фIыцIафэщ, жыгыпкъым, къудамэхэм *см* 10–15-м нэс я кIыхьагъыу банэ куэд ятетщ, тхьэмпэ цIыкIу 16–28-уэ зэхэт, къабзийм ещхь жыг тхьэмпэхэм я кIыхьагъыр *см* 15–20-м нос. МащIэу гъуэжьыфэ къызыщIэлъадэ гъэгъахэр майм – июным, тхьэмпэ къищIа нэужь, къыпедзэ. Жылэхэр бжьыхьэм ирихьэлIэу мэхъу, гъуабжэ-фIыцIафэщ, пIащIэ-хъурей щIыкIэщ.

Нэхъыбэу къыщагъэкI ди къэралым и ипщэ щIыпIэхэм, хуабапIэхэм. Езыр-езыру къыщокI Америкэ Ищхъэрэм. И гъэгъахэм бжьэм фо къыхах. Банэжыгым колхоз, совхоз жыг хадэхэр къраухъуреихь. Ар зэщIэкIа нэужь, хадэхэр фIыуэ Iэщым щехъумэ.

И пхъэр быдэщ, дахэщ.

**Банэжь** – Чертополох поникший.

ИлъэситIкIэ къэкI, зи лъагагъыр *м* 1–1,5-м нэс удзыжьщ. И пкъыр занщIэу докIей, и тхьэмпэхэм лэдэх яIэщ, лъабжьэ гъум бydэ ещI. КъэкIыгъэм дэнэ дежи банэ папцIэ пхъашэ куэду тетщ. Япэ илъэсым банэжьым пкъы ищIыркъым, и лъабжьэр кууэ йокIых, етIуанэм – пкъы гъум къыдож. Гъэмахуэкум абы и щхьэкIэм зыщхьэу зэхэт гъэгъа шакъафэ къыпедзэ. ГъэмахуэкIэм жылэхэр мэхъу, я теплъэкIэ сэхуран жылэм ещхьщ, ауэ куэдкIэ нэхъ цIыкIущ, я фэкIэ гъуабжэ-фIыцIафэщ. Бжьэм абы хущхъуэшхуэ зыхэлъ фо къыхах.

**БанэкIэпхъ** – Липучка ежевидная.



Зы гъэкIэ е гъитIкIэ къэкI удз лъахъшэщ. Ипкъ зыбжанэу зызыгуэшыр *см* 20–30-кIэ докIей. Гъэгъа къащхъуэ цIыкIухэр гъатхэм удз щхьэкIэм къыпедзэ. И тхьэмпэхэр бгъузэ-кIыхьщ, ипкъхэм цы щабэ тетщ, и жылэ хъурей цIыкIухэм тет банэхэр мэлхэм я цым хонэ. КъэкIыгъэм ущыхуозэ дыгъапIэ джабэхэм, хъупIэхэм, мэкъупIэхэм.

**Банэху** – Дурнишник колючий.

Зи лъагагъыр *см* 30–50 хъу удзыжь лIэужьыгъуэщ. И пкъым къудамэ зыбжанэу зегуэш. Лэдэх мащIэ зиIэ тхьэмпэхэм я щIагъыр хужьыфэщ, я щхьэр щхъуантIэщ. Къудамэхэм щыуэ зэхэкI банэ, тхьэмпэ къэс хуэзэу, къытокIэ. И гъэгъахэр гъуэжьщ. Банэхур къыщокI къуажэхэм, псэупIэхэм я гъунэгъуу, мывэкъалэ лъабжьэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэми. КъэкIыгъэм и лъабжьэр хущхъуэу къагъэсэбэп.

**Банэхъурей** – Мордовник шароголовый.

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI удзщ. И лъагагъыр *см* 80–100-м нос. Тхьэмпэ щIагъхэр хужьщ, цы щабэ тетщ, езыхэм лэдэх мащIэ яIэщ, кIыхьщ. Тхьэмпэ кIапэхэм, пкъым банэ цIыкIу куэд тетщ. Удзым и щхьэкIэм гъэмахуэпэм, топым ещхьу зэкIэщIэсу, гъэгъа щхъуэ-хужьыфэхэр къыпедзэ. И жылэхэр гъэмахуэкIэм – бжьыхьэм мэхъу, зэхьфиран, сэхуран жылэхэм я теплъэкIэ йокIуалIэ, я фэкIэ гъуабжафэщ. ДыгъапIэ джабэхэм, губгъуэхэм, гъурцхэм яхэту, мэкъупIэхэм къыщокI. И гъэгъахэм бжьэм фо къыхах.

**Банэшэ** – Латук татарский, молокан татарский.

Удзщ. Илъэс зыбжанэкIэ къокI. И пкъым и лъагагъыр *см* 50–80-м нос, и лъабжьэр занщIэу йокIых. Тхьэмпэ кIыхь, дзэ цIыкIу зиIэхэр къащхъуэ-удзыфэщ. И щхьэкIэм деж пкъым къудамэ цIыкIу зыбжанэу зыщегуэшыж. Удз щхьэкIэм гъэгъа щхъуантIэхэр гъэмахуэкум къыпе-

дзэ. Джабэхэм, губгъуэхэм, мэкъупIэхэм къыщокI.

**Барэбыдз** – Короставник.

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшыжа къэкIыгъэ лъэпкъыгъуэщ. Ахэр псори удзщ, языныкъуэхэр илъэс зыбжанэкIэ къокI, адрейхэр къызэрыкIыр илъэситIкIэщ. Барэбыдз лIэужьыгъуэхэр зэрыдэкIей лъагагъыр зэхуэдэкъым. Ди щIыпIэм къыщыкIхэм яхэтщ *см* 30–60-кIэ, 150-кIэ дэкIейхэр. Нэхъыбэу барэбыдзхэм уащрохьэлIэ мэкъупIэхэм, губгъуэхэм, мэз лъапэхэм, гъурцхэм яхэту, Къущхьэхъум.

**Батыргъэн** – Борщевик.

ЛIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшыжа удз лъэпкъыгъуэщ. Ди щIыпIэм ущрохьэлIэ гъитIкIэ, нэхъыбэкIэ къэкI батыргъэн лIэужьыгъуэхэм. Абыхэм я лъагагъщ *см* 50–100–200–300.

Псоми я тхьэмпэхэр инщ, япкъхэр кунэщIщ, мэ къакIэрех. Гъэгъахэр удз щхьэкIэм Iэрамэ хъурейуэ къыпедзэ. Батыргъэным тет цы пхъашэм цIыху щIыфэр къритхъмэ, куэдрэ мыхъуж псыбыб ещI. Тхьэмпэхэр Iэщым яшх. Нэхъыбэу къыщокI мэкъупIэхэм, мэз лъапэхэм, хуейхэм, къуэхэм, нэгъуэщI щIыпIэхэм. КъэкIыгъэм и лъабжьэм эфир дагъэ щIэлъщ. Абы къыхэкIыуи батыргъэнхэм, щхьэр игъэузу, мэ къакIэрех.

**Батыргъэнкупсэ** – Борщевик розовый.

Зи лъагагъыр *см* 30–60 нэхъ мыхъу, илъэс зыбжанэкIэ къэкI батыргъэн лIэужьыгъуэщ. И тхьэмпэхэр къабзийм ещхьу, тхьэмпэ цIыкIу куэду зэхэтщ. Ипкъ занщIэу дэкIейм и лъэдийм деж цы теткъым. Гъэгъа гъуэплъыфэхэр удз щхьэкIэм Iэрамэ хъурейуэ июлым къыпедзэ. Жылэхэр сентябрым ирихьэлIэу мэхъу. Нэхъыбэу къыщокI Къущхьэхъу хъупIэхэм, бгыщхьэ лъагэхэм, мывалъэ джабэхэм.

**Батыргъэнщэху** – Борщевик Лескова.

ГъитIкIэ къэкI удзщ, батыргъэнхэм ящыщщ. И лъагагъыр *см* 50–100 мэхъу. Къабзийм ещхь и тхьэмпэхэр кIыхьщ, зэгуэбза куэд яIэщ, я щIагъыр хужьыфэщ. Гъэгъа хужьхэр, Iэрамэ хъурейуэ зэхэту, удз щхьэкIэм июлым къыпедзэ, къапщIийхэм *мм* 4–5 я кIыхьагъщ, лэдэх яIэщ. Бгыщхьэхэм, мывалъэ джабэхэм къыщокI.

**Бэдрэжан** – Томат съедобный, помидор.

ЩIыпIэ куэдым къыщагъэкI хадэхэкIщ, зы гъэкIэ фIэкI къэкIыркъым. И лъагагъыр *см* 50–70-м щIигъуу докIей, щIэгъэкъуэн хуащIурэ м 1,5–2-кIэ драгъэкIей бэдрэжан лIэужьыгъуэхэри щыIэщ. КъэкIыгъэм къудамэ куэд ещI, и тхьэмпэхэм лэдэх ин куэд яIэщ, мэ къакIэрех. КъэкIыгъэр зыщиужькIэ занщIэу щытщ, жьы хъумэ, и пкъыр, къудамэхэр щIым тогъуалъхьэ. Гъэгъа гъуэжь цIыкIухэр, Iэрами 5–15-у зэгъусэурэ, и щхьэм гъатхэм, гъэмахуэм къыпедзэ. Бэдрэжаныр хъуа нэужь плъыжьщ, инщ. Ди къэралым, нэхъыбэу Кавказым, Украинэм и хуабапIэхэм, Къыргъызым, Узбекистаным, Тыркумэным, нэгъуэщI щIыпIэхэм къыщагъэкI.

**Бэджкъиш** – Тысячелистник.

Илъэс зыбжанэкIэ къэкI, зи лъагагъыр *см* 40–60 хъу удз лъэпкъыгъуэщ, лIэужьыгъуэ зыбжанэу гуэшауэ. Я тхьэмпэ хуэкIыхьхэм лэдэх куэд яIэщ. Пкъы занщIэу дэкIейхэм июным – июлым гъэгъа хужьыфэхэр е пшэплъыфэхэр къапедзэ. Жылэхэр гъэмахуэкIэм, бжьыхьэм мэхъу. КъэкIыгъэхэм лъабжьэжь ящI. Нэхъыбэу къыщокI губгъуэхэм, мэкъупIэхэм, щIыжьхэм, псэупIэхэм япэгъунэгъуу. Медицинэм къыщагъэсэбэп. Адыгэхэри куэд щIауэ ироIэзэ.

**ХЬЭКЪУН Барэсбий**

**ІУАЩХЬЭМАХУЭ**
(Эльбрус)

Литературно-художественный журнал

На кабардинском языке

**Учредители:** Министерство по средствам массовой информации, общественным и религиозным организациям Кабардино-Балкарской Республики (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5), общественная организация «Союз писателей КБР» (360000, КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5, офис 501).

Главный редактор **А.Х. Мукожев**

**Редакционная коллегия:**

Руслан Ацканов, Хангери Баков, Хабас Бештоков,
Борис Гаунов (ответственный секретарь), Адам Гутов,
Хамид Кажаров, Хамид Кармоков, Хачим Кауфов,
Афлик Оразаев, Хамиша Тимижев, Сафарби Хахов

Корректор – **Марина Жекамухова**
Компьютерный набор и верстка – **Зарета Князева**

Подписано к печати 09.10.13. Формат 70х108 1/16.
Бумага газетная. Печать офсетная. Усл. п. л. 13,8.
Уч-изд. л. 11,8. Тираж 2000 экз. Заказ № 160
Цена в розницу – договорная.

Индекс издания: 73296. Регистрационный № Н-0036
Адрес редакции: КБР, г. Нальчик, пр. Ленина, 5

ООО «Тетраграф»
360051, г. Нальчик, пр. Ленина, 33

Обложка художника **Юрия Алиева**

Отпечатано в полном соответствии с качеством предоставленных диапозитивов

## АВТОРХЭМ ПАПЩIЭ

Журналым къытехуа тхыгъэхэм я пэжагъ-мыпэжагъымкIэ жэуап зыхьыр езы авторхэрщ.

Авторымрэ редакцэмрэ я Iуэху еплъыкIэхэр Iэмал имыIэу зэтехуэн хуейуэ щыткъым.

Редакцэм къыIэрыхьэ тхыгъэхэр компьютеркIэ тедзауэ, флешкэм е дискым тету щытын хуейщ.

Журналым къытехуа тхыгъэ нэгъуэщIыпIэ щытрадзэмэ, «Iуащхьэмахуэм» къызэрырахыжар къагъэлъэгъуэн хуейщ.

Редакцэм и къалэнкъым Iэрытххэм рецензэ яритыну.

**Тхыгъэхэр мы адресымкIэ къевгъэхь хъунущ: 360000, Налшык къалэ, Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 5, епщыкIузанэ къат, «Iуащхьэмахуэ» журналым и редакцэ.**

**Телефонхэр:** 40-04-51 (редактор нэхъыщхьэ); 47-35-32 (жэуапыхь секретарь); 42-42-14 (прозэ, поэзие, публицистикэ); 47-32-94 (бухгалтерие). e-mail: oshxamaxo73@mail.ru

## ЖУРНАЛЫР ЗЫIЭРЫХЬЭХЭМ ПАПЩIЭ

Журналыр зэрытедзам сэкъат гуэр иIэу къыщIэкIмэ, абы теухуауэ фыщыщIэупщIэ хъунущ: Лениным и цIэкIэ щыIэ уэрам, 33, ООО «Тетраграф».